# IУАЩХЬЭМАХУЭ

ISSN 0206 – 5266

ЯНВАРЬ • 2019 • ФЕВРАЛЬ

1



# IУАЩХЬЭМАХУЭ

**12+**

**ЛИТЕРАТУРНО-ХУДОЖЕСТВЕННЭ
ОБЩЕСТВЕННО-ПОЛИТИЧЕСКЭ
ЖУРНАЛ**

**1958 гъэ лъандэрэ къыдокI**

**январь 1 февраль**

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм
и «КъБР-Медиа» къэрал кIэзонэ
IуэхущIапIэм къыдегъэкI

РЕДАКТОР НЭХЪЫЩХЬЭР
**Мыкъуэжь Анатолэщ**

РЕДКОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР:

Ацкъан Руслан, БакIуу Хъанджэрий, БищIо Борис,
Гъут Iэдэм, Къэрмокъуэ Хьэмид, КхъуэIуфэ Хьэчим,
ТIымыжь Хьэмыщэ, Хьэвжокъуэ Людмилэ,
Истэпан Залинэ (жэуап зыхь секретарь)

НАЛШЫК
2019

# Псалъащхьэхэр

## ЖьантIэ

*ПащIэ Бэчмырзэ къызэральхурэ илъэси 165-рэ ирокъу*

**Къэрмокъуэ Хьэмид.** УсакIуэ уахътыншэ.................................................. 3
**ПащIэ Бэчмырзэ.** *Усэхэр* .................................................. 17

*Артист Балъкъыз Валерэ илъэс 70 ирокъу*

**Истэпан Залинэ.** Зи ролхэр гукъинэж.................................................. 31
Балъкъыз Валерэ хужаIахэм щыщ пычыгъуэхэр.................................................. 40

## Прозэ

**Фырэ-Къаныкъуэ Анфисэ.** Хьэтхэр. *Тхыдэ роман* .................................................. 43
**Щоджэн Риммэ.** ИлъэсыщIэ жэщ. *Рассказ* .................................................. 90

## Усыгъэ

**ПщыукI Латмир.** *Усэхэр* .................................................. 107
**БакIуу Хъанджэрий.** ЦIыхугъэр зыгъэлъапIэ.................................................. 115
**Къанлокъуэ Исмэхьил.** *Усэхэр* .................................................. 117

## Публицистикэ

**НэщIэпыджэ Замирэ.** Уэрэдым хэт дэтхэнэ псалъэри гум къыбгъэдэкIын хуейщ. *Интервью* .................................................. 125
**Пэж Андемыркъан.** Си ныбжьэгъу «кIуэцIрыкъуэ».................................................. 131

## Культурэ

*2019 гъэр Театрым и илъэсщ*

**Хьэвжокъуэ Людмилэ.** КIэхумахуэ ФатIимэ: «Театрыншэу сыпсэуфынукъым». *Интервью* .................................................. 147

## IуэрыIуатэ

Нарт Лъэпщ и хъыбархэм щыщщ.................................................. 158

---

**КIурашын Алий.** ЖыIэгъуэхэр.................................................. 165
Псалъэзэблэдз.................................................. 166

*ПащIэ Бэчмырзэ къызэралъхурэ илъэси 165-рэ ирокъу*





# УСАКIУЭ УАХЪТЫНШЭ

Адыгэ усэм и тхыдэм илъэс мин зыбжанэ зи ныбжь нарт пшыналъэхэм я деж къыщыщIедзэ. ЛIэщIыгъуэ кIыхь IэджэкIэ къэгъуэгурыкIуащ ар IуэрыIуатэм и хабзэрэ щапхъэкIэ псыхьауэ. Адыгэхэм я акъылым къилэжьащ дуней псом щыцIэрыIуэ нарт пшыналъэхэр, уэрэдыжьхэр, усэ зэмылIэужьыгъуэхэр. Ахэращ тхыбзэншэу къэгъуэгурыкIуа адыгэхэм я художественнэ псалъэм и къарумрэ и гуащIэмрэ ди деж къэзыхьэсар.

Тхыдэр щыхьэт тохъуэ апхуэдэ къулеигъэр – IуэрыIуатэр – лъэпкъ литературэм хэкIыпIэ хуэхъу зэрыхабзэм. Тхыбзэ литературэм къызэщIекъуэ лъэпкъым ижь-ижьыж лъандэрэ къыдэгъуэгурыкIуэ художественнэ хъугъуэфIыгъуэхэр – арыншамэ, абы япэ лъэбакъуэр хуэчынукъым. Ар щынэрылъагъущ ПащIэ Бэчмырзэ и творчествэм. Ди литературэм и тхыдэр зыджхэм къызэрахутащи, Бэчмырзэ и творчествэм адыгэ IуэрыIуатэмрэ тхыбзэмрэ лъэмыж пэлъытэу зэпищIащ – IуэрыIуатэр и лъабжьэу, тхыбзэ литературэ зэхиублащ.

Зэгуэр цIэрыIуэу щытащ адыгэ джэгуакIуэхэр. Абыхэм папщIэ М. Горькэм итхыгъащ: «Кавказым, Къэбэрдейм джэгуакIуэхэм – цIыхубэм я усакIуэ екIуэлIапIэншэхэм – ущрихьэлIэу зэрыщытрэ куэд щIакъым. Мис абыхэм ящыщ зым и къалэнымрэ и къарур здынэсымрэ къызэриIуэтэгъар: «Сэ зы псалъэ закъуэкIэ, – жиIащ абы, – къэрабгъэр хахуэ, цIыхубэм къащыж сощIыф, дыгъум и хьэлыр зыхызогъэн, цIыху

сощIыж, напэншэр си пащхьэ къиувэфынкъым, икIагъэми фIеягъэми сэ срабийщ...»

Зи псалъэм апхуэдиз пщIэ иIа, зи усэм апхуэдиз къару бгъэдэлъа пасэрей адыгэ усакIуэхэм я иужьрей щIэблэм къыхэхъукIащ ПащIэ Бэчмырзэ. Бэчмырзэ и усэм ихъумащ адыгэ джэгуакIуэ цIэрыIуэхэм ябгъэдэлъа художественнэ къарумрэ дахагъэмрэ, гуащIэмрэ къабзагъэмрэ. Бэчмырзэщ пасэрей адыгэ усэм и шыфэлIыфэр, и хабзэхэр, и щапхъэ гъуэзэджэхэр ди деж къэзыхьэсар. Ар сыт хуэдэ щапхъэми щынэрылъагъущ М. Горькэм и псалъэм. Бэчмырзэ и усэри апхуэдабзэу гуащIэу, къабзэу, гущIэм зыпхидзу зэрыщытыр хэт дежкIи нэрылъагъущ. Нэрылъагъущ а усэр лIэщIыгъуэ Iэджэм къапхыкIа акъылкIэ зэрыгъэнщIар, абы адыгэбзэ шэрыуэр зэридамэр.

Адыгэбзэм и IэфIыпIэмрэ и къарумрэ къыщIэзыгъэлъэф, абы хэлъ шэрыуагъэмрэ гуащIэмрэ телъыджэу зыгъабзэ усакIуэщ ПащIэ Бэчмырзэ. Арагъэнщ абы и усыгъэхэр цIыхубэм щIэх дыдэ япхъуатэу щIыщытар: абыхэм я нэхъыбэр цIыхум гукIэ ящIэ, уеблэмэ псалъэжь, псалъэ шэрыуэ хъужауэ къогъуэгурыкIуэ. Апхуэдэ щIыхьрэ лъапIэныгъэкIэ цIыхубэр дэтхэнэми хуэупсэркъым. Апхуэдэр зи натIэ хъур, апхуэдэ насыпыр зыхэзыщIэр цIыху цIыкIум и гущIэм къипсэлъыкI усакIуэрщ. Шэч хэлъкъым ПащIэ Бэчмырзэ апхуэдэ усакIуэхэм – лъэпкъым и щIасэ усакIуэ щэджащэхэм зэращыщым.

ПащIэ Бэчмырзэ и Iэдакъэ къыщIэкIа дэтхэнэ усэри гъэнщIащ гъуэгуанэ кIыхь зэпызыча, гъащIэм и гугъуи и IэфIи зыхэзыщIа, художественнэ псалъэм и къарур зи гущIэм зыпхидза цIыхум и акъылрэ и гупсысэкIэ.

Пасэрей усакIуэхэм къызэранэкIа хабзэ-бзыпхъэхэм я закъуэкъым Бэчмырзэ и усэм гъуазэ хуэхъуар. Шэч зыхэмылъыжщ ПащIэм и усэр зэрыбжьыфIэр ди лъэхъэнэм и нэпкъыжьэхэр, дамыгъэхэр, щапхъэхэр ару зэрыщытым. Бэчмырзэ ахэр щIэрыщIэу егъэпсыж, усэм и дэтхэнэ пкъыгъуэри зэманым щыпашэ гупсысэхэр Iуэтэным хуеузэд. Аращ ПащIэм и усэр нобэм щIиблагъэ дыдэр; ар я нэхъ усэ «щIэрыпсми» къарурэ дахагъкIэ поуэ, я нэхъ «зыкъизых» фащэхэми фагъуэ щIэхъукIыркъым. АркъудеймкIи нэрылъагъущ лъэпкъым ижьижьыж лъандэрэ къыдэгъуэгурыкIуэ художественнэ Iэмэпсымэхэм нэмыплъ епт зэрымыхъунур, IэкIуэлъакIуэу къэбгъэсэбэпмэ, ахэр нобэм и купщIэр кърипт Iэщ Iынк Iэ Iэмал гъуэзэджэу зэрыщытыр.

Бэчмырзэ и усэм и пщIэмрэ и мыхьэнэмрэ щыплъытэкIэ, зыщыгъэгъупщэн хуейкъым ар цIыхубэм я гущIэлъапсэм къипсэлъыкI, абы и гукъеуэмрэ гуауэмрэ кууэ зыхэзыщIэ, IупщI дыдэу къэзыIуэтэф усакIуэу зэрыщытар. Апхуэдэ усакIуэм и гур зэи мыужьых мафIэщ, зи бзийр зэи мыункIыфI, зи хуабэр зэи мыкIуасэ нэхугъэщ, сыту жыпIэмэ ар езы цIыхубэм ягущи. ЦIыхубэм я гур нэщI щыхъуа къэхъуакъым, ар сыт щыгъуи гъэнщIащ угъурлыгъэрэ дахагъэкIэ, IэфIыгъэрэ къабзагъэкIэ.

Пасэу къыщыушащ Бэчмырзэ и гущIэм япэ пшыналъэр. УсакIуэм хуэзэу щыта гуэрым Бэчмырзэ мыр къыхуиIуэтэжыгъащ: «...Ар къызэрыхъурэ куэд щIащ, сэ хъыджэбз гуэр фIыуэ слъагъурт... сэ сыкъулейтэкъым, хъыджэбзыр унагъуэ къулей къыхэкIат. Сылъыхъури, къызатакъым... Къесхьэжьащ, арщхьэкIэ страхыжащ. СыбампIэу щIэздзащ, си щхьэм мыгъуагъэ хуэсхьыжащ... Махуэ гуэрым, бампIэм сиубыдауэ,

кхъэм сихьащ, дунейм ехыжа си шыпхъум и кхъащхьэм зытезубгъуэри сыгъыурэ сыIурихащ... Пщыхьэщхьэ хъуауэ сыкъызэщыури – зэрыхъуари сщIэркъым – гъыбзэ сыусу сыхуежьащ...»

Бэчмырзэ и закъуэтэкъым бампIэр – бампIэм ихьырт, усакIуэм и жыIауэ, «къыр дурэшхэм лъапцIэрыщэу дахуэжа» гуащIэрыпсэухэр. Абыхэм я губжьымрэ бампIэмрэ Iуэтэнырщ Бэчмырзэ и усэр къызыдэушар.

Гъуэгуанэшхуэ зэпичащ а усэм, лIыныбжь и нэгу щIэкIащ. ГъыбзэкIэ къыщIидзэри, Бэчмырзэ и усэр нэсащ цIыхубэм я гупсысэ жаныр щыхъуэпскIа зэман телъыджэм. ГъыбзэкIэ абы иIуэтащ гъащIэм и дыджыр зыгъэв мэкъумэшыщIэм и гуауэр, и дуней Iыхьэр. Бэчмырзэ и усэм адыгэ мэкъумэшыщIэхэр бэнэныгъэ гуащIэм хуриджащ:

*Iэщэр зыузэдым*
*Нобэр и лIэщIыгъуэщ, –*

еущий цIыхубэр усакIуэм.

Бэчмырзэ и усэр гъэнщIащ езыр зыщыпсэуа дунеймрэ зэманымрэ я пэжыпIэкIэ. ЛIыныбжь къэзыгъэщIа усакIуэ щэджащэм и нэгу щIэкIащ мэкъумэшыщIэ къулейсызым и дуней Iыхьэр, и щхьэкIэ игъэунэхуащ а дунейр IэфIрэ дыджрэ. Пасэ дыдэу зыхищIащ абы лIыщIапIэм ит цIыху гуащIэмащIэм и «насыпыр». А «насыпым» къыдэушащ Бэчмырзэ и усэр.

ИужькIэ цIэрыIуэ дыдэ хъуа поэмэр – «Бэчмырзэ фыз къызэришар» иусын хуей щIэхъуам и щхьэусыгъуэм хэти щыгъуазэщ: мэкъумэшыщIэ унагъуэм къыхэкIа щIалэ гу пцIанэм фIыуэ илъэгъуа пщащэр къыщрамыпэсым, и губампIэр усэкIэ иIуэтэгъащ. Абдежыращ дуней бзаджэм тралъхуа цIыху цIыкIум и гъуэгур зэрыдэгъэзеигъуэм усакIуэм япэ дыдэ гу щылъитар.

*Си Iуэхум и пэр*
*Пхэнжу къыщIедзэ, –*

а псалъэхэмкIэ иублэгъащ Бэчмырзэ и усэр, а псалъэ жанхэрщ абы и губжьми щIэдзапIэ хуэхъуар. Абдеж щызыхищIащ усакIуэ цIэрыIуэ хъуну мэкъумэшыщIэ щIалэм фIыгъуэмрэ насыпымрэ щIэхъуэпс дэтхэнэми и дуней Iыхьэр зэрыдыджыр.

Бэчмырзэ хуэдэр Iэджэт а зэманым – абы иIуатэр езым и щхьэм къылъыса гуауэм и закъуэтэкъым. УсакIуэм хэку псом щигъэIуащ лIыщIапIэм ит цIыхум и тхьэусыхафэр. Абы и дунейр апхуэдизкIэ дыджщ, зэвщ, хьэлъэщи, уеблэмэ и щхьэр щIихьэным нэсащ:

*Хэкум сикIынут,*
*Тхылъыр сиIатэмэ...*

Мызэ-мытIэу дыщрохьэлIэ а псалъэм Бэчмырзэ и усэ пасэхэм – апхуэдизкIэ ирагъэужэгъуащ абы и щхьэри. «Хым сикIыжынут – жылэр гум пыкIкъым» – и гум къыщIитхъыу итхыгъащ а псалъэ жагъуэр усакIуэм. Хэкур, зыщалъхуа щIыналъэр псэм хуэдэу зылъагъу усакIуэм дежкIэ хьэлъэт, дыджт а псалъэр – «хэкум сикIынут...», «хым

сикӀыжынут...», ауэ а зырщ зэхэзехуэн хъуа, зи щхьэр щӀрагъэхьа мэкъумэшыщӀэ щӀалэм хэкӀыпӀэу илъагъур. ГъащӀэр къыщытехьэлъэм, насыпкӀэ зыщыгугъа и лъагъуныгъэр къыщытекъутэм, «хым икӀыжыныр» хэкӀыпӀэ хуэхъункӀэ гугъагъэнщ щӀэгъэкъуэныншэ хъуа усакӀуэр. Дызэрыщыгъуазэщи, Бэчмырзэ игъэунэхуащ а «хэкӀыпӀэр» – «истамбылакӀуэ» уз зэрыщӀалэр. Щыгъуазэхэр щыхьэт зэрытехъуэмкӀэ, Бэчмырзэ Тыркуми, Сириеми, нэгъуэщӀ хэкухэми щигъэунэхуащ «хым икӀыжахэм» я натӀэ хъуар. «ИстамбылакӀуэхэм» я натӀэ хъуар ӀэфӀми дыджми Бэчмырзэ, хэкум къигъэзэжа нэужь, зы псалъэ закъуэкӀэ къиӀуэтэгъащ: «Фызыщалъхуа хэкум и щӀыбагъкӀэ насып фыщымылъыхъуэ...»

Насып щигъуэтакъым Бэчмырзэ «муслъымэн лъахэм»; щигъуэтакъым ар къыздигъэзэжа лъахэми. Дэни щилъагъур нэпсрэ гуауэрэщ, тхьэмыщкӀагъэрэ залымыгъэрэщ. УсакӀуэм къыгурыӀуащ гъащӀэм – ар сыт хуэдизкӀэ мыдыджми – зыпыӀубдз зэрымыхъунур, абы и пэжыпӀэр умыӀуатэмэ, хьэзаб зытелъ цӀыхубэм я пщӀэ къызэрыптехуэнур. Игу зэпыудауэ, «истамбылакӀуэ» уз бзаджэм теунэхъуахэм я натӀэ кърикӀуа насыпыншагъэшхуэр илъэгъуауэ хэкум къигъэзэжа нэужь, Бэчмырзэ мурад быдэ ещӀ цӀыху цӀыкӀум ятелъ хьэзабым усэ къарукӀэ пэщӀэувэну. Зыр зым кӀэлъыкӀуэу хэку псом щызэбгрокӀ Бэчмырзэ и гъыбзэ гуащӀэхэр – залымыгъэ зезыхьэхэм щӀопщу ятелъалъэу, лей зраххэм къащыжу. Дунейм къытохьэ «Къэрэщей и гъыбзэр», «ХьэӀупэ Хьэшыр», «КӀулэ и уэрэдыр», нэгъуэщӀхэри. «Си вагъуэ лыдым дунейр и мащӀэт» – мэгузасэ лей зытехуа пщащэ тхьэмыщкӀэр. «СыцӀыхубз мыгъуэти, пшынэр согъагъ, сагъищ гъэрыпӀэм лъыпсейр щызожэ» – дожьу абы зи къуэр гуузу кӀуэда анэр. ГъащӀэ дыджым и архъуанэм изэрыхьащи, зи дамэр къута къуршыбгъэу, Ӏэмалыншэщ дэнэкӀэ зимыдзми хэкӀыпӀэ зымыгъуэт мэкъумэшыщӀэ щӀалэри: 7

*Сэ Ӏуэху бзаджэхэр къыскӀэлъыкъуэкӀри,*
*Сыпсэу мыгъуэурэ хьэпсым срадзэ.*
*Си Ӏуэхум и пэр блэ къуэлэныкӀэт,*
*Уей жыпӀэркъэ, къызэлъыкъуощ.*
*Си Ӏуэхум и кӀэр благъуэ ӀунэщӀт,*
*Уей жыпӀэркъэ, зэдокӀуэдыж...*

ЦӀыху цӀыкӀум я фэм дэкӀ хьэзабыр зэрыгъунапкъэншэрщ, абы я дунейр зэрыкӀыфӀырщ, лъыпсрэ нэпскӀэ ар зэрыгъэнщӀарщ Бэчмырзэ и усэ пасэхэм – гъыбзэхэм ди нэгу щӀагъэкӀыр. Мис гуащэмрэ нысэмрэ къатепсыха гуауэр зэраӀуатэр («Алихъан и гъыбзэм»):

*– Ди нанэ дыщэ,*
*ПщӀыхьхэр солъагъу,*
*ПщӀыхьу слъэгъуахэр*
*Банэм и къуагъщ.*
*– ПщӀыхьу сытхэр улъагъу,*
*Си нысэ?*
*– Лъыр къизгъахъуэу*
*Кхъуафэм изокӀэ,*

*ПщIантIэ дэкIыпIэр*
*Бгынауэ слъэгъуащ...*

«Алихъан и гъыбзэм» къызэщIикъуащ Бэчмырзэ и усэ пасэхэм хэлъ хъугъуэфIыгъуэ псори, ар усакIуэм и творческэ гъуэгуанэм унэтIыпIэщIэ игъуэту зэрыщIидзам щыхьэт техъуауэ щытащ. Дигу къэдгъэкIыжынщ гъыбзэм хэкIыпIэ хуэхъуар. ЛIыжь набгъэр гъуэгу техьауэ мэлъэпэрапэри мэджалэ; гъуэгур щIыр зыхуримыкъу лIакъуэлIэшым зэпривыкIауэ арти, лIыжьыр мэшхыдэ: «Гъуэгуми дыхуитыжкъым, тобэ!» – жери. Ар игу темыхуэу, лIакъуэлIэш залымым мэкъумэшыщIэ лIыжьыр еукI. ЛIыжьым и къуэм лейр тезэгъакъым – илъ ищIэжащ, езыми и щхьэр хилъхьащ. Ар щызэхихым, гуауэ щыхъури, Бэчмырзэ «Алихъан и гъыбзэр» иусащ. Гъыбзэр хэку псом щызэлъащIысащ, лIакъуэлIэш щыкIа куэдым заригъэцIыхужащ, гъэпщылIакIуэ хьэщхьэрыIуэхэм зэрахьэ залымыгъэм и хъыбар пэжыр жыжьэ щигъэIуащ. Гъыбзэм вариант зыбжанэ иIэщ – усакIуэм игу щIэх ихуакъым лей зраха мэкъумэшыщIэ унагъуэм къихъуа гуауэр. Гъыбзэм и вариантхэм ящыщ зым драмэ теплъэ иIэщ, абы драматическэ поэмэкIэ уеджи мэхъу. Езы усакIуэри хохьэ а драмэм, езым и псалъи хелъхьэри, лей зезыхьа лIакъуэлIэшым нэлат ирех:

*ЛIыжь хейм епха удыныр*
*Iэжьэгъубэм яфIэтхъэмыщкIэщ,*
*Уэ тхъэмыщкIэм ураелъыхъут,*
*Уи адэ и унэ къыщыхъуа лIыжьт,*
*Сыт и лажьэу къытхуугъэтут?..*

Лей зезыхьам нэлат ирехри, усакIуэр ирогушхуэ зилъ зыщIэжа мэкъумэшыщIэ щIалэм и лIыгъэм, егъафIэ абы и цIыхугъэмрэ и щIыхьымрэ:

*ГъэщIэгъуэныпэр дэзыгъэлъагъу,*
*Нэрылъагъу щауэти, дзыхэ имыщIэ...*

«Къашыргъэм и уэрэдми», «Алихъан и гъыбзэми» усакIуэм щиIуатэр зы унагъуэм къихъуа гуауэм и закъуэкъым, ар лей зрах псоми я губжь пэлъытэщ, а губжьыр къыщыщиудыну махуэр къызэрыблэгъам щыхьэт техъуэ пшыналъэщ. Абдежщ Бэчмырзэ и усэм иужьыIуэкIэ къыхыхьэну лIыхъужьым – мэкъумэшыщIэ хахуэм – япэ лъэбакъуэ щичар. УсакIуэр тепыхьэркъым лъы ищIэжурэ хэкIуэда щIалэм, игъейркъым ар – егъафIэ, щапхъэу егъэлъагъуэ. Зы лъэбакъуэ ичыжмэ, ар нэсынущ Уэзы Мурат – мэкъумэшыщIэхэм я цIэкIэ лIакъуэлIэшхэм бэнэныгъэ езыщIылIэ шу щхьэмыгъазэм – деж. Гъыбзэм къыщежьэри щызэфIэуващ ар Бэчмырзэ и усэм – мэкъумэшыщIэхэм я хуитыныгъэм папщIэ джатэр зыгъабзэ лIыхъужьым и образыр:

*Уэзы Муратыр*
*ЩIалэ набдзапцIэт,*
*Щауэ къуапцIэ гъурти,*
*ЛIыхъуж мыгъазэт...*

*Тет пристафхэр*
*Мурат кIэлъопхъэ,*
*Бгы пхъуантэ быдэм*
*Хахуэр дохъэж.*
*Зэныбжьэгъу щIалэр*
*Къызэдэщтами,*
*ЩIылъэр къэмыщтэу*
*Мурат шынэнкъым.*
*Лейр хуэмышэчу,*
*ЩIалэр йожьэжыр.*
*«Мурат!» жаIамэ,*
*IуэхущIапIэр хуащIыр.*
*Уэ мэкъумэшыщIэхэм*
*Вы щIогъэщIэжыр,*
*Уэ уи ижэгъухэр,*
*Жейми, къыпхуоскIэ...*

Гъыбзэмрэ тхьэусыхафэмрэ къыщежьэри, Бэчмырзэ и усэр хуэмхуэмурэ хуэкIуащ гъащIэм и пэжыпIэкIэ гъэнщIа пшыналъэ пхъашэм. «Дуней зэблэкIыгъуэм» – ди лIэщIыгъуэм и пэщIэдзэм, мафIэр щылыда лъэхъэнэм – Бэчмырзэ и усэм и гуащIэр нэхъри къеблащ, усакIуэм и псалъэ шэрыуэр гъуазэ яхуэхъуащ губжьым игъэнщIауэ Iэщэр къэзыщтэ мэкъумэшыщIэхэм. Зи щхьэр зыфIэмыIэфIыж, зи гъащIэр къызыIэщIэужэгъуа, зи IэнатIэ дыджым тебга цIыхум и гущIэрщ мыпхуэдэ псалъэхэр къызэрыIукIынур: 

*Пщыхэм диш ядыгъуми,*
*Дэ гъэрыпIэм дохуэ.*
*Мыгъуэм хэмыкIыжыр*
*Пщым щымыщ лэжьакIуэрщ.*
*Хабзэ жыхуаIэхэм*
*Ди Iуэхур щымыкIуэ,*
*Мылъкур тфIэкIуэдами,*
*Iулъхьэр тыдолъхьэж.*
*Мы пащтыхь хабзэжьыр*
*Зиусхьэн и Iэщэщ,*
*Дыщэ щIэбэг цIыхухэм*
*Ар я чысэ лъапIэщ,*
*Уэ захуэм ущIэкъумэ,*
*Хьэпсыр пхуIухащ.*
*Узыхуейр къыупсэлъмэ,*
*Уи лъэр ныщIауд...*

Аращ мэкъумэшыщIэр зыIут IэнатIэр, аращ абы и Iыхьэр, и дунейр, и натIэр. Ауэ, усакIуэм гу зэрылъитащи, а дунейри, Iыхьэри, IэнатIэри фIэIэфIыжкъым мэкъумэшыщIэм, абы зищIэж хъуащ, гъыбзэ иускIи, нэпс щIигъэкIкIи «и кIэн къызэримыкIынур» къыгурыIуэу хуежьащ. МэкъумэшыщIэр нэгупсысащ «тхьэр зытебга мы дунеижьыр» зэтекъутэн зэрыхуейм. Бэчмырзэ ичэзу дыдэу гу лъитэгъащ абы:

*ГущIэгъуншэу пщыхэм*
*Куэдрэ датхъэлаи.*
*Залымыгъэр ткъутэу,*
*ДунеищIэ тщIыпхъэт.*

УсакIуэм и нэгу щIэкIащ адыгэ мэкъумэшыщIэхэм я губжьыр мафIэм хуэдэу щылыда махуэ телъыджэр. А махуэращ адыгэ мэкъумэшыщIэхэм я губжьыр япэ дыдэ щылыдар – апхуэдизу гуащIэу, пхъашэу, щхьэмыгъазэу. УсакIуэр ирогушхуэ гуащIэрыпсэухэр зылI и быну къызэрыувам, хуитыныгъэмрэ псэукIэ дахэмрэ къэзэуным джатэ къихакIэ къызэрыщIэтэджам:

*Ди щIыгум лъыпсыр щагъажэ,*
*Жыр топкIэ бийхэр къытхоуэ.*
*А махуэм хъэдэр мэбагъуэ,*
*Зи лIыгъэ бащэр къонахуэ.*

А махуэращ адыгэ мэкъумэшыщIэхэм насыпыр езыхэм я IэкIэ къазэуэжын зэрыхуейр щызэхащIыкIар. Iэщэ пцIанэкIэ бийм – гъэпщылIакIуэхэм, лейзехьэхэм – пэува мэкъумэшыщIэхэм лъы иракIутами, уеблэмэ ахэр къызэхакъутами, усакIуэм ар текIуэныгъэу къелъытэ, сыту жыпIэмэ насыпымрэ псэукIэщIэмрэ IэщэкIэ къэзэун зэрыхуейр мэкъумэшыщIэхэм зэхащIыкIащи:



*Iэщэр зыузэдым*
*Нобэр и лIэщIыгъуэщ.*

«Iэщэр щаузэда лIэщIыгъуэм» и тхыдэ пэлъытэщ Бэчмырзэ и усэр: абы щызэхыбох лей зрах цIыху цIыкIум я тхьэусыхафэр, щызыхыбощIэ а цIыхум и губжьым хуэм-хуэмурэ зыкъызэрызэщIищIэр, ар щылыдыну махуэр къызэрыблагъэр. Зи акъылыр бэнэныгъэм хуэм-хуэмурэ бзыгъэ дэхъуа цIыхум и къарур зэрыгъунапкъэншэм, гува-щIэхами, ар къызэрызэщIэтэджэнум шэч къытезымыхьэж усакIуэрщ мыпхуэдэу жызыIэфынур:

*ПщылIхэм я гугъэр*
*Гугъэ тэмэмщ,*
*Я мурад лъапIэр*
*Лъэпкъхэм даIэтыр.*

Бэчмырзэ и усэм IупщI дыдэу ди нэгу щыщIокI насыпымрэ псэукIэщIэмрэ щIэбэну мэкъумэшыщIэм къызэпича гъуэгуанэ кIыхьыр. Ар дыдэр зэпичащ, и нэгу щIэкIащ езы усакIуэми, аращ абы и усэр адыгэ мэкъумэшыщIэм и бэнэныгъэм и гъуджэ пэлъытэ щIэхъуар. УсакIуэм и щхьэкIэ игъэунэхуащ зыми хуимыт, зи гъащIэр хьэлъэ цIыхум и дунейр:

*Дуней щIыгушхуэм дэ дыщыкIуэдт,*
*Ди Iыхъэр мащIэу ди гуащIэр инт,*
*ЩIылъэу ди Iэнэм дыщыIыхъэншэт...*

И нэгу щIэкIащ «зи Iыхьэр мащIэу зи гуащIэр ин» цIыху цIыкIум я хуитыныгъэм папщIэ Iэщэр щаузэда махуэхэр, а Iэщэр цIыхубэм щагъэбза лъэхъэнэ телъыджэр. А лъэхъэнэм и тхыдэр щыз дыдэу, IупщIу къыхощыж «Ленин и лIыгъэр хуэдэщ тенджызым» поэмэм.

Поэмэм щытлъагъур лъыщIэжакIуэ къудейкъым, атIэ хуитыныгъэмрэ псэукIэщIэмрэ я бэнакIуэ къызыфIэмыщIэжщ:

*Дэ ди лIыхъужьхэр*
*Нартхэм яхуэдэщ,*
*Сэшхуэр кърахри,*
*Бийм и щхъэр пахыр.*
*Зауэм фыIухьэм,*
*Бийр бгъэкIэ фохьыр...*
*Шухэр шэсамэ,*
*Шыщхьэмыгъазэщ...*
*Ленин и псалъэу*
*Мыр ди гум илъкъэ:*
*Маржэ, зэкъуэшхэ,*
*Биижь укIакIуэм*
*Хэт екIужар!*
*Благъуэм насыпыр*
*Дэ тщигъэпщкIуащи,*
*Маржэ, зэкъуэшхэ,*
*ЦIыхухэм я гъащIэр*
*Благъуэм къытефхьыт!*



Езы усакIуэми зэрыжиIауэ, «зи гуащIэр ину зи Iыхьэр мащIэ» мэкъумэшыщIэхэм я насыпыр къэзызэуа революцэм Бэчмырзэ и ныбжь хэкIуэтауэ ирихьэлIащ. И ныбжьыр хэкIуэтами, и усэм и къарур нэхъри къеблауэ, и псалъэр нэхъ жан хъуауэ пежьащ усакIуэр гъащIэщIэм, псэукIэщIэм. УсакIуэм шэч къытрихьакъым цIыхубэм я гум жьы зэрыдихужынум – а гупсысэ телъыджэр нуру щоблэ абы и усыгъэ псоми. «ГъащIэр къыщалъхуа зэманкIэ» еджащ ар а махуэм:

*ИжькIэрэ дыщIэхъуэпсауэ,*
*Насыпыр къытхуепсыхащ.*

Революцэр текIуащ, цIыху цIыкIур псэхужащ, хуитыныгъэм и IэфIыр зыхищIэри, ауэ, усакIуэм зэрыжиIэщи, абыкIэ зэфIэкIакъым революцэр:

*Мы дунеижьыр зэтекъутащ,*
*ЩIэуэ тщIыжынущи, фыкъызэхуежэ.*

ЩIэрыщIэу гъэпсыжын хуейт хьэщхьэрыIуэхэм дзэкъапIэ зэхащIыхьа хэкур. КIыфIыгъэм и пшагъуэ фIыцIэр зыщхьэщыкIа хэкум щиплъэкIэ, усакIуэм и нэпсым къызэпимыжыхьын лъэкIыркъым, абы лейрэ мыгъуагъэу, насыпыншагъэрэ залымыгъэу илъар и нэгу къыщIохьэжри.

*Ди щIыгум лъыпсу щыжахэрщ*
*Бгы нэпкъхэр плъыжьу зылар, –*

щетх Бэчмырзэ «Ижьым щыгъуэ» усэм. «Уэ псори лъыпскIэ улащ» – игу хэщIу пещэ усакIуэм адэкIэ. Зи хэкур фIыщэу зылъагъу усакIуэм и гур къызэфIонэ, лIэщIыгъуэ кIыфIхэм щахуеплъэкIыжкIэ.

Дунеижьым тебгэри, усакIуэр псэукIэщIэм гуфIэгъуэкIэ пежьащ, псэукIэщIэмрэ гъащIэ къалъхуагъащIэмрэ гъэфIэнырщ иджы абы и усэм и къару псор зыхуиунэтIар.

ПсэукIэщIэм и ухуакIуэ щIалэ жыджэрхэм щахэплъэкIэ, усакIуэм и псалъэр зэщIонахуэ:

*Ай, сэ си щIалэхэм фи махуэр*
*ЛъыкIэ лIыхъужьхэм къахьащ.*
*Щхъэхуитыныгъэу фи гъуэгур*
*Къуэмыхъэж дыгъэкIэ нэхуащ.*
*Хуит дыхъуащ нобэ, си бынхэ,*
*Вагъуэбэу маблэ ди хэкур.*

Бэчмырзэ и усэр а зэманым – псэукIэщIэр ухуэн щыщIадза махуэхэм – чэнджэщэгъурэ тегъэгушхуакIуэу яIащ щIэблэм. Куэд зи нэгу щIэкIа, гъащIэм и хьэлъэм Iущ щIэхъукIа усакIуэм и псалъэр щIэблэм дежкIэ адэм и чэнджэщ пэлъытэт:



*Пэрыт и гъуэгур зэвгъащIэ,*
*ФIыуэ лэжьэфыр щIэныгъэщ,*
*ФIыгъуэм и тетхэр фэращ.*
*КъыфлъэщIэмыхъэр зыдэфшэ...*
*Зэран хъу флъагъумэ, фысакъ.*
*Гукъанэ зиIэм феупщI,*
*Зыри зымыщIэр зыхэфху,*
*Хуэмыхухэм зий фемыубзэ...*

УсакIуэм зыпищI щыIэкъым псэукIэщIэм и ухуакIуэ щIалэ жанхэр, и гуапэщ ахэр, зэгуэр пщылIыпIэм ита мэкъумэшыщIэ бынхэр, щIэныгъэм и гъуэгу нэхум зэрытехьар, зыр зым ехьэехуэу текIуэныгъэщIэхэм зэребгъэрыкIуэр:

*Ди щIалэ жанхэр*
*Хэкупсэ хахуэщ,*
*Хуитуэ еджахэщи,*
*Батэр ягъэш.*

Батэр зыгъэш щIэблэрщ лъыпсыр щежэхыу щыта псыхъуэхэм вагъуэбэр щызэщIэзыгъэнар, зэгуэр цIыхум хамыбжэу къэгъуэгурыкIуа мэкъумэшыщIэхэм я бынхэрщ псыжапIэщIэхэр пхызыхар. «ЛIыгъэр зи куэдым Бахъсэныр вагъуэу жэщкIэ догъаблэ» – щогуфIыкI усакIуэр Бахъсэн псыхъуэ щызэщIэна вагъуэщIэм:

*Ар зэкъуэшыбэм я IэщIагъэфIщ.*
*Деплъым, догуфIэ, фIыгъуэ къыдет.*

Усэ къудейкIэкъым Бэчмырзэ псэукIэщIэм и ухуакIуэхэр зэригъэгушхуар. И ныбжь хэкIуэтарэ пэт, усакIуэр зы махуэ и унэ исакъым, ар щыплъагъунут Iуэху дахэ щызэхаублэ дэнэ щIыпIи. Бэчмырзэ фIэIэфIт щIэблэм яухуэ псэукIэщIэр, зыщигъэнщIыртэкъым абы, и къарум дэхуэмкIэ езыри щIэгъэкъуэн хъурт. Жьыри щIэри зэдежэу щIэрыщIэу ягъэпсыжа хэкум иплъэри, Бэчмырзэ и гущIэм мыпхуэдэ пшыналъэ къиIукIыгъащ:

*Хэкум и щIылъэм*
*Уеплъым, угуфIэу,*
*ФIыгъуэр ди куэду,*
*Дунейм тет псори*
*ПлъакIуэ къытхуэкIуэу,*
*КъытхуэмыкIуэфыр,*
*Къаплъэм, къэхъуапсэу,*
*Хъуэхъубжьэр къатщтэм,*
*ЛIыжьхэр тхъэмадэу,*
*Ди бынхэу хахуэм*
*Дэ дригушхуэу,*
*Бийм ятекIуамэ,*
*БжьэкIэ дапежьэу,*
*ЖьантIэм дгъэтIысыр*
*Ди щIалэфI нысэу,*
*Я сабий цIыкIухэр*
*Хэку дыгъэ быну,*
*Дин Iуэху ямыщIэу,*
*ЩIэныгъэм щIэкъуу,*
*Властым и къану,*
*Лъэпкъ гъэщIэращIэу,*
*IэщIагъэр я бэу,*
*Народ зэбынхэр*
*Хабзэм хуогуфIэ!*

УсакIуэм и нэкIэ илъэгъуащ «народ зэбынхэр» зыхуэгуфIэ захуагъэмрэ пэжыгъэмрэ, цIыхугъэмрэ къуэшыгъэмрэ къадэкIуа фIыгъуэхэр. «Дэ датекIуащ!» – мэгуфIэ ар, игу къеуэр зы закъуэщ:

*Мы дунеищIэр*
*ЗыщIым хуэфащэщ,*
*ГъащIэр кIэщIыIуэщ –*
*А зыр си жагъуэщ...*

Гъуэгуанэ кIыхь зэпичащ Бэчмырзэ, и нэгу щIэкIащ гъащIэм и IэфIи и дыджи. Аращ абы еджапIэу иIар – езы гъащIэрщ, аращ акъыл къызыхихар. ГъыбзэкIэ къыщIидзами, Бэчмырзэ и усэм, гъащIэм и курыкупсэм хэшасэурэ, абы и пэжыпIэр къыщIигъалъэурэ, езыр зыщыпсэуа зэманымрэ дунеймрэ я гупсысэ пашэхэмкIэ зиузэдащ. Илъэ-

гъуамрэ и нэгу щIэкIамрэ къыхиха акъылым Бэчмырзэ и усэр купщIафIэ ищIащ, философскэ гупсысэ куукIэ игъэнщIащ.

Куэд къызэщIикъуащ Бэчмырзэ и акъылым, жыжьэ нэплъысащ ар. УсакIуэр, зыбжанэрэ къытригъэзэжурэ, йогупсыс гъащIэм, дунейм, уахътыншагъэм, псэуныгъэм, лIэныгъэм, н. ЛIэщIыгъуэм нэблагъэ къэзыгъэщIа усакIуэм и нэгу щIэкIам ириплъэжурэ, итхыгъащ:

*Апхуэдэщ гъащIэр –*
*Жьым щIэблэ къыщIохъуэ.*

А гупсысэм куэдрэ къытригъэзэжынущ усакIуэм, къытригъэзэжынущ, гъащIэр зэрыуахътыншэр, абы щIэдзапIи ухыпIи зэримыIэр хьэкъ щыхъуауэ:

*БлэкIар умыгъейуэ,*
*Уи махуэм хуэлажьэ.*
*У и ныбжьыр блэкIами,*
*БлэкIакъым насыпыр.*

ГъащIэм и хьэлъэ мащIэ къыжьэхэуакъым усакIуэм, итIани, ар абы зэи къыIэщIэужэгъуакъым, ар зыми памыщI фIыгъуэу цIыхум къызэрыритым нэгупсысащи. ГъащIэм и пщIэ къытенакъым Бэчмырзэ, и Iыхьэ «къыхихащ» абы, и лъэужьи къыхинащ, и натIэ «кърITхар» игъэври. ГъащIэм гу щызыхуа, зигурэ зи щхьэрэ зэтелъ, фIыгъуэ щIэным хуэпсэуа цIыхум и псалъэщ мыр:

*Ди гъащIэр кIыхьами,*
*Ди Iыхьэр доухыр.*
*ИтIани, къэкIуэнум*
*И нурым сохъуапсэ...*

Мыхъуапсэ щыIэкъым, псом хуэдэжкъым усэр зи гущIэм щыбзэрабзэ цIыхур. Бэчмырзэ и усэ сатырхэм нур пэлъытэу къыдэлыдыкIащ гурыщIэ къабзэр – хъуэпсэныр, абы зэщIегъэнахуэ усакIуэм и пшыналъэр, аращ а пшыналъэр щIэнэхур, щIэбзафIэр. «АрщхьэкIэ цIыхур мыхъуапсэу хъуркъым» – мызэ-мытIэу дыщрохьэлIэ Бэчмырзэ и усэм а псалъэ нэхухэм, ар усакIуэм и гущIэм къихъуэпскIыкI макъамэщ:

*Хъуэпсэным, щIопщу,*
*Дыздегъэущыр,*
*Зэм дегъэгушхуэ,*
*Зэм дегъэгухэ.*
*Гъуэгум щынэхууи*
*ФIыгъуэм дыхуешэ...*

ГъащIэр уахътыншэми, уахътыншэкъым цIыхур. Бэчмырзэ гу зэрилъытэмкIэ, цIыху гъащIэм и пщалъэр зэманырщ – аращ сытми щIэдзапIи ухыпIи хуэхъур:

*Зэманыр псынщIэу йокIуэкIыр,*
*И гупкIэм дису дыздешэ,*
*Гъуэгу быркъуэшыркъуэу дыздэкIуэм*
*ДеудынышIэ мычэму.*
*А гупхэм дису дыздэкIуэм,*
*Дыкъытпыхунущ зэгуэрым...*

«ГъащIэм и гупхэм къыщыпыхуну» махуэм усакIуэр щыщтэркъым, сыту жыпIэмэ абы и пщIэрэ и хьэкърэ къытенакъыми. Бэчмырзэ къызэрилъытэмкIэ, гъащIэм и пщIэ зытемылъ, цIыхуцIэ зезыхьэ, и пщэ къыдэхуэ къалэныр зыгъэзэщIа, гъащIэм и уасэр зыщIэ цIыхур уахътыншэщ:

*ГъащIэм и уасэр зыщIэр,*
*ЦIыху лIыгъэ щIапIэм итар,*
*ПсэкIэ фIыгъуэм щIэбэну*
*Зи дуней гъащIэр зыхьар,*
*ЦIыху насып Iыхьэм хущIэкъуу*
*Зи къару псори зытар,*
*Зи лъэпкъыр фIыуэ зылъагъур –*
*Ар гугъуехьакIуэм и бынщ...*
*Апхуэдэ лIыфIым сыхуэзэм,*
*Зауэ нэхъ гуащIэм сыкIуэнщ.*
*Ар мащэм кIуэну къэхъуами,*
*И гъусэу сэри сыкIуэнщ...*



Философскэ гупсысэ куукIэ гъэнщIащ Бэчмырзэ и «Псалъэ пэжхэри». УсакIуэм и Iэрытхыр печатым хуэзыгъэхьэзыра къэхутакIуэхэм ар псалъащхьэ зыхуащIа усэхэм я нэхъыбэм лъабжьэ яхуэхъуар адыгэхэм ижь-ижьыж лъандэрэ къадэгъуэгурыкIуэ псалъэ Iущхэмрэ псалъэ шэрыуэхэмрэщ (ахэр Бэчмырзэ тхылъ щхьэхуэхэм щызэхуихьэсу щытащ, щыгъуазэхэр щыхьэт зэрытехъуэмкIэ). Ауэ усакIуэм ахэр зэрызэхихам хуэдабзэу итхыжыркъым, IуэрыIуатэу къэгъуэгурыкIуа дэтхэнэ псалъэ шэрыуэми и гъунапкъэхэм зрегъэукъуэдий, абыхэм я мыхьэнэм зрегъэубгъу, уеблэмэ, псалъэ дакъэр ихъумэми, къыпхуэмыцIыхужыну зэрехъуэкI (п.п., «зи пашэ хъупхъэм и Iуэху йофIакIуэ, нэхъыжь зимыIэм Iэнкун я куэдщ», е «гъуэгу бгъэкIэщIыну уигу илъмэ, лъэр зытеувэм гу лъытэ»). Нэхъыбэрэ узрихьэлIэр псалъэжь гуэрым (е псалъэ шэрыуэм) усэ къытригъэпщIыкIауэщ:

*Бгъэр куэдрэ уэмэ,*
*И дамэр мэкъутэ.*
*Дыгъур етамэ,*
*Судым IэщIохуэ.*

Псалъэжь, псалъэ шэрыуэ цIэрыIуэхэр лъабжьэ яхуэхъуами, Бэчмырзэ и «Псалъэ пэжхэр» езы усакIуэм и акъылкIэ псыхьащ, езым зэриIэдакъэщIэкIым шэч къыщIытепхьэжын щыIэкъым. ЦIыхубэм ижь-ижьыж лъандэрэ къыдэгъуэгурыкIуэ псалъэ Iущхэр къигъэсэбэпурэ, Бэчмырзэ къигъэщIащ гупсысэ жанрэ фащэ дахэкIэ узэда усэ

шэрыуэхэр. Iэджэ щIауэ къэгъуэгурыкIуащ, псалъэм папщIэ, мы усэ телъыджэм хэжыхьа псалъэ шэрыуэхэр:

*Фымызэуэнумэ, Iэщэ къэвмыщтэ,*
*Фыкъэщтэжынумэ, гуп зэхэвмышэ.*
*Шым фышэсам, ивгъэлъ.*
*Бий хъэдэ бжыгъэр умыбжу,*
*Къэнам и бжыгъэр зэгъащIэ.*

Бэчмырзэ и псалъэ пэжхэм ящыщ дэтхэнэри псалъэжь пэлъытэу гъэпсащ, зыр адрейм епхауэ, зы псалъэм адрей псалъэр нэхъри игъэбелджылыуэ:

*Джатэ къизыхыр мэгушхуэ,*
*ЛIыфIыр, гушхуамэ, аслъэнщ.*
*Бжыр зыгъэдалъэр къэрабгъэщ,*
*ЛIыгъэр щагуэшыр зэуапIэрщ.*

УсакIуэм псалъэ пэжхэмкIэ иIуатэр езым шэч лъэпкъ къызытримыхьэж, Iэджэрэ игъэунэхуа гупсысэрэ акъылрэщ. Бэчмырзэ и псалъэ пэжхэр акъылыфIафэ зытезыгъауэ «нэхъыжьым» и ущиекъым, ахэр зи ущиер езы гъащIэрщ, цIыхубэрщ, зэманырщ. Арауи къыщIэкIынщ Бэчмырзэ и псалъэ пэжхэр ижь-ижьыж лъандэрэ къэгъуэгурыкIуэ псалъэжьхэмрэ псалъэ шэрыуэхэмрэ хуэдэу уахътыншэ щIэхъуар. Ахэр сыт щыгъуи щIэщыгъуэщ, зэманым кIащхъэрэ фагъуэрэ дэмыхъу Iущыгъэщ. «Псалъэ пэжхэм» ящыщ дэтхэнэ усэри щапхъэу къытепхъэ хъунущ абы, псалъэм папщIэ:

*ЩIыхь хуэмыфащэу зыгъуэтым*
*Махуэ щIэщыгъуэщ и бжьыгъуэр.*
*ЩIыхь зыхуэфащэу зимыIэм*
*И Iэр нэщхъыфIэу яубыд.*

Бэчмырзэ и «Псалъэ пэжхэр» гъащIэм къыхиха Iущыгъэщ, нэгъуэщIу жыпIэмэ, ар гъащIэм и IэфIи и дыджи зылъэгъуа, зи гуащIэрэ зи пщIэнтIэпскIэ псэуж, щIэблэр ар дыдэм хуезыджэ мэкъумэшыщIэм и философиещ. Апхуэдэ цIыхум и философиещ – и акъылым къилэжьа гупсысэщ, псалъэм папщIэ, мы усэм щIэлъыр:

*Уэ щIакIуэфI уимыIэу,*
*Уи Iэр псоми хуэкIэщIым,*
*ЩIыхуэр куэду птелъым,*
*Унэм щIэлъ чэтхъамэ,*
*Хъер зыпылъ щымыIэм,*
*Уи Iуэм бгъэн темылъмэ,*
*Уи мэкъумылэр мащIэу*
*ЩIыIэр къэблэгъамэ,*
*Уи лэгъунэм жэщкIэ*
*Щэхуу бжэ щыIуахмэ,*
*Узыхуей уимыIэу,*

*Зэ бэIутIэIу ухъуамэ,*
*Шэджагъуашхэ папщIэ*
*Уэ хъэщIапIэ укIуэм, –*
*Уи насып къэкIуапIэм*
*И бжэр хуищIыжащ...*

Бэчмырзэ пасэрей псалъэжьхэр, псалъэ шэрыуэхэр и усэхэм лъабжьэрэ къуэпсрэ яхуищIа къудейкъым (абыхэм ящыщ дэтхэнэри «Псалъэ пэжхэм» къыхэбгъэбелджылыкIыжыфынущ); усакIуэм езыми гъунэжу къигъэщIащ иужьым жылэм хэз хъуа, псалъэжь пэлъытэу игъащIэкIэ гъуэгурыкIуэну псалъэ шэрыуэ куэд. Ахэр апхуэдизкIэ цIэрыIуэ хъуащ, зэбгрыкIащи, уеблэмэ усакIуэм и Iэдакъэ къыщIэкIауэ ябжыжыркъым, игъащIэ лъандэрэ къэгъуэгурыкIуэу фIэкIа. Бэчмырзэщ, псалъэм папщIэ, мыпхуэдэ псалъэ шэрыуэхэмрэ псалъэжьхэмрэ щIэблэм къахуэзыгъэнар: «Губзыгъэр зэрыпщIэр и Iуэхущ», «Акъыл зи мащIэм дежкIэ IэщIагъэ псори емыкIущ», «Батырыбжьэ ефэм кIэлъыплъи, батырыбжьэ щIатыр зэгъащIэ», «Зи пашэ хъупхъэм и Iуэху йофIакIуэ», «Пшыналъэр бгъунлъэмэ, лъэпкъыр мэукIытэ», «ЛIыгъэм щIапIыкIым игу хохъуэ», «Псалъэ зи мащIэр щIэщыгъуэ мэхъу», н. Iэджи. Нобэ ахэр псалъэжь хъужауэ цIыхубэм хэлъщ, усакIуэм и акъыл бзыгъэмрэ и гупсысэ жанымрэ я щапхъэ гъуэзэджэу.

**КЪЭРМОКЪУЭ Хьэмид**

*Усэхэр*

**ПАЩIЭ Бэчмырзэ**

## ПЩЫ

Пщыхэм диш ядыгъуми,
Дэ гъэрыпIэм дохуэ.
Мыгъуэм хэмыкIыжхэр
Пщым щымыщ лэжьакIуэрщ.
Хабзэ жыхуаIэхэм
Ди Iуэхур щымыкIуэ,
Мылъкур тфIэкIуэдами,
Iулъхьэр тыдолъхьэж.
Мы пащтыхь хабзэжьыр
Зиусхьэн и Iэщэщ,
Дыщэ щIэбэг цIыхухэм
Ар я чысэ лъапIэщ.
Уэ захуэм ущIэкъумэ,
Хьэпсыр пхуIухащ.
Узыхуейр къыупсэлъмэ,
Уи лъэр ныщIауд.
Дипщхэр зэхэтIысхьэм,
Я щхьэм щытхъу хуахьыж,
Iыхьэ зылъымысыр
Сысу хьэсэм итщ.
Зы ху пут къырихмэ,
Хамэм IэщIехыж,
Жылэ имыгъуэту
Гъатхэр фIыхокIуатэ.
Шыбгым зыщиIэту
ПщIантIэм пщыр къыдохьэ,
Хьэхэм къытепхари
Гупхэм илъу ешэ.
УкIуэу уедэуэнути —
Судыр езыр арщ,
Хабзэм ущIэупщIэм —
Хабзэ зыщIэр арщ.
ГущIэгъуншэу пщыхэм
Куэдрэ датхьэлаи,



2 Заказ №27

Залымыгъэр ткъутэу
ДунеищIэ тщIыпхъэт.

## ИЖЬЫМ ЩЫГЪУЭ

Хэт зымыщIэжыр ижьым щыгъуэ
Ди лъэпкъыгъуэм къатехъуар?
Тэтэр хъанхэм я бэлыхьу
Ди тхьэмыщкIэм ятелъар?
Пщы ерухэр удэфахэу
Зауэм кIуэхэм гупхэрыст,
ЗэщIэсысэу ныбэ пцIапцIэр
ПцIыупсым щыгуфIыкIт.
Къэзанокъуэм уэркъ имыдэт,
Дэ Къетыкъуэр къытхуэпашэт,
Ди пашэфIыр Андемыркъанти,
Уэркъыжьхэм я гум темыхуэт.
ТхьэмыщкIэм я гуныкъуэгъуэм
ЛIыгъэр зауэлIхэм къытхилъхьэрт,
Ди щIыгум лъыпсу щыжахэрщ,
Бгы нэпкъхэр плъыжьу зылар.



## ДИ ЩIЫПIЭМ ПАПЩIЭ

Мы дэ ди хэкур хышхуэ зэхуакут,
Лъэ уэндэгъу бзаджэкIэ хэти иутэт.
Хэкум къебийхэм пщыхэр якъуухьэт.
Къуэхэр икуэдти ар ягъэбатэт,
Ибэу къагъанэм бжыгъэ имыIэт.
ЛIыгъэ зыхэлъу дэ къытхэкI лIыфIхэр
ФIыгъуэм хуэбанэу бийхэм езауэрт.
Зэман блэкIахэм дэ дыхэплъэжмэ,
Лъы щымыжауэ щIыпIэ бгъуэтынкъым.
Жыр джатэ ныкъуэр губгъуэм щогъуэтыр,
Нэпкъхэу лъы защIэм дыгъэр теплъызэт,
Пщыхэр зи бийуэ Андемыркъаныр
Къырым щызауэт хахуэ мызэшу.
Ар ди шу жанхэм лIыуэ я пашэт,
Беслъэней ПцIапцIэу гурышэр
И шэ зекIуэкIэм щIегъэплъ,

Пщым ягу илъ псори къещIэф…
И шыфэлIыфэм бийр къеплъмэ,
Зы лъэмыкIыжу мэгухэ,
Ди хитI зэхуакур лIышхуэ къэкIуапIэт,
ЛIыпIэ нэмысхэр Iэщэ нэрыгът.
Я шагъдий шыфIхэм ахэр тесыхэхэт,
Пщыхэм яхуэзэм, лIыхъу хабзэу,
Зауэр абыхэм хуаублэрт,
Лейхэр зезыхьэми хуэмыгъут.
Гъэ куэд блэкIахэм нэхъапэм
Нартхэр мы щIыпIэм исат.
Нарт Сосрыкъуэ и джатэр
А зэман жыжьэм щыбзат.
ЛIыхъу Бэдынокъуэм и сэшхуэр
Мы Кавказышхуэм щупщIатэт.
ЩIыпIэ нэхъ дахэу Кавказ,
Бийхэр къохъуапсэрт уэ хэкукIэ!
Уэ псори лъыпскIэ улащ.
Пщы ябгэ пагэм уи щIыгум
Джатэр щигъабзэу щытащ.
Кърым хъан куэдхэм нэмыщIу,
Къалмыкъ хъан бийхэр уи куэдт,
Лъэныкъуэ бийхэр ебгъэзым,
Пщыхэм я зауэр яублэт.
Лей зымыгъэгъуу уи бынхэм
Я сэшхуэр дыгъэм пэлыдырт.
А дунеижьым сэ соплъри,
Iэджэ сэ лIыжьым сигу къокI.
БлэкIа илъэсхэм сеплъыжмэ,
Семыбгыжынуи слъэмыкI.



## УЭСЯТ

НапщIэ гъэгуфIэр уи фIэщ умыщI,
ФэрыщI нэпс щэIухэм уахуемыплъэкI,
ГъащIэ уиIэхукIэ пэжым тетыф,
Уи фIыр цIыху лъэпкъым егъэкI!
Дыщэм а уи щхьэр хуумыгъэлъахъшэ,
Ар дыщэ минхэм я лъапIэщ.

Пщыгъэ, беягъэм хуэдзыхэу
ЩIыбкIэ лъэбакъуи къыумыч!
Iэгъуапэм пэжыр щыбгъэпщкIууэ,
Бей бзаджэм жиIэр умыщIэ,
ГъащIэм ебламэ, лIыхъужьхэм
Я цIэр уэрэдым хэнакIэт.
Андемыркъануэ ди хахуэр
Беслъэнуэ ПцIапцIэмкIэ дэIуакъым,
Лъэпщ джатэ жану хуищIари
Пэжым хуэмыбзэу щытакъым.
Хэкум емыкIур къылъысмэ,
Псэр умылъытэу — къыщыж,
Бийм ущышынэу упщылIмэ,
ЛIэныгъэр къащти, нэхъ лъапIэщ.
ЛIыгъэр, щIэныгъэр насыпым
И благъэ дыдэу Iуэхуит Iщ,
ДэнэкIи гъази зэманыр
Хуитыгъэ щIэкъумкIи гурыхьщ.
Уэ зыгъэлъапIи, уи махуэр
Дэгъуэу, нэщхъыфIэу плъагъунщ,
Уэ зыгъэпуди, зэманыр
Пудуэ, нэщхъейуэ плъытэнщ.
ЩIалэхэ, пщащэхэ, фи махуэр
ЛъапIэщ, гуфIэгъуэщ, фхъумэжхэ,
Фи лъэпкъыр щIэлIэну щытауэ
ЩхьэхуитыныгъэмкIэ фобжьыфIэ.
Нобэ фыхуитхэщ... фи хэкум
ГъащIэм и дахэр щытепщэщ,
ФызыгъэпщылIхэу щытахэр
Фэ къыфхэтыжкъым, кIуэдахэщ.
Ауэ фи Iуэху щывгъэбыдэ щIыгъунэм,
Вгъашхэ шагъдийхэр, иджыри
Фэ фыухакъым жагъуэгъур.
Фэрщ текIуэныгъэр зиIэнур,
Быдагъэ, лIыгъэ зивгъэIэ,
Фыбейщ, фыхуитхэщ, си къуэшхэ,
Бий къытекIуэнкъым фи гуащIэм.

## ПСАЛЪЭ ПЭЖХЭР

Бэлыхь зимыIэр захуагъэщ,
Зы нэщхъеягъи пымылъ.
Губзыгъэр зэрыпщIэр и Iуэхущ.
Хуэмыху и Iуэхур хокIуадэ,
Делэм ущытхъум зэранщ:
ЗыкъыфIощIыжыр лIы Iущу.
Зи Iуэху егугъуэр сыт щыгъуи
Дыгъэм нэхъапэ къотэдж.
Хъыджэбзыр жэщым плъэгъуамэ,
Тегъази махуэм кIэлъыплъ.
Дохутырым узхэм хищIыкIым
Нэхъ кIыхь уи гъащIэр ищIынщ.
Уэ умыщIэ Iуэхур
ЦIыхухэм яхыумылъхьэ,
Ныкъуэделэр ефэм,
Делэ дыдэ хъунщ.



* * *

Уи дзыхь къылъыхъуу
Дзэлыфэ зытIым,
И псалъэр бащэу
Уэ къыпхуэгуапэм,
И гугъэр къащIэ,
Уэ дзыхь хуэпщIыным
Ар къыщIохъуэпсыр,
Уи псэм и гъуэгум
Ар дыгъуу къокIуэ,
КъыбдэгушыIэу,
Шэч уимыгъэщIу,
Уи гъащIэ тIэкIур
ЗыIэщIилъхьэнщ.

* * *

Уэ къыумыгъанэ
Быным яIэнкъым,

Куэд ухуэзамэ,
IуэхукIэ уIэзэщ.
Къуэ зимыIэ адэр
Нысэ лъыхъуэнкъым,
ЛIыгъэ зимыIэм
ЩIыхьи иIэнкъым.

* * *

ГъащIэм и уасэр зыщIэр,
ЩIыху лIыгъэ щIапIэм итар,
ПсэкIэ фIыгъуэм щIэбэну
Зи дуней гъащIэр зыхьар,
ЩIыху насып Iыхьэм хущIэкъуу
Зи къару псори зытар,
Зи лъэпкъыр фIыуэ зылъагъур, —
Ар гугъуехьакIуэм и бынщ.
Абы хуэфащэщ пашэну,
Апхуэдэм фIым ухуишэнщ.
Апхуэдэ лIыфIым сыхуэзэм,
Зауэ нэхъ гуащIэм сыкIуэнщ.
Ар мащэм кIуэну къэхъуами,
И гъусэу сэри сыкIуэнщ!

* * *

Зэманыр псынщIэу йокIуэкIыр,
И гупкIэм дису дыздешэр,
Гъуэгу быркъуэшыркъуэу дыздэкIуэм
ДеудынышIэ мычэму.
А гупхэм дису дыздэкIуэм
Дыкъыпыхунущ зэгуэрым,
А щIыгу сызытехуэм и дежыр
Къызахъуэжынущ сэ мащэу.
Абдей щIалъхьэну си хьэдэм
ДыркъуэщIэ щIыщхьэм щищIынщ.
Хъуэпсэгъуэ дапщэ сиIами
IэщIыб абдежым щыхъунщ.

*   *   *

Бгъэр куэдрэ уэмэ —
И дамэр мэкъутэ,
Дыгъур етамэ —
Судым ӀэщӀохуэ.

*   *   *

ХьэщӀэр епсыхмэ,
Зэплъыр бысымырщ,
ЩӀыхьыр пхуэфащэм,
ЖьантӀэм удыхьэм —
Гупсыси псалъэ,
Зыплъыхьи тӀыс.

*   *   *



Фымызэуэнумэ, Ӏэщэ къэвмыщтэ,
Фыкъэщтэжынумэ, гуп зэхэвмышэ,
Шым фышэсамэ, ивгъэлъ,
Бий хьэдэ бжыгъэр умыбжу,
Къэнам и бжыгъэр зэгъащӀэ.

*   *   *

Джатэ къизыхыр мэгушхуэ,
ЛӀыфӀыр гушхуамэ — аслъэнщ,
Бжыр зыгъэдалъэр къэрабгъэщ,
ЛӀыгъэр щагуэшыр зэуапӀэщ.

*   *   *

Анэр зыщытхъур и бынщи,
Бынир зыгъэфӀыр къабзагъэщ,
ЛӀыгъэм щӀапӀыкӀым игу хохъуэ,
Хъупхъэ къэзылъхум йохъуэхъу.

*   *   *

Лейзехьэр ныбжьым щошынэ,
Шынэкъэрабгъэр къеплъэкӀырилэщ.

* * *

Умылэжьахэр пIуэтэжмэ,
Уи жагъуэ псалъэ къуадзынщ,
Iуэху лъэпкъ хуимыIэу, псалъаехэр
Е гугъуехь хьэлъэхэр бгъуэтынщ,
ЦIыхум хуэлэжьыр и гуащIэщ,
Уи щхьэр здэмыкIуэм умыхь,
Бэлыхь уимыIэр къэпхьыжмэ,
Хэт мысэ пщIынуэ уи гугъэр?
Бзэм имылэжьыр пкъым ишэчынкъым,
ЗыщIэжи — тыншу бгъэщIэнщ,
Щхьэщытхъуэр дыгъум икIэжщ,
Мыдыгъу дыгъуфэщи пудыжьщ.
ЩIалэри жьыри щIэнакIэу,
ИкIэм ауануэ мэлIэж.

* * *

Ижьым щыгъуазэрэ
ЗекIуэр ицIыхум — ар Iущщ,
Пэжыр и гъуазэрэ
Захуэм щIэбэнмэ — ар лIыфIщ.
Нэмыс зыхилъхьэрэ
Iыхьэм емыблэмэ — ар хахуэщ.
Абы хуэдэлIым сыныIущIатэмэ,
Сэ хьэдырыхэ сыдыщIыхьэнт.

* * *

Ныбаблэр умыгъэгуашэ,
Уи япэ джалэм ущIэмынакIэ,
Уи кIэ къихуэр ауан умыщI,
УмыщIэ Iуэхум щытхъу хуумыщI,
ЗыхыумыщIыкIым утемыпсэлъыхь,
ПщIэ зыхуэпщIыр къыпщхьэпэнщ,
ЦIыхур Iущым — жэрдэм дэщI,
Ахэр гъащIэм и хабзэфIщ.

## ГУГЪЭ

ЦIыхум и гугъэр
ГъащIэм и щIопщщ,
Жэщ кIыфIым и мафIэу
Нэгум щоджэгу,
Ди гур дэинурэ
ФIыгъуэм дыреджэ.
Ауэ си гугъэр
ГъэрыпIэм итщ,
Гъуазэ имыIэу
МэIур еубыд.
Вагъуэуэ дахэр
Уэгум щолъагъуэ,
Уафэм нэсыфыркъым —
Си Iэр хуэкIэщIщ.
Гугъэ фэрыщIыр
Адэ щIэинщ,
Дунейм ар текIыркъым,
МыкIуэ-дэмыкIуэщ.
Гугъэр мыхъуамэ,
ЦIыхур псэунт?
Абы демыфэми,
ГъащIэр тфIэфIынт?
Адэ щIэинуэ си гугъэ,
Уи щыгъын хьэхум сыдефэщ.
ЩIалафэр степхыу
Гъэр сыпщIщ.



## ПСЭЛЪЭРЕЙР IУЭХУНШЭЩ

Зи мыIуэху зезыхуэм
И щхьэм баш къытохуэ,
А зи бзэр зыIыгъыфым
И жагъуэгъур мащIэщ,
Фэжагъуабэр зиIэм
Нэгур щIихъумауэ
ЦIыхум зыщехъумэ,
И бзэм щошынэж.
МащIэу жаIэ псалъэр

ФIыгъуэм ныпалъытыр,
ЦIыхухэр нышIодэIур,
ЕдэIуахэр мэхъуахъуэ.
Псалъэ пэжыр жаIэм,
Шэуэ дэни пхокIыр,
Мыхьэнэ къикIыр
ЦIыхум я гум къонэ.
Хасэр щызэхуэскIэ
Пэж жызыIэм йоплъыр,
Псалъэу щызэрахьэр
ЦIыхухэм зэпашэчыр.
Упсэлъэным ипэ
Куэдрэ егупсысыт.
Псалъэ лейкIэ цIыхухэм
Щхьэрыуэгъуэ иумыт.
Псэлъэрейр Iуэхуншэщ,
Ар уи дзей умыщI.

## IУЖАЖЭ

Къыббдгъэдыхьэу пхуэгуфIэр,
УбгъэдэкIмэ, убакIуэр —
Ар Iужажэщ.
А Iужажэм Iуэху жумыIэ,
КъыпхуиIуатэм уемыдаIуэ —
Ар насыпыншэщ.
Зи гум зи бзэр дэзыгъакIуэр
Гурыщхъуэншэу насыпыфIэщ.
Мис апхуэдэр уи ныбжьэгъум,
Сытым нэхъри ар нэхъ дэгъуэщ.
Узыхэтым я фэр птоуэ,
Уэ Iужажэ уемыкIуалIэ,
ЛIы пхуэхъуну цIыху хьэлэлыр
ПсэкIэ пщIэнущ, уэ уеплъыфмэ.
Сэ Iужажэр си ажалщ,
Ар шхэн щхьэкIэщ къыщIэхъуар,
Сэ схуэхъуакъым ар ныбжьэгъу —
Щыгъын хьэхукIэ къэфэрей.
Насып зиIэр зэтетынщ,

И бзэр и гум и гъусэнщ,
И псэуэгъухэм яхуэпэжуэ
ГъащIэ абы ядихьынщ.

## ЖЬЫ ХЪУНЫГЪЭ

БлэкIар умыгъейуэ,
Уи махуэм хуэлажьэ,
Уи ныбжьыр блэкIами,
БлэкIакъым насыпыр.
Пхъэ пшынэр псэлъами,
Къэплъэнкъым цIыху хьэдэр,
Апхуэдэщ мы гъащIэр –
Жьым щIэблэ къыщIохъуэ.
Уи жьакIэр хужь хъуами,
Уи жагъуэ умыщIу,
Уи щIэблэм хуэлажьэ,
Хуэлажьэ къэкIуэнум.
ЩIалэщIэм уадэхъуу
Пхуэмыхъуми игъуэджэ,
Уахэту фIым хуеджэ,
Гъэлажьэ, гъэгушхуэ.
Ар фIыщIэщ уи дейкIэ,
ЗэгъащIэ, щIыхьышхуэщ.
Къэблэжьым хуэныкъуэ
Уи къуажэм дэмысми,
Ди нобэр зищIысым
Акъылыр нэмысми,
ЩIалэщIэм уахэтмэ,
Нэхъ щIалэ ухъунущ.
Псы псынщIэу къежэхыр
Игъазэу кIуэжынкъым,
Жьыгъэр къыплъысамэ,
ЩIэкIэ гъэщIэращIэ.
Ди гъащIэр кIыхьами,
Ди Iыхьэр доухыр,
ИтIани, къэкIуэнум
И нурым сохъуапсэ.

## УЭЗЫ МУРАТ

Уэзы Муратыр
ЩIалэ набдзапцIэт,
Щауэ къуапцIэ гъурти,
ЛIыхъужь мыгъазэт.
Муратым и шыр
Шы къарэ псыгъуэт,
Мазищ гъуэгуанэм
Ар хуэмыгъэжэщIт.
Тет пристафхэр
Мурат кIэлъопхъэ,
Бгы пхъуантэ быдэм
Хахуэр дохьэжыр.
Зэныбжьэгъу щIалэр
Къызэдэщтами,
ЩIылъэр къэмыщтэу
Мурат шынэнкъым.
Лей хуэмышэчу
ЩIалэр йожьэжыр,
«Мурат» жаIэмэ,
IуэхущIапIэр хуащIыр.
Уэ мэкъумэшыщIэхэм
Вы щIогъэщIэжыр,
Уэ уи ижэгъухэр,
Жейми, къыпхуоскIэр.

## ХЪУЭХЪУ

Гъавэр ди бэву,
Хадэ бэв ди натIэу,
Къэрал лъэщхэр къыдэчэнджэщу,
Ди щIэныгъэр къэралхэм яджу,
Ди насыпым бжыгъэ имыIэу,
ДиIэ фIыгъуэр тхуэбагъуэу.
Ди гъавэм губгъуэр икъутэу,
Ди къуршыжьхэр ди дыщэ пхъуантэу,
Ди хъарзынэм бжыгъэ имыIэу,
Инженерхэр къызэхьэзэхуэу,

Ди маршынэм дыщэ къыритшэу,
Дишхэр емызэшыжу,
Ди пашэфIхэр зэдэдгъэпэжу,
Саугъэтхэр газетым иту,
Нэхъыжь IэщIагъэр нэхъыжьым яджу,
Дызэчэнджэщу, дызэдэлажьэу,
Жьы хъуа тхэтмэ,
Тыншыр хуэтуту,
Дэ тхэмытыпхъэр
ТIыпхым щытIыгъыу,
Лэжьыгъэм хъерыр къытхуихьу,
ЩIыхьышхуэр абы дэщIыгъуу,
Лыгъэр зыпылъыр IэщIагъэу,
Ди жэщ кIыфIахэр нурыбэу,
Ди бынхэр хъерым щымыщIэу,
ЩIэныгъэр хэти ди гъуазэу,
Законхэм дэ дыкъахъумэу,
МелуанкIэ дыбжыр ди Iэщу,
Iэщхэм я бжыгъэр щIэгъуейуэ,
Ди губгъуэм гъавэр щыбатэу,
Ди Iэтэр пшэ щIэгъэкъуэнуэ,
Насып хъерхэм дэ дыхэмыкIыу,
ДахэкIейхэр дэ ди хъыджэбзу,
Закон дахэм къыдэщIэращIэу,
Ленин гъуэгур хэти ди дерсу,
Сталин пашэр псоми дгъэпэжу,
Пэж къыджиIэр хэкум тхуэмахуэу,
Дэрэжэгъуэхэр къыдэзытауэ,
Тхэмытыжми, Ленин дигу илъу,
И псалъэр ди гум щытхъумэу,
И пэжхэр ди лъым хэпщауэ,
Ди бгы инхэм заводхэр щыбэу,
Дэ нэхъ бей къэрал щымыIэу,
ДиIэ псори хэхъуапIэ ину,
Ди къигъэхъуапIэр нэхъ щIыпIэ уэру,
Индыл уэрым лъэмыжыр телъу,
Ленин щIэныгъэр ди джатэу,
Партизанхэр ди нэхъыжьыфIхэу,
КолхозыфIхэр къэрал гъэбейуэ,

Вы гъэшхахэр гуфIэгъуэ нышу,
Ди хъушэр хъупIэм имыхуэу,
Дэ кхъухьлъатэр ди куэду,
Пулемётхэр ди нэхъыбэжу,
Ди топыжьхэр щыблэ топышэу,
Ди танкышхуэм бийр къыщцышынэу,
Я шэр техуэм, бийр игъэсэхыу,
Дзэ гъэсахэм дэ дыкъахъумэу,
Хъуэхъуу жытIэр псоми тхуэмахуэу,
Ди колхозхэр къызэхьэзехуэу,
Матэу диIэр фо ныбэ защIэу,
Хъер щыкуэдыр ди щIышхуэр аруэ,
Ди школхэр ди гуапэ плъапIэу,
Акъыл лъапIэр щырагъащIэу,
ЩIэныгъэшхуэр абы къыщаджу,
ФIыуэ еджэм сурэт трахыу,
ФIыуэ тлъагъухэр къытхуэгуфIэу,
Хъуэхъу гуфIэгъуэр Мэзкуу къикIыу,
ЦIыху нэхъыфIхэр жьантIэм дэсхэу,
Иримыкъухэр ди уэкъулэу,
Пашэ Iущхэр ди хьер лъыхъуэу,
Псэуалъэшхуэр дэ тхуагъэпсу,
ГъущI нэхъ быдэр ди бжэ лъапIэу,
Властым и жырыбжэр быдэу,
Ленин игъэбыдахэм я крепость лъэщу
Къэралым ар и гъущI къалэу,
БыдапIэм бийр къемызэгъыу,
ГъащIэр щыдахэу,
Дыгъэр щыгуфIэу,
ФIыгъуэр щыбатэу,
Дэ тфIэмыфI тхэмыту,
Бий етар идуду,
Къыдэбийр едгъэзу,
Дызэуар мыхъужу,
Ди лIыхъу джатэр маисэу,
ЗэIусэр пигъэхуу,
Хъуэхъуу жытIэр псоми тхуэмахуэу
Гъэ мин Iэджэ дгъэщIэну
Сэ абыкIэ сохъуахъуэ.

*Артист Балъкъыз Валерэ илъэс 70 ирокъу*





# ЗИ РОЛХЭР ГУКЪИНЭЖ

*ЗэфIэкIышхуэ зиIэ, зи джэгукIэр куэдым ягу ирихь артист Балъкъыз Валерэ и ныбжьыр илъэс 70 ирокъу. А зэманым къриубыдэу Валерэ куэд дыдэ хузэфIэкIащ, цIыхухэм я гум зэрыдыхъэфа роль гъэщIэгъуэн Iэджэ театрым и утыкум щигъэзэщIащ, пэжкIэ зэрабгъэдэтым къыпэкIуэу и ныбжьэгъухэмрэ къыдэлажьэхэмрэ пщIэшхуэ къыхуащI.*

*Балъкъыз Валерэ Аруан районым хыхьэ Псыгуэнсу къуажэм 1948 гъэм дыгъэгъазэм и 12-м къыщалъхуащ. Курыт еджапIэр къиуха иужь, илъэситIкIэ дзэм къулыкъу щищIащ. 1969 гъэм къэкIуэжри, театрым зы илъэскIэ щылэжьащ актёрхэм я дэIэпыкъуэгъухэм яхэту. Щукиным и цIэр зезыхьэ училищэр къиухыу 1975 гъэм Москва къызэрикIыжрэ ЩоджэнцIыкIу Алий и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым и актёру мэлажьэ. Зэрылажьэм хуэдэурэ Валерэ къиухыжащ КъБКъУ-м бух-учетымрэ аудитымкIэ и къудамэр. 1984 гъэм абы къыхуагъэфэщащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щIыхь зиIэ и артист цIэ лъапIэр. 1996 гъэм Урысей Федерацэм щIыхь зиIэ и артист щIыхьыцIэри къыфIащащ.*

*Балъкъызыр лэжьащ КъБР-м и телевиденэм и диктору, Горький Максим и цIэр зезыхьэ Урыс драмэ театрым и актёру, Кавказ Ищхъэрэм ГъуазджэхэмкIэ и институтым и актёр гупым я егъэджакIуэу икIи я художественнэ унафэщIу, Къэбэрдей къэрал драмэ театрым и директору. И творческэ гъуэгуанэм къызэщIиубыдэу Валерэ сценэм щигъэлъэгъуащ*

*образи 100-м нэс. Театр спектакль 70-м ролхэр щигъэзэщIащ, телевизионнэ постановкэу 18-м хэтащ, телефильму 5-м, художественнэ фильму 7-м щыджэгуащ. Спектаклу 48-м роль нэхъыщхъэхэр щигъэзэщIащ. Псалъэм папщIэ, Аграновский Валерий и «Малаховыр къэвгъэувыIэ» пьесэм къытращIыкIа спектаклым – Малаховым, Нэш Ричард и «Уэших зыщэ» спектаклым – Старбак Билл, Горин Григорий и «Кин IV» лэжьыгъэм – Кин IV, Булгаков Михаил и «Хьэм и гум» – Шариков, Дударев Алексей и «Сэлэтхэр» гъэлъэгъуэныгъэм – Дугин, Эдуардо де Филиппэ и «Купьеллэ и бынунагъуэр» спектаклым – Купьеллэ сымэ я образхэр щищIащ.*

## Псыпэр зэрыкIуэм…

– Дзэм къулыкъу щыщысщIэм, армэм и самодеятельностым сыкъыщыфащ илъэситIми, – игу къегъэкIыж Валерэ. – Артист IэщIагъэр сигу ирихьырти, къэзгъэзэжа иужь Къэбэрдей драмэ театрым сыкIуащ. Теувэж СулътIант абы щыгъуэ режиссёр нэхъыщхьэр. Абы зы илъэскIэ сигъэлэжьащ актёрхэм я дэIэпыкъуэгъухэм сахэту. ИтIанэ, ЩэнхабзэмкIэ министерствэм и унафэкIэ, Щукиным и цIэр зезыхьэ училищэм щеджэну ягъакIуэ гупым сыхэту Москва сыкъыщыхутащ. Япэ илъэсищым къриубыдэу зыкъом тхузэфIэкIат ди художественнэ унафэщI Калиновский Леонид и фIыщIэкIэ. Абы къыджиIэри, ди концерт программэри Вампилов Александр и «Къуэ нэхъыжь» пьесэм къытетщIыкIа ди япэ спектаклри ди республикэми Къэрэшей-Шэрджэсми щыдгъэлъэгъуат. Къыхэгъэщыпхъэщ «Къуэ нэхъыжьыр» Калиновскэм и унафэкIэ Шэрджэс Мухьэмэдрэ сэрэ адыгэбзэм къидгъэтIэсауэ зэрыщытар, апхуэдэ щIыкIэкIэ зэдзэкIакIуэ лэжьыгъэми зетпщыт зэрыхъуар. «Къуэ нэхъыжьым» щызгъэзэщIа роль нэхъыщхьэр, Сарафановым ейр, хуабжьу сигу ирихьауэ, гукъинэжи сщыхъуауэ щытащ. Училищэр къыщыдухым щыгъуэ диплом спектаклу 7 дгъэхьэзырауэ къыздэтшэжати, абыхэм ящыщу сэ 5-м сыхэтащ.

## Театр, телевиденэ, егъэджакIуэ, жылагъуэ лэжьакIуэ…

Адыгэ театрым илъэсиццкIэ щылэжьа иужь, а IэнатIэр телевиденэм и диктор лэжьыгъэмкIэ ихъуэжауэ щытащ Валерэ. Абы и щхьэусыгъуэм сыщыщIэупщIэкIэ:

– Абы иджыпсту утепсэлъыхьыжкIэ мыхьэнэ иIэкъым. КIэщI дыдэу жыпIэмэ, псалъэмакъ мыщхьэпэ гуэрхэр къекIуэкIырт, ди гъусэу еджа, режиссёру къыддэлажьэ Фырэ Руслан IукIырти, сэри си лэжьыгъэр къэзгъэнат. АрщхьэкIэ зы илъэс фIэкIа телевиденэм сыщымылэжьауэ, Горький Максим и цIэр зезыхьэ Урыс драмэ театрым и режиссёр Ерчэн Леонид игъэувыну къищта, Аграновский Валерий и пьесэ «Малаховыр къэвгъэувыIэ» жыхуиIэм сыхигъэтын щхьэкIэ сригъэблэгъащ. Ар пьесэ бэлыхьт, балигъхэм я гулъытэ щыщIэ сабийхэм ятеухуауэ, гъэсэныгъэ и лъэныкъуэкIэ мыхьэнэшхуэ иIэу. Абы хэт щIалэ цIыкIум и ролыр зэрызгъэзэщIам щхьэкIэ сэ къызатауэ щытащ комсомол IуэхущIапIэм и ахъшэ саугъэтыр.

Грознэ къалэм щылажьэ Фырэ Руслан къэкIуэжу Нэш Ричард и «Уэшх зыщэ» пьесэр игъэувыну къищта нэужь, абы сыхэтыну къысхуигъэлъагъуэри, Къэбэрдей театрым сыкIуэжауэ нобэр къыздэсым сыщолажьэ. А спектаклыр цIыхухэм ягу ирихьат, куэдри театрым и репертуарым хэтащ. Москва тшэри, Театр ЦIыкIуми тIэу щыдгъэлъэгъуауэ щытащ, – жеIэ Балъкъызым.

ИужькIэ ар щылэжьащ Кавказ Ищхъэрэм ГъуазджэхэмкIэ и институтым. Актёр хъунухэм я гупым и егъэджакIуэу икIи художественнэ унафэщIу лажьэкIэрэ, и гъэсэнхэм яхилъхьэфам, и гъэсэну щытахэм нобэми фIыщIэ къызэрыхуащIым иринасыпыфIэщ Валерэ.

– КъБР-м щыIэ МВД-м и Жылагъуэ советым и унафэщI къалэныр къысхуагъэфащэу сыщраджэм арэзы сытехъуэри яужь сихьауэ илъэс епщIанэ хъуауэ абы сыщыIэщ, – къыджеIэ адэкIэ ди псэлъэгъум. – IэнатIэм и къалэн нэхъыщхьэр цIыхухэмрэ хабзэхъумэ IэнатIэхэмрэ зэшэлIэнырщ, я дзыхь зрагъэзынырщи, зэрытхузэфIэкIкIэ Iуэхур догъэкIуатэ. ЗыгуэркIэ ныкъуэсаныгъэ къэхъумэ, лей къатехьэмэ, я щхьэр къыдахьэлIэ, абыкIэ жэуаптакIуэр къызогъуэт, зыхузогъазэри сопсалъэ. Зыгуэр къыдэхъулIэмэ, тхузэфIэкIмэ, дэIэпыкъуэгъу дыхъуфмэ догуфIэ.

## Театрым и блэкIамрэ и нобэмрэ



– Сэ театр куэдым я лэжьыгъэ слъэгъуащи, IуэхущIапIэ щыIэу си фIэщ хъуркъым Къэбэрдей театрыр къызэIузыха, абы и лъабжьэр зыгъэтIылъа ди актёр нэхъыжьхэм хуэдэхэмкIэ къулеяуэ. Я къару емыблэжу я IэнатIэм бгъэдэта, роль дахэ куэд гукъинэжу утыку къизыхьа ди артистхэм пщIэшхуэ къыхуащIу, Къэбэрдей-Балъкъэрым исхэм я мызакъуэу, Ипщэ Федеральнэ щIыналъэм щылажьэ театрхэм я лэжьакIуэхэр къафIэлIыкIыу щытащ. Ар си закъуэкъым жызыIэр, театр гъуазджэм зыгуэр хэзыщIыкI дэтхэнэми ищIэрт ар. Ди актёрхэм апхуэдизкIэ талантышхуэ ябгъэдэлът, зэфIэкIышхуэ яIэу зыкъагъэлъагъуэрти, Къэбэрдей драмэ театрым и артистхэм хуэдэ дыхъуарэт жызымыIэрэ абы хуэмыпабгъэрэ къэгъуэтыгъуейт. Адыгэ театрыр нэгъуэщI щIыналъэхэм кIуа нэужь, хэгъэрейхэр щыту Iэгу къыхуеуэу щIрагъэблагъэр ди япэ ита, театрыр къызэIузыха нэхъыжьыфIхэм я гуащIэм, я зэфIэкIым, я Iуэху бгъэдыхьэкIэм щхьэкIэт. Абыхэм я утыку итыкIэм, роль гъэзэщIэкIэм щапхъэ къытумыхынкIэ Iэмал иIэтэкъым. Зыгуэр къэпщIэххэну ухуеймэ, Сонэхэ Мухьэрбий, Башир, Щхьэгъэпсо Мухьэмэд, Болэ Мурат, ТIыхъужь Алий, Шэру Азрум, ДыщэкI КIунэ сымэ, нэгъуэщI нэхъыжьыфIхэри нэсри къэсыжауэ щапхъэт. Мис ахэращ театрым и лъабжьэр зыгъэтIылъар, абы и цIэр лъагэу зыIэтар.

Абыхэм къакIэлъокIуэ ГИТИС-р 1958 гъэм къэзыухыу къэзыгъэзэжа гупыр, Мысостышхуэ Пщызэбий зыхэта курсыр. Абыхэм ящыщ куэд театрым IукIыжами, къэнахэр артист гъуэзэджэ хъуауэ лэжьащ. Псалъэм и хьэтыркIэ, абыхэм ящыщщ езы Пщызэбий, Къаздэхъу СулътIан, Сэкрэк Мухьэдин, Срыкъуэ ХьэмщIасэ, Теувэж Уэсмэн сымэ, нэгъуэщIхэри. Сэ срогушхуэ сыщIалэжь цIыкIуу артистышхуэхэм сазэрыхэхуам, абыхэм я джэгукIэм сыкIэлъыплъыну Iэмал сызэриIам.

Театрым ущылэжьэныр зэи тыншу щытакъым, абы щыгъуэми ехьэжьауэ бэлыхьу лъэпкъ драматургие ущимыIэкIэ, спектаклыр зыхуей хуэзыгъазэ художник-постановщик, сценограф хуэдэхэр къыщомэщIэкIкIэ. Псалъэм папщIэ, «Уэшх зыщэ», «ЩIыщIэ къэIэта» спектаклхэм хуэдэу къезэгъыу, сыт и лъэныкъуэкIи къекIуу лэжьыгъэм и купщIэр сценэм и теплъэм къигъэлъагъуэу. Уеблэмэ Iупхъуэр зэрыIуахыу театреплъхэр Iэгу щеуэ спектаклхэр щыIащ. Ди жагъуэ зэрыхъунщи, сценографие и IуэхукIэ лэжьыгъэ бэлыхь иджыпсту диIэу схужыIэнукъым.

Актер и лъэныкъуэкIэ жыпIэмэ, апхуэдэ IэщIагъэлI дыхуэныкъуэу си гугъэкъым, бгъэлажьэмэ, сыт хуэдэ Iуэхуми пэлъэщыну апхуэдэщ гупыр. Куэд щIакъым Щукиным и цIэр зезыхьэ театр институтыр къаухыу щIалэгъуалэ гуп къызэрыкIуэжрэ. ИгъащIэ лъандэрэ къытхэтам хуэдэу къытхэзэгъащ ахэри, си гуапэ мэхъу. Диплом лэжьыгъэу къашэжахэр екIуу сценэм къызэрыщагъэлъагъуэм дыщогуфIыкI. ЛэжьыгъэщIэ зытIущым абыхэм ящыщхэр хэтати, я ролхэр дэгъуэу къайхъулIащ, утыкум зэритрэ куэд мыщIами, Iэзагъэшхуэ зэрабгъэдэлъыр наIуэ къащIыфащи, абы дегъэгушхуэ. Шэч хэлъкъым театрым и зыужьыныгъэм абыхэм хэлъхьэныгъэ ин зэрыхуащIыфынум. Иджыри зэ къытызогъэзэжри, спектаклхэм щыджэгункъым дызыхуэныкъуэр, пьесэфIрэ ар утыкум хуэзыгъэхьэзырын IэщIагъэлIхэмрэщ.



## Зыгъэгушхуэр… ЗыгъэгумэщIыр…

– Сызэрылэжьа илъэс 40-м къриубыдэу си гур хэзыгъэхъуэн куэди слъэгъуащ, цIыхухэм ягу ирихьу, сэри си гукъыдэжыр къиIэту спектакль зыкъомым сыщыджэгуащ. Абы уимыгъэгуфIэнкIэ, укъызэщIимыIэтэнкIэ Iэмал иIэкъым. КъезбжэкI нэужькIэ куэд мэхъу ахэр, ауэ адрей сызэрыджэгуахэр абыхэм къепха хуэдэу сыбж, псоми къыхэзгъэщхьэхукI лэжьыгъэхэр сиIэщ. Апхуэдэщ «Къуэ нэхъыжь» (зыгъэувар Калиновский Леонидщ), «Хьэм игу» (ХьэщIэгъуэгу Къэсей), «Уэшх зыщэ» (Фырэ Руслан), «Кин IV» (Дэбагъуэ Роман) лэжьыгъэхэм щызгъэзэщIа ролхэр. Ахэр си репертуарым зэрыхэтам сызэрыригушхуэр пцIыкъым.

Щхьэхуэу я гугъу пщIы хъуну къыщIэкIынт телефильмхэм, художественнэ фильмхэм. КIыхь зумыгъэщIу жыпIэмэ, абыхэм ящыщ дэтхэнэми зыгуэр къысхилъхьащ, зыгуэрым сыхуигъэIущащи, апхуэдэ Iэмал къызэзыта режиссёрхэми лэжьыгъэхэм къыздыхэта актёрхэми фIыщIэшхуэ яхузощI.

ИтIанэ, Къэбэрдей драмэ театрыр япэ дыдэу сэ хамэ къэрал зэрысшам сропагэ. IутIыж Борис и «Дамэлеймрэ» (зыгъэувар ХьэщIэгъуэгу Къэсейт) Башбеков Шараф и «ГъущIым къыхэщIыкIа фызымрэ» (режиссёрыр Фырэ Руслант) тшэри, Тыркум мазэм нэблагъэкIэ дыщыIат. Сэ сытым дежи си хъуэпсапIэт адыгэ здэщыIэм ди театрыр нэзгъэсыну, ди IуэхущIапIэм и цIэр фIыкIэ згъэIуну, нэгъуэщI лъэпкъ театрхэмрэ дыдеймрэ зэпысщIэну...

Уи гур хэзыгъэщIи къэмыхъункIэ Iэмал иIэкъым. Хужьрэ фIыцIэу зэхэлъ гъащIэр из хъунукъым, лъэныкъуитIри зэгъусэу щымыт нэужьмэ. Iейм ухуэзэмэщ фIым и IэфIыр къыщыпщIэр. Къапщтэмэ, сигу къоуэ лъэпкъ драматургием дызэрыхуейм хуэдэу зэрызимыужьар, ди театрым щхьэкIэ актёрхэр къалэшхуэхэм зэрыщедмыгъаджэр. Дыхуейдыхуэмейми, еджапIэ лъэрызехьэхэм щеджа актёрхэращ артистыфIхэр къызыхэкIыр. Хьарзынэу Кавказ Ищхъэрэм Гъуазджэхэмкlэ и институтыр диIэщ, ар куэдым къаух, зыгуэрхэри къыхэтх хъунущ, ауэ театрыр тэмэму ягъэлэжьэну, къаIэтыну хуеймэ, къалэшхуэхэм дэт еджапIэфIхэм ныбжьыщIэхэр ягъэкIуэн хуейуэ къызолъытэ.

ГъащIэм сыхуэарэзыщ илъэс 70-м сызэрынигъэсам щхьэкIэ, сыту жыпIэмэ ди курсым щеджа цIыху зыбжанэ, уеблэмэ илъэс 50 хъуху псэуахэкъым. Сэ къызэрыслъытэмкIэ, дэтхэнэ цIыхури щыгуфIыкIыпхъэщ къигъащIэ дэтхэнэ зы махуэми. Зыми зэран сыхуэхъуну сыхэтакъым, сэбэп сахуэхъуа фIэкIа, зыми лей есхакъыми, ари зы насып Iыхьэу къысщохъу.

Сэ театрым къемыгъэбыдылIа режиссёрхэр къезгъэблагъэурэ спектаклхэр езгъэгъэуву щытащ. Апхуэдэу садэлэжьащ ищхьэкIэ зи цIэ къисIуахэу ХьэщIэгъуэгу Къэсей, иджыпсту театрым и унафэщI Фырэ Руслан, Кове Валерий, Дзудтагов Къазбэч сымэ, нэгъуэщIхэми. Театрым и тхьэмадэу сыщытыху, Урысей Федерацэм, Къэбэрдей-Балъкъэрым, Адыгей, Къэрэшей-Шэрджэс, Ингуш республикэхэм щIыхь зиIэ я артист цIэ лъапIэхэр цIыху 15-м кърезгъэтащ.



## КъыхэщхьэхукI ролыр

Валерэ зэрыжиIащи, ролхэр куэд мэхъу, псэм нэхъ дыхьэхэри, абы къедзылIауэ къэплъытэ хъунухэри яхэту. Ауэ щыхъукIи, сэ фIы дыдэу сощIэж Куни Рей и «13-нэ» пьесэм къытращIыкIа «ЦIыхухъур, цIыхубзыр, хьэдэ мыцIыхур» спектаклым и премьерэр, ди республикэм и цIыхухэр абы зэрыхьу зэрыщытар, куэд дыдэм ягу зэрырихьар. Псоми яфIэгъэщIэгъуэнт ар, зэрыдыхьэшхэным къыдэкIуэу икIи гупсысэ куу зэрыщIэлъми шэч хэлътэкъым. Роль нэхъ гукъинэжхэм, бгъэзэщIэнуи нэхъ гугъухэм ящыщ зыт Балъкъызым абы къыщылъысар.

– Ролыр къызэхъулIа-къызэмыхъулIам и гугъу сэ схуэщIыну къыщIэкIынкъым икIи къыслъысыркъым, ауэ абы теухуауэ сэ схужыIэнур зыщ: роль нэхъ тынш дыдэу сщIахэм ар ящыщкъым. Япэрауэ, сэ зэзгъэщIэн хуейр компьютеркIэ тедзауэ напэкIуэцI 50-м щIигъурт. ЕтIуанэрауэ, сыкъэпщIантIэу псыф хъуа си джанэр антрактым деж щызэсхъуэкIым фIэкIа зы теплъэгъуи сценэм симыту къанэркъым.

Режиссёр лэжьыгъэ и лъэныкъуэкIэ укъеплъмэ, ар зыгъэува Дэбагъуэ Роман мы спектаклым ехьэлIауэ зыхуигъэувыжа мурад псори зригъэхъулIэн хузэфIэкIауэ къызолъытэ. Роман зи IэщIагъэм фIыуэ хэзыщIыкI, зи лэжьыгъэм хуэIэижь цIыхущ, абы игъэува спектаклхэм ящыщу нэхъыфI дыдэу къехъулIауэ къэслъытэр «Кин IV» арауэ щытми, иужьреймкIи хуабжьу сыарэзыщ.

## Ныбжьэгъум и псалъэ

ЦIыху зыгъэлъапIэ цIыху и уасэщ. Валерэ и гумащIагъэкIэ, и лэжьэкIэкIэ къилэжьауэ, къихьэхуауэ иIэщ ныбжьэгъуфIхэр. Абыхэм ящыщ зыщ Валерэ и махуэм ирихьэлIэу телефонкIэ къыдэпсэлъа, УФ-м гъуазджэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, режиссёр цIэрыIуэ, Адыгэ Республикэм Цей Ибрэхьим и цIэр зезыхьэ и лъэпкъ театрым и унафэщI ХьэщIэгъуэгу Къэсей.

– Ди IэщIагъэм щынэхъыщхьэр илъэс Iэджэ дэкIа иужь шэч къытезмыхьэжыну къызгурыIуащ – ар цIыхугъэрщ, – къызжиIащ Къэсей. – Ар пхэлъмэ, пэжыгъэр уи гъуазэмэ, Iэмал имыIэу уи ролхэм къыхэщынущ. «Шэрджэс» псалъэм нэхъ хуэфащэу, цIыхугъэ нэхъ зыдэплъагъуу щыIэхэм языхэзу къызолъытэ сэ Валерэ, сызэриныбжьэгъуми срогушхуэ.

Къэсей къыхигъэщащ Валерэ пцIыр, фэрыщIагъыр илъагъу зэрымыхъур, Къэбэрдейм, къызыхэкIа адыгэ лъэпкъым и цIэ фIыкIэ ириIуэфыну зэи Iэмал къызэримыгъанэр. Зи лъэпкъым щхьэкIэ гуузлыуз зиIэ апхуэдэ цIыхухэр театрым щылажьэ нэужькIэ, IуэхущIапIэр зэрефIэкIуэнум шэч хэлъкъым.

– Сэ зэрызгъэуваракъым щIыжысIэр, ауэ «Хьэм игу» спектаклым и ужькIэ а лэжьыгъэм и гугъу куэдым къысхуащIащ, Валерэ ролыр зэригъэзэщIар телъыджэ ящыхъуауэ. Си дежкIэ ар гуапэщ, артистри хэзыIэтыкI Iуэхущ.



* * *

Мыбдежым къыщыхэгъэщын хуейуэ къызолъытэ ХьэщIэгъуэгумрэ Валерэрэ адыгэ-абхъаз театр фестиваль къызэдрахьэжьауэ зэрыщытар, Къэбэрдей-Балъкъэр, Адыгей, Къэрэшей-Шэрджэс, Абхъаз республикэхэм я театрхэм я зэIущIапIэу. Япэ зэхыхьэр Мейкъуапэ щрагъэкIуэкIри, абдежым къыщыувыIэжат. Къэсей и жагъуэ мэхъу, иужькIэ ирахьэжьэжами, а Iуэхур бгъунлъауэ зэрыщытар, абыкIэ я мурадам Iуэхур тIэкIу къызэрытекIар. Псалъэм и хьэтыркIэ, «Кавказский меловой круг» зыфIаща зэхыхьэм и цIэм «Наш» псалъэр пагъэувэри, мыхьэнэ нэхъыщхьэр ягъэкIуэдати, тхьэм и фIыщIэкIэ ари зэрагъэзэхуэжащ.

– Режиссёрхэр, драматургхэр зэрыцIыхунымкIэ, актёрхэр я зэфIэкIхэмкIэ, я лэжьыгъэм хэлъ щэхухэмкIэ зэхъуэжэнымкIэ зыхуэбгъэдэ хъун щымыIэу Iуэху щхьэпэщ мыр. Апхуэдэ зэIущIэхэр сэбэпышхуэщ театр гъуазджэм зиужьынымкIэ, драматургием зиузэщIынымкIэ.

Театрыр театр пщIын щхьэкIэ, япэ дыдэрауэ, актёрыфIхэр уиIэн хуейщ. Мыхьэнэ нэхъыбэ имыIэмэ, нэхъ мащIэкъым режиссёрым и къалэным. Режиссёрырщ театрыр къэзыIэтри, зыгъэкIуатэри е езыгъэхуэхри, IэщIагъэлI тэмэм, губзыгъэ, зыдэлажьэ гупым пщIэ зыхуащI къыббгъэдэмытмэ, театр уимыIэу убж хъунущ. Театрым щылажьэ псори, унафэщIым деж къыщыщIэдзауэ пэшхэр зэщIэзыкъуэм деж нэсыжу, зытелэжьэн хуейр спектаклыфI гъэувынырщ, – жеIэ Валерэ.

## ХъуэпсапIэхэмрэ мурадхэмрэ

Илъэс зыбжанэ ипэкIэ Чехов Антон и «Дядя Ваня»-м щыджэгуну и хъуэпсапIэу зэрыжиIауэ щытар игу къыщызгъэкIыжкIэ, Валерэ и щхьэр ещI «пэжщ» жыхуиIэу.

– Мызэ-мытIэу зэрыжысIащ, актёр куэдми къызэрыхагъэщащи, актёрыр зи щхьэ хуимыт цIыхущ, къыхуащIыр и унафэщ. Режиссёрым игъэув лэжьыгъэм хэтыну ираджэмэ, ар и къарум, и зэфIэкIым къызэрихькIэ ищIу аращ. Си ныбжьым, творчествэ и лъэныкъуэкIэ сыздынэсам еплъыт нэужькIэ, Чехов Антон и пьесэхэм къытращIыкIа спектаклхэм сыщыджэгунт, къапщтэмэ, «Дядя Ваня»-м.

Зы лэжьыгъэшхуэ ди гум итлъхьат, Горин Григорий и «Поминальная молитва» IэдакъэщIэкIым спектакль къытетщIыкIыну. ЗэддзэкIауэ, ХьэщIэгъуэгу Къэсей игъэувын хуейуэ, щхьэусыгъуэ зэхуэмыдэхэм къыхэкIыу къэнэжащ. Мис ар тхузэфIэкIамэ, гъэщIэгъуэныщэ хъунут, и мыхьэнэкIэ «Дядя Ваня»-ми пэхъунут.

ЗэрадзэкIа пьесэ фIэкIа вгъэувыркъым, жаIэу гукъанэ къызэрытхуащIымкIэ сыарэзыкъым сэ. Японием нэхъыбэ дыдэу щагъэувыр Чеховым и IэдакъэщIэкIхэращи, зыми жиIэркъым ар зэрамылъэпкъэгъум щхьэкIэ бгъэув мыхъуну. Драматургыр къызыхэкIа лъэпкъым зыри елъытакъым. Хэт и пьесэ дгъэувми, дэ ар утыку къызэритхьэр адыгэбзэкIэщ, дгъэлажьэри ди бзэращ. Ауэ, пэжщ, а дгъэувхэр адыгэм итхамэ нэхъыфIт, ауэ, сэ къызэрыслъытэмкIэ, адыгэм зэритхам щхьэкIэ пьесэ Iей бгъэув нэхърэ, зэбдзэкIрэ лэжьыгъэ тэмэм цIыхухэм я пащхьэм къипхьэмэ нэхъыфIщ.

Си хъуэпсапIэхэм адэкIэ я гугъу пщIымэ, сыхуейщ си унагъуэр схуэузыншэну. Фи нэмыс нэхъ лъагэ ухъуи, си къуэрылъху зэтIолъхуэныкъуэ хъыджэбз цIыкIуитIымрэ щIалитIымрэ насыпыфIэ хъуауэ слъагъуну. Иджыпсту сэ абыхэм нэхърэ нэхъ гурыфIыгъуэ сиIэкъым. Унагъуэ насыпрэ узыншагъэ быдэрэ яIэну си гуапэщ си ныбжьэгъуфIхэу ХьэщIэгъуэгу Къэсей, Дэбагъуэ Роман, Быдэ Хьэсэн сымэ. Си гуапэщ я ныбжьэгъугъэм сызэрыригушхуэр абыхэм ящIэну.

Си ныбжьыр здынэсам мурад хэIэтыкIахэм я гугъу сщIыну къекIуу си гугъэкъым. Уи шым къижынур пщIэжын хуейщи, си щхьэкIэ щхьэхуэу мурад гуэри сиIэкъым. Театрым иIэ – си гуапэу дэсIыгъынущ, гъэлъэгъуэныгъэхэм си Iыхьэ хэт – сыщыгуфIыкIынущ. Уафэм вагъуэ къесхьэхынукъым, къызэрыгуэкI акъыл тIысакIэ Iуэхум соплъри. ЦIыхум хузэфIэкIынум и нэхъыбэр, и нэхъыфIыр щищIэр илъэс 40-50 щыхъу зэманырщ, адрейм лъэкIар къигъэсэбэпу аращ. Ар гъащIэм и хабзэ захуэщ.

Си театрым сыхуохъуахъуэ щылажьэ псори псэуну, узыншэну, гукъыдэж яIэну. Дэтхэнэ зыми зы махуэм нэхърэ адрейм и зэфIэкIыр зэрыхэхъуэр зыхищIэу лэжьэну си гуапэщ, актёр, режиссёр IэщIагъэлI гъуэзэджэхэр къэунэхуну си хъуэпсапIэщ.

*Епсэльар*
**ИСТЭПАН Залинэщ**



**ТIыхъужь Алий и гъусэу.** *1988*





**Мережкэ Виктор и тхыгъэм къытращIыкIа «ЩакIуэ пэшым щаузэда цIыхубз Iэнэ» спектаклым ЖьакIэмыхъу КIунэрэ Балъкъыз Валерэрэ щоджэгу.** *1990*



**Ампар (КIарэ) Ларисэрэ Валерэрэ «Уафэгъуагъуэ макъ» спектаклым хэтщ.** *2004*





**Нэш Ричард и пьесэм къытращIыкIа «Уэшх зыщэ» спектаклым Джэдзауэ Венерэ и гъусэу щоджэгу.** *1982*



**Москва и Кремлым деж артист гупым щызытрагъэха фэеплъ сурэт.** *1975*

# Балъкъыз Валерэ хужаIахэм щыщ пычыгъуэхэр

Балъкъыз Валерэ цIыхуфIщ, цIыху пэжщ, зыкъызыфIэщIыжхэм, зи щхьэ щытхъужхэм, пцIы зыупсхэм ауи ябгъэдыхьэркъым. Езым хуэдэ дыдэщ и щхьэгъусэ Лизи.

Балъкъыз Валерэ и гугъу сщIыну сыщыхуежьэм зы Iуэхугъуэ сигу къэкIыжащ.

ССР-хэм я Союзыр илъэс 50, ди республикэри илъэс 50 щрикъум ирихьэлIэу адыгэ труппэмрэ балъкъэр труппэмрэ 1982 гъэм Москва сшат. Театр ЦIыкIурат зыкъыщыдгъэлъэгъуэнури, гуапэу драгъэблэгъащ, артисткэ цIэрыIуэ Быстрицкая Элинэ утыкум къыщытIущIэри, Iуэхум дытезыгъэгушхуэ фIэхъус, хъуэхъу псалъэхэр къыджиIащ. КъулыкъущIи унафэщIи Москва къыдэнакъым жыпIэныым хуэдэу, цIыхушхуэ къекIуэлIат. Нэш Ричард и «Уэшх зыщэ» пьесэм къытращIыкIа спектаклым Старбак Билл и ролыр щигъэзащIэрт Балъкъызым. Ар апхуэдизкIэ ягу ирихьат спектаклым еплъахэми, пхужыIэнтэкъым. ИужькIэ центральнэ газетхэм ящыщ зым гъуазджэ щIэныгъэхэм я доктор Хайченкэ Георгий къытрыригъэдза тхыгъэм къыщыхигъэщащ мыпхуэдэу: «Уэшх зыщэ Старбак Билл и ролыр утемызашэу, пэжагъ ин хэлъу икIи фIы дыдэу егъэзащIэ Балъкъыз Валерэ. Ар ди пащхьэм къызэриувэр зи дуней тетыкIэр къыбгурымыIуэ факирукъым, атIэ гушхуэ зыкIуэцIылъ, цIыхухэм фIы яхуэзыщIэу еса щIалэ ахъырзэманущ».

А псалъэхэр сэ нобэми гуапэу си гум илъщ, Балъкъыз Валерэ пщIэ зыхуэсщI артисту зэрыщытым щыхьэт техъуэу. Еплъхэр зыIэпызышэ, зы къару гуэр зыхэлъ артистущ сэ Валерэ къызэрысщыхъур икIи сытым дежи сыхущIокъу ар щыджэгу спектакль зэрыблэзмыгъэкIыным. Си фIэщ схуэщIыркъым апхуэдэу щIалафэ зытет Балъкъызыр илъэс 70 хъуауэ.

Сохъуэхъу нэщIэбжьэ имылъагъуу псэуну, и быным, абы и быныжхэм я гуфIэгъуэ куэд хэплъэну.

**ЕФЭНДЫ Джылахъстэн,**
*КъБР-м щэнхабзэмкIэ и министру щыта*

* * *

Сэ згъэувa спектаклу тIум – Горин Григорий и «Кин IV», Куни Рей и «ЦIыхухъур, цIыхубзыр, хьэдэ мыцIыхур» жыхуиIэхэм роль нэхъыщхьэхэр щигъэзэщIащ Балъкъыз Валерэ. ЕтIуанэм наIуэу къегъэлъагъуэ «актёр щытыкIэ, актёр нэс» жыхуэтIэхэр Валерэ къызэрилэжьыр, екIуу зэриIыгъыр. А лэжьыгъэм абы щищIэхэр илъэс 40 фIэкIа мыхъуа актёр куэдым яхузэфIэкIынукъым.

Музыкантыр зэрылажьэр и Iэмэпсымэхэрамэ, артистым и Iэмэпсымэр и Iэпкълъэпкъымрэ и макъымрэщ. Артистыр артистыфIмэ, мис а тIур екIуу зэрихьэн хуейщ. Абы и лъэныкъуэкIэ Валерэ къылъэщIыхьэн куэд щыIэкъым.

НэгъуэщI къэралхэм, къалэшхуэхэм щылажьэ актёрхэр илъэс 60-м нэса е щхьэдэха иужькIэщ сыт хуэдэ роль гугъури епт хъуну къыщалъытэр. Ди дежкIэ тIэкIу нэгъуэщIущ зэрыщыщытыр, ролышхуэхэр щыхуэмыщIыжын ныбжьущ ар къазэрыщыхъур. Валерэ уеплъмэ, хьэкъ пщохъу ар зэрымыпэжыр. Балъкъызыр сыт хуэдэ образми ихьэфынущ: характернэ роль цIыкIури гуимыхуж хуэщIынущ, психологие роль куухэри фIы дыдэу хуэгъэзэщIэнущ. Зы амплуа иIэу къекIуэкIыурэ, и ныбжьыр нэхъ хэкIуэтэху характернэ роль, итIанэ эпизод роль зэтыпхъэ актёркъым Валерэ. Илъэс 70 ауи хуумыгъэфэщэну жанщ, сыт хуэдэ ролми дяпэкIи пэлъэщынущ.

**ДЭБАГЪУЭ Роман,**
*Музыкэ театрым и режиссёр нэхъыщхьэ,*
*КъБР-м гъуазджэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ*

* * *



ЩIалэ хъарзынэщ, актёр гъуэзэджэщ, цIыхугъэкIи зыри хэбдзыфынукъым, гъуэгу удытехьэми укъытенэнукъым, Iуэху дэпщIэми ухущIегъуэжынукъым. РолыфI куэд зыщIа артистыр и ныбжьэгъухэми фIыуэ къытхущытщи, фIыгъуэу щыIэр къехъулIэну си гуапэщ. И унагъуэм и хъер илъагъуну, и къуэрылъху цIыкIухэр и жьауэм щIэту къэхъуну Тхьэм жиIэ.

**ХЪЫДЗЭДЖ Борис,**
*Къэбэрдей къэрал драмэ театрым и актёр,*
*КъБР-м щIыхь зиIэ и артист*

* * *

Сэ Валерэ зэрысцIыхур сценэм щигъэзащIэ ролхэмкIэщ икIи егъэлеяуэ сигу ирохь абы и джэгукIэр. КъызэрысщыхъумкIэ, Балъкъызыр зи IэщIагъэм хуэIэижь ди артист нэхъыфI дыдэхэм ящыщщ. Ар зыхэт спектаклхэм къытезгъэзэжурэ зыбжанэрэ сызэплъахэр яхэтщ, иджыри абыхэм щхьэкIэ театрым сыкIуэми сызэрыхущIемыгъуэжынур фIы дыдэу сощIэ.

**ЩОДЖЭН ФатIимэ,**
*Налшык дэт Геронтологие центрым*
*и поликлиникэм и унафэщI*

* * *

Илъэс 30 хъуауэ дызэдолажьэ Валерэрэ сэрэ икIи артист тынш дыдэхэм зэращыщыр и щхьэр течауэ схужыIэнущ. Ар къызыхэкIыр, шэч хэмылъу, езыр зэрыартистыфIыр ара къыщIэкIынщ.

Адыгагъэ, гуапагъэ зэрылъ унагъуэщ и унагъуэри, Тхьэм гу щригъахуэ. Езыр ныбжькIэ нэхъ щIалэ дыдэхэм хуэдэу къытхэтщи, ефIэкIуэну, ехъулIэныгъэр и куэдыну си гуапэщ.

**БЫДЭ Хьэсэн,**
*Къэбэрдей къэрал драмэ театрым и актёр,*
*КъБР-м щIыхь зиIэ и артист*

# ФЫРЭ-КЪАНЫКЪУЭ Анфисэ

# ХЬЭТХЭР

*Тхыдэ роман*

## ЕТІУАНЭ ІЫХЬЭ

## ХЪУМПІЭЦІЭДЖЫМ И КІУЭДЫЖЫГЪУЭМ ДАМЭ КЪЫТОКІЭ

### *Насыпыр хъэжьщ*



МывэтІалэ зэрылІар Рамзес деж щынэсым, и гур къызэрыгъуэтыжащ, икІи и тхьэлъанэр гъащІэм и мыхьэнэ нэхъыщхьэу игъэуващ – Къуэдэш къызэун хуейуэ. Абы фІыуэ къыгурыІуэрт МывэтІалэ хуэдэ пащтыхь хьэтхэм зэрамыгъуэтыжынур, абы и тетыгъуэр зылъыса щІалэщІэр и адэм зэремыщхьыр, уезэуэнуи зэрынэхъ тыншыр. Пэжщ, Хьэт къэралыгъуэм дзэпщ лъэрызехьэхэр иІэт, ауэ ТІэшуб абыхэм гъуазэ яхуэхъуфынутэкъым, езы уэртетхэри пащтыхьыщІэм и унафэ мышыухэм едэІуэнутэкъым. Арати, Хьэтейм и Іуэхур хэплъэгъуэт.

КъыкІэлъыкІуэ илъэсхэм кърицубыдэу, Мысырымрэ Хьэт къэралыгъуэмрэ мызэ-мытІэу зауэ губгъуэм щызэрихьэлІащ. Чэзу-чэзукІэ текІуэныгъэр зэм Рамзес, зэми ТІэшуб я Іэрылъхьэу зэбгъэдэкІыжырти, хагъэщІам и дзэр къызэригъэпэщыжа нэужь, Къуэшым кІэлъыпхъэрыжу къекІуэкІырт. Апхуэдэу, иужьрей зауэм Рамзес иубыда Амыреймрэ Къуэдэшымрэ къытрахыжри, хьэтхэр зекІуэм къикІыжащ. Къызэрысыжуи, пщызэхуэсыр зэхашащ, Вындэшынэ гъэрыпІэ исыху игъэхъамрэ Амырейм къыщекІуэкІамрэ къатІэщІын мурадкІэ.

Пщызэхуэсыр щызэхашэ пэш нэхушхуэм и жьантІэм дэт тахътэм пащтыхьымрэ тажнанэмрэ ист, я бгъуитІым зауэлІ зэщІэузэда зырыз къыщыту. Пщыр тэлайкІэ щысащ, къекІуэлІахэр зэпиплъыхьу, къызэрыщІидзэнури жиІэнури къыхуэмыщІэ нэхъей. Тажнанэр абы хуеплъэкІри, къапщІэ къудейуэ и щхьэр ищІащ, «щІэдзэ», жыхуиІэу.

– ДызэрыщымыгугъауэзекІуэфІ къыдэхъулІащ мызыгъуэгум. Си дэІэпыкъуэгъу, си чэнджэщэгъу нэхъыщхьэр и щІыналъэр щІыгъуу яубыдати, хуит къэтщІыжащ. Афэрым! Арэзы сыкъэфщІащ. Ауэ, гу лъыфтауэ къыщІэкІынщ гукъеуэ гуэрхэри зэрызиІэм... Іуэхур зэхэдмы-

*КІэухыр. ПэщІэдзэр нэгъабэрей 6-нэ номерым итщ.

гъэкIыу хъунукъым, – и псалъэм кIащхъэ зригъэщIри, къекIуэлIахэм иджыри тэлайкIэ яхэплъащ.

– Амырейм я пщыр гъэрыпIэ исыху, Рамзес къызэригъэгугъа псом дыщыгъуазэкъым. СыткIэ тщIэрэ Вындэшынэ къыдэмыпцIыжауэ, фирхьэуным гурымыIуауэ, Iуэху гуэрхэр зэдамыщIэу?! – тажнанэм пищащ зи бзэр зэрына пащтыхьым кърригъэжьам.

Пщызэхуэсым апхуэдэ псалъэмакъ утыку къыщралъхьэну зи гущхьэ къэмыкIа Вындэшынэ, жиIэнури зэрызищIынури имыщIэжу, и нитIыр къыихуу зэщIэувыIыкIащ, зыри къыхудэмышейуэ.

– Вындэшынэ! Мы зекIуэм и пэкIэ екIуэкIа зауэм дыкъыщIыщыхагъэщIар пщIэрэ? – щIоупщIэ пщыр.

– Зиусхьэн! Сэ... Сэ... – зыри къыгурыIуэркъым лIы нэкIу фIыцIэ къуабэбжьабэм.

– Пэжщ. Уэращ зи ягъэр! Уэракъэ къэралым и ипщэ гъунапкъэхэм я тетыр? Уэракъэ ди тIасхъэщIэххэм я унафэ зыщIыр, зезыгъакIуэр?

– Сэращ, зиусхьэн, – и щхьэр ещI Вындэшынэ.

– АтIэ, Рамзес зауэм зэрызыхуигъэхьэзырми ар къызэрежьами зыри хыумыщIыкIыу щхьэ къыттеуа? – пщым и макъым зригъэIэтащ.

– Иужьрей зэманым тIасхъэщIэххэм хъыбар къысIэрагъэхьэжыртэкъыми, псори тэмэм си гугъащ, зиусхьэн. КъызэрыщIэкIамкIэ, си цIыхухэр зэрыщыту къахутэри, яубыдауэ арат. Хьэпсым ирадзэри, хуэмыхьын удынхэр ирадзурэ ди тIасхъапIэхэр кърагъэIуэтащ...

– Дауэ мыхъуами, ди гъунапкъэ ипщэр зыхъумэн хуейхэм я лэжьыгъэр яхуэгъэзэщIакъым, дыкъагъэщIэхъуащ. Ар уэрат зи къалэныр, ипщэр зи унафэ щIэтыр уэрат. Сыт ипщэ жыхуэсIэр, пщым уричэнджэщэгъу нэхъыщхьэт, къалэнышхуэ къыпхуагъэфэщати, упэлъэщакъым. Дзыхь пхуэтщIати, дыкъэбгъэпэжакъым, – къэгубжьащ Шэтэнду...



– КъыджеIэт, Вындэшынэ, сыткIэ къэптхьэщIыжыфын уи напэр, уи щIыхьыр? – пщым и нитIыр абы триубыдащ.

– Сэ зэи сынопцIыжакъым, зиусхьэн, икIи сынопцIыжынукъым. Мысырыдзэр ди гъунапкъэм къэблэгъауэ къыщысщIэм, си гъунэгъу щIыналъэхэм хъыбарегъащIэ сутIыпщащ; си унагъуэр зэщIэскъуэри, къалащхьэм къэзгъэкIуащ, ауэ нобэр къыздэсым абыхэм я хъыбар сщIэркъым. Зиусхьэн, мы си щIыфэм дыркъуэу телъыр ди хэкур схъумэу къэзлэжьа фэбжьщ. Абы и нэхъыбэр гъэрыпIэ ситыху къыстралъхьащ. Мазэ бжыгъэкIэ хьэпсым сисащ, зиусхьэн, ауэ зы псалъи къызжьэдашыфакъым, – Iэпэлъапэсыс хъуат амырейр.

– Амырейр иубыдакIэт биййм. Уэ сыткIэ къыпхуэныкъуэт ар, сыткIэ къыпщыгугъэрэт? Щхьэ псэууэ укъагъэна, Iуэху зэдэвмыщIэмэ? Щхьэ уамыукIарэ? – гущыкI зыхуищIа и лъэпкъэгъум Iуплъэжыфыртэкъым гуащэр.

– Абы сыщыгъуазэкъым, тажнанэ, – и щхьэр къыфIэхуащ Вындэшынэ.

– Сэ сщIэркъым Рамзес къызэрыпщыгугъари, игу илъа псори, ауэ уи къуаншагъэр нэрылъагъуущи, уи щхьэр паупщIыну пхуэфащэщ. ЩIэфш мыри, хьэпсым ивдзэ. Шэджагъуэ нэужьым ут нэхъыщхьэм деж уи щхьэр щыпаупщIынущ, – пигъэщхъащ ТIэшуб.

– Зиусхьэн! Сэ си щхьэ жысIэркъым, си унагъуэм гущIэгъу къыхуэщI, – къэлъэIуащ Вындэшынэ.

Пщышхуэмрэ тажнанэмрэ дэгу-нэф защIри, замыгъэхъейуэ, мывэ сыным хуэдэу, къэтIысыжащ.

– Зиусхьэн, хуит сыкъэпщIмэ, – хасэм кърихьэлIахэм къахэувыкIри, щхьэщэ ищIащ Хьэтусилэ.

ЖыIэ, жыхуиIэу, ТIэшуб и Iэр мащIэу игъэхъеящ.

– ПщIэ зыхуэтщI ди пащтыхьышхуэ! Выидэшынэ и Iуэхум щэху куэд хэлъщ. Абы иджыпсту и щхьэр пыбупщI хъунукъым, – жиIащ абы.

– Сэ си унафэм унафэ тепщIыхьыжыну къыптехуэрэ уэ? – пэшыр къигъэпсалъэу къэкIияш пщыр.

– Къысхуэгъэгъу, зиусхьэн. Аракъым сэ абы къизгъэкIыр, – зэпIэзэрыту жэуап итащ Хьэтусилэ.

– Дауэ-тIэ абы узэреджэнур? – и къуэм и телъхьэт Шэтэндуи.

– Пщым и унафэм шэч къытесхьэу аракъым, тажнанэ, и щIыхьи езудыхыркъым. ДыкъызрихьэлIар хасэкъым, хеящIэщи, цIыхум и къуаншагъэр къыщIамыгъэщауэ и щхьэр пыбупщIыну ди хабзэм идэркъым. Мыбдеж къекIуэлIахэм гу зэрылъыттащи, Выидэшынэ и Iуэхум мыгурыIуэгъуэ куэд хэлъщ. Ар зэхэгъэкIыпхъэщ...

– Сакъ, Хьэтусилэ. Къыптехуэри, къыптемыхуэри зэгъэщIэж. Выидэшынэ гъэр щащIам, пщызэхуэсым и унафэкIэ чэнджэщэгъу нэхъыщхьэ уащIами, дзэр зауэм пшами, щIэх дыдэ къыпIурыупщIыIуэжынкIэ хъунущ, – къызэпиудащ ар гуащэм.

– Ди гуащэ лъапIэ! ПщIэ зыхуэсщI зиусхьэн! Выидэшынэ зыгуэр ещIэ, жимыIэ щхьэкIэ... Рамзес абы къыпкърихыну зыхуеямрэ щIимыукIамрэ дэ дыщыгъуазэкъым. Ар езым къимыIуатэмэ, хьэдрыхэ здихьыну щэхущ. Дэ тщIэркъым фирхьэуным и къарур къызэригъэпэщыжу къыщыттеуэнур. Ауэ ар къэхъуу щытмэ, Выидэшынэ и акъылымрэ и щIэныгъэмрэ дыхуэныкъуэнущ. Амырейр мыхьэнэшхуэ зиIэ щIыналъэщ. Выидэшынэ абы илъэс куэд щIауэ и тетщ. Апхуэдэ тезыр хуэфащэкъым абы. Нэхъ тэмэму къызолъытэ, ар хытIыгу гуэрым ибгъэтIысхьэмэ. Аращ хабзэм жиIэр, – икIуэтыжащ Хьэтусилэ.

Абдеж хасэм кърихьэлIахэр, зыкъащIэжа хуэдэ, къызэщIэхъеящ, къызэщIэващ.

– Псалъэ фиIэмэ, утыкум фыкъихьэ, – къекIуэлIа лъэпкъылIхэм ящIэнакIэ нэхъей, и Iэр ищIри, пыдыхьэшхыкIащ пщыр.

Абы и зыщIыкIэмкIэ тажнанэр зэрымыарэзыр наIуэт.

– Хьэтусилэ жиIэр пэжщ, зиусхьэн. Ар хэкум зэрепцIыжар къыщIагъэщакъым, пащтыхь унагъуэм щыщ IэщIэукIакъым, пхуэмыфащэ къыуипэсакъым. Выидэшынэ сыт хуэдэ тезыр трамылъхьами, и щхьэр паупщIыну къилэжьыркъым, – къэпсэлъащ Къаркъэмышым япщ ЦIру.

– Мыбдеж къекIуэлIахэм псоми аращ ди гугъэр, зиусхьэн, – щыхьэт къытехъуащ абы дэрдэнеипщри.

– Иджыри зэ дегупсысыжынщи, шэджагъуэ нэужьым пщым и унафэр къэдгъэнэIуэнщ, – жиIэу гуащэм зыкъыщиIэтым, ТIэшуб губжьауэ къыщылъэтри, епIэщIэкIыу пэшыр ибгынащ.

– Тхьэхэм ягу къыдэбгъа си гугъэщ. МывэтIалэ и къуэр езым хуэфэщэн ди гугъати, пщыкIэ дыкъикIакъым, – щэху цIыкIуу жиIащ Ахей, ЦIру зыхуигъазэри.

– Уи бзэр убыд, Ахей! Узытепсэлъыхьыр си къуэш бынщ. ЗыкъэщIэж, – Хьэтусилэ и набдзэ лъэныкъуэр хэлъэтри, дэрдэнейм къыхуеплъэкIащ.

– Зиусхьэн! – зауэлI фащэ екIу щыгъыу зы щIалэ пэшым къыщIыхьэри, Хьэтусилэ гъунэгъу зыкъыхуищIащ.

Хьэтусилэ абы щыбгъэдыхьэм, щэхуу зыгуэр къыжриIэри, тIури зэрыщIэхащ.

– Сыту пIэрэ зыхуейр? – кIуэрыкIуэм тету щIоупщIэ Хьэтусилэ.

– СщIэркъым, зиусхьэн. МэлъаIуэ, къыпхуэзэну, къопсэлъэну хуейуэ жеIэ, – Хьэтусилэ и сэмэгурабгъумкIэ къыщыту макIуэ щIалэр, зиусхьэным мащIэу зыкъыкIэригъэхуу.

– Деплъынкъэ... Къэрэгъулу щыт, – жиIэри, щIыунэм ехащ Хьэтусилэ.

* * *

Пщыр и лэгъунэм щIэтт, къызэтемыувыIэу къикIукI-никIукIыу. Ар щтат, къыщиуду гъынущ, жыпIэу зэщIэкIэзызэрт. Вындэшынэ зыгуэр къыщхьэщыжыну, пщы унафэр къызэпаудыну и гугъатэкъым абы. Псоми зэхахыу, Хьэтусилэ и напэр къытрихауэ къыщыхъурти, ирибампIэрт. КъищынэмыщIауэ, Вындэшынэ зыгуэр иIуэтэжынкIэ гузавэрт.

– КхъыIэ, къызэтеувыIи, етIысэх! – и макъым зригъэIэту жиIащ гуащэм, и нэзэрыхъэр иIуэту здэщысым.

Шэтэнду япэм нэхърэ нэхъ дахэу зихуапэ хъуами, гъуаплъэрэ домбеякърэ нэхъыбэу кIэрылъми, унэIутымрэ кIэзехьэмрэ и куэдми, зэрыщIыкIейуэ къэнати, тажнанэ щIыхьым и напэр зэрытрихыр наIуэт. ШыIэныгъи, гущIэгъуи, лъытэныгъи хэлътэкъым абы. Хьилагъэ зэфэзэщрэ бзаджагъэрэт зэанэзэкъуэр тетыгъуэм къызэрышэсари, ар къыщIэщынкIэ шынэрт.

– Дауэ хуэзгъэгъуну ар абы?! – мафIэм исым хуэдэу къызэщIэнат пщыр.

– Абыи хуэфащэр къылъысынщ зэгуэр, умыгузавэ уэ! – и нэр хэплъызыхьу, зыгуэр къызэригупсысар къапщIэу мэIущащэ тажнанэр.

– ПщIэ къысхуащIыркъым сэ абыхэм. Пщыуэ сыкъалъытэркъым. Уэ плъэгъуакъым ар. Зы унафэ самыгъэщIу, Хьэтусилэрэ адрей дзэпщхэмрэщ мысырыдзэр хэзыгъэщIар. Сэ шэтырым сыщIэсащ, сыкъыщIамыгъэкIыу!

– Шэтырым ущIыщIэсар уахъумэрти аращ. Къыпщысхьхэрт, зыгуэр къыпщыщIынкIэ шынэу. Тхьэхэм укъахъумащ. Уэ зыгуэр къыпщыщIатэмэ, хэтыт тетыгъуэр къызыхуэнэнур?! Уэ зыпхъу закъуэ уиIэу аращ, ари сабий цIынэу. Абы уегупсыса? КъызэдаIуэт, ТIэшуб, Рамзес уэращ текIуар, уэращ дзэр зауэм зышар, уи цIэращ тхыдэм къыхэнэжынури, – и къуэм телъэщIыхьурэ тригъэужыну хэтт гуащэшхуэр.

– Вындэшынэ укIын хуейщ! ДиIуэтэжынущ, ухуеймэ еплъ, диIуэтэжынущ, – аргуэру къыщылъэтащ пщыр.

– ТIэшуб, етIысэх, тIасэ! Абы жиIэнукъым зыри. И унагъуэр дэ зэрыдгъэпщкIуар ещIэри, мышынэу зыми зыри жриIэфынукъым. Уэ езыр егупсыс, пэжщ Хьэтусилэ жиIар. Вындэшынэ и къуаншагъэр къыщIэдмыгъэщауэ и унафэ тщIымэ, цIыхухэм ягу къыдэбгъэнущ, зыкъаIэтынущ. Уэ узыхуэлэжьэжыр цIыхухэращ, лъэпкъыращи, абыхэм фIыуэ укъамылъагъумэ, пщыгъуэр пхузехьэнукъым, – гулэзу утыкум ит пщы тэмакъкIэщIыр тригъэуну йолIалIэ Шэтэнду.

– IэмалыфI зыIэщIэзгъэкIащ сэ, ди анэ... ЗыIэщIэзгъэкIащ. Зауэ губгъуэм щезгъэукIын хуеящ Хьэтусили Вындэшыни. Зауэм хэкIуэдамэ, зыми къащIэнутэкъым, – и Iэгур иIуэту, жеIэ ТIэшуб.

Абы хэту, бжэм къытеуIуащ бжэIутыр:

– Зиусхьэн, уи щхьэгъусэр къэкIуащ.

– IугъэкI, сыхущIыхьэркъым сэ. ИужькIэ, жыIэ, – пщыр нэхъри къытехьащ.

– Сыт жыпIэр, ТIэшуб. КъуэкIийуэдым я пхъум игу къобгъэн папщIэ псэгъу пщIа? Зыгуэр къэхъумэ, абы и дыщым дыхуеинущ дэ, – и нэщхъыр зэхиукIауэ, щэхуу жеIэ Шэтэнду. – КъакIуэ, Зэнзей, къыщIыхьэ, тIасэ! – джащ ар макъ щабэкIэ, и нысэмрэ и къуэрылъхумрэ къригъэблагъэу.

* * *

Хьэтусилэ ехащ щIыунэм. Щхьэхуэ-щхьэхуэу зэпрыхулыкIа пэш лъахъшэ цIыкIухэр зэрыщIыIэм къищынэмыщIа, апхуэдизкIэ кIыфIт, псыIагъэмрэ жыглыцымрэ я мэр щIэзти, мыбы илъэс бжыгъэкIэ цIыху зэрыщыпсэуфыр умыгъэщIэгъуэн плъэкIыртэкъым. ЩIыунэм и хъумакIуэхэм ящыщ зым япэ зригъэщарэ мафIэ пыгъэнар Iэтауэ иIыгъыу кIуэцIрыкIырт. Ар гъущIыбжэ хьэлъэ гуэрым деж къыщыувыIэщ, IункIыбзэ къэбыр къыфIихри, бжэр IуигъэзэщIыкIащ. Хьэтусилэ хъумакIуэм IэщIэлъ мафIэр къыIэщIихри, бжэ Iухам щIыхащ.

– Мыбы укъызэрехар къащIэмэ, тIуми гъащIэ диIэкъым, Хьэтусилэ, – Вындэшынэ, гъущIыбжэр хуIухыу щIэпхъуэжыфын нэхъей, лъэхъукIэ епхат.

– КIэщI згъэщI-тIэ.

– Иджыпсту бжесIэнур дунейм къытумыгъэхьэ. НэгъуэщI мыхъуми, уи щIыналъэм уекIуэлIэжыху...

– ЖыIэ! Сэ и унафэ сщIыжынщ абы, – зегъэткIий Хьэтусилэ, Вындэшынэ дзыхьышхуэ тримыщIэу.

– Псом япэрауэ, МывэтIалэ и ажалкIэ лIакъым. Ди пщышхуэм щхъухь ирахьэлIащ, зэшэзэпIэу къытехуэу мылIэу, зэман кIыхькIэ игъэсымэджэн хуэдэу, – зыгуэрым зэхихынкIэ шынэу, и макъым зримыгъэIэтыщэу мэпсалъэ Вындэшынэ.

– Сыт мы жыпIэр?! Хэт зыгъэлIар? – къэуIэбжьащ и нэщхъыр зэхэлъу абы щхьэщыт Хьэтусилэ.

– УмыщIэ хуэдэ...

– Хэт зыгъэлIар? – щIокIие.

– Щэхуу! Тхьэхэр узогъэлъэIу, щэхуу! Зэанэзэкъуэращ зыгъэлIар, Шэтэндурэ ТIэшубрэ.

Хьэтусилэ зэхихыр и фIэщ хуэщIыртэкъым. Дауэ ар?! Уи щхьэгъусэм... Уи къуэм... Сыт щхьэкIэ?

– Тхьэдыгъэр согъэпцI, жыпIэр пцIыуэ къыщIэкIмэ, си IэкIэ уи гур къизмытхъым! Уэ бгъэкъуаншэр хэтми къыбгурыIуэжрэ? – бгъэдэкIуэтащ абы Хьэтусилэ.

– Ухуеймэ, иджыпступцIэ сыукI. Дыгъэ нэхур тхьэхэм самыгъэлъагъужкIэ, пцIы супсмэ, пщыкъуэ.

– Сыт щхьэкIэ?

– Пщыгъуэм щхьэкIэ...

– Пщыгъуэр, армырми, ТIэшуб къылъысынут. Фыз етIуанэм и гужьгъэжьыр гурыIуэгъуэщ, ауэ къуэм и адэр щхьэ иукIыжын хуей хъуа? Зыри къызгурыIуэркъым. ЖыIэ псори! – епхауэ щIым щыс амырейр Хьэтусилэ пщэфэцкIэ кърелъэфажьэ.

– Уэ зыри хэпщIыкIыркъым абы, Хьэтусилэ. МывэтIалэ и къуэратэкъым пщыгъуэр къызыхуигъэнар. Уэрат!

Хьэтусилэ зэхихыр и фIэщ мыхъуу, Вындэшынэ иутIыпщри, къикIуэтыжащ, и нэр абы къытримыгъэкIыу еплъу.

– МывэтIалэ зэи дзыхь хуищIакъым и къуэм, пщыгъуэри къыхуигъэнэну хуеякъым. ТIэшуб балигъыпIэ иувэу, пщы къызэрыхэмыкIынур, къэралыр зэрыхуземыхьэнур къыщыгурыIуэм, абы ирибампIэу куэдрэ гупсысащ ар. Иужьым пщышхуэр тегушхуащ, уэ тетыгъуэр къыпхуэнэн папщIэ, хабзэхэм зэхъуэкIыныгъэ хилъхьэну. Зыхуеину псори зэхуигъэхъури, пщызэхуэсым щигъэлъэгъуэну тхыгъэхэри игъэхьэзырауэ, зэуэзэпсэу къытехуэри лIащ. Гурыщхъуэджэу къыпщыхъуркъэ ар, Хьэтусилэ? – къыIурыщэщырт Вындэшынэ.

– Сэ ар япэу зэхэсхыу аращ. Зэи зыкъызигъэщIакъым, – и щхьэр ещI игъэщIагъуэу.

– Уи закъуэкъым. Зыми ищIакъым ар...

– Шэтэндурэ ТIэшубрэ-щэ?

– Гу зэрылъыптащи, Шэтэнду нэщIэпкIэу зэи щытакъым, иджыщ зыкъыщызэкъуихар. Ар апхуэдэу псэлъэфынуи, бзаджагъэ гуэр къылъыкъуэкIынуи зыми и гугъакъым. Уеблэмэ, МывэтIалэ и гущхьэ къэкIыххэртэкъым и жэщгъуэлъ теплъафIэр благъуэу къыхущIидзыжыну. Аращ ди пщышхуэр зыгъэлIар, зиусхьэн! Пщым и унэIут зыбжанэ абы къигъэдэIуащ. Мис абыхэм, щхъухыр тIэкIутIэкIуурэ – псыкIэ е шхынкIэ – Iуагъахуэурэ, ягъэлIащ. МывэтIалэ щылIэну жэщым Шэтэнду хуэзащ. Шэтэнду абы и деж къыщIэкIыжри, куэд дэмыкIыу унэIутхэм зиусхьэныр къагъуэтыжащ, диижауэ шордакъым телъу.

– Уэ а псори дэнэ щыпщIэр? – щIыIэ-щIыIэу зыгуэр игу къэкIауэ, абы хуеплъэкIащ Хьэтусилэ.

– Сэри си къуаншагъэ хэлъщ абы, зиусхьэн, – и щхьэр ирехьэх, «сыт къызэпщIэми – схуэфащэщ», жыхуиIэу. – ЗэрыпщIэщи, Шэтэнду амырейхэм къахэкIащ, дызэлъэпкъэгъущ. ТIэшуб и тетыгъуэр къэсмэ, сэ щIэгъэкъуэн сыхуэхъуну, и чэнджэщэгъу нэхъыщхьэ сищIыну, ипщэкIэ щыIэ щIыналъэхэр зэрыщыту къызитыну дызэгурыIуат. ДызэрыIыгъат. ЧэнджэщкIэ, Iуэху гуэрхэмкIэ садэIэпыкъуат, ауэ...

– Си къуэшыр зыукIахэм уэри уахэтауэ ара, хьэIуцыдз?! – Хьэтусилэ апхуэдизкIэ къызэщIэнати, зыхуэмыIыгъыжу зишэщIри, Вындэшынэ и нэжьгъым иуащ, лъэныкъуэкIэ иридзэкIыу. – Уи псэфылъэр хэстхъэнщ иджыпсту, псэжь!

– Зиусхьэн, зэ къызэдаIуэ. ЖысIэр нэзгъэгъэс! – мэлъаIуэ лIыр, лъыпсыр къыжьэдэхуу. – Пэжщ, сыкъуаншэщ. СщIэрт ди пщым лей къызэрытехьэр, ауэ зыми зыри жесIэфакъым, сапэрыуэфакъым. Уэ пцIыхуркъым а зэанэзэкъуэр иджыри, ахэр цIыху шынагъуэщ. Ар иужькIэщ къыщызгурыIуар.

– Сэ къызжепIамэ хъунутэкъэ? Сыт хуэдиз сэ МывэтIалэ къысхуищIар! Къуэшыр зищIысыр уэ пщIэн, уэ хьэщхьэвылъэм?! СыткIэ пщIэн, лIыгъи, щIыхьи, гущIэгъуи пхэлъкъым уэ. Мис апхуэдэущ къэралым къулыкъу зэрыхуэпщIэри. Аращ уэ иджыри къэс узыхъума уи пщым пщIэрэ нэмысу хуэпщIыжари. Зыри жызмыIэу уезгъэукIын хуеящ, хьэбз щылъху. СыкъэмыкIуащэрэт, дэгу сагъро сыхъуу, зэхэзмыхащэрэт а псори! – гызырт Хьэтусилэ.

– СыкъикIуэтыжыну сыхэтащ, Хьэтусилэ. Пэжщ, тхьэхэр си щыхьэтщ...

– Иджы сыхуеиж сэ а уэ къэбвым? ПщIэнур пщIащ... – лъакъуэкIэ кIуэцIыпкIащ ар амырейм.

– ЖызгъэIэ, – узым зэкIэщIиша лIы фIыцIэр псчэуIуурэ къэлъэIуащ.

– ЗэщIэкъуэ уи жьэр, адэкIэ къыфIумыгъэкI зы псалъэ! Яжьэ фIэкIа ямыгъуэтыжу, ущIэзгъэсхьэнщ мыбы! – пэж дыдэу ищIэнут.

– Уэри уаукIыну хэтщ ахэр! – къыхэкIиикIащ итIанэ Вындэшынэ.

Хьэтусилэ зэхихам къигъэуIэбжьри, и пIэм ижыхьащ.

– Пэжщ. Сэ зыри сфIэкIуэдкъым, зыри хьэдрыхэ здэсхьыфынукъым. Си унагъуэр ягъэкIуэдащ. Си щхьэгъусэмрэ си бынитIымрэ я хъыбар Iэджэ щIауэ сщIэркъым. Псэуми лIами зыри яхэсщIыкIыркъым. Аращи, жысIэм зыпцI хэлъкъым, Хьэтусилэ. ТIэшуб и адэм и тхыгъэхэм хэлъу къигъуэтащ и пщыгъуэр уэ къызэрыпхуигъанэм щыхьэт техъуэ тхылъ. Ар Шэтэнду щригъэлъагъум, зэанэзэкъуэр къэгузэващ, а унафэр къапщIэмэ, зыкъэпIэту, ТIэшуб пщыгъуэр къытепхыжмэ, жаIэри... Лъэныкъуэ урагъэзынуи мурад ящIащ. Къалащхьэм сыкъраджэри, ар си пщэ кърfalъхьащ, сэрат дзыхь зыхуащIу яIэри. Ауэ яхуэзмыдэу згъэзэжащ. КъызгурыIуат, сэ сахэмытуи, езы тIум лIыукI нызэрыпхуаутIыпщынури, дзыхь хуэсщIу, шууей нэхъ псынщIэ дыдэу сиIэр хъыбарегъащIэ ныпхуэзгъэкIуат. Амырейм сынэсыжа нэужьщ Рамзес къызэрежьар къыщысщIар.

– Зыри нэкIуакъым си деж, уэ къыббгъэдэкIыу.

– Нэплъыс-нэIусщ Шэтэнду, зыри IэщIэкIынукъым абы. Иригъэук Iа хъунщ нэзутIыпща шууейр. Апхуэдэу тIэунейрэ пщым игу къызэбгъащ: уи лъэныкъуэ сыхъуу сазэрепцIыжар – зы, сытеплъэкъукIыу, мысырыдзэр къызэрыттеуар – тIу.



Хьэтусилэ зэхих псор и щхьэм хуимыгъэзагъэу, и лъэм имыIыгъыжу, зригъэщэтэхри, блын щIыIэм зыкIэригъэщIащ.

– Сыт ар зыхуейр, зиусхьэн? – и нэщхъыр зэхэлъу, хэгупсысыхьу щIыунэм къикIыжа Хьэтусилэ къыпежьащ къежьэу щIыбым дэта щIалэр.

– КъыщыщIэздзэнур къысхуэщIэркъым, Алэдамэ... Къысхудэшейркъым, – и щхьэр игъэкIэрэхъуащ Хьэтусилэ.

– Сыт къыбжимыIами, уи гур хигъэщIащ абы, – вакъуэ адэ хуэхъуар фIыуэ ицIыхурт щIалэм.

– ИужькIэ... ИужькIэ бжесIэжынщ. НакIуэ, хасэм пащэнущ.

ТIэшуб, и тажнанэр щIыгъуу, пэшым къыщIыхьащ. Теужа хуэдэт ар. Вындэшынэ иращIэнур, унафэу хуащIар къащIэну епIэщIэкIырт псори.

– Тажнанэм сэрэ дегупсысыжри, Вындэшынэ къэралыгъуэм хуилэжьам, дзэм щызэрихьа къулыкъум, ипщэ щIыналъэм илъэс куэдкIэ зэритетам и хьэтыркIэ, гущIэгъу хуэтщIмэ нэхъ тэмэму къэтлъытащ, – жиIащ пщым, и напIэр хишу, къызэхуэсахэр зэпиплъыхьу. – Ауэ, Амырейм я пщым къуаншагъэ зэрилэжьамрэ щыуагъэ къызэрыIэщIэщIамрэ шэч къытетхьэркъыми, Хьэт къэралыгъуэм и ищхъэрэ-къухьэпIэ лъэныкъуэмкIэ гъэIэпхъуэн хуейуэ тедухуащ. Вындэшынэ и мылъкур къэралым къыхуонэ, ипщэ гъунапкъэмрэ къалащхьэмрэ пэжыжьэу, псэуху тенджыз лъэныкъуэмкIэ щыIэнущ. АбыкIэ фыарэзыуэ къызолъытэ пщызэхуэсым кърихьэлIахэр, – пигъэщхъащ ТIэшуб.

Псори арэзыуэ къыщIэкIынут, зыми зыри щыжамыIэкIэ.

– Арамэ, зывэзгъэIэжьэркъым, гъуэгу махуэ! – «зевгъэхь», жыхуиIэу, яхэплъащ абыхэм пщыр.

Хьэт къэралыгъуэм и лъэпкъылI уардэхэм зэи яхуэмыныкъуэжын нэхъей, зримыпэс-зримыпэсу зищIырт пщы щIалэ щIыкIейм. Тажна-

нэм и къуэм и зыщIыкIэр хуигъэдахэртэкъым. ТIэшуб и псалъэ мышыухэр трилъэщIэну Шэтэнду яужь щихьэм, псори къызыгурыIуа дзэзешэхэр къызэрыщIэхыжащ пэшым. Абыхэми яфIэфIыщэтэкъым пщым зэрызищIымрэ къарипэсымрэ.

Хьэтусилэ ищIэрт Вындэшынэ здрашэжьам нэмыс щIыкIэ яукIынкIэ зэрыхъунур. Амырейр ауэ сытми иджы яутIыпщынутэкъым зэанэзэкъуэм. Шынагъуэт псэууэ къэбгъэнэну, абы къуэлъыр къуэлъу. Арати, Хьэтусилэ и зауэлI нэхъыфI дыдэхэм ящыщ зыбжанэ абыхэм якIэлъигъэпхъэращ, Вындэшынэ гъуэгум щаукIыну яужь ихьэмэ, яхъумэну, кърагъэлыну я къалэну. МывэтIалэ зэраукIар имыгъэгъуну игу ирилъхьати, Вындэшынэ ар иджы хуабжьу хуэныкъуэт. Псори дяпэкIэт...

## *Алэдамэ*

Алэдамэ, Хьэтусилэ зэгуэр къыдэIэпыкъуауэ щыта щхьэхуимыт цIыкIум, щIалэ ахъырзэман къыхэкIат. Езы Хьэтусилэ зэрыцIэрыIуэ и зэфIэкIхэр зэрыщыту бгъэдилъхьат лIыгъэ къызылъыкъуэкIа а щIалэ цIыкIум. Езым и къуэ закъуэм – Тутхьэлий – хуэдэу ипIат, фIыуи илъагъурт. Тутхьэлий къуэш иIэтэкъым, шыпхъуищ мыхъуми, я унагъуэм Алэдамэ къызэрихьэу, нэхъ нэжэгужэ къэхъуат. ЩIалитIыр теплъэкIэ апхуэдизкIэ зэфэгъути, зы адэ-анэ къамылъхуауэ пхужыIэнутэкъым. ТIури щIалэ лъагэт, Iэчлъэчт, къарууфIэт, теплъафIэт, нэжэгужэт. ЩIалэгъуэмрэ лъы пщтырымрэ зэрихьэрт, я гур я бгъэм имыхуэжу. ЦIыху зэригъэсар къапщIэу, зэпIэзэрытхэт.



**Хьэт къэралыгъуэм и къалащхьэ Хьэтуссэ.**

Алэдамэ Хьэтусилэ зэривакъуэм къищынэмыщIа, сытым дежи щIыгъу и хъумакIуэт. А зырат абы дзыхь нэхъ зыхуищIри, и гум къыдыхьэри, и гум къэкIар и жьэм къыжьэдэмыкI щIыкIэ къэзыщIэри. Хьэ-

тусилэ ищIэрт сыт хуэдэ Iуэху имыщIами, сытым темыгушхуами, Алэдамэ къызэрыдэIэпыкъунур, Iэ ижь закъуэ мыхъуу, IитIи, лъакъуитIи, нэи, тхьэкIуми къызэрыхуэхъунур.

Тутхьэлийрэ Алэдамэрэ фызкъэмышэт, унагъуэ зэрыхъун хуейм емыгупсысыххэ нэхъей, щхьэхуитхэт. Пэжу, иужьрей зэманым Алэдамэ нэгъуэщI зыгуэр хъуат, зы гурыщIэ IэфI гуэрым къигъэхуабэу и нэгур къигъэнэху хуэдэ, тегупсысыкIрейт, гупсысэ куухэм хэгъуэщыхьарэ и напIэр къыхуэмыIэту, асыхьэтуи нэщхъей къэхъужу.

Къалащхьэр зыбгына дзэм япэ ищауэ кIуэжырт Хьэтусилэрэ Алэдамэрэ.

– Аргуэру унэщхъейщ, щIалэ. Зыгуэр уигу къоуэ, – жи Хьэтусилэ.

ЩIалэм зыри зэхимых хуэдэт.

– Алэдамэ! Сызэхэпхыркъэ? – нэхъ ину жиIащ Хьэтусилэ.

– НтIэ, зиусхьэн. Къысхуэгъэгъу, мащIэу сытегупсысыкIащ, – мэукIытэж Алэдамэ.

– Иужьрей зэманым нэгъуэщI зыгуэр ухъуащ, жызоIэ. КъоузIарэ?

– Хьэуэ, зиусхьэн. Сыузыншэщ.

– КъызгурыIуа си гугъэщ... Дызэрынэсыжу, къывэзгъэшэнущ тIуми! – пыгуфIыкIащ Хьэтусилэ.

– Сыт? Хьэуэ, зиусхьэн! СынолъэIу... – щIалэ бланэм и щхьэр здихьынур имыщIэу, укIытащ.

– Апхуэдизу умыукIытэ. ЕмыкIу хэлъкъым абы. ЦIыхухъур хуэныкъуэщ псэгъу. ГъащIэр апхуэдизкIэ хьэлъэщ, гущIэгъуншэщи, уи псэм и хуабагъэр мыужьыхын папщIэ, уи дунейр зыгъэдэхэн, зыгъэIэфIын, уи Iуэхур къыбдэзыIыгъын ухуейщ. Апхуэдэущ гъащIэр зэрызэхэлъыр.

– Сэ унагъуэм сыхуэхьэзыр си гугъэкъым, зиусхьэн... ИужькIэ. Ауэ иджыпстукъым. Сэ сызыщIэхъуэпсыр къэралым къулыкъу хуэсщIэнырщ, уэ сэбэп сыпхуэхъунырщ, – щхьэщэ ищIащ щэныфIэу.

– Ар псори гурыIуэгъуэщ. Ауэ, зэманыр макIуэ. Гу лъумытэххэу, зэрыхъуари умыщIэу, уи закъуэу укъэнэнщ. Сэ сыхуейкъым уэ лъэужьыншэ ухъуну, Алэдамэ. Уэ пхуэдэлIхэм щIэблэшхуэ къызэранэкIын хуейщ. Уэ уощIэ зауэм кIуэ дэтхэнэ зыми къимыгъэзэжынкIэ зэрыхъунур, зыми ищIэркъым Тхьэхэм хухаха пIалъэр зыхуэдэр.

Алэдамэ и гуапэ хъуат Хьэтусилэ къызэрыщытхъур, икIи укIытат. Ауэ абы и гум илъ дыдэр зиусхьэным къищIатэмэ, апхуэдизу фIыуэ къыхущытыну пIэрэт?! А упщIэр и щхьэм къиуфэразэри, Алэдамэ аргуэру нэщхъей къэхъужащ. ЛIитIым кърахьэжьа псалъэмакъыр памыщэмэ нэхъыфIт, армыхъумэ Алэдамэ пцIы хуэупсынутэкъым, абы и жэуапым кърикIуэнури щIагъуэтэкъым.

– Зиусхьэн, узэригугъауэ, Вындэшынэ къалащхьэм къызэрыдашу, яукIыну хэтащ, – бауэбапшэу къалъэщIохьэ а тIум зы шууей.

Хьэтусилэ шыр кърииIуэнтIэкIащ.

– Сыт къэхъуар? Дэнэ щыIэ Вындэшынэ?

– КъаIэщIэтхащ, зиусхьэн. Псэущ.

– И гъусахэр-щэ?

– ЗэтедукIащ, зиусхьэн. Къамыгъуэтыжын хуэдэуи, лъэныкъуэ едгъэзащ.

– Афэрым! Иужь зыкъивгъани, фынэкIуэж, сыхуейкъым ар дызэригъусэр зауэлIхэм къащIэну.

– Фынежьэ иджы, зынэвукъуэдий! Хьэкъмыс докIуэж.

Хьэтусилэ ипхъу нэхъыжьитIыр – Къейшэхурэ Нэптерэрэ – зэтралъхуати, зи ишэгъуэ пщащэхэт. НэхъыщIэ цIыкIур – Тэшмий – кIасэт, и ныбжьыр илъэс пщыкIутI ирикъуами, яфIэсабийуэ ягъафIэрт псоми. Хъыджэбзхэр, я анэми хуэдэу, лъагэхэт, жыгыщIэ зызышэщIам хуэдэу Iэпкълъэпкъ лантIэхэт, гъатхэм зэщIэгъэгъа епэр гуакIуэу щIэщыгъуэхэт, узримыгъэплъуи тхьэIухудхэт. Я щхьэц кIыхь Iувыр я дамэм тепхъауэ, я бостей кIыхьышхуэхэр хъыджэбз Iэпкълъэпкъ гуакIуэм хуэфIу, дыгъэпсыр я нэгу дахэхэм иджэгухьу, пщащэхэр уэршэру щызэхэткIэ, тхьэбыным хуэдэу уаIуплъэрт. ЗэщхьэгъуситIым я зыр къамылыфэрэ адрейр нэхутхьэхумэ, я бынхэр дахэ мэхъу, жаIэ. Пэжу къыщIэкIынут ар. Сыту жыпIэмэ, Хьэтусилэ къамылыфэмрэ Дэдей сырыхумрэ я бынхэр, псалъэкIэ къыпхуэмыIуэтэну, цIыху дахэт.

Къейшэху хъыджэбз пагэт, и нэ къащхъуитIыр, узэщIаджыкI нэхъей, къыптриубыдарэ и набдзэ псыгъуэр мащIэу иIэту къоплъамэ, Iэнкун уищIырт. И Iупэ пIащIэм пщащэм бзаджафэ къытригъауэрт. Ауэ нэхутхьэхут, сырыху гуакIуэти, асыхьэтуи нэгъуэщIынэкIэ уеплъырт, уукIытауэ уи напIэр ебдзыхынрэ зумыгъэнщIу уи нэр щызу уеплъынрэ къыбгурымыIуэжу. Нэптерэ нэгъуэщIт. Ар и адэм нэхъ ещхьт: къамылыфэ мащIэу, нагъуэу, щхьэц фIыцIафэу, Iупэплъ пIырыпIу. ЦIыху щабэт, гуапэт, и ныбжьым хуумыгъэфэщэну Iущт, зэпIэзэрытт, гъащIэ зылъэгъуам, куэд зыгъэунэхуам хуэдэу щыпсалъэ щыIэт, гущIэгъу, шыIэныгъэ хэлът. Нэптерэ къэзыухъуреихь дунейр – удзхэр, жыгхэр – фIыуэ илъагъурт. Нэхулъэр къыщызэкIэщIитхъкIэ, дыгъэ къэушам хуэусэу, бзухэм къраш уэрэдым щIэдэIукIыу, и бгъэм щызу хьэуа щIыIэтыIэмкIэ бауэу щхьэгъубжэм къыдэплъыну фIэфIт. Ар щIэхъуэпсырт нэхущ пшэплъым зыздигъэбзэхыж щIыпIэ дахэм къыщыхутэну, къыщыхъуырт зымыгъэжей, зымыгъэбауэ гурылъхэр пщэдджыжь акъужьым хуиIуатэмэ, и псэр нэхъ псэхуну, тепыIэну. Ауэ, Нэптерэ апхуэдизкIэ тешыныхьыжырт и бгъэм имызэгъэж гурыщIэхэми, зимыщIэжу зыгуэр къиIущэща фIэщIу, къэуIэбжьыжырт. А псоми, дауи, гу лъитэрт Дэдей, ауэ пщащэхэм я ишэгъуэ къызэрысам трищIыхьырти, ирихухьыртэкъым нэщхъеирилэ хъуа пщащэр.

Адрей щIыналъэхэм, тенджыз Iуфэм Iус лъэпкъхэм зэпхагъэIукIырт Хьэтусилэ благъэ ящIыну зэрыхуейр. Ауэ дыгъэбыным я адэр гупсысэрт, хэплъэрт. Иджы, Алэдамэ жриIам тепщIыхьмэ, ипхъухэр зыр зым и ужь иту, лIы иритыну къыщIэкIынут, и къуэми кърригъэшэнут. Абы фIэкIмэ, гува хъунут.

Пщащэхэм я адэр къызэрысыжар къыщащIэм, зэрызехьэу къыпежьащ.

– ЩэныфIэу, пщащэхэ! Къэвмыжыхь, емыкIущ. Фи ныбжь нэсакъэ?! – ешхыдащ абыхэм Дэдей.

– ЕмыкIу дыкъыумыщI, ди анэ. Куэд щIауэ тлъэгъуакъым ди адэр. Къытхуэмыгъэсыжу, жэщ дапщэ хъуауэ дымыжейуэ дежьэрэ?! – щабэу къэпсэлъащ Тэшмий.

Пщащэ нэхъыщIэр иджыри сабий нэкIут, ауэ, балигъыпIэ зэриувам и щыхьэту, хъыджэбзыпхъэ хъуат. Тэшмий теплъэкIэ Нэптерэ ещхьт, тхьэIухудт.

Пщащэхэм хуэм защIри, щэныфIэу дэкIуеипIэм къытеуващ. Туthьэлий шу гуп щIыгъуу япежьэри, кърригъэблэгъэжащ Хьэтусилэ сымэ.

– Еблэгъэж. Тхьэхэм я нэфIыр зыщыхуэн Хьэтусилэ, уи Iэпщэм куэдрэ джатэр быдэу иIыгъыну солъаIуэ! – щхьэщэ ищIащ Дэдей.

– Ди адэ, мы уардэунэр къэбгъэнэхужащ, укъэкIуэжри. ГъащIэ кIыхь ухъуну! Нэхъ фIыгъуи насыпи дыхуейкъым, укъэсыжамэ! – мэIущащэ пщащэхэри.

Хьэтусилэ ипхъу щIыкIафIэхэм IэплIэ яхуищIащ, хуэарэзыуэ гуащэм гуапэу Iуплъащ. Ищхъэрэ щIыналъэм я пщыр узыншэу, текIуэныгъэр къыихьауэ къэсыжати, ар жэщищ-махуищ джэгукIэ ягъэлъэпIэнут. УнэIутхэр зэрызехьэрт, Iэнэр къытрагъэувэу, пщафIэхэм, бахъэр дрихуейуэ, ерыскъы ягъэхьэзырырт, уардэунэм макъамэ дахэ къыщIэIукIырт, щIалэгъуалэр къафэрт. Хьэтусилэ тхьэмадэу Iэнэ кIыхьышхуэм и жьантIэм дэст, Дэдей къыбгъурысу. Абыхэм ягъэхьэщIэрт мыгувэу гъуэгу теувэжыну, тенджыз Iуфэм Iус къашкъэхэр, Дэдей и дыщыр. Сытым дежи хуэдэу, ахэр Хьэтусилэ къыкъуэувэри, зауэм щыIати, пщIэ, нэмыс яхуэщIыжыпхъэт.

И адэр къызэрыкIуэжам щыгуфIыкIми, Нэптерэ зыкIи къыфIэIуэхутэкъым хьэщIэхэри джэгури. И шыпхъуитIыр гуфIэжу, уэршэру, къафэу я нэгу зрагъэужьырт, курытым нэгъуэщI зыгуэр нэкIэ къилъыхъуэрт,  къыхуэмыгъуэтыжу. Пщыхьэщхьэ хъуат, зауэлIхэр псори къекIуэлIэжагъэххэт, ауэ зы закъуэ къэтт... Дунейр щIэгъагъэр, бзухэм уэрэд къыщIрашыр, дыгъэр къыщIэушыр, мазэр къыщIыкъуэкIыр... Зы цIыху закъуэ...

Зыкъомрэ къэтауэ, Алэдамэ къахыхьэжащ гупым. Пщащэм и лъэр хузэблэмыхыжу, мыбэуэжыфу, зэгупсысынури къыгурымыIуэжу пIейтеящ. Къыхуэмыгъэсыжу, къыхуэмыгъуэтыжу зыпэплъа, и гур зыхуэныкъуа щIалэр къыщилъагъум, зы щытыкIэ гуэрым ихуащ ар. Нэптерэ къыщыхьурт и лъэр къыдэмыбзыжу, и бзэгур мыкIэрэхъуэжу, нэхъ къаруушэ хъуауэ къызэфIэмахэу. Алэдамэ Хьэтусилэ дежкIэ плъэри, и щхьэр ищIащ мащIэу. Абы хэту, Тутхьэлий и къуэш пэлъытэм зыкъридзри, IэплIэ къыхуищIащ, илъэс Iэджэ щIауэ зэрымылъэгъуауэ зэрыгъуэтыжа зэныбжьэгъухэм хуэдэу.



Нэптерэ и гур и бгъэм къипкIыным хуэдэу къеуэрт. Зыгуэрым къищIэнкIэ шынэрт, ауэ ар тригъэпыIэфыртэкъым, пэлъэщыртэкъым. Зэуэ, Алэдамэрэ Нэптерэрэ я нэхэр зэтехуащ. ТIури щIэнэщхьейр, зыгъэгупсысэр, псэхугъуэ къезымытыр а напIэзыпIэрат. А зэман кIэщIым, напIэдэхьеигъуэм, мыхьэнэрэ гупсэхугъуэу хэлъыр зыщIэр а тIурат. Ар сыту фIыгъуэшхуэ, уи нэхэм къалъыхъуэр, уи гур къыщIеуэр, уи псэр зыгъэнэхур къызэрыпхуэныкъуэр пщIэну.

НыбжьыщIитIыр зыхэт мафIэ лыгъейр къатригъэупщIыIуэрт зы Iуэхугъуэ гуэрым – Алэдамэрэ Нэптерэрэ зэи зы хъунутэкъым. ЩIалэр пщылIт, вакъуэу япIыжами. Хьэтусилэ и пхъур зэи пщылIым ирitынутэкъым, Нэптерэрэ и вакъуэмрэ апхуэдэ гурылъкIэ зэпыщIауи и пщIыхьэпIэ къыхэхуэххэтэкъым. Арат фIыуэ зэрылъэгъуахэр зыгъэнэщхъейр. Арами, зыри я Iэмалтэкъым. Гум унафэ пхухуэщIыну?!

Нэптерэ мы зэхэвэзэхэжьэм абы фIэкIа хэтыжыфынутэкъым. И закъуэу и пэш щIэсыжмэ нэхъ къищтэрт. Пщащэр и пэшым гъунэгъу нэхъ хуэхъуху, джэгу макъыр кIуэ пэтми нэхъ жыжьэу къэIурт. Нэптерэ и щхьэр ехьэхауэ, хэгупсысыхьауэ, мыпIащIэу пырхъуэм ирикIуэрт. Абы ищIэрт псори джэгум зэрыщыIэри зыми къызэримылъыхъуэнури.

– Нэптерэ! – щабэу къэIуа цIыхухъу макъым зэщIигъэувыIыкIащ пщащэр.

А макъыр Нэптерэ, зэи щымыгъупщэну, фIыуэ ицIыхурт. Пщащэр и пIэм изыгъэжыхьа макъыр лъапэмкIэ къыщыхыхьэщ, игъэтхытхыу

щIыфэм ирижэри, пщэдыкъымкIэ щыхэкIыжащ. Къеджар гъунэгъу къызэрыхъур щIыфэкIэ зыхищIэу, Нэптерэ и нэхэр зэтрипIащ.

– Нэптерэ...

Пщащэм хуэм дыдэу зыкъигъазэри, и пащхьэ къитым и нэ фIыцIитIым, и фIэщ мыхъужу, щIэплъащ. ЩIалэм и нэгу зэIухам щиплъэкIэ Нэптерэ и гур пыжэбзыкIырт. Абы и набдзэ фIыцIэ Iувым къыщIэплъ, пщащэм и гущIэм иплъэ и нэ къабзитIым Нэптерэ къэзыс, къэзылыпщI лъагъуныгъэ лыгъэр щIэзт. Ар хуэлIэрт Алэдамэ, мащIэу иутIыпща и жьакIэр къызэрыхэуэр фIэфIу, ар хуейт и гур щIызэгуэуд цIыхухъум и мэмкIэ зимыгъэнщIыжу зрикъузылIэну.

– Алэдамэ! Мы сэреижьым къекIуэлIэжахэм уащIыхэзмылъагъуэр къызгурымыIуэу, зыгуэрми сеупщI мыхъуу... – и напIэр ирихьэхыжащ.

– Умынэщхъей. ДяпэкIэ...

– «ДяпэкIэ» диIэкъым дэ тIум, Алэдамэ. Ар уэри сэри дощIэ. Ауэ сыхуитыжккъым си гум, зыри схуещIэркъым, – и нэпсым къызэпижыхьащ пщащэм.

– Уэрэ сэрэ ди гущIэм къыщыуша гурыщIэр зымыгъэунэхуа дапщэ тет мы дунеижьым?! Ар тыгъэшхуэщ – лъагъуныгъэр уи гум илъу, абы укъигъэхуабэу упсэуныр, – хъыджэбзыр тригъэуну хэтщ Алэдамэ.

– Алэдамэ, сыту бэлыхьышхуэ ар: фIыуэ плъагъум хуиту уепсэлъэну, и нэгу уиплъэну, гъэфIэгъыбзэкIэ уеджэну, зэ Iэ дэплъэну ухуимыту упсэуныр.

– Уэ лъэпкъышхуэ укъыхэкIащ, сэ сыпщылIщ... Апхуэдэу хъунщ гъащIэр зэрызэхэлъыр. Зыри ди Iэмалкъым, си псэ, – пщащэм къаруушэу иридзыха и Iэ ижьыр быдэу иубыдащ щIалэм. 

– Си псэ жыпIа?! Сыту гуапэ... Япэу укъызэджэу аращ апхуэдэу, – и гур къолъэт Нэптерэ.

– Си нэгу къыщIэзгъэхьэххэну сыхуейкъым уэрэ сэрэ зэпэIэщIэ дыхъуауэ, ауэ уэ ущызимыIэж махуэм си гур къреувыIэ, набгъэ срехъу. Сэ сыхуитыжккъым си псэми сигуми. Ар уэращ зейр, – пщащэм и Iэр IитIкIэ иубыдри, и Iупэм хуихьащ.

– Алэдамэ! – Нэптерэ хуейт фIыщэу илъэгъуа щIалэм и бгъэм и щхьэр трилъхьэу, и гур къызэреуэм едэIуэну, и пщэм зришэкIыу, зэи имыутIыпщыжыну.

Абы хэту лъэ макъ къэIуащ. Нэптерэ и Iэр Алэдамэ къыIэщIихыжри, псынщIэу пырхъуэм иржащ, щIалэми джэгумкIэ игъэзэжащ.

«КъэкIуэжащ. Узыншэу къэкIуэжащ. Адрей псори Iуэхукъым», – егупсысырт Нэптерэ, и лъакъуитIыр зыщIиупщIэжауэ пIэкум здисым. Алэдамэ иIыгъа и Iэр пщащэм и нэкIум кIэрилъхьэщ, и щхьэр бгъунж ищIри, и нэр зэтрипIащ. Абы къызыщигъэхъурт Алэдамэ къедэхащIэу, и Iэ пхъашэр и нэкIум къыдилъэу. Нэптерэ хьэзырт Алэдамэ къеджамэ, псори къызэхинэу, абы щIыгъуу щIэпхъуэжыну. Шэтыр ирехъу, щIыунэ ирехъу, къум ирехъу – сытми идэрт, къуэдзапIэ гуэр яIэмэ. КъикIуэтынутэкъым ар, Алэдамэ и унэIут гъащIэр дигуэшынут, тегушхуэрэ щIэпхъуэжатэмэ.

Ауэ щIалэм апхуэдэу иришIэфынутэкъым адэ пэлъытэ хуэхъуам. МафIэ лыгъейм хэтт Алэдамэ, фIыуэ илъэгъуа пщащэмрэ вакъуэ адэмрэ я зэхуаку дэкIуадэрт. Иджыпсту хагъадэми, ищIэртэкъым къыхихынур.

# МардэикIыпIэ*

Къашкъэ хьэщIэхэр ирагъэжьэжу, уардэунэр и пIэ изэгъэжа нэужь, Хьэтусилэ Вындэшынэ ириджащ.

– ЖыIэ иджы псори, и пэ дыдэм къыщыщIэдзи, – хьэщIэр игъэтIысри, къыпэтIысыжащ Хьэтусилэ.

– Сэ псори бжесIакIэщ, Хьэтусилэ. Зыри пщызбзыщIакъым.

– Хэт къыдэщIыр ТIэшуб иджыри, уэр нэмыщI?

– ЗэрыпщIэщи, КъуэкIийуэдым я пщыр – Памбэ – щыкъуадэ ищIащ ди пщым. Ар, дауи, Шэтэндущ зи гукъэкIыр. Сэ, иужьрей зэманым дзыхь къысхуащIыжыртэкъыми, а псом щыгъуазэ сащIакъым, ауэ зыгуэркIэ уагъэкIуэдыну хуежьэмэ, Памбэщ абы дамэгъу къахуэхъунур. Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, мыдрей лъэпкъхэр уэращ зи телъхьэр, – шэч къытримыхьэу жеIэ Вындэшынэ.

– Дэнэ щыпщIэрэ?

– Я нэр маплъэ абыхэм, Хьэтусилэ. Уи нэмыс нэхъ лъагэ ухъу, ауэ, ди пщыр пщы зэрытхуэмыхъунури, зэрымыузыншэ дыдэри псоми я нэгу щIэкIащ. Сэ быдэу сощIэ къашкъэхэм деж къыщыщIэдзауэ, дэрдэнейри хиубыдэу, ТэрхъунтIасэ деж щиухыжу, зэрыщыткIэ уэ къызэрыпкъуэувэнур. КъищынэмыщIауэ, къуэкIыпIэ щIыналъэхэри аращ. ТIэшуб Амырейм тригъэувар езым и цIыхугъэщ. Ари зыщумыгъэгъупщэ. Си лъэпкъым сызэрыпсэур ящIатэмэ, амырейхэм ТIэшуб щхьэкIэ ялъ зэи ягъэжэнутэкъым. ЗэрыжысIащи, Памбэ и закъуэщ къыдэщIыну иIэр, ари благъагъэм и хьэтыркIэ.

– Асырийхэмрэ Вавилонымрэ къыхуэгъэдэIуэну пIэрэ?! – щэхуу еупщIащ, и щхьэ хужиIэж хуэдэ.

– Си гугъэкъым, Хьэтусилэ. Ахэр иджыпстукIэ лъэныкъуэ егъэзащ, я Iуэху зедмыхуэмэ, ди Iуэху къызэрахуэркъым, – идэркъым Вындэшынэ.

– Арамэ, ахэр IупэфIэгъу къэщIын хуейщ. Дауи, ТIэшуб сэ фIырыфIкIэ къызитынукъым тетыгъуэр. Сэри сеплъурэ, къэралыгъуэр хезгъэгъэкIуэдэжыфынукъым. Си жагъуэщ, ауэ нэгъуэщI хэкIыпIэ сиIэкъым, – и щхьэр егъэкIэрахъуэ Хьэтусилэ.

– Псоми ящIэ уэ МывэтIалэ узэрыхуэпэжари, фIыуэ плъагъуу зэрыщытари. Зыми емыкIу укъищIынукъым, Хьэтусилэ. Иужьрей зауэм къигъэлъэгъуащ хэт сыт ищIысми. Уэр фIэкIа зыми хуэфащэкъым пщыгъуэр. ТIэшуб пхъу мыхъумэ, къуэ иIэкъым. Зэнзей къуэ къилъхуху дежьэу дыщумыгъэсу, икIэщIыпIэкIэ зыкъыумыIэтмэ, иужькIэ ущIегъуэжынущ.

Пэжт амырейм жиIэр, ар езы Хьэтусили фIы дыдэу ищIэжырт.

– ПщIэрэ, Вындэшынэ, зыкIи згъэщIэгъуэнукъым ТIэшуб Рамзес гурыIуэрэ, Хьэт къэралыгъуэм и щIыналъэм щыщ Мысырым хупичкIэ. ХузэфIэкIынущ ар абы. Iэмалыншагъэм уимыгъэщIэн щыIэкъым, – хэгупсысыхьащ Хьэтусилэ.

– Мис ар пэжщ, – арэзы техъуащ амырейри.

– Вындэшынэ, уэ мазэ бжыгъэкIэ гъэрыпIэ уисащ, уи щIыналъэр Рамзес щиубыдам. Сыт абы ущIимыукIар? Сыт къыппихыну зыхуеяр? Сыт къыппихакIэр?

– Зиусхьэн, сэри сыпщщ, сызауэлIщ, сыцIыхухъущ. Сэ уи къуэш пащтыхьым сыхуэпэжу нобэм сыкъэсащ, си къэралым сепцIыжауи зы

*МардэикIыпIэ – зэхъуэкIыныгъэхэм я зэман, пэжыр щызэхэкI лъэхъэнэ.

цIыхум жиIэфынукъым. Рамзес зыгуэр жесIамэ, зыхуейр къыспихамэ, псэууэ сыкъигъэнэнут, дауэ уеплърэ? – Вындэшынэ и жагъуэ хъуат Хьэтусилэ дзыхь къызэрыхуимыщIыр.

– СщIэркъым!

– Си щхьэкIэ, гъэрым сызыхуейр къыжьэдэсша нэужь, сукIынущ. Зыуи сщIыжынукъым сэ ар. Фирхьэунхэри аращ. Пащтыхьым и пащхьэ зэ щыжысIащ – мы си щIыфэмрэ нэгумрэ дыркъуэу телъыр, псори зауэ губгъуэм къисхауэ аракъым. НэджэIуджэ сыщащIар хьэпсым сыщрадзэжаращ. Ауэ, сыт къызамыщIами, зы псалъэ къызжьэдашыфакъым. Ар уи фIэщ мыхъурэ – сэ афIэкIа зызгъэхейуэ сыщысынукъыми, си щхьэр занщIэу пыупщIи нэхъыфIщ, – къызэфIэуващ Вындэшынэ.

– Пэжыр жысIэнщи, Вындэшынэ, сэ уэ зэи дзыхь пхуэсщIакъым, – Хьэтусилэ и нэ фIыцIитIыр хьэщIэм триубыдащ.

– СощIэ. Ухуитщ уэ абы. Сэри пхуэмыфащэ уэспэсащ зэгуэр, – нэхъапэIуэкIэ къызэрыщIэнакIэу щытар ищIэжырт.

– Иджыпстуи дзыхь щIыпхуэсщIын хуейр сщIэркъым...

– ЗыкIи уи фIэщ схуэщIынукъым сэ ар, Хьэтусилэ, уэ езым уи фIэщ пщIыну ухуэмеймэ. Сэ зэ бжесIащ си Iуэху зыIутри, адэкIэ къысхуэпщI си унафэщ. Си унагъуэр схуэмыхъумауэ, си щIыналъэр страхауэ, сэ щысщIэжын щыIэкъым мы гъащIэм.

– Уилъ пщIэжынуи ухуейкъэ? – пыгуфIыкIащ Хьэтусилэ.

Вындэшынэ лIыкут, лIышхуэт, цIыху быдэт, хъыжьэуи жыпIэ хъунут, Iэ пIащэ-лъэ пIащэ хъужауэ. Зауэ губгъуэм хьэщхьэрыIуэ щыхъурт ар, лIитхум зэуэ япэщIэувэфу, зыкIи къемыхьэлъэкIыуи хигъащIэу. И щхьэцыр мащIэу зэрикIар и ныбжьым къекIурт, зэгуэр щIалэ екIуу зэрыщытари къапщIэу, лIы бжьыфIэт, и щIыфэм дыркъуэу телъым «къуабэбжьабэу» къыпщагъэхъуми. Жыжьэу къаплъэр игъэшынэми, Вындэшынэ иджыпсту къаруушхуэ хъуат. И Iэпщэхэм къару щIэмылъыжу, и напIэпщыр къыхуэмыIэтыжу апхуэдэт. И унагъуэр зэрыфIэкIуэдам и лъэр щIиудати, къыпхуэцIыхужыртэкъым. ЗыщIэбэнынрэ ихъумэнрэ иIэжтэкъым абы.

Хьэтусилэ ар куэдрэ зэпиплъыхьу щысащ. Вындэшыни щымт.

– Алэдамэ! – икIэм-икIэжым джащ Хьэтусилэ.

– СынодаIуэ, зиусхьэн, – къыщIыхьащ сытым дежи бжэм адэкIэ къыщыт щIалэщIэр.

– ЖыIэт, – Хьэтусилэ къызэфIэувэщ, и Iэр и щIыбымкIэ щызэридзэри, къикIукI-никIукIыу утыкум къиувэжащ.

– Зиусхьэн, унафэ къытхуэпщIам тету, Вындэшынэ къалащхьэм къыщиутIыпщауэ жыхуиIэ и унагъуэм дылъыхъуащ. КъызэрыщIэкIамкIэ, жыжьэ дыдэ щыIэтэкъым ахэр – уардэунэм и щIыунэхэм ящыщ зым щаIыгъыу арат.

– Сыт жыпIэр?! – къэуIэбжьащ Вындэшынэ. – Ар пэжмэ, сэ сыздрашэха щIыунэм и пэшхэм ящыщ зым щаIыгъащ си унагъуэр! Си гъунэгъу дыдэу исами сщIэркъым, – и щхьэр фIиудыжырт амырейм.

– Сыт я хъыбар? – Хьэтусилэ къызэтеувыIэри, Алэдамэ хуеплъэкIащ.

– Зиусхьэн! Вындэшынэ! – къыхудэмышей хуэдэт щIалэм зыгуэр.

– ЖыIэ! Тхьэхэр узогъэлъэIу, жыIэ! – къэлъэIуащ Вындэшынэ.

– Ди жагъуэ зэрыхъунщи, уи къуэр, и анэмрэ и шыпхъумрэ къащхьэщыжрэ пэт, яукIащ... Уи щхьэгъусэр хьэпсым илIыхьащ, сымаджэ хъури, – и щхьэр ирихьэхащ Алэдамэ.

Вындэшынэ ундэрэщхъуауэ зиплъыхьырт, ищIэнури жиIэнури имыщIэжу. И гур къратхъыу лъэныкъуэкIэ ирадзэкIа хуэдэт. Амырейм и нэкIур зэхэуэпат. И бгъэм Iэ ижьымкIэ теIэбэри, етIысэхащ ар. Пэжщ, абы зэми и фIэщ хъурт и унагъуэм загъэпщкIуфауэ, куэд мыщIэуи зэрыгъуэтыжынхэу. Зэми ар хуэхьэзырт нэхъ Iей дыдэм. Ауэ, итIани, и гугъэр хихыжыпэртэкъым.

– УкъызгуроIуэ, Вындэшынэ. Зыми пщхьэщихыфынукъым уи гуауэр. Зыгъэбыдэ. Уи пхъур узыншэщ, абы уи дунейр нэху къыщIыжынщ. ДяпэкIэ къэсыжын хуейщ ар, гъуэгу тетщ. Къыпхуашэж, – щэхуу жеIэ Хьэтусилэ, Вындэшынэ и дамэ гуэхуам тоIэбэри.

Амырейм и щхьэр къиIэтри:

– ФIыгъуэ защIэкIэ пхузигъэщIэж, Хьэтусилэ. Сыпсэуху узгъэпэжынущ. Узауэмэ – сыбдэзэуэнущ, уежьэмэ – сыбдежьэнущ, уи гуфIэгъуэр – си гуфIэгъуэщ, – жиIэщ, зыкъиIэтри, щхьэщэ ищIащ.

ЕтIуанэ махуэм, пщыхьэщхьэхуегъэзэкIыу, къэсыжащ Вындэшынэ ипхъу Аруандэ къэзыдыгъужа гупыр. Гухъыринэм къикIа пщащэ IэмащIэлъэмащIэ цIыкIур гъэрыпIэм къарууншэ щыхъуами, гъуэгуанэ кIыхьым зэпкърихами, и адэм и гуауэр зэрыщигъэпсынщIэным пылът, и гур хэщIауэ, лей къытехьауэ зэрызыкърымыгъэщIэным яужь итт. Вындэшынэ и пхъум пежьэу, и унагъуэм щыщу псэууэ къыхуэна закъуэр щызэщIиубыдэм, апхуэдизкIэ гукъутэт ари, хьэщIэм къыпежьа цIыхубзхэм я нэпсыр яхуэубыдакъым.



Пщащэ цIыкIур зэхэуфIеят, и щIыфэм мыуфIыцIауэ зы IэпапIи иIэтэкъым, мэжэщIалIагъэм къыхэкIыу, уэд зэрыхъуар наIуэу, и нэкIур еупсэхат, и нэпкъыр къыхэщу. Амырейм я пщым и пхъур иджы и теплъэкIэ унэIут пщащэу къыпщыхъунут, пагэу, уардэу, зэпIэзэрыту зимыIыгъатэмэ. Хъыджэбзым куэд зэригъэвар, куэд и нэгу зэрыщIэкIар и нэ фIыцIитIым къащIихырт.

Дыгъэ къухьэжым уафэ джабэр, мафIэ иридзам хуэдэу, плъыжь къищIат. Тутхьэлий и нэр тедият а нэхуплъыр зи нэгум иридзэ пщащэ нэбжьыц кIыхьым. Хьэтусилэ и къуэм къыгурыIуащэртэкъым я хъыджэбз хьэщIэр апхуэдэу щIэщыгъуэ къыщIыщыхъуар, и гур хуэмыубыдыжу псынщIэу къыщIеуэр, и нэр абы къыщIытримыхыфыр. ЗимыщIэжу пщащэм еплъырт ар.

– ЗыкъэщIэж, – Алэдамэ къеIунщIащ абы мащIэу.

– Зыгуэр жыпIа? – и нэр игъэупIэрэпIащ Тутхьэлий.

– Аруандэ зитхьэщIрэ бостей дахэ щитIагъэмэ, дауэ ухъужыну? Хьэпсым мазэ бжыгъэкIэ иса пщащэм уигъэундэрэщхъуащ, – пыгуфIыкIащ Алэдамэ.

– Щэхуу! – и нэщхъыр зэхиукIащ Тутхьэлий.

Пэжу, хъыджэбз хьэщIэм зрагъэгъэкъабзэу, яхуэпа нэужь, зыщумыгъэнщIыжу гуакIуэ хъуат. КъищынэмыщIауэ, гъэсэныгъэ дахэ хэлъу, щэныфIэу, Iэдэбу къыщIэкIащ ар. Бысымым и бынхэмрэ Вындэшынэ и пхъумрэ щIэх дыдэу ныбжьэгъу щызэхуэхъум, Хьэтусилэ игу къэкIащ амырейр благъэ ищIыну.

– Дэдей, ди хъыджэбз нэхъыжьыр Вындэшынэ еттмэ, дауэ уеплърэ? – пщыхьэщхьэшхэ зэдэшхэу щысу, Хьэтусилэ и щхьэгъусэм зыхуигъэзащ.

ЦIыхубзым зэхихар апхуэдизкIэ игъэщIэгъуати, фо трицIэлъу жьэдилъхьа щIакхъуэ тыкъырым щыщ и фIыншэм ирихьэри, игъэпсчащ.

– Къейшэху Вындэшынэ ептынуи?! – къэуIэбжьауэ къэпсэлъащ Дэдей, псчэныр щхьэщыкIри.

– НтIэ. УмыгъэщIагъуэ, кхъыIэ, апхуэдэу. Хъыджэбзхэм я дэкIуэгъуэр къэсащ. Абы я ныбжь ущитым, уэ уанэт, пщIэжкъэ?!

– Сэ сызыдэкIуам ныбжькIэ сыхуэкIуэрт, Вындэшынэ уэ уи ныбжьщ! Дауэ абы уипхъу пажэр зэрептынур? ЩIалэщIэ имысыжу ара ди хэкум? – Хьэтусилэ жиIар гуащэм зэрыфIэмыфIыр наIуэт.

– Ныбжь Iуэху къыхыумыгъэкI. Сэ ныбжьыракъым зытесщIыхьыр.

– АтIэ, сыт зытепщIыхьыр? – шхэн гукъыдэжи иIэжтэкъым Дэдей.

– Дамэгъу дыхуейщ, дахэ. Дэ зауэшхуэ къытпэщылъщ, зэрыпщIэщи, – къытехьащ Хьэтусилэ, и щхьэгъусэм къызэрыгурымыIуэм щхьэкIэ.

– Уи пхъур иумытмэ, Вындэшынэ дамэгъу къыпхуэмыхъун уи гугъэу ара? – къикIуэтыртэкъым гуащэри.

– ПщIэрэ, Вындэшынэ цIыхушхуэщ. ТIэшуб лей кърихащ ахъумэ, зэфIэкIышхуэ иIэу щытащ абы.

– Къилэжьати, кърихащ. ТIэшуб зэрепцIыжам хуэдэу, уэри къомыпцIыжыну ущыхьэт?

– Мис аращ. КъызэмыпцIыжын папщIэ, благъэ сщIыну сыхуейуэ аращ.

– КъопцIыжынкIэ шэч къыщыпхькIэ, дауэ апхуэдэ цIыхум уи пхъур дзыхь зэрыхуэпщIынур? – къыгурыIуэркъым анэм.

– Пэжщ. Уэ жыпIэр къызгуроIуэ, ауэ Вындэшынэ уэ узэригугъэм хуэдэу цIыху мыхьэнэншэкъым. Ар сэ къысхуэпэжыну псалъэ къызитащ, къищынэмыщIауэ, тетыгъуэр къэсхьмэ, ар Амырейм ипщ сщIыжынущ. АпхуэдэкIэ, ди ипщэ гъунапкъэхэр нэхъ хъума хъунущ: дзыхь зыхуэсщI, благъагъэкIэ къызэпха цIыхум IэщIэлъынущ а щIыналъэр. КъыбгурыIуэ хъунщ Амырейм и мыхьэнэр зыхуэдэр! – Хьэтусилэ и щхьэгъусэм залымыгъэ иримыхыу, къыгуригъэIуэну хуейт зытепсэлъыхь Iуэхугъуэм щIытегушхуам и щхьэусыгъуэр.

– Апхуэдизу уи фIэщ хъурэ а цIыхухъум и псалъэр? – щэтащ Дэдей.

– Мэхъу. КъищынэмыщIауэ... Уэ укъыщыздэкIуам щыгъуэ, сэри зыми срищIыстэкъым, – нэщхъей къэхъуащ Хьэтусилэ. – Сэ сыпщыкъуэми, Iумпэм сащIауэ, сыхыфIадзэжауэ, тхьэунэм къыщыхъуа шыхъуэу сыщытауэ аращ.

– А тIур зыкъым, Хьэтусилэ, – лIым и Iэм щабэу теIэбащ Дэдей.

– Зыщ, Дэдей! Зы дыдэщ. Сэри утыку сыкърашат зэ, си къуэш пащтыхьым сепцIыжауэ жаIэри. Ауэ, уэ уощIэ, сэ къуаншагъэ зесхьатэкъым, икIи зэи МывэтIалэ сепцIыжатэкъым. Сэ си напэр къытрахатэкъэ абы щыгъуэ?! Ауэ, си къуэшым и фIэщ сыхъуащ, си щIыхьыр хригъэутакъым, зы псалъэкIэ зыкъызигъэщIакъым. Абы и хьэтыркIэ, сэри МывэтIалэ псэуху сыхуэпэжащ. Си гум щыщIэ псом щыгъуазэтэкъым ар, итIани и фIэщ сыхъуащ. Сэ згъэващ Вындэшынэ игъэвыр, зыIут IэнатIэр. Си къуэшыр иукIакъым абы, щIэзгъэбиин щыуагъи илэжьакъым.

– Пэжщ, Хьэтусилэ. Вындэшынэ сыт имылэжьами, ипшыныжащ ар. Ауэ, сщIэркъым а псори Къейшэху къызэрыгурызгъэIуэнур, – и щхьэр игъэкIэрэхъуащ Дэдей.

Анэр гузэва щхьэкIэ, Къейшэху акъыл гъэтIылъа зиIэ пщащэ жыжьэрыплъэу къыщIэкIри, и адэм и унафэм арэзы техъуащ. Хьэтусилэ и гуапэ хъуат ипхъу пажэр Iущу, жыIэдаIуэу къызэрыщIэкIар. Уеблэмэ Къейшэху фIэфI хъуа хуэдэт, и адэм и ныбжьми, Вындэшынэ зэрыра-

тыр, ипэIуэкIэ игу ирихьу щыта хуэдэуи къыпщыхъурт, апхуэдизкIэ нэхъу-нэхъуу еплъырти. Езы Вындэшынэти, зэи и гугъэнтэкъым Хьэтусилэ ипхъу пагэр псэгъу хуэхъуну, а нащхъуэ бзаджафэр IэфI-IэфIу зэгуэр къыIуплъэну.

Зыми и гущхьэ къэмыкIыххэу, Тутхьэлий гукъыдэж ищIащ Аруандэ къиишэну. НыбжьыщIитIым я гурылъыр зэтехуэу къыщыщIэкIым, Хьэтусилэ и къуэ закъуэм кърригъэшэну игу илъыххэти, арэзы техъуащ. Абы и гугъатэкъым Вындэшынэ благъэ тIуащIэ хуэхъунуи, апхуэдэу гъащIэм зыкъызэридзэкIынуи.

ХьэгъуэлIыгъуэр зэфIэкIри, Хьэтусилэ гъунэгъу щIыналъэхэм япщхэр Хьэкъмыс ириджащ. Зауэм зыхуигъэхьэзырырт абы. ТIэшуб тетыгъуэр къытрихыжыну и мурадт.

## *Щтэращтапсэ*

Шэтэнду псэкIэ зыхищIа хуэдэт зыгуэр къызэрыхъунур. ИIэт абы апхуэдэ хэлъэт. Ар МывэтIалэ и щхьэгъусэ нэхъыщхьэу щытамэ, гуащэ телъыджэ къыхэкIынут. Уеблэмэ, Шэтэнду хуэдэ защIэт алъандэрэ Хьэт къэралыгъуэм гуащэу ицIыхуар. МывэтIалэ и анэшхуэри, абы и пэ къитахэри цIыхубз ябгэу, гущIэгъуншэу, гууз-лыуз ямыIэу щытауэ жаIэжырт. Дауи, ахэр апхуэдэу щыту дунейм къытехьатэкъым. Бжьыпэр зыубыдахэр, унафэр зи IэмыщIэ къиихьахэр зэкIуэкIыу къыщIэкIынщ, тетыгъуэр къалъыса нэужь. ГъэщIэгъуэнкъым. Бын ущиIэкIэ, абыхэм уакъыщыжын, пхъумэн папщIэ, сытри пщIэфынущ. Пащтыхьым урифызмэ, уэр нэмыщI абы щхьэгъусэ зыбжанэ иIэрэ, хьэрхуэрэгъухэр куэдмэ, дауи, гущIэгъуншэ уищIынущ гъащIэм. Ухуэмейми, урихулIэнущ. Зы бзылъхугъэтэкъым тетыгъуэм хьэщхьэвылъэ теплъэ ищIар. Шэтэндуи абыхэм ящыщт.



АнэфIт Шэтэнду, цIыху Iей щхьэкIэ. И къуэ закъуэр зэрыакъмыкъыр ищIэжырт, ауэ сыт хуэдэ анэра зи сабий хэзыутэжынур? Нэхъри, ар пащтыхьмэ... И къуэм щIыгъуу къэралым и унафэ ищIыну хуитми, Шэтэнду жиIэ псори кIуэцIригъэкIыфыртэкъым, и къуэр псомкIи къыхуэгъэдаIуэртэкъым. Ауэ щыхъукIи, фIы дыдэу къыгурыIуэрт, гуващIэхами, ТIэшуб къэралыр зэрыIэщIахынур. Е Хьэтусилэ, е Рамзес.

– ХэкIыпIэу диIэр зы закъуэщ – Хьэтусилэ дукIыу, ди щIыналъэм щыщ Iыхьэ Рамзес еттынырщ. Армырмэ, фирхьэуныр зэи увыIэнукъым, – и гупсысэхэмкIэ дэгуэшащ ар и къуэм.

– Хьэтусилэ дукIмэ, хэт уи гугъэ ди дзэр зезышэнур? – къилъащ пащтыхьыр.

– Къэралыгъуэм лIы къимынэжауэ ара, уи дзэр дзыхь хуэпщIыну?

– Щхьэ къыбгурымыIуэрэ, ди анэ, цIыхухэр псори Хьэтусилэ хуэпэжщ. Хьэмэрэ, Хьэтусилэ дукIмэ, си унафэр ящIын папщIэ утыку сыкърамышэну ущыхьэт? Сэ сыпщми, ахэр хуитщ тезыр къыстралъхьэну, – тегушхуэркъым ТIэшуб.

– Хьэтусилэ пащтыхь унагъуэм щыщу къыщалъытэнур и къуэшыр псэужамэт. Иджы ар уи благъэ жыжьэу аращи, тетыгъуи къылъысыркъым. Апхуэдэу щыщыткIэ, зыми уи унафэ ищIынукъым. Сэ сыпсэууэ, уэ зэи зыми лей къыптригъэхьэнукъым, ТIэшуб. Сэ суригъусэщ сытым дежи, – и къуэм и щхьэфэм Iэ дилъэну щыIэбэм, пщыр нэхъри къытехьащ:

– Сэ сысабиижкъым! – и анэр зыпыIуигъэкIуэтащ.

– Хъунщ... Уэ сыт жыпIэн-тIэ абы теухуауэ? Дауи, уегупсысагъэнщ уэри, – етIысэхащ Шэтэнду.

– Сэращ пщыр, сэ и унафэ сщIынщ псоми. А къомыр уэ къыплъысыркъым! Утажнанэмэ, уи къалэн гъэзэщIэж – си щхьэгъусэм кIэлъыплъ, уи къуэрылъхум хуэсакъ, унэIутхэм я унафэ щIы, – къэгубжьат пщыр.

– ТIэшуб, зыкъэщIэж! – и нэ удзыфэхэм хъуаскIэ къащIидзу къызэщIэнащ Шэтэнду.

Тажнанэм и макъым зыщригъэIэтым, ТIэшуб къащтэри, сабийм хуэдэу шынэжащ.

– Уэ уи псалъэкъым ар, си къуэ. СощIэ уи тхьэкIумэм къиIущащэр хэтми. Памбэ и пхъум и напIэр игъалIэу къытхыхьащ. Иджы, зэ лъхуати, утыкур иубыдыну хэту, и джатэр кърихауэ ара?! Ей, бжэIут! – и макъым нэхъри зригъэIэтащ гуащэм.

– СынодаIуэ, тажнанэ! – бжэр къыIуихри, къыщIэуващ бжэIутыр.

– Къевджэт псынщIэу Зэнзей! ПсынщIэу, – зигъэпхъашэрт Шэтэнду.

– Анэм и быным зыри ирихъуэныжкъым. Ирихъуэныжынумэ, зыри хуимыщIэххэмэ нэхъыфIщ. Ауэ сэ уэ зырат сиIэри, сызыщымысхьыжу успIащ, усхъумащ нобэ махуэм укъэсшэсын папщIэ. Уэ ара укъызэрысхущIидзыжыр? Сэ уэр папщIэ укъэзылъхуа уи адэр си IэкIэ сукIыжащ. Апхуэдиз щIыналъэм я унафэщIхэр зыщышынэ пащтыхьыр згъэлIащ. Иджы еплъ! Уэ езым зэхэпхыжрэ къызупэсыр? – шхыдэрт анэр.

Абы хэту, бжэм зыгуэр къытеуIуащ:

– Зэнзей къэкIуащ, гуащэ, – щхьэщэ ищIащ бжэIутым.

– КъыщIэгъэхьэ! – пхъашэу жиIащ Шэтэнду.

– СынодаIуэ, тажнанэ. Укъызэджат? – и щхьэр игъэщхъащ нысэм.

– Зэнзей, уэ пщIэрэ пщым и унагъуэм щыщ ухъуным жэуаплыныгъэу пылъыр? – гуащэм и нэр триубыдащ нысэм.

– ЗыгуэркIэ сыкъуэнша, си гуащэ лъапIэ? – зыри къыгурыIуэртэкъым Зэнзей.

– Жэуап къызэт! – щIэкIиящ абы тажнанэр.

ТIэшуб зиудыгъуащ, кIэкуакуэу и Iэхэр иIуэту.

– КъызгуроIуэ, гуащэ. КъызгурымыIуэр абыкIэ укъыщIызэупщIыращ, – и щхьэр лъагэу иIэтри, и напщIэр хишащ Зэнзей. – Сэри сыгуащэщ, сэ пщым срищхьэгъусэщ. Апхуэдэу укъысхущытыныр къызэрызлэжьа гуэри сIэщIэщIауэ къэслъытэркъым.

– КъызэрыщIэкIымкIэ!.. Еплъыт абы и псэлъэкIэм, – ину дыхьэшхащ Шэтэнду. – Иджы мыдэ къызэдаIуэ, гуащэ! Уэ пхуэдэ гуащэ куэд илъэгъуащ мы уардэунэм, уэ иджыпсту зызупщытам тегушхуауэ, ауэ зыщIыпIи нэмысу, хьэдэгъэсым деж къыщыхутэжауэ.

– Сыбгъэшынэнут... – тажнанэм щIэнакIэу, пыгуфIыкIащ гуащэ нэхъыщIэр.

– Узэрыхуейуэ зыгурыгъаIуэ, тIасэ! Ауэ си къуэм и тхьэкIумэм утетIысхьэу, къыспэщIэбгъэувэжмэ, фIы щIэпхынукъым, – жиIам щыхьэт техъуэж нэхъей, и щхьэр ещI гуащэм.

Зэнзей и щхьэгъусэм хуеплъэкIри, и нэщхъыр зэхэлъу Шэтэнду деж зыкъигъэзэжащ:

– Сэ къызгуроIуэ пащтыхьым щхьэгъусэ сыщIищIари, мы нэчыхьым узэрыщыгугъри. Уэ ТIэшуб фIыуэ зэрыплъагъум, укъызэрыщхьэщыжым хуэдэу, сэри сытеубгъуауэ аркъудейщ. Сэ сурихьэрхуэрэгъукъым,

гуащэ. Иджыпсту дызэбийкIэ, абы ди фейдэ хэлъкъым. Зыщумыгъэгъупщэ, гуащэ, си ней пщыхуэмэ, си адэми и щIыб къыпхуигъэзэнущ, узэрыщыгугъ Iуэхухэри къохъулIэнукъым. Уэрэ сэрэ дызэпэщIэувэмэ, ар зэфыкIынур зы цIыхущ – пащтыхьырщ.

– АтIэ, укъыспэщIэмыувэ! Зэран укъысхуэмыхъу, – щэхуу, ауэ хэкъузауэ жиIащ Шэтэнду.

– Сэ уэ зэран сыпхуэхъуакъым, си щхьэгъусэм сыкъуэту аркъудейщ. Аракъэ си къалэн нэхъыщхьэр?

– Зыщумыгъэгъупщэ, дахэ, уэ тетыгъуэр зыхуекIуэтэкIын къуэ къэплъхуакъым иджыри. Апхуэдэ жьэ зэщIэпхынуи къыптехуэркъым, – тажнанэм дичыхыну игу илъыххэтэкъым.

– Хуэму-у-у! – и щхьэр IитIкIэ фIиубыдыкIри, иину къэкIиящ пщыр. – Хуэму! Схуэхьыжккъым фи псалъэмакъыр. ФыщIэкI! ФыщIэкI тIури, – и нитIыр къыщихуат пщым, делэ дыдэ хъуам хуэдэу.

– ТIэшуб... – къыщылъэтащ Шэтэнду.

– ЩIэкI жысIакъэ! – пщыр нэхъ Iей мыхъумэ, нэхъыфI хъунутэкъыми, цIыхубзитIым псынщIэу ТIэшуб и лэгъунэр ябгынащ.

– ЛъэныкъуитIкIэ дыкъэуврауэ дызэпекъуу аращ, гуащэ. Апхуэдэу хъунукъым. Уэрэ сэрэ ди акъыл зэтемыхуэмэ, ТIэшубщ гугъу ехьынур. Псалъэмакъ мышыухэр къэдгъэгъани, зыгуэр дыгъащIэ, – жиIащ Зэнзей, пырхъуэм къыщытехьэм.

– ХакIуитI зы Iуэ ираубыдэркъым, Зэнзей! Псоми я унафэр уэрыншэу сэ сщIынщ. ДэIэпыкъуэгъу сыхуей хъумэ, укъэзгъуэтынщ. ИджыпстукIэ уи сабийм и Iуэху зехуэ, къуэ къэлъху, – тажнанэм и щхьэр иридзэкIри, и пэшымкIэ игъэзэжащ.



Шэтэнду иджы къыгурыIуат и къуэм щыгугъ зэрымыхъунури, унафэ лъэпкъ ТIэшуб зэрыхуэмыщIынури. Абы гу лъимытэу къанэртэкъым и щIалэ закъуэр зэрымытэмэмым, икIи пащтыхь къызэрыхэмыкIынум. Дауи, ар анэгум къеуэрт, къефыкIырт. Арами, адрейхэр пщым зэи тригъэпсэлъыхьыртэкъым, и дагъуэм гу лъатэуи хуэшэчыртэкъым. Анэм и гукъеуэр абы тIуащIэ ищIырт. Гуащэм хузэфIэкIынур зы закъуэти, Хьэтусилэ иригъэукIыну мурад быдэ ещI. КъыгурыIуат нэгъуэщIу зэрыпэмылъэщынур. Мысырыдзэр зэхэзыкъута дзэзешэм и блыгущIэтхэр и блыгущIэту, абы пэщIигъэувэн къару дэнэт Шэтэнду къыздрихынур?! Хьэтусилэ лIэмэ, ТIэшуб и гур нэхъ зэгъэну къыщыхъурт тажнанэм. КъыщIэгубжьын щхьэусыгъуэ имыIэмэ, пщым и къытехьэхэри нэхъ мащIэ хъунут.

Тажнанэм апхуэдизкIэ куэд зэхигъэзэрыхьати, иджы къикIуэти къэгъази иIэжтэкъым. Нэху щыху щысащ ар гупсысэу, иджыри зэ псори фIыуэ зэпишэчыжу. Пщэдджыжьым лIыукI нэхъ Iэзэ дыдэу игъуэтыр ириджащ, Хьэкъмыс иутIыпщу, Хьэтусилэ гъуэгу къытемыхьэ щIыкIэ иригъэукIыну.

## *Си гъащIэр уи щхъэузыхъщ!*

Хьэтусилэ зыщигъэпсэхунум, щыгупсысэнум деж щакIуэ кIуэрт. Абы къыпэщылъыр зэрыIуэхушхуэр, зэрыIуэху гугъур ищIэжырти, къриджа дзэпщхэр къызэхуэмыс щIыкIэ, щакIуэ кIуэну мурад ищIащ. Тутхьэлийрэ Алэдамэрэ щIыгъуу, мэзымкIэ яунэтIауэ, гъуэгу здытетым, Хьэтусилэ игу къэкIыжащ и вакъуэр зыщыщымкIэ зэи зэрыщIэмыупщIар. Алэдамэ Хьэтусилэ деж зэрыщыIэрэ илъэс

пщыкIутI хъуат, ауэ а зэманым къриубыдэу зэи еупщIатэкъым ар сыт хуэдэ лъэпкъ къыхэкIами, дэнэ щалъхуами, дауэ щхьэхуимыт хъуами.

– Алэдамэ! – и сэмэгурабгъумкIэ къыщыт щIалэм хуеплъэкIащ Хьэтусилэ.

– СынодаIуэ, зиусхьэн.

– Сэ зэи сыщIэупщIакъым узыщыщ лъэпкъым. ПщIэжрэ щхьэхуимыт узэрыхъуа щIыкIэр?

– СощIэж, зиусхьэн. Тенджыз ФIыцIэм адрыщIкIэ щыпсэу лъэпкъым сыщыщщ сэ – мэуэтхэм.

– ЩIыпIэ дахэ хъунщ ар... – фIэгъэщIэгъуэнщ Тутхьэлий.

– ЛIы гуащIэхэмрэ бзылъхугъэ телъыджэхэмрэ я хэкущ ар, си къуэш. Сэ щIыналъэ куэдым сыкъыщыщIидзащ, куэди си нэгу щIэкIащ, ауэ си хэкужьыр псом нэхърэ нэхъ дахэу, нэхъ IэфIу сигу къинэжащ. Си нэгу щIэтщ ар иджыпстуи. СызэрыцIыкIуам щхьэкIэ, апхуэдэу къысщыхъуу арагъэнщ, – пыгуфIыкIащ щIалэр.

– ГъэщIэгъуэнщ, – и щхьэр ищIащ Хьэтусилэ. – АтIэ, дауэ укъыщыхута Хьэт къэралыгъуэм?

– Си адэр пщыт (Хьэтусилэ ар щызэхихым къэуIэбжьащ). Ди дежкIэ хабзэщ пщыхэм я къуэр илъэситху зэрырикъуу, пщIэ зыхуащI, лIы Iущу, зауэлI хахуэу зи цIэр Iуам ирату, балигъыпIэ иувэху ирагъэпIыныр. Вакъуэу ират, кIэщIу жыпIэмэ. ЩIалэ цIыкIур сащ, балигъ хъуащ, щыжаIэм деж, вакъуэм хузэфIэкI къимыгъанэу, тыгъэ лъапIэхэмрэ уанэш зэщIэуузэдарэ иретри, щIалэр и адэм хуешэж. Абы папщIэ, пщым джэгушхуэ къызэIуехри, жэщищ-махуищкIэ ефэ-ешхэу, зэпеуэхэр ирагъэкIуэкIыу зэхэтщ. Иужьым, пщым вакъуэ благъэм дуней фIыгъуэр тыгъэ хуещIри, ирегъэжьэж. Сэри вакъуэ адэм деж илъэсиплI хъуауэ сыщыIэт абы щыгъуэ. Бдзэжьей дещэу тенджыз Iуфэм дыIутт, хытет бзаджащIэхэр къыщыттеуам. Си нэгу щIэтщ нобэр къыздэсым а махуэм ди къуажэр Iисраф зэращIауэ щытар. Сабийуэ ягъуэтыр къызэщIакъуэри, зэщIэгъуагэу, кхъухьым драшеящ. Сэ си вакъуэ адэм сигъэпщкIуат, абы си адэм деж жэуап щихьырт сэркIэ. ЯукIащ вакъуэ адэр. Сэри сыкъагъуэтри, адрей цIыкIухэм гъусэ сыхуащIащ.

Хьэтусилэ щIэмыупщIэми ищIэрт хамэ щIыпIэ къыщыхута сабийм бэлыхьу телъымрэ ишэчымрэ зыхуэдэр. Езым игъэват а псор зэгуэр. Хьэтусилэ и сабиигъуэр игу къэкIыжри, щIалэщIэм нэщхъей-нэщхъейуэ хуеплъэкIащ, «укъызгуроIуэ», жыхуиIэу.

– Дауи, жэщкIэ уепщIыхь хъунщ а махуэм?! Апхуэдэр щIэх щыгъупщэркъым цIыхум, – Хьэтусилэ и гупсысэхэр къызэпиудащ Тутхьэлий.

– ПцIы супсынкъым, сепщIыхьырт. Ауэ сэ мыбы унагъуэ щызгъуэтыжащ, тхьэхэм жагъуэу сыкъалъагъу хъунтэкъыми, – пыгуфIыкIащ Алэдамэ.

– Уи хэкум бгъэзэжыну ущIэхъуэпсрэ? ЕмыкIу усщIынукъым, уи гум илъыр жыIэ, – щIоупщIэ Хьэтусилэ.

– Сэ зыри къыщызэжьэркъым абы, зиусхьэн. Ар быдэу сощIэ, – Алэдамэ и макъыр иришэхри, щтэIэщтаблэу къызэплъэкIащ. – Щэхуу! Зыгуэр зэхызох.

Шууеищыр, яшхэр къыжьэдакъуэри, къепсыхащ. Къэхъуари къызэрыхъуари зэуэ къагурыIуакъым, ауэ Алэдамэ напIэзыпIэм зидзщ, Хьэтусилэ зытриубгъуэри, ириудащ.

– Зиусхьэн! – щэху дыдэу Iущэщащ зи нэр щIилъафэ щIалэр.

Тутхьэлий шым зридзри, Алэдамэ и щIыбым хэлъ шабзэр къызыхэлъэта пабжьэмкIэ зричащ. Хьэтусилэ и щIалитIым я зыр, лIами псэуми имыщIэу, и куэщIым илът, адрейм, къигъэзэжынуми имыщIэу, бзаджащIэр ирихужьат.

– Алэдамэ! Къаплъэт мыдэ, си щIалэ! Алэдамэ, сызэхэпхрэ? Уи нэр зэтумыпIэ, къызэплъ, – гужьеят Хьэтусилэ.

ГъащIэ зылъэгъуа, зауэ куэд зи нэгу щIэкIа, хьэдэ бжыгъэншэхэр зыгъэсыжа лIыр Iэнкун хъуат, къуэ пэлъытэ хуэхъуа щIалэр къыщызэфIэщахэм. Ар зытрагъэпсар езы Хьэтусилэмэ, къемылын хуэдэу шабзэпэм щхъухь пылъынкIэ хъунут. ЩIалэм и щIыбым хэлъ шабзэр икIэщIыпIэкIэ къыхэхын хуейт. Хьэтусилэ зыкъищIэжри, кууэ хэлъэда шабзэшэр къыхичащ. Алэдамэ и джанэр зэфIитхъыу щеплъым, лIым къыгурыIуащ нэхъ зыщышына дыдэр къызэрыхъуар – шабзэпэм щхъухь пылъат, уIэгъэм ихъуреягъкIэ удзыфафэт. Абдеж нэхъыбэ дыдэу хуэщIэнурати, Хьэтусилэ къэрабэрэ шыпсыранэрэ къурифыщIыкIщ, щIалэм и уIэгъэм трилъхьэщ, шыплIэм дилъхьэри, пIащIэу уардэунэм игъэзэжащ.

– Iэзэм феджэ, псынщIэу! – ину джэурэ дэлъэдэжащ Хьэтусилэ сэрейм. – Тутхьэлий мэзым щIэтщ, фыпежьи къэвгъуэт. ПсынщIэу! ПсынщIэу! Iэщэ къафщтэ. Псэууэ къысхуэфшэ ар зыщIар. ЗыIэщIэвмыгъэкI! – зимыщIэжу ар кIэлъыджэрт шууей гуп зэрыдэхам.

Алэдамэ и уIэгъэм къижа лъыр зи щIыфэм кIэрыгъуа Хьэтусилэ зыкъыхуэщIэжыртэкъым, зэщIэкIэзызэрт. ИщIэнур имыщIэу, къикIукI-никIукIыу, ар пырхъуэм тетт, ину щатэу, и щхьэр фIиудыжу, зэм бжэм Iухьэрэ, щIыхьэну темыгушхуэу къикIуэтыжу, зэми и къуэм кIэлъыкIуэну ежьэрэ къигъэзэжу. Дэдей ар зыкIи тригъэуфыртэкъым. ЦIыхубзым и нэпсыр ирилъэщIэкIыу лъэныкъуэкIэ щытт. Бжэр къыIуахри, махуэ ныкъуэкIэ Алэдамэ деж щIэса Iэзэхэр къызэрыщIэхыжащ.

– Сыт? Псэу? – яжьэхэлъэдащ абыхэм Хьэтусилэ.

Iэзэхэм зралъэфыхьырт.

– Псэу? – ятекIиящ лIыр.

– Зыгуэр жыфIэ! – къэлъэIуащ Дэдей.

– Зиусхьэн, щIалэр лъэрымыхь дыдэщ. СщIэркъым нэху къекIынуми, ауэ ди къару къихь къэдгъэнакъым. УIэгъэр дгъэкъэбзащ, щхъухьыр Iэпкълъэпкъым къизышын хущхъуэ еттащ. ЩIалэр къыщыпхыыжым и уIэгъэр зэрумыпхар нэхъыфIщ, зиусхьэн, лъы къикIам щхъухьым щыщи къурилъэсыкIащ, – къэпсэлъащ зи жьакIэхур зи бгъэгум теуэ лIыжь Iэзэр.

– Сыт ухуейми щIэ, ауэ Алэдамэ псэун хуейщ! Сызэхэпхрэ? Псэун хуейщ! – хикъузэу жиIэрт Хьэтусилэ.

– УкъыщхьэщымыкI мыбы. Сыт хуэдэ хущхъуэ ухуейми, къэдгъуэтынщ. КъызэфIэгъэувэж закъуэ! – и Iэр и гум телъу лъаIуэрт гуащэри.

– СлъэкI къэзгъэнэнукъым. Тхьэхэм гущIэгъу къытхуащIмэ, къызэфIэувэжынщ щIалэр, – игъэзэжри, бжэр къыхуищIыжащ Iэзэм.

– Зиусхьэн! Тутхьэлий къэсыжащ, – абы хэту зы зауэлI пырхъуэм къытелъэдащ.

– Си къуэ закъуэр псэууэ къекIуэлIэжащ! – и гур зэгъэжауэ, гуфIэгъуэ нэпсыр къыфIежэхырт Дэдей.

Хьэтусилэ пщIантIэкум къыщихьэм, Тутхьэлий и шыплIэм дэлъу къихьа лIыукIыр къридзыхри, и адэм и пащхьэ къридзащ. Хьэтусилэ

лIыукIым щхьэщыхьэщ, щхьэцыкIэкIэ къыщилъэфри, лъэгуажьэпэкIэ игъэтIысащ.

– Хэт укъэзыгъэкIуар? – и дзэр зэтекъузауэ щIэупщIащ ар.

ЛIыукIыр щымт, жэуап итынуи зигъэхьэзыртэкъым.

– Уэ укъызыкIэлъыкIуар сэрат, нэгъуэщIтэкъым. Пэжкъэ?

ЛIыукIым и щхьэр ищIащ.

– Хэт укъэзыгъэкIуар? – щIэкIиящ абы Хьэтусилэ.

Сабэмрэ лъымрэ зэхэзэрыхьыжауэ зи напэр фIей лIым и нэхэр шынагъуэ гуэру къицIыщхъукIыу къыпщыхъурт. И дзэ гъуэжьхэр къигъаплъэу пыгуфIыкIри, «сыт ухуейми къызэщIэ, жысIэнукъым», жыхуиIэу, къыдэплъеящ ар.

– Уэ улIыукI Iэзэщ, унэхъыфI дыдэщ, уи закъуэ укъыщежьакIэ. Дауи, ущыгъуазэу къыщIэкIынщ цIыхур къызэрагъэпсалъэ Iэмалхэм?! – и щхьэ хужиIэж хуэдэ, щIоупщIэ пщыкъуэр.

– Ди адэ, бзагуэу къысфIощI мыр. КъызэрытIэрыхьэрэ, сыт едмыщIами, зы быхъ жиIакъым, – къэпсэлъащ Тутхьэлий.

ЛIыукIыр нэхъ шынагъуэжу къэдыхьэшхащ.

– Iуфш мыр! Хьэпсым ивдзэ. Фымыгъашхэ, псыи евмыт. Дауэ фыхуейми фщIы, сыт фыхуейми ефщIэ, къэзыгъэкIуар къевгъэIуатэ, – жиIэри, лъэныкъуэкIэ еплъэкIащ Хьэтусилэ.

– Ди адэ, Алэдамэ сыт и лажьэр? – гъунэгъу дыдэу и адэм бгъэдэкIуэтащ Тутхьэлий.

– Хьэлъэщ. Шабзэшэм щхъухь пылъу къыщIэкIащ. Уэ сыт ухуэдэ езыр, зыри къыплъэIэсакъэ, си щIалэ? – Хьэтусилэ гужьеяуэ и къуэр зэпиплъыхьырт, къриIуэнтIэкIыурэ.

– Хьэуэ, хьэуэ, сэ сыхъарзынэщ.

– Сыту фIыт! ТхьэлъэIу сщIыжын хуейщ, тхьэхэм укъызэрысхуахъумам папщIэ! – и къуэм IэплIэ хуищIащ Хьэтусилэ. – Афэрым, си щIалэ хахуэ!

И напIащхьэр къытебэгауэ, махуэ псом мыувыIэжыфу гъуэгыу щысащ Нэптерэ. Абы къыщыхъурт Алэдамэ и нэр къызэтримыхыжмэ, езыми и гур къэувыIэну, арыншауэ мыпсэуфыну. Нэптерэ и лэгъунэм къыщIэкIыртэкъым, пырхъуэми къытехьэртэкъым, Алэдамэ илъагъунуи тегушхуэртэкъым. Зимыгъэхъейуэ пIэкум ису арат. Гупсысэу, гъыуэ. Нэхъ гувауэ Тэшмий щIыхьащ абы и деж.

– Нэптерэ, си шыпхъу дахэ, нобэрей махуэм укъыщIэкIакъым. Сыт уи лажьэр? Щхьэ апхуэдизу угърэ? – и шыпхъу нэхъыжьым и щхьэм едэхэщIащ ар.

Зыгуэрым уфIэгуэныхь щыхъум деж нэхъри уи гъын къакIуэркъэ – Нэптерэ зэщыджэу гъуэгыу и шыпхъу цIыкIум зришэкIащ.

– Алэдамэ пфIэгуэныхь хъуауэ ара? Сэри си жагъуэ хъуащ, – щабэу телъэщIыхьырт ар Нэптерэ и щхьэм, и дамэхэм.

– Сыт жаIэр, Тэшмий? Нэхъыфl хъуауэ пIэрэ? – и щхьэр къиIэтри, и шыпхъум и нэ къарэхэм щIэплъащ Нэптерэ.

– Хьэлъэу жаIэ, – и дамэр дришеящ нэхъыщIэм.

– Си тхьэмыщкIэ мыгъуэ... А, сэ си тхьэмыщкIэ цIыкIу мыгъуэ! – и щхьэр зэрихьэрт Нэптерэ. Гузасэрт.

– НакIуэ, дыщIэупщIэнщ, – къыхилъхьащ Тэшмий.

– НакIуэ! НакIуэ иджыпступцIэ. Хэт сыт хуейми жрыреIэ. Сыарэзыщ. НакIуэ, – япэ ищри, щIэпхъуащ Нэптерэ.

Тэшмий и шыпхъу нэхъыжьым лъэщIэмыхьэу кIэлъыжэрт. Алэдамэ и бжэм деж щыт хъумакIуэхэми гу ялъимытэу, щIэсIами къыфIэмыIуэхуу, кIуэрыкIуэм тету бжэр Iуихри, Нэптерэ щIэлъэдащ. Лъы ткIуэпс щIэмытыж хуэдэ, Алэдамэ и фэр пыкIауэ, пIэм иукъуэдияуэ щилъагъум, пщащэр къащтэри къикIуэтыжащ, и Iупэри IитIкIэ иубыдыжащ. Ар зыщышынар пэшым Тутхьэлий зэрыщIэсыр аратэкъым, атIэ Алэдамэ лIа и гугъауэ арат.

– Тутхьэлий... Сыт? Сыт... Псэу? – зыхуэгъэхъейртэкъым Нэптерэ.

– Щхьэ укъэкIуа мыбы жэщыбгым? Ди адэм укъилъагъумэ, сыт жиIэн?! – ткIийуэ къеплъащ абы и дэлъхур.

– КхъыIэ, къызжеIэ! Псэу? – пщащэм и нэпсыр и жьэпкъыпэм аргуэру къежэхащ.

– Псэущ-тIэ! – Тутхьэлий, зэрешари и жеин къызэрыкIуэри къапщIэу, Алэдамэ хуеплъэкIащ.

– Тутхьэлий, сэ сыщIэсынщ. Уэ кIуэ, зыгъэпсэху, – Нэптерэ хуэмурэ гъуэлъыпIэмкIэ кIуэтащ.

– Сыт жыпIэр? Сыту цIыхухъу лэгъунэм уи закъуэ укъыщIэзмынэрэт! – къыхуилъащ абы дэлъхур.

– СынолъэIу, си дэлъху закъуэ! Хэт сыкъилъагъуми, сыт къысхужаIэми сыарэзыщ. ЗытIэкIурэ сыбгъэдэгъэс, – зэрыбыным я нэхъыжь и дэлъхум и пащхьэ иуващ Нэптерэ.

– СщIат сэ фэ тIум фи зэхуаку зыгуэр зэрыдэлъыр... Пырхъуэм сытетынущ. Бгъэдэс тIэкIурэ, – жиIэри, щIалэр мыарэзыуэ и шыпхъум хуеплъэкIащ.



Тутхьэлий пэшым зэрыщIэкIыу, Нэптерэ гъуэлъыпIэм бгъэдыхьэри, Алэдамэ и Iэм щабэ дыдэу теIэбащ. И псэр зыхьэхуа щIалэм деж щIагъэхьатэмэ, псэкIэ зыхищIэу асыхьэту къигъэхъужыну, псалъэ дахэ Iэджэ жриIэурэ, и гур фIы хуищIыжыну къыщыхъуат. Ауэ Алэдамэ лIарэ псэурэ къыпхуэмыщIэу, и фэр пыкIауэ щылът. Нэптерэ гъуэлъыпIэ дзакIэм щетIысэхри, Алэдамэ и нэгум хуиту иплъащ. Ар щIалэ гурыхьт, Iэпкълъэпкъ уардэт, и нэкIур зэхэхауэ, щабэу зэхэлът. Мыпхуэдэу гъунэгъуу, хуиту, и нэр щызу фIыуэ илъагъур зэпиплъыхьауэ къыхуэщIэжыртэкъым Нэптерэ. Зэ закъуэ и нэр къызэтрихатэмэ... И нэкIум лъы къыщIэлъэдэжатэмэ... Къэтэджыжатэмэ... Сыти ищIэфынут, сыти итыфынут пщащэм абы щхьэкIэ.

– Хэт мыгъуэм укъыхигъэщIа, си псэ закъуэ?! Си аслъэн хахуэ, – Нэптерэ зригъэзыхри, Алэдамэ и Iэр езым и нэкIум кIэрилъхьащ. – Мыпхуэдэу зэ Iэ къыздэплъамэ... Мы дунейм фIыгъуэу тетыр стынт, уи нэр къызэтепхыу, фIыуэ сыкъызэрыплъагъур зэ закъуэ къызжепIэжатэмэ! ПщIэрэ, Алэдамэ, япэ дыдэ узэрыслъагъурэ си гур къыщIеуэр уэращ. Мы си гум щызгъафIэу хъуар – лъагъуныгъэу, гуапагъэу, IэфIу збгъэдэлъыр – зыхуэзгъэтIыгъуэр уэращ. Уэ узимыIэжмэ, зыри сыхуеижкъым. Алъандэрэ зэхуэтхьэса хъугъуэфIыгъуэр бзэхыжмэ, си гум зыкIи схуэмыгъэнщI фIыцIагъэшхуэ къинэнущ. СыщIэбауэми, сыщIэпсэуми мыхьэнэ имыIэу, хьэдэджадэу дунейм сыкъытенэнущ, уэ узимыIэжмэ...

Алэдамэ гъащIэ хуабагъ тIэкIу къызэрыхэнам и щыхьэту, мащIэу и бгъэр хъейрти, зэрыбауэр къапщIэрт. Хъыджэбзым и щхьэр трилъхьащ щIалэм и бгъэм. Дыгу-дыгу-дыгу... Псэут. И гур къеуэрт хуэм дыдэу.

– Сэ си гур узот, Алэдамэ. Мы си гур си бгъэм къистхъыжрэ, ууейм ислъхьэфатэмэ! – аргуэру и нэпсыр къыщIэжащ. – Сэ зыкIэ фIыуэ узолъагъури... Си гъащIэм и мыхьэнэ нэхъыщхьэ ухъуащ, Алэдамэ. Си Iэпкълъэпъым зригуэшащ уи лъагъуныгъэм. Зыри

5 Заказ №27

къысфIэIуэхужккъым... Уэ зыращ нэхъапэр. Псом нэхърэ нэхъапэр! КхъыIэ, си закъуэ дыдэу сыкъыумыгъанэ! Уэ узытемыт дунейр сцIыхукъым, сыщошынэ абы. Сызэхэпхыу щытмэ, Алэдамэ, зэгъащIэ, сэ уэ фIыуэ узолъагъу. КхъыIэ, зытумыгъакIуэ ажалыр... – Iущащэрт Нэптерэ.

Пщащэм, зыхуэмыIыгъыжу, ищIэми емыгупсысыжу, Алэдамэ и Iупэм ба хуищIри, и щхьэр щIалэм и бгъэм трилъхьащ. Абы хэту, Тутхьэлий бжэр къыIуихри къыщIыхьащ:

– ЩIэкI псынщIэу, зыгуэр къокIуэ.

Нэптерэ и гум къыщIитхъыу Алэдамэ дежкIэ зэ еплъэкIыжри, щIэжыжащ. Тутхьэлий ар лэгъунэм чачэу ишэжри, хуилъащ:

– Сыт а слъэгъуар зищIысыр, Нэптерэ?

– Сыт плъэгъуар? – къыфIэмыIуэхуу, и нэпсыр ирилъэщIэкIыу щыст пщащэр.

– Алэдамэ ба хуэпщIащ!!! – зэригъэщIэгъуэнур къыхуэщIэртэкъым дэлъхум.

– ПщызбзыщIынукъым, Тутхьэлий. ГукIи псэкIи фIыуэ солъагъу Алэдамэ. Зыри схуещIэнукъым сэ а гурыщIэм. Нобэ-ныжэбэ къысхэхъыжьа делагъэкъым. Аращ си дыгъэри, си мазэри, си гъащIэри. ЕмыкIу сыкъыумыщI, – и щхьэр ирихьэхащ хъыджэбзым.

– Уэху! – щатэри, Тутхьэлий шэнтым етIысэхащ. – Зыми къищIэ хъунукъым ар. Псом хуэмыдэу, ди адэм.

– Сэ иджыпсту зы щытыкIэ хьэлэмэт гуэрым ситщи, Тутхьэлий, мы дунеижьыр къутэжми, уафэр къещэщэхыжми, сыарэзыщ. Зыри къысфIэIуэхужккъым, – щэху дыдэу жиIащ Нэптерэ.

– СщIэркъым пхуэсщIэнур. Сытыр ди Iэмал?! Сэ сэлъытаращи, уи щэхур си хьэдрыхэ щэхущ. Уэри зышыIэ, зыгъэбыдэ. Апхуэдэу къаруншэу ущымыт. Иджы гъуэлъи зыгъэпсэху, жей, – Тутхьэлий зыкъиIэтри къыщIэкIыжащ.

А жэщ дыдэм Дэдей тхьэгурымагъуэ кърикIыжащ, Алэдамэ иригъэIэзэну.

– Умыгузавэ, си гуащэ, а гыным и зы хущхъуэгъуэ мы дунеижьым тету, щIалэр зыIэщIэдгъэкIынкъым, – Алэдамэ зыщIэлъ пэшым кхъуэщынышхуэ IэщIэлъу щIэуващ фызыжь Iэгъуурлъэгъур цIыкIур.

– Сыт мы къэпхьар зищIысыр? – бгъэдыхьащ абы Дэдей.

– Псы хущхъуэщ мыр, гуащэ. ЦIыхулъэ зэи здынэмыса къурш лъагэм къыщIэж псы хущхъуэщ. Сытебжащи, нэхъри сэбэп хъун хуейщ, – кхъуэщыныр Iэнэм тригъэувэри, и Iэпэ къэрэкъэшхэр зэщIэпIиеу, щIалэм и бгъэм теIэбащ ар.

– Сытуи щхъухь гуащIэт... Насып иIэти, щIалэ узыншэщ, къаруфIэщ, армыхъумэ зэуэзэпсэу иукIат. «Псэуну малIэ», жыхуаIэм хуэди мыр! ГъащIэмкIэ къоIэ. ДыдэмыIэпыкъуу хъунукъым. Сыту фIыуэ укъызэджат, – гуапэу гуащэм къыхуеплъэкIащ фызыжь тхышэр.

– ПлъэкI лъэпкъ къыумыгъанэ уэ! – фызыжьым зэран хуэмыхъуу, къикIуэтыжащ Дэдей.

Тхьэгурымагъуэм къихьа псыр фалъэшхуэм иригъахъуэщ, хъыдан къабзэ абы хищIэри, Алэдамэ и щIыфэм тебжэурэ зэрыщыту зэпилъэщIыхьащ. Фызыжьым залымыгъэкIэ лъыр зэригъакIуэ нэхъей, щIалэм и Iэпкълъэпкъыр ишытIащ. Аргуэру зэпилъэщIыхьащ. Апхуэдэу щэнейрэ ищIа нэужь, и жыпым сэ цIыкIу кърихщ, Алэдамэ и Iэблэм деж зы лъынтхуэ щызэпигъэжри, кумбыгъэ кIэщIигъэувэжащ.

– Мис, гуащэ! – кумбыгъэм къилъэда лъы фIыцIэр хуишиящ. – КъыщIэкIащ щхъухьыр. ДяпэкIэ нэхъыфI хъун хуейщ. Умыгузавэ.

– Зэи слъэгъуакъым лъы фIыцIэ, – игъэщIэгъуащ Дэдей.

Алэдамэ и Iэблэр фIипхыкIри, фызыжьыр къыщIэкIыжащ.

– Кхъуэщыным къина псы хущхъуэм щIалэр егъафэ, гуащэ. Махуэ зы-тIукIэ зыкъищIэжынщ.

– Алэдамэ узыншэу къэтэджыжмэ, узгъэфIэжынщ, иджыпстукIэ мыр къащтэ, – жиIэщ Дэдеи, фызыжьым IэщIилъхьащ чысэ хьэлъэ цIыкIу.

– Тхьэхэм я нэфIыр къыпщыхуэ, гуащэ, – жиIэри, тхьэгурымагъуэр жэщ кIыфIым хэгъуэщэжащ.

## *ГурыIуатэ*

КъыкIэлъыкIуэ махуэм бейгуэлхэр къыщызэхуэсащ Хьэтусилэ и уардэунэм. КърихьэлIат псори, Амыреймрэ КъуэкIийуэдымрэ япщхэм къиищынэмыщIа. Хьэт къэралыгъуэм хиубыдэ щIыналъэхэм я лIыкIуэхэр, хы Курытым и хытIыгухэм япщхэр къэкIуат. Хьэтусилэ ахэр Iуэхур зыIутым щыгъуазэ ищIащ.

– Тхьэхэм сыкъалъагъу, нэхъапэIуэкIэ сэ си гум илъакъым апхуэдэ бзаджагъэ. Сыхуеякъым си къуэш быным – ди пщышхуэм – сыпIэщIэувэнуи, тетыгъуэм щхьэкIэ сезэуэнуи. Ауэ фэ псоми флъэгъуащ ТIэшуб зэрымыузыншэр, тажнанэм и унафэхэми я сэбэп къызэрыдэмыкIыр. Си бзэр схуэгъэкIэрахъуэркъым ар жысIэну, ауэ тетыгъуэр къытесхыну мурад сщIащи, абыкIэ фыарэзымэ, сывгъэзахуэмэ, фыкъыскъуэувэну сыхуейт. Фымыарэзыми жыфIэну фыхуитщ, – игу илъыр яхуиIуэтащ Хьэтусилэ.

– Дэ псори фIыуэ къыдгуроIуэ икIи ди нэгу щIэкIащ, дгъэунэхуауэ дыщыгъуазэщ ТIэшуб пащтыхь зэрытхуэмыхъунур. Илъэсибл мэхъу абы унафэр къызэрылъысри, къэралыгъуэр щыхупIэм иришэлIа мыхъумэ, ифI къыдэкIакъым. Ауэ, Хьэтусилэ, ди хабзэм идэу пIэрэ пщыр букIыну? – псом япэ къэпсэлъащ къашкъэхэм япщ Нурдыгъэл.

– Пэжщ къашкъэм жиIэр. Хэт илъэгъуа пщыр адэ къуэшым трихуу? Пщыгъуэр зылъысыр пщым и къуэрщ е и малъхъэрщ, – жиIащ Ахей.

– Пэжщ жыфIэр, сыхуиткъым. ТIэшуб сукIынуи зызгъэхьэзыркъым. Нэхъ тэмэму жыпIэмэ, сыхуитакъым иджыри къэс. Ауэ, сыхуейт утыкум зыгуэр къисшэну, абы жиIэм федэIуэну, – Хьэтусилэ бжэм деж щыт Тутхьэлий щыхуеплъэкIым, щIалэр щIэкIри, Вындэшынэ къыщIишащ.

Хьэпсым иса лIым зэIущIэм щищIэри, Хьэкъмыс щIыщыIэри къагурымыIуэу, хасэм къекIуэлIахэм зэрызехьэн щIадзащ.

– Сыт мыбы хасэм щищIэр? Зэ къызэропцIыжар пфIэмащIэу, иджыри бзэгузехьэу къебджауэ ара? – къытехьащ Къаркъэмышым я пщыр.

– Щэхуу! – и макъым зригъэIэтащ Хьэтусилэ. – Вындэшынэ, къэкIуатэ мыдэ. ЖыIэ.

Пщызэхуэсым хэтхэр зэплъыжырт, зэрымыарэзыр къапщIэу, я щхьэр ягъэкIэрахъуэрт, зэман ягъэкIуэду къызэрызэхуэсам хущIегъуэжа хуэдэ...

– Пэжщ, сэ щыуагъэ куэд сIэщIэкIащ, куэди зэхэзгъэзэрыхьащ, ауэ си Iэужьыр згъэзэкIуэжын схузэфIэкIынущ. СыкъывгурыIуэнуи сыщогугъ, – кърригъэжьащ Вындэшынэ.

Псори щым хъуауэ абы едаIуэрт.

– Шэтэнду си унагъуэр иубыдауэ, щIыунэм щиIыгъти, си унафэ ящIыну утыку сыщрашам, Iуэхур зыIутыр жысIэ хъуакъым. Пщымрэ тажнанэмрэ зэрыхуейм хуэдэу, зыри жызмыIэу, си унафэ езгъэщIащ, си унагъуэр къаутIыпщыжын си гугъэу. Ауэ си къуэр яукIащ, си щхьэгъусэр хьэпсым илIыхьащ. Хьэтусилэ и фIыгъэкIэ, сипхъу закъуэр, мылIэмыпсэууэ хьэпсым Iей ихъухьауэ къагъуэтыжри, къысхуадыгъужащ.

– Къэблэжьа хъунт ар уэ зыгуэркIэ? – къэпсэлъащ Ахей.

– МывэтIалэ зыгъэлIар Шэтэндущ, – къекIуэлIахэм нэмыплъ къызэрыхуащIыр къыщыгурыIуэм, и макъым зригъэIэтащ Вындэшынэ.

Псори Iэнкун хъуауэ еплъащ абы.

– МывэтIалэ къыгурыIуэрт и къуэ закъуэм къэралыр зэрыхуземыхьэнури, хабзэм зэхъуэкIыныгъэ хилъхьэу, Хьэтусилэ пщыгъуэр лъигъэсыну хуеящ. Аращ Шэтэнду ар щIигъэлIар. Сэ си нэкIэ слъэгъуащ МывэтIалэ и унафэм щыхьэт техъуэ тхыгъэр, езы пащтыхь уардэм и дамыгъэр тету. Иужь дыдэ дызриджауэ щыта пщызэхуэсым, а унафэм щыгъуазэ дыщищIу, Хьэтусилэ пащтыхьыгъуэр къызэрыхуигъанэр къыщыджиIэну арат. Ауэ, хунэсакъым. Щхъухь ирагъэшхыурэ къекIуэкIар ягъэлIащ. Тхыгъэри тажнанэм игъэсыжащ.

– Уэ дэнэ а къомыр щыпщIэр? – ней-нейуэ къеплъащ абы ЦIру.

– ЗэрыфщIэщи, Шэтэнду сэрэ зы лъэпкъым дыщыщщ. Абы дзыхь къысхуищIырт, и къуэм зэгуэр пащтыхьыгъуэр къылъысмэ, дамэгъу сащIыну къысщыгугъырт. МывэтIалэ щхъухь зэрыратым зыри хэсщIыкIакъым, армыхъумэ, зэи пэшэгъу сщIынтэкъым. Ауэ тхыгъэр Шэтэнду къигъуэту, Хьэтусилэ игъэкIуэдыну и ужь къыщихьэм, хуэздатэкъыми, бзэгу ихьыжынущ, жиIэри, си унагъуэр иубыдащ. Зыри хуэзмыщIэфурэ яукIащ ди пащтыхьыр, итIани схузэфIэкIынутэкъым Хьэтусилэ хъыбар езмыгъэщIэну. Фэ псоми фощIэ пащтыхьыгъуэр мы лIым нэхърэ нэхъ зыхуэфащэ зэрыщымыIэр. Япэм щыгъуэ пщым и къуэри и къуэшри зэхуэдэу хуиту щытащ тетыгъуэр къылъысыну. МывэтIалэ а хабзэр къиштэжыну хуеящ. КъищынэмыщIауэ, ди пщышхуэм и лъэужь кърипнэм и цIэр кърпмыIуэ щIыкIэ дунейм ехыжащ. Ар къэплъытэмэ, ТIэшуби хуиттэкъым пащтыхь тахътэм тетIысхьэну.

Пщыхэр хэгупсысыхьащ. Дэтхэнэ зыми зэхихар гукIэ зэхуигъэхъу хуэдэт. ЗэIущащэу тэлайкIэ щыса нэужь, Нурдыгъэл къэтэджри:

– Уи псалъэхэм щыхьэт техъуэ зыгуэр, сыт ищIысми, уиIэ, Вындэшынэ?

– Вындэшынэ иIэкъым, ауэ сэ сиIэщ, – къэпсэлъащ Тутхьэлий. – Ди адэ, хуит сыкъэпщIмэ...

Хьэтусилэ и щхьэр ищIащ. Тутхьэлий бжэм теуIуэри, махуэ бжыгъэкIэ ямыгъэшха, псы ткIуэпс зи джий емыха лIыукIыр къыщIалъэфащ. Ар икъукIэ теплъаджэт. Хуабжьу зэраубэрэжьари, къагъэпсэлъэн папщIэ лей зэрырахари наIуэт.

– Дэнэ къифха мы хьэщхьэвылъэр? – къыщылъэтащ ТэрхъунтIасэм я пщыр.

– ПцIыхурэ мыр, Хуций? – хуеплъэкIащ абы Хьэтусилэ.

– Дауэ сымыщIыхунрэ, Хьэтусилэ. Мыбы нэхъ лIыукI гущIэгъуншэ щыбгъуэтынкъым ипщэ щIыналъэхэм.

– АтIэ, мис мыбы ди адэр иукIыну къыкIэлъыкIуат, зиусхьэнхэ. Тхьэхэм гущIэгъу къытхуащIри, къытхуахъумащ. Ауэ Алэдамэ ди адэм зытриубгъуэри, лIыукIым къиутIыпща шабзэшэр техуауэ, и псэм йоджэри телъщ. Махуэ бжыгъэ мэхъури зыкъищIэжакъым.

– Зыкъиумыса мыбы? КъывжиIа хэт къигъэкIуами? – зэщIэхъеящ пщыхэр.

– ЖыIэт! Хэт унафэ къыпхуэзыщIар? – елъэдэкъэуащ абы Тутхьэлий.

ЛIыукIым апхуэдизкIэ и фэр ирахати, и бзэгур ерагъыу хуэгъэкIэрахъуэу арат.

– Ину! – щIэкIиящ абы Тутхьэлий.

– Тажнанэм... Тажнанэращ сыкъэзыгъэкIуар. Шэтэнду... – и къарур зэхуихьэсыжри, къэпсэлъащ лIыукIыр.

Хьэтусилэ и хьэщIэхэм яхэплъащ.

– Сыт жыфIэр, си ныбжьэгъухэ?! Сыт сэ сщIэн хуейр иджы?

– Мыбы къыщапсэлъа псори зэхуэбгъэхъужрэ, уегупсысмэ, МывэтIалэ къыпхуигъэфэща тетыгъуэр къэбзэужын хуейуэ аращ, Хьэтусилэ. Абы фIэкIмэ, ТIэшуб и зэранкIэ дыкIуэдыжынущ, – жиIэщ Нурдыгъэли къыщIигъужащ: – Сытым дежи хуэдэу, сэ сыпкъуэтщ.

– Пхуэфащэщ уэ а тахътэр! Сыпкъуэтщ, – къэпсэлъащ Ахеи.

Пщызэхуэсым къекIуэлIахэр, псори зэдэарэзыуэ, Хьэтусилэ къыкъуэувэнут. Тутхьэлий лIыукIым и Iэблэр иубыдри, утыкум ирилъэфыжащ.



## *ИугъащIэ Зиусхъэным!*

ТIэшуб и жэщгъуэлъхэр кърихджауэ, хэт жызум къыжьэдилъхьэу, хэт къедэхащIэу, хэти санэплъ къыхуригъахъуэу зэхэст, дунеижьым щекIуэкIыр къафIэмыIуэхуу. Зэнзей пщыр илъагъуну къыщыщIыхьэм, кърригубжьащ а илъагъум:

– ФыщIэкIыт зэрыщыту! – жиIэри, бжэблыпкъым къиуващ.

ЦIыхубзхэр абы хуеплъэкIырт, пыгуфIыкIыу, щIэнакIэу.

– ФыщIэкI, жысIакъэ?! – Зэнзей и макъым зыщригъэIэтым, ТIэшуб и щхьэр ищIащ, «фыкIуэ», жыхуиIэу.

– ТIэшуб...

– Зэнзей! Сэ си деж щIэс цIыхубзхэр щIэпхужыну апхуэдэ хуитыныгъэ уиIэ уэ? Пхуэфащэри пхуэмыфащэри зэгъэщIэж!

– Зиусхьэн, тажнанэм щIалэ къэплъхуркъым жеIэри, сызэрехуэ, уэ мы куэпэчхэм ящIыгъуу махуэ псом зыбогъэпсэху. Жэщым укъызэджэххэркъым. Узэгупсысыр къысхуэщIэркъым, – зыкъызэщIищIащ Зэнзей.

– Сэ сызыхуейр сыщыхуей дыдэм деж къызоджэ. Уэ уи Iуэху хэлъкъым абы, – шордакъым илъэдащ ТIэшуб.

– ТIэшуб, сыт апхуэдэу укъыщIысхущытыр? Сэ сурищхьэгъусэщи, гуфIэгъуи гуаuи бдэзгуэшыну си къалэнщ. Уэ укъызэпсалъэркъым, уи щхьэм илъи, уи гум щыщIи сыщыгъуазэкъым. Сэ укъысхуэмеймэ, сыкъызыхэкIа лъэпкъми ухуэмейуэ аращ.

– Уи лъэпкъыр къысхудумыгъэжей апхуэдизрэ! – щIэкIиящ абы пащтыхьыр. – Памбэрэ къуэкIийуэдхэмрэ симыIэмэ, сыхэкIуэдэжыну къыпщыхъуу ара? Уи Iуэху хэлъкъым уэ а псом. Уфызмэ, уи фызыпIэ ис.

Зэнзей къыщиудащ. Дэтхэнэ пщыпхъуми хуэдэу, и адэм и Iуэху къызэрикIынум тещIыхьауэ, лIы зэрыратынур ищIэу къэтэджат ар. ФIыуэ плъагъум зэи насып зэрыдумыгъуэтынур пщIэуэ упсэуну тыншкъым. Пщыпхъухэм зэрызахуапэмрэ зэрызагъэщIэращIэмрэ унэIутхэр къехъуапсэми, насып IуэхукIэ зыри къефыгъуэртэкъым абыхэм. Псоми ящIэрт ахэр зэи зыхуейм зэрыдамыгъэкIуэнур. Зэнзеи арат къыщыщIар. Ауэ Памбэ и пхъум и Iуэхур нэхъ Iеижт – абы и лIыр акъмыкът, псантхуэ[1] уз иIэти, абы кърихуэкIыу и гъащIэр ихьырт. А псори я бынхэм лъэужь яхуэхъункIэ Зэнзей шынэрт.

Абы хэту, бжэр зэIуидзри къыщIэлъэдащ Шэтэнду, и нэ удзыфитIыр къиижу:

– ТIэшуб! ТIэшуб, си къуэ закъуэ!

– Мы цIыхубзхэм нобэ къащыщIар сыту пIэрэ?! Сыт къэхъуар, ди анэ? – хуеплъэкIащ абы пщыр.

– ПсынщIэу!.. Хьэтусилэ, дзэшхуэм и пашэу, къалащхьэм къэблэгъауэ жаIэ.

– Сыт жыпIэр? – и нитIыр къыщихуащ ТIэшуб.

Зэнзей гужьеяуэ зиплъыхьырт, и Iэр и бгъэм телъу, ищIэнур къыгурымыIуэу.

– КъухьэпIэмкIи къуэкIыпIэмкIи щыIэ лъэпкъхэр зэрыщыту къыгуэуващ. Iэмал гуэри диIэкъым. ИкIэщIыпIэкIэ зыщIыпIэ зыщыдмыгъэпщкIумэ, дигъэкIуэдынущ, – етIысэхащ тажнанэр. – Памбэ деж дынэсыфыну пIэрэ, Хьэтусилэ къэмыс щIыкIэ?!

– НэгъуэщI хэкIыпIэ диIэкъым, нэхъ псынщIэIуэу зызэщIэткъуэнщи, дыдэкIынщ. АдэкIэ зыгуэр къэдгупсысынщ, – къыхилъхьащ Зэнзей.

– Аращ тщIэнур. ИIэ, жэ, псынщIэу сабийр гъэхьэзыр. ТIэшуб! ТIэшуб, сызэхэпхрэ?! Ущымыт, – щIэкIиящ и къуэм тажнанэр.

Пащтыхьым зимыщIэжу и щхьэр сыст.

– ТIэшуб, зо. Си къуэ закъуэ, зыкъэщIэж, кхъыIэ. НакIуэ, – и нэпсыр къежэхырт Шэтэнду.

– Хьэуэ! Хьэуэ! СынэкIуэнукъым, – и щхьэр IитIкIэ фIиубыдыкIащ пщым. – СынэкIуэнукъым. Сэ сыпащтыхьщ. Хьэ щтам хуэдэу, си кIэ си бэкъу дэзупщIэу сыщIэпхъуэжынукъым. Дауэ мыхъуами, сыпщщ. Ди анэ, сошынэ. Сошынэ, ауэ сыщIэпхъуэжыфынукъым.

– Сыт иджы къэбгупсысхэр? Псори тIэщIэкIащ, пщыгъуэр тхуэIыгъакъым. ЗэфIэкIащ, ТIэшуб. ЗэпытрэзэкIэсу укIуэ зэрыщыту! – и Iэблэр иубыдауэ пащтыхьыр шордакъым иришыну хэтт Шэтэнду.

– Хьэуэ, ди анэ. Сыпежьэнущ Хьэтусилэ. Сыт хуейми къызрырещIэ. Ауэ сэ абыхэм сышынауэ закъезгъэщIэнукъым, – жиIэри, ТIэшуб псынщIэу лэгъунэм къыщIэжащ. – ПсынщIэу зэщIэфщIэ хьэкуэстэгур!

Уардэунэм зауэлIрэ хъумакIуэу дэтыр пIащIэу къызэрагъэпэщри, Хьэтусилэ пежьащ дзэр, ТIэшуб я пашэу. Пэжщ, пащтыхьыр хуабжьу гузавэрт, и гур и жьэмкIэ къыжьэдэпкIыным хуэдэу, и лъакъуэхэр кIэзызырти, ерагъыу зэфIэту арат. ИтIани, лIыгъэм зригъэхьри, и напэмрэ и щIыхьымрэ ихъумэжыну ежьат. Хьэтусилэ и дзэ къэувам гъунэгъу щыхуэхъум, ТIэшуб нэхъ Iеижу шынащ. ЗыпэщIэувахэр апхуэдизкIэ куэд хъурти, дзэкIэм уи нэр нэплъысыртэкъым. Мы дунеижьыр зауэлIхэм зэщIащтам хуэдэт. ТIэшуб и фэр гъуэжьыфэ къыщIэлъадэу пыкIырт. Пащтыхьым и Iэ ижьыр щиIэтым, и гъусэхэр

[1]Псантхуэ – цIыхум, псэущхьэхэм я Iэпкълъэпкъыр зыгъэлажьэ, абыхэм я щытыкIэр зэпхауэ щыт системэм и зы къуэпс. /Нерв.

къызэтеувыIащ. ЗытэлайкIэ щыта нэужь, ТIэшуб япэ ищащ, Хьэтусили и закъуэу абы къыпежьащ.

– Сыт, Хьэтусилэ, мы пщIэм къикIыр? – дыгъэ гуащIэм имыгъаплъэу, и нэ лъэныкъуэр щIиукъуанцIэрэ, и щхьэр бгъунж ищIу, щIэупщIащ ТIэшуб. Зэрыгузавэр кърimыгъэщIэну зиIыгът абы.

– Сэ лей уэсхыну сыхуейкъым, ТIэшуб. Дауэ мыхъуами, упащтыхьщ, узикъуэш бынщ, си быным уриныбжьщ.

– АтIэ, дзэм урапашэу укъысхуеблэгъаи!

– Уэ уощIэ сэ сыкъызыкIэлъыкIуар...

– СщIэркъыми аракъэ. Сыщыгъэгъуазэт, – пыдыхьэшхыкIащ пащтыхьыр.

– Сэ псори сощIэ, ТIэшуб. МывэтIалэ сэрат пащтыхьыгъуэр къызыхуигъэнар. Абы щыхьэт техъуэ тхылъыр зэанэзэкъуэм вгъэкIуэда щхьэкIэ, ар и нэкIэ зылъэгъуам къысхуиIуэтэжащ, – Iэдэбу псалъэрт Хьэтусилэ.

– Зи гугъу пщIыр къызгурыIуэркъым, – и щхьэр ищIащ ТIэшуб.

Хьэтусилэ къыщызэплъэкIым, дзэм зы хьэкуэстэгу къыхэкIри, пщитIым къахуиунэтIащ. Къэсмэ, Вындэшынэт. ТIэшуб, мыпсэлъэжыфу, и жьэпкъыр пыкIэзызыхьурэ ундэращхъуэрт.

– Уэра?! Дэнэ укъикIыжа? – ерагъыу зэпищащ пщым.

– УкъэуIэбжьа хуэди, зиусхьэн. Сэращ, хьэдрыхэ сыкъокIыж, – щхьэщэ ещI Вындэшынэ, подыхьэшхыкI.

– Мис си щыхьэтыр, ТIэшуб. Иджыри зэ бжызоIэ, сэ псори сощIэ, – и нэщхъыр зэхэлъу жеIэ Хьэтусилэ.

– Уэ сыбукIыну ухуиткъым! Ухуиткъым Iэпэ къысхуэпхьыну. Сэ сыпащтыхьщ, – мэкIий ТIэшуб.

Техьэгъуэр къытекIуэу арат.

– Ухуиткъым! Жэуапым урашэлIэнущ.

– Уэ урашэлIэнукъэ? Сэри сыщыщщ пащтыхь унагъуэм, сэ пащтыхьщ сыкъэзылъхуар, пащтыхьым срикъуэшщ. Фэ фыхэтати сывукIыну...

– Сыт зи гугъу пщIыр? – и лъакъуэхэр щIэщIэрт пщым.

Абы хэту, гухъыринэм ису Шэтэнду къэсащ. КIуэрыкIуэм тету, бжэр къыIуихщ, гухъыринэм къелъэри, и къуэр зэрыт хьэкуэстэгум анэр бгъэдэлъэдащ.

– Сыт зи гугъу пщIыр, зо, къызгурыIуэркъым? Хэт узукIыну хэтар? – кIэкуакуэрт ТIэшуб, и анэми хуемыплъэкIыу.

– Сэращ ар! Сэращ псори зи унафэр, Хьэтусилэ. ТIэшуб и зэран хэлъкъым. Тхьэхэр узогъэлъэIу, си къуэ закъуэм уемыIусэну! Сэ сыпшыныжынщ псори, къыстеплъхьэр си тезырщ, къысхуэпщIыр си унафэщ, ауэ ТIэшуб и гугъу умыщI! – лъаIуэрт Шэтэнду къызэфIэзэрыхьауэ.

Хьэтусилэ зыри жимыIэу, и напщIэ ижьыр иIэтри, ер зи кIэм къикIа фызым нэбгъузкIэ еплъащ.

– Сэ хабзэр къызэпызудынуи, физукIынуи, лей къыфтезгъэхьэнуи сыхуейкъым. Дауэ мыхъуами, ТIэшуб, уэ пщыгъуэр илъэсиблкIэ зепхьащ. Уи щIыхьыр езудыхыну си мурадкъым. Умыгузавэ, – и къуэш быныр игъэсабырыжыну хэтщ Хьэтусилэ. – Шэтэнду, уэ къыбгурыIуэ хъунщ Iуэхур зыIутыр. Зауэ дублэкIи, мыхьэнэ иIэнукъым. Сэ сыщыгъуазэщ фэ дзэ физэримыIэм. Аращи, мыбдеж дыщызэгуроIуэ – пащтыхьыгъуэр сэ къыслъос, фэ къалащхьэр фобгынэри, хуиту фопсэу, си

Iуэху къызевмыхуэу. ДызэрызэгурыIуам фебакъуэрэ – мис итIанэ сыфщысхьынукъым!

– Дэнэ дыздашэнур? – тэлайкIэ зрилъэфыхьа нэужь щIэупщIащ тажнанэр.

– Иджыри сегупсысынщ. Фэ зывгъэхьэзырыху, сэ абы и унафэ сщIынщ.

Хьэтусилэ и гугъакъым апхуэдэу псынщIэу, тыншу Iуэхур зэфIэкIыну. Иджы ар Хьэт къэралыгъуэм и пащтыхьышхуэт. Хэт и гугъэнт шыхъуэр пащтыхь хъуну, абгъуэм кърадза бзу шыр лъэрымыхь цIыкIум и дамэхэр зэщIихыу, бгъэ уардэу уэгум къиувэжыну?! Хэт и нэгу къыщIигъэхьэнт бейгуэлхэр зыщIэнакIэу, зыщыдыхьэшхыу, зыуи кърамыдзэу щыта пщыкъуэ ятам зэрыкъэралыгъуэу щхьэщэ хуащIу зэгуэр къызэхэувэну. Апхуэдэущ гъащIэр зэрызэхэлъыр, уIэгъэ къыптредзэри – уIэгъэм йоIэзэж.

Бейгуэлхэр щыгугъырт Хьэтусилэ. Абыхэм я фIэщ хъурт я пщыщIэм къэралым зэрызригъэIэтыжынур, ТIэшубрэ Шэтэндурэ я делагъэкIэ, я хуэмыхуагъкIэ зэтракъутэж пэта къэралыгъуэм зэрызригъэужьыжынур. Хьэтусилэ дэнэ лъэныкъуэкIэ имыгъэзами, сыт хуэдэ Iуэху къримыхьэжьами, псори зэкъуэту и ужь иувэнут, мыгупсысэххэу.

– Сэ сщIэрт апхуэдэу зэрыхъунур. Уи пщыгъуэр кIыхь ухъу, ди адэ! – щхьэщэ ищIри, гуфIэжу и адэм и пащхьэ къиуващ Тутхьэлий.

– Сэ сщIэртэкъым-тIэ, си къуэ. Зэи сыщыгугъатэкъым. ЗэрымыщIэкIэ къэхъуа Iуэхущ, тхьэхэм я тыгъэщ, – жиIащ Хьэтусилэ, пащтыхь лэгъунэр зэпиплъыхьурэ.



– Мы зэанэзэкъуэм сыт унафэу яхуэпщIынур, зиусхьэн? – нэщхъей къэхъужащ щIалэр.



Хьэтыпщ Хьэтусилэ 3-нэ.

– Жыжьэ дгъэкIуэну къекIуркъым. Дауэ мыхъуами, сыт имылэжьами, ТIэшуб пщыуэ щытащ. Зыхуей хуэгъэза щIыпIэ гъунэгъу гуэрщ здэгъэкIуэн хуейр.

– Бийр благъэу Iыгъ, жыхуаIэм пэж гуэр хэлъу къыщIэкIынщ.

– Пэжщ, ари хэлъщ, – шордакъым ихьэри, уардэунэр къэзыухъуреихь дахагъэр къиплъыхьащ пщым. – Тхьэхэм солъэIу сыщымыкIыу, Iей сигу къэмыкIыу мы пщыгъуэр ирызагъэхьэкIыну, – жиIэурэ уафэм дэплъеящ Хьэтусилэ...

– Зэи хьэрэмагъ уигу къэкIакъым, ди адэ. Напэ хужькIэ ди адэжьхэм я пащхьэ ихьэжынухэм уащыщщ, – и адэм ирипагэу къыхуеплъэкIащ абы Тутхьэлий.

– Дауэ уеплърэ, Тутхьэлий, дэнэ дгъакIуэмэ нэхъыфI ТIэшубрэ Шэтэндурэ?

– Уэ яхуэпщIыр я унафэщ, зиусхьэн. Уэращ пщыр, – жэуап Iущу итащ щIалэм.

– Абы я унафэ сщIагъэххэщ сэ. Сэ си къулыкъур зэгуэр уи пщэ къыдэхуэжынущ. Си пIэ уитатэмэ, сытыт уэ унафэу яхуэпщIынур? – игъэунэхурт щIалэр пщым.

– Пщыгъуэр щIэх Тхьэдыгъэм къыслъимыгъэскIэ, ди адэ, ауэ сэ абыхэм я унафэ сщIатэмэ, ящIэну дыдэр и кIэм нэс езгъэщIэнут, я щыуагъэм пэкIуэу нэхъ тезыр гуащIэ дыдэр ятеслъхьэн папщIэ. ТIэшуб шынагъуэкъым, ауэ Шэтэнду зэи къызэтеувыIэнукъым. Дэнэ щIыпIэ дымыгъакIуэми, зы делагъэ гуэр къыIэщIэмыщIауэ увыIэнукъым. Пщыр зыгъэлIар сыту темыпыIэрэт! Аращи, и гум илъым и лъэр лъэгъэIэсын хуейщ, – Тутхьэлий, къызэрыщIэкIымкIэ, губзыгъэ-бадджэт.

– Ныхъуашэ къалэ дэдгъэтIысхьэмэ, ди Iуэхури езыхэм я Iуэхури нэхъ псынщIэ хъуну къыщIэкIынщ, – арэзыуэ и щхьэр ищIащ Хьэтусилэ.

– ФIы дыдэщ, зиусхьэн, – щыхьэт техъуэжащ пщыкъуэри.

– ФIы дыдэмэ, си япэ унафэм фIы къытхудэкIуэну солъаIуэ! ТIэшубрэ Шэтэндурэ Ныхъуашэ ирекIуэ, Вындэшынэ Амырейм япщу ирегъэзэж, уэ Хьэкъмыс кIуэи, ди унагъуэр къалащхьэм къэгъэIэпхъуэ.

– СынодаIуэ, зиусхьэн! – Тутхьэлий пыгуфIыкIщ, щхьэщэ ищIри, щIыбкIэ икIуэтурэ щIэкIыжащ.



## *ПщIэ зыхуэтщI фирхьэун!*

Шэтэндурэ ТIэшубрэ къалащхьэр зэрырагъэбгынэрэ илъэс ныкъуэ хъуат. ЦIыхубзым Хьэтусилэ псалъэ иритат, пщым и щIыбагъкIэ псалъэмакъ къримыхьэкIыну, делагъэ имыщIэну, ауэ, гуащэм хуэгъэпэжакъым ар. Шэтэнду бампIэм къызэгуиудырт, зэпымычу егупсысырт «лей» къызэрытехьам, и къуэм пщыгъуэр къызэрытрахам. Абы дамэгъу къилъыхъуэрт, тепыIэнуи зигъэхьэзырыххэтэкъым. Уеблэмэ кIуэ пэтми нэхъ Iеижу къеблу арат абы и гужьгъэжьыр.

КъуэкIийуэдым щыIэ и благъэпщым хъыбар иригъэщIат къыкъуэувэну, Асыриймрэ Вавилонымрэ япщхэм яригъэпсэлъэну, Хьэтусилэ къэралыр къыIэщIихыжынымкIэ къадэIэпыкъуну иригъэлъэIуну. Ауэ Памбэ къыхуидакъым, Хьэтусилэ бий ищIыну хуейтэкъыми. Шэтэнду утыку къыщинэм, бзаджагъэм я нэхъ шынагъуэр игу къэкIащ: мысыр фирхьэуныр пэшэгъу ищIу, и къуэр лъэныкъуэ езыгъэзар хигъэщIэну. И къуэ сымаджэм нэхърэ нэхъ Iеижу зи щхьэр зэкIуэкIа фызым тхыгъэ хуригъэхьащ Рамзес.

Къуэдэш зауэм лъандэрэ Рамзес куэдкIэ зихъуэжат, лIыпIэ иуват. Ар нэхъ зэпIэзэрытт, и къипкI-къилъыр нэхъ мащIэ хъуат, и гужьгъэжьри нэхъ ужьыхат. Щамым и гугъэр хихыжатэкъым фирхьэуным. Иджыри щIэхъуэпсырт Къуэдэш къизэужыну, икIи хуэм-хуэмурэ дзэ зэригъэпэщыжырт. Рамзес зэи и пщIыхь къыхэхуэнтэкъым, фIэфIыпсу Къуэдэш кърʼитын папщIэ, Хьэт къэралыгъуэм и пащтыхьу щытар езыр-езыру къэлъэIуэну: «ПщIэ зыхуэтщI фирхьэун лъапIэ! Тхьэдыгъэм и пэлъытэу ди щIылъэр къэзыгъэнэху! ЗэрыпщIэщи, си щхьэгъусэ лъапIэу имычэзууэ дунейм ехыжа МывэтIалэ и къуэш Хьэтусилэ дзэшхуэ

къришажьэри, ди щхьи ди пщIи хиутэу си къуэ пащтыхьым и тетыгъуэр трихащ. ГъэпцIагъэрэ шынагъэкIэ ТIэшуб и пщыгъуэр IэщIэзыгъэкIа лIы ябгэр уэрэ дэрэ ди зэхуэдэ бийщ. ЗыкъытщIэбгъакъуэрэ, тетыгъуэр Хьэтусилэ къыддытепхыжатэмэ, фIыщIэ пхуэтщIыжынт фирхьэун лъапIэм – щIегъуэжи щысхьи къыхэмыкIыу, Къуэдэш уэттынт. Уи жэуапым дыпоплъэ! ФIыкIэ дыпхуохъуахъуэ. Шэтэнду тажнанэрэ Хьэт къэралыгъуэм и пащтыхьышхуэ ТIэшубрэ».

Рамзес и бейгуэлхэмрэ и къуэхэмрэ зэхуишэсри, къахуеджащ къыхуатхам.

– Мы тхыгъэр дыгъуасэ къысIэрыхьащ.

– Дзыхь хуэпщI хъуну пIэрэ а гуащэм? – псом япэ къэпсэлъащ Рамзес и къуэ нэхъыжь Хьэемыуэс.

– Зи гум гужьгъэжь илъ бзылъхугъэм хуэмыщIэн мы дунейм теткъым, сэ сцIыхужкъэ цIыхубзхэр! – дыхьэшхащ нэхъыщIэр.

– Къэгъанэт, Мырнэптехь, – фирхьэуным и нэщхъыр ищIри, къуэ нэхъыщIэм хуеплъэкIащ.

– Хуит сыкъэпщIмэ, фирхьэун! – щхьэщэ ищIащ бейгуэлхэм ящыщ зым. – Сэ сощIэж хьэтхэр зэрыхъыжьэр. Бийм нэмыплъ етыным нэхъ щыуагъэ къыIэщIэщIэнкъым зауэлIым. Тажнанэм и псалъэм тетщIыхьрэ, зауэм дыхыхьэмэ, фIы щIэтхынкъым. Ди дзэр хьэзыркъым. Иужьрей зауэм лъандэрэ зыкъэдужьыжакъым.

– Ар пэжщ, ауэ нэгъуэщI зы лъэныкъуэкIэ укъеплъмэ, апхуэдэ зэгурыIуэныгъэ иужькIэ дымыгъуэтыжынри хэлъщ. Илъэс дапщэ хъуауэ дещакIуэрэ дэ а щIыналъэм! Илъэс мин бжыгъэ дэкIа нэужьи цIэр ящыгъупщэнутэкъым цIыхухэм, «Хьэт къэралыгъуэр къэзызэуахэр» жаIэу, IуэрыIуатэу ди хъыбар кърахьэкIынут зэIэпахыу. Зэпэшэчын хуейщ псори, зыIэщIэдгъэкI хъунукъым апхуэдэ Iэмалыф Iыр, – жеIэ зы бейгуэлми.

– Щамыр къытIэрыхьэмэ, ди гъуэгур зэIухащ: зэрыкъэралыгъуэу къэдзэунущ хуэм-хуэмурэ, – и щхьэ хуэпсэлъэж хуэдэ, щэхуу жиIащ Рамзес.

– Зи къэралым, зи лъэпкъым епцIыжу, зи щIыналъэм щыщ къозытыну хьэзыр цIыхум зыхуейр къыIэрыхьа нэужь уэри утыку укъримынэну, къыппэщIэувэжу укъримыхужьэжыну ущыхьэт, ди адэ? – жи Хьэемыуэс.

– Ари хэлъщ, – арэзы техъуащ абы фирхьэуным и къуэ нэхъыщIэр. – Лъэпкъ бзаджэщ ахэр.

– Хьэтусилэ илъэс щэ ныкъуэм нэблэгъауэ лIы балигъщ, дзэпщ лъэрызехьэу жаIэ, абы нэхъ лIы лъэрызехьэ хьэтхэм яхэтакъым. Сэ куэдрэ сыщрихьэлIащ абы зауэ губгъуэм. Пэжыр жысIэнщи, абы нэмыплъ етт хъунукъым, и щIыбагъкIэ Iуэху зетхьэнкIэ Iэмал зимыIэщ – зыкъиIэтрэ къежьэмэ, зыкъытхуэужьыжынкъым, – хэгупсысыхьащ фирхьэуныр.

– Арамэ, зиусхьэн, дзыхьщIыгъуэджэ Iуэхущ дызытегушхуэр. Зи акъыл мытэмэм дыдэ ТIэшубрэ абы и анэ удымрэ я ягъэкIэ сыт Хьэтусилэ и пIэм къыщIитшынур? И гугъу дымыщIмэ, ди Iуэху къызэрихуэнукъым абы, – идэркъым Хьэемыуэс.

– Дэ апхуэдэ Iэмал зэи дымыгъуэтыжынкIэ хъунущ. Ищхъэрэ къуэкIыпIэмкIэ щыIэ къэралыгъуэр къэтхьэхумэ, дунеижыр дыдейуэ аращ – ди гъуэгу зэIухащ, – Рамзес унафэ ищIагъэххэ хуэдэ, тегушхуэрт.

– Зиусхьэн, нэгъуэщI мыхъуми, шэсыгъу[1] къеIых, укъамыгъэпцIэжын хуэдэу, – жиIащ зы бейгуэлым.

– Пэжщ. Ауэ хэт къеIытхынур? Зэанэзэкъуэм языхэз мыхъумэ, нэгъуэщI зыщысхьын яIэкъым а тIум, – пэжт фирхьэуным и къуэ нэхъыщIэм жиIэр.

– Зыгуэр къэзгупсысынщ. ФызэбгрыкIыж, – и Iэр ищIри, етIысэхащ Рамзес.

## *Дзэгъащтэ*

Нэптерэрэ Тэшмийрэ я кIэзехьэхэр ящIыгъуу жыгхадэм итт, уэршэру. Пщащэхэр Хьэтуссэм къызэрыIэпхъуэрэ я гъащIэм зихъуэжат. Ахэр иджы уардэунэм дэкIыну, я нэгу зрагъэужьыну, бэзэрым зыщаплъыхьыну, уеблэмэ, хьэуа къабзэкIэ бэуэн щхьэкIэ, я закъуэу унэм къыщIэкIыну хуиттэкъым. Сытым дежи, ныбжь нэхъей, унэIутхэмрэ кIэзехьэхэмрэ ящIыгъут. ЗэшыпхъуитIыр абы есатэкъым. Ахэр хуейт я гур утIыпщауэ, хуиту бауэу, я гущхьэм зыри къытемыту псэуну. АрщхьэкIэ, апхуэдэу хъунутэкъым, ахэр пщыпхъут. НэгъуэщI гъащIэт, нэгъуэщI къалэнт, нэгъуэщI щытыкIэт.

– Къейшэху сымэ Амырейм зэрыкIуэжрэ нэхъ зэшыгъуэж хъуащ. Иджы уэрэ сэрэщ къэнари, тхьэм ещIэ къытпэщылъыр, – имычэзууэ балигъ хъуа Тэшмий куэдым егупсысырт, куэди зэхуигъэхъурт.

– Мы кIэзехьэ бжыгъэншэхэмрэ хъумакIуэхэмрэ сэ зыкIэ къызохьэлъэкIри, – и щхьэр ищIри, дыхьэшхащ Нэптерэ.

– И гугъу умыщIыххэ. Си щхьэр щIызагъэхьащ. КъызэрыщIэкIымкIэ, зыкIи фIыкъым упщыпхъуну, – макъкIэ дыхьэшхащ пщащэ цIыкIур.

– Аращ жаIэр. Мес, Къейшэху и щхьэгъусэр ди адэм и ныбжьщ. «УдэкIуэн хуейщ», жаIати, «хъунщ», жиIэу и щхьэр игъэщхъа мыхъумэ, зы псалъэ къыфIигъэкIакъым. Аращ дэри къытпэщылъыр. Ар пщыпхъухэм ди зэхуэдэ гукъеуэщ, ди лъагъуныгъэ щэхур ди гум ибэмпIыхьу ди гъащIэр тхьынущ, – нэщхъей къэхъужащ Нэптерэ.

– Умынэщхъей, си шыпхъу дахэ, си гур богъэуз, – Нэптерэ и Iэблэр Тэшмий еубыд.

– Дауэ сымынэщхъеинрэ. Ди адэм Алэдамэ къригъэшэну мурад ищIащи, нысащIэ къыхуелъыхьуэ. Сыкъелынукъым сэ абы, Тэшмий, – кIэзехьэхэм зэхамыхын хуэдэу, мэIущащэ Нэптерэ.

Тэшмий и шыпхъу нэхъыжьыр фIэгуэныхьу хуеплъэкIа мыхъумэ, зэрытригъэун псалъэ къыхуэгъуэтакъым.

– Иджы тхьэмахуэ бжыгъэкIэрэ слъагъуркъым. Мы сэреижьыр дэнэкIи нэрэ тхьэкIумэрэщ. Зыгуэрым дыкъищIэмэ, ди адэм деж нагъэсыжын хьэзыру зэхэтщ унэIутхэр, – хуэм-хуэмурэ къэгубжьырт Нэптерэ.



[1] Шэсыгъу - шэсыпIэм къина. /Заложник.

– ФыкъащIэмэ, фIы щIэфхынукъым. Ар уэри уощIэ. ЗышыIэ тIэкIу. Алэдамэ фIыуэ ялъагъуми, ди адэ-анэм ящыгъупщакъым ар зэрыщхьэхуимытыр.

– Алэдамэ – пщыкъуэщ. Ар мэуэтыпщым и къуэщ. Тенджыз ФIыцIэм адрыщIкIэ щыпсэу лъэпкъри дамэгъу къыхуэщIынут ди адэм, тIэкIу егупсысатэмэ...

– Хуэму, Алэдамэ къокIуэ, – къызэпиудащ ар Тэшмий.

Гъатхэ хьэуа щIыIэтыIэм мащIэу укъигъэпIыщIэрт икIи IэфI-IэфIу Iэпкълъэпкъым зыкърипшэкIырт. Жэщым къешха уэшх мащIэм и лъэужьу тхьэмпэхэм къатена ткIуэпс цIыкIухэри пщэдджыжь дыгъэпсым пэлыдырт, ихъуреягъкIэ зэщIагъэцIуууэу. Гъатхэр гухэлъ къэушыгъуэщ, лъагъуныгъэм игъуэщ, дахагъэм, щIэрэщIэгъуэм и лъэхъэнэщ. КъызэрыгуэкI цIыхум дежкIэ... Нэптерэ, армырами, апхуэдэххэут гъэ псор зэрырихьэкIыр. Абы Алэдамэ щилъагъум деж, и Iэпкълъэпкъым гурыщIэу хэлъыр къызэщIэушэрти, и пкъым имызэгъэжу къипкIын хуэдэ, и гур къызэрытIэпIыкIырт. Пщащэр, Алэдамэ и цIэр зэрызэхихыу, зэщIэувыIыкIащ.

– Фи пщэдджыжь фIыуэ, – щхьэщэ къахуищIащ Алэдамэ зэшыпхъуитIым.

Тэшмий Iущ цIыкIур икIуэтри, кIэзехьэхэр щIыгъуу иужь зыкъригъэнащ. Нэптерэ зыкъом щIауэ илъэгъуатэкъым и псэр зыхэлъ щIалэр, итIани жиIэнур имыщIэу, еплъу щытт.

– Нэптерэ... Си гъащIэ! – зауэ губгъуэм хъийм щикI щIалэ гуащIафIэр Нэптерэ и пащхьэ щитым деж, къарууншэ хъурт. Алэдамэ и нэр, и гущхьэм иплъэ хуэдэ, Нэптерэ тедият.

– Узмылъагъууи схуэшэчыркъым, услъагъуми, даIуэтэжынкIэ сошынэри... – и напIэр ирихьэхащ пщащэм.

– ПщIэрэ, Нэптерэ, Хьэкъмыс иджыри дыщыIэу, мылIэ-мыпсэууэ сыщытелъам щыгъуэ...

– КхъыIэ, и гугъу умыщIыж! – укIытауэ, зыздихьынур ищIэжыртэкъым пщащэм.

– Абы щыгъуэ жыпIар зэрыщыту зэхэсхащ. Зэхэсхыну сызыщIэхъуэпсыр къызжепIауэ къысщыхъуауэ арами сщIэркъым, ауэ абы щыгъуэ уэращ ажалым сыкъыIэщIэзыхар. Хьэдрыхэ гъуэгу сытетт, лIахэм сахэтт. А дунейм гукъеуэ щыIэкъым, абыкIэ нэхущ, хуабэщ, бэIутIэIуншэщ. ДунеягъэкIэ къанэм нэхърэ хьэдрыхэ къыщытпэплъэр нэхъыбэщ, Нэптерэ. Псори а дунейм щызэхуэдэщ. Пщыи пщылIи щыIэкъым. А гъащIэ IэфIым апхуэдизкIэ сыдихьэхати, дунеягъэкIэ щыIэхэм сегупсысыххэтэкъым. Ауэ, си тхьэкIумэм къиIущащэу уи макъ щабэр зэхэсхащ. Зысплъыхьмэ – зыщIыпIи ущыслъагъуртэкъым. Нэрымылъагъуу зыкъызэпшэкIауэ сумыутIыпщым ещхьт ар. ИтIанэ зызущэхури, сызыщIэдэIукIащ. Пэжт, зыщIыпIэкIэ къиIукIырт уи Iущащэр, – Алэдамэ зыкъигъэщхъыурэ Нэптерэ и нэгум гъунэгъу дыдэ къыщыхуэхъум, пщащэр икIуэтащ.

– Алэдамэ, кхъыIэ, щыгъэт. АдэкIэ зыри жумыIэ, – укIытат пщащэр, «зэхихам нэмыщI, зыхищIари ищIэжмэ», жиIэу.

– Уи щIыхьымрэ си гъащIэмрэ сыхагъадэмэ, сымыгупсысэххэу си гъащIэр щхьэузыхь пхуэсщIынущ, Нэптерэ. Ауэ пщIэну сыхуейщ – пащтыхьым селъэIунущ укъызитыну. Абы къытхуищIыр ди унафэщ.

– Сыт жыпIэр?! – къэщтащ Нэптерэ. – Абы уемыгупсысыххэ, Алэдамэ, сынолъэIу. Уи щхьэр паупщIынущ!

– А сыкъыздипшыжам згъэзэжмэ нэхъыфIщ, уэрыншэу сыпсэу нэхърэ. Пащтыхьым къызигъэшэну яужь итщ. Сыхуейкъым нэгъуэщI, уэр фIэкIа, – Алэдамэ и макъым Нэптерэ щабэу зришэкIырт, ауэ пщащэм ищIэрт абы кърикIуэнкIэ хъунури, и щхьэр игъэкIэрахъуэрт, «хьэуэ» кърикIыу.

– Нэптерэ, – къэджащ Тэшмий. – Зыгуэр къокIуэ.

Алэдамэ щхьэщэ ищIри, ежьэжащ.

ЦIыху ерыщт ар, икIи быдэу игу ирилъхьат Нэптерэ къиищынэмыщIа, нэгъуэщI зыри псэгъу имыщIыну. Пэжщ, пщыр къэгубжьу, Алэдамэ и щхьэр паупщIынри хэлът, ауэ адэкIэ апхуэдэу псэуну хуейтэкъым езыри. И гум зэрихуэрт. Алэдамэ ищIа лъагъуныгъэр нэфт икIи дэгут. А гурылъыр апхуэдизкIэ инти, Iэпкълъэпкъым зриубгъуауэ, и къарур щIихырт. Иджыпсту зыгуэр имыщIэмэ, адэкIэ зы Iей гуэр къызэрыхъунур псэкIэ зыхищIэрт.

Пащтыхьым и хъумакIуэ нэхъыщхьэр шабзэшэм хуэдэу пырхъуэм ирижэрт. Абы быдэу игу ирилъхьат зиумысыну, къэгъази къикIуэти имыIэу зиумысыну... БжэIутхэм пащтыхьым и лэгъунэбжэр щызэIуахымрэ пащтыхьым и къыщIэкIыгъуэмрэ зэтехуащ.

– Алэдамэ. Уэрат сызыхуейр. КъыщIыхьэт моуэ, – жиIэри, игъэзэжащ пащтыхьым.

– СынодаIуэ, зиусхьэн, – и Iэр и бгъэ лъабжьэм щызэтридзэри, бауэбапщэу щхьэщэ ищIащ щIалэм.

– КъетIысэхыт.

Алэдамэ къэуIэбжьащ. Ар зэи Хьэтусилэ щысу етIысэхатэкъым.

– Хьэуэ, зиусхьэн. Дауэ сытIысын?! – идэркъым.

Хьэтусилэ пыгуфIыкIащ:

– Уи хэкумкIэ, дауи, хабзэкъым нэхъыжь щыту нэхъыщIэр тIысу.

– «Гупсыси псалъэ, зыплъыхьи тIыс», – жаIэ мэуэтхэм.

– ПщIэрэ, сэ япэ дыдэ ущыслъэгъуам згъэщIэгъуат щхьэхуимыт щIалэ цIыкIум уи зыIыгъыкIэмрэ уи плъэкIэмрэ. КъызгурыIуатэкъым ар къызыхэкIыр. ИужькIи куэдрэ сегупсысат абы. СыпкIэлъыплъырт, зэпIэзэрыту, гъэсауэ, шыIэныгъэ пхэлъу, щIыкIафIэу, Iэдэбу узэрыщытыр къыздикIар къысхуэмыщIэу. ЩакIуэ дыщыIэу къызжепIам иужькIэщ псори къыщызгурыIуар. Уэ пхуэфащэкъым щхьэхуимыт цIэ мыфэмыцыр зепхьэну, – гуапэу къеплъащ абы пащтыхьыр.

– Зиусхьэн... – и пщым жиIэну зыхуейр къыгурыIуащэтэкъым Алэдамэ, ауэ жиIахэр и гуапэ хъуат.

– Хуит узощIыж, Алэдамэ! Сыпхуэарэзыщ, щIалэ! Напэ уиIэу, щIыхь уиIэу, уцIыху нэсу укъыщIэкIащ, укъызыхэкIа лъэпкъышхуэм и пщIэр пIыгъыжащи, узоутIыпщыпэ. Иджыпсту щыщIэдзауэ ущхьэхуитщ. Сыхуейщ фи дежкIэ зэрыхабзэм хуэдэу, уи адэм деж усшэжыну, – къэтэджащ пщыр, Алэдамэ и нэм къыщIэплъэу.

ЩIалэм жиIэнури ищIэнури имыщIэу щытт, къэуIэбжьауэ.

– Тхьэдыгъэм и нэфI къыпщыхуэ, зиусхьэн. Вакъуэ адэм и къалэныр тIуащIэу умыгъэзэщIамэ, нэхъ мащIэкъым. Си жагъуэ хъун псалъи, сигу къеуэни зэи къызупэсакъым. ФIыщIэ пхузощI. Ауэ...

– Сыт «ауэ», Алэдамэ? ЖыIэт уэ.

– Ауэ, сэ сыкIуэжыну сыхуейкъым, зиусхьэн.

– Сыт щхьэкIэ? УахэмызэгъэжынкIэ ушынэу ара? – етIысэхыжащ пщышхуэр.

– Хьэуэ, зиусхьэн. Дауи, бланэ щалъху йокIуэлIэж. Ауэ сэ гурэ псэкIэ Хьэт къэралыгъуэм сыхуэпэжщ, си гъащIэр мыращ здэщыIэр.

Дауи, Алэдамэ и Iуэхур куэдкIэ нэхъ тынш хъуат иджыпсту, ауэ, итIанэми, кърыгъэкIуакъым «уипхъу курытыр щхьэгъусэу къызэт», жиIэу, пщым и пащхьэ иувэну. Гъуни нэзи имыIэу къыхуэгуапэ вакъуэ адэм апхуэдэ ирикуфынутэкъым щIалэм. И гур ириудыфынутэкъым, и гур зыщигъэкIыфынутэкъым. Iэнкунт. «ИкIи уимыкI, икIи уимыс», жыхуиIэрат и Iуэхур.

– Арамэ, фIыщ. НэхъыфIыжщ. Сэ сыхуэныкъуэщ уэ пхуэдэ цIыху пэж, – сытыт абы и ужь узыщIэлъэIужынур. – Иджы щIыналъэ уэстынщ, щхьэгъусэ къозгъэшэнщи, гъащIэщIэ бухуэнщ...

– Зиусхьэн, иджыпсту згъэзащIэ къалэнхэр къысхуэнэжу сыкъыщынэ хъуну уардэунэм? – пщым жиIэнур жримыгъэIэу къызэпиудащ Алэдамэ.

– Апхуэдэ гукъыдэж уиIэмэ, сыгуфIэну аращ, Алэдамэ, – игъэщIэгъуащ пщым.

Абы хэту, бжэIутыр къытеуIуащ.

– КъыщIыхьэ, – джащ Хьэтусилэ.

– Зиусхьэн, гуащэр къэкIуащ, къыпхуэзэну хуейуэ.

– КъыщIэгъэхьэ.

– Зиусхьэн, хуит сыкъэпщIмэ... – щхьэщэ ищIащ Алэдамэ.

– КIуэ, щIалэ, кIуэ, – Хьэтусилэ къызэфIэувэри, щIалэм и дамэм арэзыуэ теIэбащ.

– Хьэтусилэ! – щтэIэщтаблэу къыщIэлъэдащ Дэдей.

– Сыт, си гуащэ дахэ? Сыт къыпщыщIар? – пежьащ абы пащтыхьыр.

– Амырейм хъыбар къикIащ – Къейшэху сымаджэ хъуауэ жаIэ. СымыкIуэу хъунукъым, – егъэлеяуэ гузавэрт гуащэр.

– ЕтIысэхыт зэ, гуащэ. Сыт къыщыщIар? Хэт къэкIуар? – тригъэуну хэту.

– Къейшэху уэндэгъущ, зэрыпщIэщи. СщIэркъым абы епхами, ауэ сымаджэ хьэлъэу жаIэ. Хъыбар кърigъэхьащ, – и нэпсым къызэпижыхьащ Дэдей.

– УкIуэну ухуейуэ ара-тIэ?

– НтIэ, Хьэтусилэ. Хуит сыкъэпщIмэ, – и щхьэгъусэм и Iэм щабэу теIэбащ Дэдей.

– Хуит узмыщIми, укIуэнущ уэ абы, Дэдей. УзоцIыхуж сэ уэ. Быным нэсамэ, жыIэмыдаIуэ уохъу. КIуэ, – арэзы техъуащ пщыр. – Ауэ Алэдамэ гъусэ пхуэсщIынущ. НэгъуэщIу узутIыпщынукъым.

– Нэптери къыздэсщтэнщ, хъункъэ? И шыпхъур игу къэкIауэ ара си гугъэщ, иужьрей зэманым нэщхъеирилэщ.

– Къыздэщтэ, теунщ, – арэзы техъуащ адэ гумащIэр.

Зэанэзэпхъур гъуэгу теуващ. Дэдей бэIутIэIуншэу Амырейм зэрынашэсынур ищIэ пэтми, и гур къидзэкъыкIырт. Ар щIэгузавэри и пIэм щIимысыжыфри и пхъур сымаджэу зэрыжаIарат. Дэдей и нэкIу дахэм зэлъа мащIэ къытридзами, и щхьэцыгъуэшхуэми тхъугъэ закъуэтIакъуэ

хэтми, ар иджыри зэрыгуакIуэт, зэрыдахэт. Ауэ, гузавэрти, и нэщхъыр зэхэлът, икIи гухъыринэм и Iупхъуэр IуигъэкIуэтурэ щIэх-щIэхыурэ дэплъырт.

Нэптерэ и гур щIэжабзэ цIыхухъур пэжыжьэтэкъыми, абы дихьыну махуэ бжыгъэхэр иухынкIэ шынэу, тхьэхэм елъэIурт. Ауэ и шыпхъу нэхутхьэхур зэрысымаджэр къищIэжырти, нэщхъейуэ и анэм хуеплъэкIырт.

– Ди анэ, тIэкIу зыбгъэпсэхумэ, хъунтэкъэ?! Махуищ мэхъури, гъуэгу дытетщ, дыкъызэрыувыIа щIагъуэ щымыIэу. Уи бгыр пхуэIыгъыжкъым. Шэтыр едгъэгъэувынщи, тIэкIу зебгъэщIынщ, зыбгъэпсэхунщ, – и анэм и Iэм щабэу тоIэбэ Нэптерэ.

– Хьэуэ, Нэптерэ. Си гум сызэрехуэ. Дэ иджыри гъуэгушхуэ къытпэщылъщ. Сешакъым сэ, умыгузавэ, – и щхьэр зэрехьэ.

– Апхуэдэу хъунукъым, ди анэ, – и анэм и фэр зэрырихыжыр и жагъуэщ пщащэм.

– Уэ-щэ?! Сыт уи лажьэр, си тхьэIухуд? Гу лъыстащ нэщхъей узэрыхъуам. Апхуэдэ дыдэу ущытакъым уэ, – ипхъу къамылыфэм и нэ дахэм щIэплъащ анэр.

– Сэ сыхъарзынэщ, сэр щхьэкIэ умыгузавэ. Уардэунэм сесэркъым. Хьэкъмыс нэхъыфIт, – и щхьэр ирехьэх, и нэ гурыIуатэр игъэпщкIуу.

– Сэри Хьэкъмыс нэхъ сфIэфIт, – пыгуфIыкIащ гуащэр, и гъащIэм и нэхъыбапIэр щихьа щIыпIэр игу къэкIыжри. – Фи адэм и къуэм иритыжа къалэр насыпылъэ псоми тхуэхъуат, фэ фыщыдгъуэтащ абы. Ауэ Тэшмий Хьэтуссэращ къыщалъхуар, абы фIыуэ илъагъун хуейщ къалащхьэр.

– Абыи и гум дыхьащэкъым, пэжыр жысIэнщи, – дыхьэшхащ Нэптерэ, и дзэ хужьыпсхэр къыIущу.

– ЗыкIэ нэхъ дахэж уохъури ущыгуфIэкIэ, си нэхунэ. Мис апхуэдэу ущызгъэтынут сытым дежи, – и напэм Iэ делъэ. – Нэптерэ, мыхьэнэ зимыIэ Iуэхухэм я ужь ситурэ, нэхъыщхьэ дыдэм сытеплъэкъукIыу къысщохъу... Зыгуэрым узэримыгъэтыншыр наIуэщ. Ар зищIысри сощIэ, – хэщэтыкIащ гуащэр.

– Ди анэ... – укIытауэ и щхьэр ирихьэкIащ пщащэм.

– Мыдэ къызэплъыт. Алэдамэ гурылъ хуэпщIауэ ара?

Нэптерэ и гур къызэфIэнат, иджыпсту къыщиудыну хьэзыру. И анэм псори къызэрыгурыIуам ириукIытат икIи иришынат пщыпхъур.

– КъызжеIэ уи гум щыщIэр, си тхьэIухуд. Анэм нэхъ укъызыгурыIуэнрэ узымыIуэтэжынрэ мы дунеишхуэм теткъым.

– СщIэркъым сщIэнур, ди анэ, – къыщиудащ Нэптерэ. – Си гур къистхъыжыфыну?! Сыпэлъэщыркъым. КъызгуроIуэ псэгъу схуэхъунур къыхэсхыну сэ сызэрыхуимытыр, ауэ... ПщIэрэ... – и нэкIущхьэм уэру къытелъэда нэпсыр ирилъэщIэкIыурэ тхьэусыхэрт пщыпхъур.

– КъызгуроIуэ, тIасэ. КъызгуроIуэ. Сэри фи адэр сцIыхуакъым сыкъыдэкIуэн ипэ. Сыкъратын ипэ, нэхъ тэмэму жыпIэмэ. Сэри сиIащ лъагъуныгъэ щэху, – и набдзэ лъэныкъуэр дришейри, щхьэгъубжэм дэплъащ гуащэр. – Ауэ, плъагъурэ, сэ Хьэтусилэ фIыуэ слъэгъуащ, сызэгуэуду сыгъыу сыкърата пэтми. Ар езы цIыхухъум елъытащ, фIыуэ плъагъунрэ умылъагъунрэ. Фи адэр цIыху щабэт, хьэлэлт, къысщысхьырт, сыкъыгурыIуэрт. Плъагъурэ, езыми куэд и нэгу щIэкIат, куэд

игъэвати, фIым и уасэр ищIэрт. Арати, и цIыхуфIагъымкIэ, и щабагъымкIэ, и щытыкIэ дахэмкIэ сыкъыдихьэхащ, – и пхъум къыхуоплъэкIыжри, погуфIыкI гуащэр.

– Си фIэщ хъуркъым сэ нэгъуэщI фIыуэ схуэлъагъуну. СхузэфIэкIынукъым. ЛIэныгъэр нэхъыфIщ, – идэркъым хъыджэбзым.

– Къэсынущ зэман, мы псалъэмакъыр уигу къэкIыжурэ, ущыдыхьэшхыжын, «сыту сыщIалэт, сыту сыделэт», жыпIэу, – погуфIыкI гуащэр, и пхъум едэхащIэурэ.

Абы хэту, зэрыгъэкIий макъ къэIури, гухъыринэр къэувыIащ. Зэанэзэпхъум зэуэ къагурыIуакъым къэхъуар, ауэ «щIач-щIач» жиIэу гухъыринэм шабзэшэхэр къыщытещащэм, псори наIуэ хъуащ – зыгуэр къатеуат.

– Зегъэзых! Зегъэзых! – пхъум и щхьэр иригухыу, гужьеяуэ кIиящ гуащэр.

Гуащэм и гъусэу къежьа зауэлIхэр зэрызехьэрт, зэрыгъэкIийрт, гухъыринэр иджыпсту зэпкърыхунущ жыпIэу, шы гужьеяхэм зэрадзэрт.

– ФыкъимыкI, гуащэ! – къэIуащ Алэдамэ и макъыр.

ЩIыбымкIэ зэхэуэ гуащIэ зэрыщекIуэкIыр къапщIэу, джатэ зэжьэхэуэ макъыр увыIэртэкъым, шабзэшэхэри уэшхым хуэдэу гум къытещащэрт. Нэптерэ здэщыс лъэныкъуэмкIэ зыгуэрым бжэр Iуихщ, пщащэм и Iэблэр иубыдри, гуащэр кIэлъыIэбэ-кIэлъыпхъуэурэ, чачэу кърилъэфащ. Асыхьэту джатэр дыгъэм пэлъыду къауэри, Нэптерэ езылъэфэжьам и Iэр пигъэхуащ. Апхуэдэ гуIэгъуэ япэ дыдэ зылъэгъуа пщащэм кIиину къыщыдришейм, Алэдамэ ар Iэ лъэныкъуэкIэ къипхъуатэщ, гухъыринэм иридзэжри, бжэр хуищIыжащ.

– Ди анэ! Ди анэ! Ди гъусахэр зэрыщыту хьэдэу щылъщ, – и нитIыр къыщихуауэ и анэм зридзащ пщащэм.

– Нэптерэ! Си хъыджэбз дыщэ, умышынэ. Дэ зыри къыдащIэнукъым. Iэпэ къытхуахьыну хуиткъым ахэр! – и пхъур зэщIиубыдащ гуащэм.

ЗытэлайкIэ псори щым хъужащ.

– Щхьэ щым хъуа? – и щхьэр къиIэтащ пщащэм. – Алэдамэ... Алэдамэ дэнэ щыIэ?! – Нэптерэ зыкъищIэжщ, и анэм зыкъыIэщIиудри, гухъыринэм къелъащ.

Гуащэри абы къыкIэлъелъащ.

Алэдамэ гухъыринэм пэмыжыжьэу щытт. Абы и щIыфэр зэрыщыту зэхэуIыхьауэ, лъыр къежэхырт, Iэ сэмэгукIэ иIыгъ мэIум шабзэшэ хъушэ хэлът, и джатэдзэм лъы къыпыжырт. Ар лъэ быдэкIэ щIым тетт, сыт хуэдэ фэбжь кърадзами зыхимыщIэу, джатэ Iэпщэр икъузарэ, зричыну хьэзыру. ЗауэлI гуп къыпэщытт Алэдамэ, тIощI нэхърэ мынэхъ мащIэу. Зыгуэр ягъэщIагъуэ хуэдэ, ахэр зэплъыжырт. Iэщэ зэмылIэужьыгъуэхэмкIэ зэщIэузэда гупыр къызэрехьэжьэнрэ щIэпхъуэжынрэ къахуэмыщIэу Iэнкунт. Алэдамэ зэриувыкIам хуэдэу щыту, и щхьэр кърииIуэнтIэкIри, зэанэзэпхъум къахуеплъэкIащ. Абы и нэкIур лъы защIэт, езыр лъэщу бауэрт. ЩIалэм и щхьэр гухъыринэмкIэ ищIащ, фитIысхьэж жыхуиIэу.

Алэдамэ ищIэрт и щIыбагъ къыдэт, дзыхь къыхуащIа цIыхубзитIыр иджыпсту хуэмыхъумэмэ, зы шынагъуэ гуэр къазэрыщыщIынур, дауэ

имыщIами, и закъуэ зауэлI тIощI ирихын зэрыхуейр. КъаукI хъунутэкъым, итIанэ щIэпсэужыр гъэрыпIэ ихуэнут, лей къытехьэнут. Дэнэ кърихами, къару телъыджэ гуэр къылъыкъуэкIын хуейт абы. Къатеуахэм я зэхуэдитIыр Алэдамэ и закъуэ зэхиупщIэтауэ арат адрейхэр къэуIэбжьауэ щIызэхэтыр. Къэнэжахэри гуащэмрэ Нэптерэрэ къабгъэдигъэхьэнутэкъым, сыт имыщIами.

*«Дзэгъащтэ жыхуаIэхэм я хъыбар зэхэпха хъунщ, си щIалэ. Тхъэхэм къагъэщIа хъункъым абыхэм хуэдэ цIыху телъыджэ. Дзэгъащтэ хъужыр зауэлI нэхъ хахуэ дыдэращ, нэхъ Iэлырщ, нэхъ хъыжьэрщ. Абы хъэкъыу ещIэ къызэремылынур, итIани, гурэ псэкIэ ажалым хуэхъэзыру, дзэ псом и закъуэу пэщIоувэ. Бийм и лъэр щIэхун папщIэ, игъэщтэн папщIэ. Бийр йогупсыс: «Мы зы цIыхухъум и закъуэ апхуэдиз лIыгъэ щызэрихьэкIэ, абы и щIыбагъ къыдэт дзэм къыдищIэнур сыт?!» – жери. Аракъэ-тIэ, лIыгъэ жыхуаIэжыр?! Мэуэтхэм къащинэмыщIа, нэгъуэщI зы лъэпкъми иIэкъым апхуэдэ хабзэ телъыджэ. Ауэ, ди адэжьхэм жаIэж, языныкъуэ дзэгъащтэхэри псэууэ зауэм къыхэкIыжыфауэ, къыпэщIагъэува гупым щыщу зы цIыху IэщIэмыкIыу, зэтриукIауэ»,* – Алэдамэ иджыпсту игу къэкIыжат и мэуэт вакъуэ адэм зригъэдэIуауэ щыта хъыбарыр.

Къарууэ къыхуэнэжар зэхуихьэсщ, кууэ хьэуар зыжьэдишэри, Алэдамэ зричащ. ЩIалэм къыпэува зауэлI гупым яхэлъэдащи, зэдэмэпкъауэр иреуд, и джатэр зытришащIэр хегъащIэ, зытехуэр пегъэщ. ЗэрыхъуIамэ ирехъу, жиIэу пэрыуватэкъым ар а къалэн мытыншым, атIэ бзаджащIэхэм ящыщу зы цIыху псэ Iуту имыутIыпщыну быдэу и гум илъу яхыхьат. Алэдамэ зищIэжыртэкъым, игъащIэм зыхимыщIа гужьгъэжь фIыцIэр и кIуэцIым къыщызэщIэушауэ, и IэпщэхэмкIэ къыщыхэкIыжырти, ажал щIыIэу бзаджащIэхэр ирихырт.

Гуащэмрэ Нэптерэрэ зэрыубыдыжауэ гухъыринэм ист, я фэр пыкIарэ, гузавэм зэридзэу. Пщащэм къыщыхъурт Алэдамэ къызэфIэщэхэну, и лъакъуитIым ямыIыгъыжу щIэщIэу, къаукIыну.

Абдежым, къыздикIари къыздихуари къахуэмыщIэу, шууей гуп къэсри, Алэдамэ зылъэмыIэсу къэна бзаджащIэ зыбжанэр шыбгъэгукIэ ирахащ. Къепсыхмэ – Хьэтусилэрэ Тутхьэлийрэт. Пщыр гужьеяуэ Алэдамэрэ гухъыринэмрэ я кум итт, зыздидзынур имыщIэу. Тутхьэлий гум бгъэдэлъадэрэ бжэр Iуихмэ – зэанэзэпхъур зэшэкIауэ, зэщыджэу ист.

– Дэдей, Нэптерэ! КъыфлъэIэсаIа? – зыкъидзащ абыхэм дежкIэ Хьэтусилэ.

– Зыри ди лажьэкъым... ЗэфIэкIащ! ЗэфIэкIащ псори, – увыIэжыфыртэкъым гуащэр.

– Алэдамэ! – аддэ жыжьэу щыт щIалэм дежкIэ Хьэтусилэ щиунэтIым, Алэдамэри, ерагъыу и лъэр зэщIихыу, къыпежьащ.

– Зиусхьэн...

– Алэдамэ, си щIалэ! – пщым зиплъыхьырт, губгъуэм хьэдэу илъымрэ абыхэм щIалэр зэрапэлъэщамрэ хузэхуэмыгъэхъуу.

Зэадэзэкъуэми абыхэм ящIыгъуу къэса зауэлIхэми ягъэщIагъуэ пэтми яхуэухыртэкъым я нэгу щIэкIар. Я щхьэр ягъэкIэрахъуэу зэхэтт.

– Уэ къысхуумыщIа мы дунейм теткъым, Алэдамэ. ЕтIуанэу ажалыр спыIубгъэкIуэтащ. Узыхуей дыдэмкIэ къызэлъэIу, пхуэзмыщIэн щыIэкъым, – бауэбапщэу щыт щIалэм IэплIэ хуищIащ пщым.



6 Заказ №27

– Нэптерэ къызэт, зиусхьэн! НэгъуэщI зыри сыхуейкъым, – ерагъыу къыдришеящ Алэдамэ.

Хьэтусилэ Алэдамэ зыщIэлъэIур щызэхихым, ар иутIыпщыжщ, къикIуэтри, щIалэм и нэгум иплъыхьащ, жиIар къыгурымыIуа хуэдэ.

– Сыт жыпIа? – и нэщхъыр зэхиукIащ пщым.

– Нэптерэ щхьэгъусэу къызэт, зиусхьэн, – нэхъ ину жиIащ Алэдамэ.

Хьэтусилэ щIалэр зэпиплъыхьу щытт, абы пидзыжынур къыхуэмыщIэу.

– Хьэтуссэм догъэзэж. ПсынщIэу. Мыбдеж куэдрэ дыщызэхэт хъунукъым. Мобы и уIэгъэхэр вгъэкъабзи, фынежьэ псынщIэу, – и шыпхъумрэ анэмрэ гъуэрыгъуэурэ тезыгъэуж Тутхьэлий зыхуигъэзащ пщым.

Ар хуейтэкъым Алэдамэ иджыпсту жэуап иритыну. КъызэринэкIа зэхэуэм нэхърэ нэхъ Iеижу къехьэлъэкIа псалъэхэр къыдришеифати, игу зэгъауэ щIалэр щIым етIысэхащ. Нэптерэ абы къыхуеплъэкIырт. Пщащэр хуейт щIалэм бгъэдэтIысхьэу едэхэщIэну, псалъэ дахэ жриIэну, и уIэгъэхэм хущхъуэ хущихуэну, зэрыпсэур и фIэщ мыхъужу, быдэу IэплIэ хуищIыну. Абы зэхихатэкъым Алэдамэ пщым зэрелъэIуар, армыхъумэ, укIытэнти здэщыт дыдэм деж кIуэцIрыхунт. Нэптерэ къыщыхъурт Алэдамэ нэхъыфIыжу илъэгъуауэ, нэхъыбэжу хуэныкъуэу, хуэлIэу.

– Хьэтусилэ, дауэ къэпщIа ди Iуэху зыIутыр? Щхьэ укъыткIэлъыпхъэрын хуей хъуа? – Дэдей зыхуигъэзащ и щхьэгъусэм.

– Уэ къыпIэрыхьа хъыбарыр нэпцIщ, гуащэ. Къейшэху сымаджэкъым, – щэтащ пщыр.

– Дауэ? Хэт-тIэ а хъыбарыр къызыбгъэдэкIар?

– Ныхъуашэ къикIащ, Шэтэнду къыбгъэдэкIыу, – и щхьэр игъэкIэрэхъуащ Хьэтусилэ. – Абы ящIыгъуу згъэкIуа унэIутхэм хъыбар сагъэщIауэ аращ. ЗымащIэкIэ гувауэ...

Шэтэнду ищIамрэ Алэдамэ зыщIэлъэIуамрэ нэхъ къэзыгъэуIэбжьар дэтхэнэрами езы Хьэтусилэ хузэхэгъэкIыжыртэкъым.

– Еплъыт а хьэIуцыдзым! СщIащ сэ ар зэрымыувыIэнур, – жиIащ гуащэм, нэхъри и пхъур зэщIикъузэу.

– Рамзес хуэтхат ар, пащтыхьыгъуэр къыстрихыжыну зэрыхуейр жриIэу, абыкIэ щIэгъэкъуэн къыхуэхъуну елъэIуу. Фирхьэунми жэуап кърityжащ. Шэтэнду дзыхь къыхуищIу къыщIэкIынукъым абы, шэсыгъу щIэлъэIуащ. Езым зитмэ, ТIэшуб и закъуэ Iуэхур хузэхуэгъэхъунукъым. ТIэшуб иритрэ, Рамзес зыхуейр къыIэрыхьэмэ, и къуэр къиукIынкIэ мэшынэ. Арати, Шэтэнду, шэсыгъу папщIэу узэриубыдын Iэмал къилъыхъуэу, а хъыбарыр къыпIэригъэхьауэ аращ. Сэ си лъэр щIиудын, шэсыгъуншэу Iуэхур зэфIигъэкIын папщIэ.

– Абы зэхуигъэхъуа къомыр... – игъэщIэгъуащ гуащэм. – Фыз щхьэкIэ пщым къэралыгъуэр итрэ?!

– Стынут, Дэдей! Стынут. Фэращ сэ щызиIэр мы гъащIэм. Фэрыншэмэ, зыри сыхуеижкъым, – и щхьэгъусэмрэ и пхъумрэ IэплIэ яхуищIащ пщым.

– Сыт-тIэ, иджы Шэтэнду епщIэнур, Хьэтусилэ. Сыт хуэдэ тезыр абы хуэфащэр? – Дэдей и щхьэр и щхьэгъусэм и дамэм иригъэщIащ.

– Тезыру щыIэм я нэхъ ткIийр хуэфащэщ абы. Шэтэнду зэи тепыIэнукъым, ар быдэу си фIэщ хъуащ иджы. Палъэнущ. Ауэ, ТIэшуб пщы унагъуэм щыщщи, хьэпс мыхъумэ, ажал къилэжьыркъым. Си гугъэщ хытIыгу гуэрым езгъашэу, и гъащIэр хьэпсым щихьмэ нэхъыфIу. Зэнзей и дыщым ирекIуэж. НэхъапэIуэ сщIэн хуеящ апхуэдэу. Сэращ ар зи щыуагъэр. Си зэранкIэ фысIэщIэкI пэтащ, – и фIэщ мыхъужу гуащэмрэ Нэптерэрэ зэпиплъыхьырт Хьэтусилэ.

Гъуэгум тетыху пщыр хэкIакъым гупсысэм. Абы къыхуэщIэртэкъым и къэралымрэ Мысырымрэ я зэхуаку дэлъ зэгурымыIуэныгъэмрэ зауэ бжыгъэншэхэмрэ зэригъэувыIэнур. Хьэтхэр тыншыгъуэ жыхуаIэм щIэхъуэпсу къэнат, закъыхуэужьыжыртэкъым.

Уардэунэм къекIуэлIэжу, зэман дэкIыжа нэужьщ Хьэтусилэ Алэдамэ щриджар. Пщым жиIэнур зэхуигъэхъуу, къыщыщIидзэнур къыхуэмыщIэу, куэдрэ гупсысэу щысащ. НэгъуэщI зыгуэру щытатэмэ, зримыгъажьэу, пигъэщхъынут. Ауэ, Алэдамэ пщым и гъащIэм увыпIэшхуэ щиубыдырт, куэдыIуэкIэ зэпхати, къыхудэшейртэкъым.

– Уэ нэхъ малъхъэфI згъуэтынукъым сэ, Алэдамэ. Сылъыхъуэми, згъуэтынукъым. Сыбгъэпэжащ, гурэ псэкIэ укъызбгъэдэтащ, си гум илъыр си бзэм къытемыхьэ щIыкIэ, сызыхэпщIэу нобэм укъэсащ, – пщым и псалъэр и гум къикIми, ерагъыу зэкIэлъигъакIуэу арат. – Сыхуейкъым уи гур изудыну, уи жагъуэ сщIыну. Ауэ... Нэптерэ уэстыфынукъым. Абыи щхьэусыгъуэ иIэщ. Пэжщ, гу лъыстат абырэ уэрэ нэгъуэщI зыгуэру фызэрызэхущытым, ауэ фи гухэлъхэр апхуэдизу гуащIэ си гугъакъым. Гуащэм зэрыжиIэмкIэ, фIыуэ фызэролъагъу.

Алэдамэ зимыгъэхъейуэ щытт, и напIэр ехьэхауэ. Абы зы псалъэ закъуэт зэхихар – уэстыфынукъым. Адрейхэм зыми мыхьэнэ яIэжтэкъым.

– Лъагъуныгъэр зищIысыр сощIэ сэ. УкъызгуроIуэ. Ауэ си пхъум нэгъуэщI гъащIэщ хухэсхар. Уи жагъуэ мэхъу, щIэхи утеужынукъым. СощIэ. Сыпщогугъ уэри сыкъыбгурыIуэну. УощIэ сэ ауэ сытми зыри зэрызмыщIэр. Уэ сыкъыбгурымыIуэмэ, зыми сыкъыгурыIуэнукъым, – пщыми и напIэр къиIэту, и пащхьэ ит щIалэм и нэгу иплъэфыртэкъым.

Алэдамэ къыщыхъуат мы дунеижьым псэ зыIуту зы цIыху къытемынауэ, и закъуэ дыдэу. ХьэкIэкхъуэкIи, псэущхьи, хьэпщхупщи, къуалэбзуи бзэхат. Даущыншэт щIы хъурейр. Зыри хуеижтэкъым Алэдамэ. Зыми щIэхъуэпсыжыртэкъым. Абы и хъуэпсапIэр трахат. НэрымылъагъуIу, IэкIэ улъэIэс мыхъуу щыIэ хъуэпсапIэ нэгъунэ трахат. Сытыт абы пщым пидзыжыфынур?!

– Зэ бжесIащ, Алэдамэ. Иджыри къытызогъазэ – Хьэкъмыс узот. Мы дуней фIыгъуэр тыгъэ пхуэсщIынт, уи лIыгъэмрэ укъызэрысхуэпэжамрэ папщIэ. Сэ фIыуэ къызгуроIуэ, мы псалъэмакъым и ужькIэ Хьэтуссэм укъызэрыщымынэнур. Уи гум техуэнукъым уэ ар. Ауэ дызэфIэкIуэдыну сыхуейтэкъым. Сэ сыхуэныкъуэщ уэ пхуэдэ дзэпщ, дамэгъу, ныбжьэгъу, – Хьэтусилэ щIалэм бгъэдэкIуатэри, и нэгум иплъащ.

Алэдамэ зигъэхъейртэкъым. КъэщIэгъуейт и щхьэм илъри и гум щыщIэри.

– Зыгуэр къызжеIэ, Алэдамэ. Умыщым! – и гур зэрыкъутэр къапщIэу, пщым и щхьэр ирихьэкIащ.

– ГурыIуэгъуэщ, зиусхьэн, – и щхьэр ищIащ щIалэм.
– Къапщтэрэ бжесIар? Хьэкъмыс и унафэщI ухъуну уарэзы?
– ИужькIэ жэуап уэст хъуну, зиусхьэн?
– Хъунущ. Узэрыхуейм хуэдизрэ гупсысэ, – арэзы хъуащ пщыр.
Хьэтусилэ ищIэрт Алэдамэ и жагъуэ зэрищIар. Ар зэригъэзэкIуэжыну Iэмалыр арт къыхуэмыщIэр.
– Зиусхьэн! – щхьэщэ ищIри, Алэдамэ пщы лэгъунэм щIэкIыжащ.
Хьэтусилэ шордакъым ихьащ. Абы Алэдамэ жриIатэкъым Нэптерэ хэт иритынуми. Арат езы пщыр нэхъ Iеижу зыгъэгупсысэр, зезыхуэр, зымыгъэжейр. Ауэ Хьэтусилэ быдэу и фIэщ хъурт и унафэм зэрыхущIемыгъуэжынур. Шэчи къытрихьэртэкъым а Iуэхур къэралым щхьэпэ зэрыхуэхъунум.
Алэдамэ псори фIызэхэзэрыхьат. Абы ищIэрт пащтыхьым «хьэуэ» къыжриIэнкIэ зэрыхъунур, ауэ апхуэдэ дыдэу и гур узын, апхуэдэу хьэлъэу а узыр къыхущIэкIын и гугъакъым. ЩIалэм и нэгу къыщIигъэхьэжырт мэуэт щIыналъэр. Абы и дахагъэр. Ар егупсысырт зэгуэр хытет бзаджащIэхэм къамыдыгъуатэмэ, и гъащIэр нэгъуэщI зэрыхъуну щытам. Адэ-ани, къуэши, шыпхъуи иIэнут, и адэм и пщыгъуэри къылъысынут. Ауэ... Ауэ абы щыгъуэм Нэптерэ и нэ дахитIыр зэи илъагъунутэкъым, и щхьэц Iувым и мэ гуакIуэр къыщIихьэнутэкъым, и Iупэпщ дыхьэрэным и IэфIагъыр зыхищIэнутэкъым. Пэжщ, нэгъуэщI бзылъхугъэ игъэунэхуну хъунт, ауэ и гум Нэптерэ зэрыхэпщIам хуэдэу ар хэпщIэнут?
Куэдрэ щыта, мащIэрэ щыта Алэдамэ? Гупсысэу. Зимыгъэхъейуэ. Мазэр апхуэдизкIэ изт, инти, щIэплъыпIэр зэрыщыту иубыдауэ, мафIэсышхуэм ещхьу жэщ ныкъуэ уафэр къигъэнэхурт, къалэм щызэпрыж псыIэрышэр мафIэ лъынтхуэм хуэдэу тригъэпщIыпщIыкIырт. Хьэмэрэ, Алэдамэ и нэр теплъызауэ, апхуэдэу къыщыхъуу арат?!
ЩIыпIэ мыцIыху жыжьэ гуэрым къыщыхута щIалэм зыкъригъэщIэжу, бжэIух макъ и тхьэкIумэм къиIуащ. Щхьэхынэу къызэплъэкIмэ, Нэптерэ щытт.
– Нэптерэ?! – къэуIэбжьащ Алэдамэ. – Щхьэ укъэкIуа жэщыбгым? Зыгуэр къэхъуа?
Пщащэм жэуап имыту Алэдамэ бгъэдэкIуэтащ. Нэптерэ и мэ гуакIуэм пэшым зыщIиукъуэдияти, Алэдамэ и нэр зэтрипIащ, и бгъэм щызу бауэу. Нэптерэ абы гъунэгъу дыдэу къыбгъэдэтт. Пщыпхъум и дамэхэм тепхъа щхьэц Iувым щабэу Iэпхъуамбэхэр щIигъалъэри, и пэм хуихьащ Алэдамэ. ТIуми къафIэIуэхутэкъым зыри. Къалъагъуми, къащIэми арэзыт. А тIум кърақIам нэхърэ нэхъ Iеиж зэи кърaщIэжыфынутэкъым.
Нэптерэ и Iэр щIалэм и бгъэм трилъхьащ.
– Уи гур къызэреуэм седаIуэу схьынут си гъащIэр, – жиIащ абы.
Алэдамэ пщащэр зэщIиубыдэри, IэплIэ хуищIащ.
– Сэ зэи узмыутIыпщыжу мыпхуэдэу гъащIэр схьынут.
Алэдамэ и щIыфэм телъ уIэгъэ зэпцIыжахэм щабэу, игъэузынкIэ шынэу телъэщIыхьырт пщащэр:
– УсIэщIэкIынкIэ сышынат.
– ЖесIащ абы щыгъуэ пащтыхьым... Укъызитыну... – и нэр зэтрипIэри, жьы къыпиубыду, и Iупсыр иригъэхащ Алэдамэ.

– СощIэ, – худэплъеящ абы Нэптерэ.

– Нобэ жэуап къызитыжауэ аращ... Идакъым, – нэхъри нэхъ быдэжу зрикъузылIащ пщащэр.

– СощIэ... Сэ нэгъуэщIщ абы сызритынур, – и нэпсыр къыщIэжащ Нэптерэ.

– Хэт? – бауэкIэщI хъуащ Алэдамэ.

– Iуэхукъым ар. Зыри Iуэхукъым. Уафэр кърещэщхэ иджы хуейми, – жиIэщ, лъапэпцIийуэ ухри, Алэдамэ и Iупэм пщащэм ба хуищIащ.

ЩIалэр къызэщIэнауэ мафIэм исырт, къызэтемыувыIэжыфынкIэ шынэрт, ауэ Нэптерэ икIуэтыжыну къэкIуатэкъым цIыхухъу лэгъунэм. Алэдамэ и фIэщ мыхъужу, зыщимыгъэнщIыжу пщащэр зрикъузылIэрт, имыутIыпщыжыфу зэкIэлъигъэпIащIэу ба хуищIырт.

– Нэптерэ... Нэптерэ... Хъунукъым... – ерагъыу зыкъуищIэжри, и щхьэр къиIэтащ Алэдамэ.

– Сызэхэпхрэ уэ, сыхуейкъым нэгъуэщIым! Уэ зыращ... Уэ зы закъуэращ. КхъыIэ... НэгъуэщIым сщихыну сыхуейкъым дзыгъуэджанэр. Уэ зыращ си гур къыщIеуэр. Уи IэкIэ си псэр хыумых, укъэмыувыIэ, – Нэптерэ Iэпэлъапэсыс хъуауэ щIалэм и бгъэ щIыIур итIатэурэ, и гур къыздыщеуэм ба хуищIырт.

Алэдамэ адэкIэ зишыIэну къару иIэжтэкъым, мафIэ лыгъейр хъуэпсат... ФIыщэу илъагъу цIыхубзым и Iу бахъэм нэхъри къилыпщIырт ар. Хъыджэбз Iэпкълъэпкъ лантIэм и мэ гуакIуэм зыщIишэурэ, Алэдамэ и пщэ лъынтхуэр къэчэным хуэдэу къытридзат. Къэгъазэ щыIэтэкъым...



А пщэдджыжьым нэхъ IэфI хэтынутэкъым Нэптерэ и гъащIэм. АфIэкIа апхуэдэ жэщ гуащIи иIэнутэкъым. Алэдамэ и гупэм хэлъу нэху къекIа пщыпхъум жэщ кIуар игу къэкIыжмэ, мафIэу къызэщIэнэурэ, а мафIэм щIыIэм иригъэсыж къыщыхъуу, и щIыфэр сырт, тхытхырт. А зы жэщ закъуэмкIэ и гур игъэфIу, и гъащIэ мыхьэнэншэр а гукъэкIыжым щIигъэхуабжьэу псэунут иджы Нэптерэ.

Абы ищIэрт и унафэр зэращIари, нэчыхьытхым зэрызыхуагъэхьэзырри. Ауэ Хьэт къэралыгъуэм и пщышхуэми пекIуэкIат а пщащэ къамылыфэ гуакIуэм и гущIэлъыр: фIыуэ илъагъум зритат...

## *МэIэтхъэрнефрурэ*[1]

Хьэтусилэ икIэщIыпIэкIэ пщызэхуэс къызэригъэпэщащ. ЗэрыжаIэмкIэ, пщым ипхъу курытыр лIы иритырти, абы ехьэлIагъэнут хасэр. Псоми яфIэгъэщIэгъуэнт Нэптерэ зратынур. КъахуэщIэртэкъым пщым благъэ ищIыну зытриухуар хэтми, зи кIэн къикIынур сыт хуэдэ щIыналъэм и пщыжьрами.

Алэдамэрэ Тутхьэлийрэ и лъэныкъуэ зырызым къыщыту, Хьэтусилэ иригъэблэгъащ хасэм кърихьэлIахэр, икIи зимыIэжьэу иришэжьащ:

– Фызэрыщыгъуазэщи, сипхъу курытыр лIы естыну тезухуащ. СыкъывгурыIуэну икIи къыздэфIыгъыну сыщогугъ мы Iуэху мытыншыр... Нэптерэ Рамзес ЕтIуанэм естынущ.

Пщызэхуэсым кърихьэлIахэр Хьэтусилэ жиIам апхуэдизкIэ къриуIэбжьати, зэуэ я фIэщ хъуакъым, асыхьэтуи пэшым щIэз хъуащ зэрызехьэр.

– Дауэ?

[1]МэIэтхъэрнефрурэ – Нэптерэ Рамзес къыфIищауэ щыта мысырыцIэ, «дыгъэм хуэдэу дахэ» къикIыу.

– Сыт щхьэкIэ?
– Апхуэдэ хьэдэгъуэдахэ флъэгъуа?
– Сыт ар зищIысыр?

Дзэпщхэр къызэрыIэтауэ зэрызехьэрт. Ауэ псом нэхърэ нэхъ Iейуэ ундэрэщхъуар Алэдамэт. Абы къыгурыIуэртэкъым пщым я пщыжу, губзыгъащэу къилъытэу щыта Хьэтусилэ апхуэдэ унафэ ищIын хуей щIэхъуар. Ар пщым и сэмэгурабгъукIэ къыщытт, къызэщIэнауэ абы хуеплъэкIыу, и гум щыщIэр зэрыщыту и нэгум къиощу.

– Щэхуу! – и Iэр иIэтащ пщым.

– КъыдгурыIуэркъым, зиусхьэн. Илъэс мин бжыгъэ хъуауэ дгъэбий лъэпкъым уи пхъур ептын хуей щхьэ хъуа? – къызэIыхьауэ къэтэджащ къашкъэхэм я пщыр.

– Дэ нэхъыфIыIуэкIэ дыпщыгугъат! Хъуакъым ар, – и напщIэр хишащ Ахей.


МэIэтхъэрнефрурэ – Хьэтусилэ ипхъу Нэптерэ

– Щхьэусыгъуэ гуэр иIэ хъунщ абы, ныбжьэгъухэ. ДевгъэдаIуэ пщым жиIэм, – и макъ зригъэIэтащ Вындэшынэ. – Ди пщыр къэралым зэрыхуэпэжыр мызэ-мытIэу игъэлъэгъуащ, Хьэкъмыс щыщыIэми, пщыгъуэр къылъыса нэужьи. Япэ фимылъадэ зэ.

Хасэм хэтхэр нэхъ щэху щыхъужым, Хьэтусилэ пищэжащ.

– Дауи, дэ иджыри илъэс минкIэ дезэуэфынущ Мысырым. Ауэ, дызэгурыIуэу, мамырыгъэкIэ дызэIэпыкIыну игъуэкъэ?!

– МамырыгъэкIэ Iэджэрэ дызэIэпыкIащ дэ, зиусхьэн. Мазэ бжыгъэ нэхъ дэмыкIыу, я псалъэм епцIыжурэ, къытрагъэзэжащ ахъумэ, – къыхэкIиикIащ ЦIру.

– ПсалъэкIэ узэгурыIуэмрэ зэгурыIуэныгъэм щыхьэт техъуэ тхылъым лъэныкъуитIми Iэ щыщIадзымрэ зыкъым... – пигъэщхъащ пщым.

ЩIэщыгъуэ гуэр зэхэзыха дзэзешэхэр зэщIэдэIукIащ.

– Сэ си гугъэщ Щамымрэ Финикие Ищхъэрэмрэ Хьэт къэралыгъуэм къытхуэнэу, журт щIыналъэмрэ Финикие Ипщэмрэ Рамзес естыну. КъищынэмыщIауэ, дыщэ-дыжьынрэ Iэщрэ куэду Рамзес хуезгъэшэнущ тыгъэу. ЗэгурыIуэныгъэ зэресщIылIэм, си псалъэм сызэремыпцIыжынум и щыхьэту, нэчыхькIэ згъэбыдэжынущ а зэгурыIуэныгъэр, – пищащ пащтыхьым.

– Зыри къызгурыIуэркъым. Уи пхъур, уасэ теплъхьэжу, фирхьэуным ептынура, къыдэмызэуэн щхьэкIэ, Къуэдэш къыттримыхын папщIэ? – и нэщхъыр зэхиукIащ Нурдыгъэл.

– Сыт хуэдиз зауэ къызэднэкIа? Сыт хуэдиз гъащIэ яхьа а зауэхэм! Сыт хуэдиз насып зэтракъута абыхэм! Зауэ нэужьыр хьэдагъэщи, анэхэмрэ щхьэгъусэхэмрэ я нэпсыр мыгъущ щIыкIэ, зеиншэу къэна, къэжэпхъа къуэхэмрэ къуэрылъхухэмрэ ирагъажьэу дыкъогъуэгурыкIуэ. Ди щIыр къытхуэнэжа щхьэкIэ, дэ езыр мащIэ дыхъуащ. Лъэпкъыр

кIуэдыжыгъуэ диувауэ жыпIэ хъунущ. Сыхуейкъым си адэжьхэм нобэм къашэса къэралыгъуэр яжьэ хъужыну, си пагагъэм текIуэдэжыну, си лъэпкъэгъухэм я кхъащхьэм фирхьэунхэм уардэ Iуащхьэ тращIыхьыну. Си пхъур сыгуIэу естрэ, си гур си бгъэм ирисхьэжмэ нэхъыфIщ. АбыкIэ зауэр къэзгъэувыIэнщ, нэхъыжьхэм нэхъыщIэхэр щIалъхьэжу зыми илъагъужынкъым, – зыпэрыс Iэнэм IэштIымкIэ теуащ пщы къызэщIэплъар.

Псори щым хъуауэ едаIуэрт абы. НэхъапэIуэкIэ жиIахэм иригуб-жьами, иджы зыми зыри пидзыжыфыртэкъым.

– КъищынэмыщIауэ... Тхыдэм къытхуигъэгъунукъым, къэралы-гъуэр Рамзес еттмэ. Хы Курытри тенджыз ФIыцIэри хуит хуэхъунущ итIанэ. Аращи, фирхьэуныр благъэ сщIырэ, фIыкIэ сыгурыIуэмэ, си лъахэр бэIутIэIум щысхъумэнущ. МардэикIыпIэщ мы Iуэхур, си ныбжьэгъухэ. Сыхуейщ мыбдеж къекIуэлIа псори Мысырым сутIыпщыну лIыкIуэхэм фахэтыну. Нэптерэ Мысырым фшэуэ, фир-хьэуным зэгурыIуэныгъэ ефщIылIэу, хъыбарыфIхэр къысхуэф-хьу фыкъекIуэлIэжыну сыфщогугъ. Аращ си унафэр. ТхуэфIыну! ИужьыIуэкIэ абы иджыри зэ къытедгъэзэжынщ. Иджыпсту джэгумкIэ фынеблагъэ, фи нэгу зевгъэужь, зывгъэпсэху, – зиIэтри, пщыр пэшым щIэкIыжащ.

Адэм и быныр итырт, и гум къыщIитхъми, щысхьми. Итырт, лъэп-къым щхьэкIэ, итырт, къэралым щхьэузыхь хуищIырти. ЩIэблэр балигъыпIэ иувэу, лъхуэуэ-пIэуэ хуиту псэун, хьэтхэм зыкъаужьыжын папщIэ итырт. Алэдамэ хуитт фIыуэ илъагъу цIыхубзыр зэрыIэщIэкIым щхьэкIэ ныкъуэкъуэну, лъэпкъ псом пэщIэувэу, ар къатрихыну, и щхьэр япэ иригъэщу, апхуэдэ Iэмалым пщыр хигъэкIыжыну?! Хьэуэ. Апхуэдэ абы ирищIэфынутэкъым зыпIыжа и вакъуэ адэм. Езыр Хьэтуссэм къы-щынэу, Нэптерэ зэрыдашым еплъынуи къару иIэтэкъым. А псори зэ-хуигъэхъури, Алэдамэ пщым деж щIыхьащ.

– Зиусхьэн, Мэуэтейм згъэзэжыну сыхуейщ.

Хьэтусилэ и нэгур къызэхэуащ. Ар тэлайкIэ щыму щытащ, итIанэ хьэлъэу хэщэтыкIри, етIысэхащ..

– ФIыуэ уегупсыса абы? – и напIэр къыхуэмыIэту.

– Сегупсысащ, зиусхьэн.

– Хьэкъмысми ухуейкъым, си дзэпщуи укъыщынэнукъым мыбы, ара?

– Дзэпщ лъэрызехьэ защIэщ уи бейгуэлхэр, зиусхьэн. Тутхьэлий уиIэщ. Абы нэхъ лъэужьыфI къыуатынтэкъым тхьэхэм. Сэ зыри сы-хуейкъым, зиусхьэн. Зэ жысIащ ар... – и пкъыр уардэу иIыгъыу, и щхьэр лъагэу Iэтауэ, ауэ и напIэр едзыхауэ жиIащ Алэдамэ.

– УкъызгуроIуэ, Алэдамэ...

– Уэри укъызгуроIуэ, зиусхьэн, – щабэу жиIащ щIалэм, пщыр зэ-пиудри. – Гукъанэ пхуэсщIыркъым. ЗэрынэхъыфIым хуэдэу пщIауэ аращ. Ауэ, си хэкужь секIуэлIэжмэ нэхъыфIщ. Си адэр къэзгъуэты-жынщ, псэумэ...

– Къыпхудэмышей щхьэкIэ, сынокъуэншэкIащ, Алэдамэ. Нэгъуэщ I хэкIыпIэ сиIэххатэми!.. – пщым зыкъиIэтри, щIалэм IэплIэ къыхуищIащ. – Гъуэгу махуэ, си щIалэ! Уи адэ деж емыкIу къыщыз-мыхьын хуэдэу, гъэсэныгъэфI пхэслъхьэфауэ согугъэ. Хэт ищIэрэ, зыгуэркIэ къэбгъэзэжмэ – сытым дежи гуапэу укъезгъэблэгъэжынущ.

Жьыуейр щызэприху пэш кIыфI нэщIым хуэдэт Алэдамэ и гущхьэр. Абы и бгъэм зыри имылъыжу къратхъат. Пэжщ, Хьэтусилэ зыкIи игъэкъуаншэртэкъым абы. Ауэ щыхъукIи, икIэщIыпIэкIэ уардэунэр имыбгынэмэ, и щхьэр зэкIуэкIыну, делэ хъуну къыфIэщIырт. Тутхьэлий Iуплъэнуи къару иIэтэкъым, Нэптери хуэзэжыфынутэкъым. И псэм апхуэдиз бэлыхь щишэча щIыпIэр псынщIэу ибгынэн фIэкIа, нэгъуэщI зыри хуеижтэкъым Алэдамэ.

Нэптери арат, щIэх зыкъыхуэщIэжынуми, зыкъыхуэмыщIэжыххэу хьэдэджадэм хуэдэу дунейм тетынуми зыри хищIыкIыртэкъым. Зыри къыфIэIуэхутэкъым абы. ИгъащIэм зы цIыхум имылъэгъуа фэилъхьэгъуэ телъыджэу хуадахэм гу лъитэххэртэкъым, хурагъэщIа дыщэ пыIэ дэгъуэми зыри хуиIуэхутэкъым, хъугъуэфIыгъуэу къращэлIамрэ, фирхьэуным тыгъэ хуащIыну кърахулIа IэщIэвыщIэ, шы гуартэ бжыгъэншэми зыри хищIыкIыну хуейтэкъым. Абы къыфIэIуэхутэкъым хамэ щIыпIэ жыжьэ щыпсэу фирхьэуным и щхьэгъусэ нэхъыщхьэ, Мысырым и Гуащэшхуэ зэрыхъунури, езым и фIыгъэкIэ Хьэт къэралыгъуэмрэ Мысырымрэ зэи зауэ IуэхукIэ зэрызэпэщIэмыувэнури, Нэптерэ и дыгъэ нэкIум къызэриплъэу, фирхьэун джатэдэпщыр хьэщыкъ къызэрыхуэхъунури.



**Тхыдэм къыхэщыж япэ дыдэ мамыр зэгурыIуэныгъэм (Хьэтусилэрэ Рамзес ЕтIуанэмрэ зэращIылIар) МэIэтхъэрнефрурэ и цIэр итщ. ЗэгурыIуэныгъэр мывэм тедзащ, Лондон щыIэ Питри музейм щIэлъщ.**

... Тенджыз ФIыцIэм техьа кхъухьым МэуэтеймкIэ иунэтIащ. Щхьэхуимыт гъащIэр зыгъэунэхуа щIалэм гукъыдэж иIэтэкъым къызэринэкIа щIыналъэм хуеплъэкIыжыну. Ар ищхъэрэкIэт здэплъэри здэкIуэри.

... Хьэуа пщтырым уи Iур щригъэгъущIыкI Мысыр къумым нэсауэ, Хьэт къэралыгъуэм и лIыкIуэхэм Рамзес хуашэрт пщыпхъу тхьэIухудыр. Нэптерэ иджы нэгъуэщI цIыхут. НапIэзыпIэм къэжэпхъа, пхъашэ хъуа хъыджэбзыр зыкIи ещхьыжтэкъым япэрей пщащэм.

ГъащIэм зэхуишэу лъэныкъуэ зырызу зэпэщIихыжа ныбжьыщIитIым зэдамыгъуэта насыпыр арат къэралыр и хьэмтетыгъуэ лъэщым хуэзышар. Иджы а тIум я ныбжьыр зэрыгъуэтауэ къыщцынар Алэдамэ и лэгъунэм и закъуэт... ЗэшэкIауэ. ЗэIущащэу. Я гурылъхэр зэхуаIуатэу. ЗэщыгуфIыкIыу. ЛъаIуэу...

# Эпилог

... Хьэт къэралыгъуэмрэ Мысырымрэ мамырыгъэ зэгурыIуэныгъэ зэрызэращIылIэм и щыхьэту, Хьэтусилэ ипхъу Нэптерэ Рамзес ЕтIуанэм щхьэгъусэ нэхъыщхьэу ишащ.

А Iуэхугъуэшхуэм щыхьэт техъуэ тхыгъэр нобэм къэсыжащ, нысашэмрэ нэчыхьытхымрэ зэрекIуэкIари, хьэтыпщым фирхьэуным ху-

ригъэша хъугъуэфIыгъуэхэри, мысыр лъэныкъуэри абыхэм къазэрыпежьамрэ зэрагъэхьэщIамрэ ди нэгу къыщIагъэувэжу.

А зэманым хамэ къэрал къикIа пщащэхэр пащтыхьым и фызхэм ящыщ зыуэ, мыхьэнэшхуи ямыIэу къалъытэрт, ауэ Рамзес, благъэ къыхуэхъуа лъэпкъым хуиIэ пщIэм и щыхьэту, Хьэтусилэ и пхъур и щхьэгъусэ нэхъыщхьэ ищIауэ щытащ, икIи Нэптерэ и дахагъэм итхьэкъуа фирхьэуным и щхьэгъусэм МэIэтхъэрнефрурэ (дыгъэм хуэдэу дахэ) къыфIищат. «Пщащэм и адэм и зауэлIхэр щIыгъуу, былым бжыгъэншэхэр япэ иту, Мысырым и лIыкIуэу цIыху цIэрыIуэхэр щIыгъужу, пащтыхь гуащэр Рамзес деж нашэсауэ щытащ. Пащтыхьым хуабжьу игу ирихьат и щхьэгъусэр», – тетщ Абу-Симбел блыным, а Iуэхугъуэхэр къыщыгъэлъэгъуам. Илъэсий дэкIри, Хьэтусилэ ипхъу нэхъыщIэ Тэшмийри Рамзес ЕтIуанэм щхьэгъусэ хуэхъуащ.

Хьэтусилэ Ещанэм и зэманыр Хьэт къэралыгъуэм и хьэмтетыгъуэу щытауэ къыхощыж тхыдэм. Сыт хуэдэ Iуэхугъуэми бжьыпэ икIыгъуэ иIэщ. Апхуэдэу, хьэтхэр я зыужьыныгъэм и лъагапIэ дыдэм щынэсым, егъэзыхыгъуэм къыпекIуэкIыфакъым, икIи, илъэсищэ нэхъ дэмыкIыу, я къэралыгъуэр щэщэжащ.

ЩОДЖЭН Риммэ

# ИЛЪЭСЫЩІЭ ЖЭЩ

*Рассказ*



ЩIымахуэ уает. Уэсыр, зэпымыужыххэу, жьым зэрихьэу къесырт. ИлъэсыщIэр я унэ къыщрагъэхьэм нэхъ къащтэу, студентхэм пIащIэу ябгынэрт общежит зыщIэсыр. Абы зыри къэщIэмынэжыху Инус пэплъэщ, къихьэну илъэсыщIэмкIэ хъумакIуэ лIыжьым ехъуэхъущ, сэлам ирихыжри, и сумкэр и плIэм илъу, общежитым къыщIэкIащ.

Инус щIалэ лъагэт, бэнакIуэ Iэпкълъэпкъ зэкIужт. ЕджапIэ щIэсти, кърат стипендие тIэкIур зэригъэзахуэрт, ар щыгъыни шхыни хуэхъуу. ДэIэпыкъуэгъу лъэпкъ имыIэу, и щхьэ закъуэ и лъакъуитIу псэурт ар.

«Ярэби, дауэ сщIымэ, дауэ хъуну?..» – и щхьэ хуэпсэлъэжурэ макIуэ Инус, къалэ уэрамышхуэм и бгъум зритауэ. И набдзэ IувитIым къытесэ уэсымрэ и нэм къыфIыщIэж нэпсымрэ зэхохьэжри, и нэкIущхьитIым тодие. Фэ кIагуэ щыгъым темызагъэу и ботинкэ лъащхьэм дэхуэ уэс щIыIэр зыхимыщIэу макIуэ, гупсысэ хьэлъэхэм хагъащIэу.

Инус и адэ-анэр пасэу зэбгъэдэкIыжати, езыр и анэшхуэм къыхуэнэри, абы ипIыжауэ арат. Абыхэм сыт щыгъуи зэгъусэу кърагъэхьэрт илъэсыщIэр, ауэ мы гъэм и анэшхуэр дунейм ехыжри, ар къэнат и закъуэу. «ДэнэкIэ иджы здэзунэтIынур?.. Си адэм деж сыкIуэнт, ауэ хамэ фызым дауэ сыкъыщыхъуну? СыкъемыхьэлъэкIыну пIэрэ? Хьэуэ, си анэм деж сыкIуэнщи нэхъыфIщ... Ауэ сыкIуэр Iуэху, и лIыжь ефэрейр си зэранкIэ си анэм фIэнэмэ-щэ?..» – апхуэдэу хэгупсысысхьауэ здэкIуэм, Инус къэувыIэрэ зиплъыхьмэ, къалэм къыдэкIауэ, и закъуэ дыдэу асфальт бгъуэшхуэм тетт. ЩIыху зэхэзекIуэ щыIэтэкъым, машинэ закъуэтIакъуэ блэж мыхъумэ.

Гъуэгур здэкIуэр и анэр щыпсэу лъэныкъуэмкIэти, Iэ ищIу хуежьащ. Инус хуэдэ бэлэрыгъа, хутыкъуа лъыхъуэ такси гуэр къэувыIащ куэд дэмыкIыу. Адрей махуэхэм нэхърэ нэхъыбэ машинапщIэ иритын хуейуэ шофёрым къыщцыжриIэм, арэзы хъури, итIысхьащ.

ЗдэкIуэнум нэсу, машинэм къызэрикIыу, Инус зэщIэувыIыкIащ, щтэIэщтаблэу зэщIэдэIукIыу. Мо махуэ псом мышха щIалэм зэуэ къыIурыуащ бжьыныхукIэ шыужа гуэгушыл гъэвам и мэ гуакIуэр. «Сыту мэ IэфIыщэ къыдихрэ мы пщIантIэм... Зы гуэгушыл Iыхьэ пшхыну сыт и уасэт иджыпсту! Ари уи анэм ипщэфIауэ! Мамэ зыгуэр

хуейуэ унэм къыщIэкIамэ, седжэнтэкъэ... Сыту фIыт уи анэм уригъусэу зы унагъуэу упсэуну!..» – и хъуэпсапIэхэр игукIэ зэригъэзахуэу щытщ Инус, пщIантIэм доплъэри. Джэнущи, и бзэр иубыдащ. «Мамэ» псалъэри хужыIэркъым, и цIэмкIи еджэфыркъым.

ЩIыIэм игъэдия щIалэр хуэм дыдэурэ дохьэ пщIантIэм. Ауэ зэуэ къокIуэтыжри, куэбжэм ину тоуIуэ. Щызэхамыхым, унэбжэм бгъэдохьэри тоуIуэ. ЗанщIэуи анэм бжэр къыIуех.

– СынықщIыхьэ хъуну? – жи Инус макъ щабэ дыдэкIэ.

– Хъунущ, – Iэнкуну жэуап къет анэм.

Инус унэм щыщIыхьэм и анэм IэплIэ хуищIащи, зыри хужымыIэу щытщ, и гур къызэфIэнарэ нэпсым и нэр имыгъаплъэу. Анэри къэгумэщIащ... Илъэс куэд лъандэрэ имылъэгъуа и къуэр абы занщIэу къыхуэцIыхужатэкъым...

– Сыту щIалэшхуэ ухъуа, си къуэ закъуэ, – щэху дыдэу жеIэ анэм, Инус худэплъейурэ. – НакIуэ, пэшымкIэ нықщIыхьэ. Иджыпсту Iэнэр къэдухуэнщ, псори хьэзырщ.

– Мы ИлъэсыщIэ жэщым мыбы къэкIуа ажэгъафэм феплъыт!.. Алыхьыр згъэпцIащ мы птулъкIэр, уи щхьэр зэгуихуу, птезмыкъутэмэ!.. Зегъэхь аддэ! – къыщолъэт Iэнэм бгъэдэс «щауэжьыр», и ныбэжьыр япэ иту.

– Хъунщ, хъунщ, бэяуж... Сэ сыщыIэну сыкъэкIуакъым... – Инус нэщхъейуэ и анэм зэ хуоплъэкIыжри, лъэбакъуэ псынщIэкIэ пщIантIэм къыдокIыж, зыри къыщыпэмыплъэ общежит нэщIым кIуэжыну. ЗэрымэжалIэм къыхэкIкIэ, и гур пымэхыкIыу, щIымахуэ жэщри нэхъ щIыIэж хъуауэ къыщыхъуу, гъуэгу тоувэж ар, и гур къигъыкIыу.

«Шей къарэ фIэкIа демыфэми, зы унэ дыщIэсыжатэмэ нэхъыфIтэкъэ, си анэ? Хэт и хамэ лIыжь и зэранкIэ сыдэт сэ ныжэбэ уэрамым?..» – жиIэурэ, и щхьэм мыгъуагъэ хуехьыж щIалэм. «Ерагъыу зэхуэсхьэса си стипендие тIэкIур естри, сыпIащIэу таксикIэ сыкъэкIуат... Иджы сыкIуэжынущи, зы сом сIэщIэлъкъым... Зыри къыскIэлъыщIэмыкIыну пIэрэ?.. Си анэр мыхъуми, си шыпхъу цIыкIур къыдэмыкIыу къэнэнкъым, сэ абы фIыуэ сыкъелъагъу...» – а гупсысэхэрт щIыIэм имысу иджыпсту ар къезыгъэлыр...

И анэр щыдэкIуэжым, Розэ цIыкIу анэдэкIуэу здишати, зы махуи дэкIыртэкъым и дэлъхур игу къэмыкIыу. Инус къызэрыкIуам ар апхуэдизкIэ щыгуфIыкIати, и адэнэпIэсым и кIий макъыр зыуи къыфIэIуэхуакъым. Быдэу игъэпщкIуа и ахъшэ тIэкIур къиищтэри, Розэ щэхуу унэм къыщIэкIащ, и дэлъхум хуэзэн мурад иIэу. Макъ иримыгъэщIу бжэр хуищIыжри, пщIантIэм пIащIэу дэжащ. Уэрам бгъуэшхуэм дэлъэдащи, и къару къызэрихькIэ мажэ, зэм уэсым хэнэу, зэми джалэрэ къэтэджыжу, ауэ быдэу иIыгъ ахъшэр имыгъэкIуэдмэ, щIыIэм исми идэу. Мажэ, фIыщэу илъагъу и дэлъхум зэрыIуплъэнур и хъуэпсапIэу.

Гъуэгубгъуум екIуэкIыу Iут кIарцхэм ящыщ зым зригъэщIауэ щытт Инус. Анэр къыдэкIыным и гугъэр хихыжат, ауэ ар ежьэрт и шыпхъу цIыкIум, нэгъуэщI мыхъуми хуиту зэ IэплIэ хуищIыну, дахэ жриIэну, и щхьэм Iэ дилъэну.

Апхуэдэ гупсысэхэм щIалэр здыхэтым, Розэ цIыкIу къыбгъэдэлъэдащ, зыгуэрым кърихужьам хуэдэу, бауэкIэщI хъуауэ.

– Мэ, Инус, мы тӀэкӀур. Аращ сиӀэр. НэгъуэщӀ мыхъуми, общежитым нэс урикӀуэжынщ, – жи Розэ.

– Гу къыплъамытэу дауэ укъыдэкӀа? Уи мылъхуадэм укъуищӀэмэ, уиукӀынкъэ? Дауэ ухъуну иджы?

– Абы щхьэкӀэ умыгузавэ!.. ПщӀэрэ, Инус, уэ гуэгушыл уагъэшхакъыми, сэри яхуэсшхынукъым икӀи сехъуэпсэнукъым... – и нэпсым къызэпижыхьауэ къоплъ ар и дэлъхум.

– УмыпӀащӀэ, Розэ! Сэ зэ лэжьэн щӀэздзэмэ, псом япэу гуэгуш къэсщэхунщи, дэ тӀум зэдэтшхыжынщ. Хъункъэ? Хъунури аращ, – жери, езым и упщӀэм жэуап иретыж щӀалэм.

Инус и шыпхъу цӀыкӀум быдэу ӀэплӀэ хуищӀауэ щытщ, къигъанэу ӀукӀыжыну игу пымыкӀыу. Сыт и Ӏэмал?.. Общежитым кӀуэжынущи, псори зэбгрыкӀыжауэ, ар нэщӀщ, и анэм деж къэнэнущи, хъунукъым...

Сыт ищӀэнт, нэгъуэщӀ кӀуапӀэ щимыӀэм, общежитым игъэзэжыну мурад ищӀащ. «Сэ мыгувэу уи деж сыкъэкӀуэнщ, школым сынэкӀуэнщи, услъагъунщ, письмо къыпхуэстхынщ»... – жиӀэурэ ежьэжащ.

Инус къыздэкӀуэжа общежитым зы цӀыху щыдымыртэкъым, гъуэлъи лӀэ иджы, жыхуиӀэм хуэдэт – уи жьэм дэпхьеину зы дзэкъэгъуэ щӀэлътэкъым. «Сыту сынасыпыншэт!.. Сыту сытхьэмыщкӀэт!..» – жиӀэу и щхьэр игъейурэ, щӀалэм нэху къытещхьащ. ИлъэсыщӀэм и япэ пщэдджыжьти, Инус, и гъащӀэр дапхуэдизу мыхьэлъэми, гугъэщӀэхэр иӀэу пежьащ гъэщӀэм. Зигъэхьэзырщ, къыщӀэкӀри, хуэмурэ шхапӀэмкӀэ иунэтӀащ, укӀытэрэ и щхьэр егъэзыхауэ. Дыгъуэпшыхь зи Ӏэнэр шхыным къикъутахэр, дауи, нышэдибэ мыбы къэкӀуэнутэкъым. ШхапӀэм щыплъагъунур езым хуэдэ зи Ӏуэху хуэмыхъу закъуэтӀакъуэхэрт. Арат шхэну щӀыфӀэемыкӀури.

– ИлъэсыщӀэмкӀэ сынывохъуэхъу! – зыхуигъэзащ абы шхапӀэм щӀэт цӀыхубз пщафӀэм. – Зы шей стэкан сыхуейуэ арат.

– Шейр фӀы дыдэщ, тхьэ. Пщэдджыжьым сыкъызэрытэджу, сэри япэу шейщ сызэфэр, – жиӀащ абы, Инус къыхуэгуфӀэу.

Суткэ хъуауэ зыри зыӀумыхуа щӀалэм шей стэканыр фӀэӀэфӀ дыдэу ирифащ, пыченэ гъущэ тӀэкӀу дишхыу. НэгъуэщӀ къищэхуну и ахъшэм щысхьащ, «си шыпхъу цӀыкӀум къызитар зэзгъэзэхуэнщ», жери.

И ныбэ из мыхъуами, мащӀэу зэӀурыуауэ, тӀэкӀуи къэхуэбэжауэ, Инус общежитым игъэзэжащ, пэш нэщӀыр и зэштегъэуууэ. И гукъеуэхэр блынджабэ зыкӀэрылъым хуиӀуатэщ, шхыӀэныр фӀыуэ зыщӀиупщӀэри, хуэмурэ Ӏурихащ. Ауэ зытэлай нэхъ дэмыкӀыу къызэщыужащ. Аргуэру къэмэжэлӀэжащи, жейм езэгъыркъым, ищӀэнури ищӀэркъым. «Ярэби, узэдзакъэ хъун гуэр щӀэмылъу пӀэрэ мыбы?» – жиӀэурэ мэгупсысэ. Ныбэ нэщӀым пӀэм химыгъэлъу, Инус къотэджри шкаф къыдэгъэжхэр щӀепщытыкӀ, икӀи и нэр тохуэ тхылъымпӀэ хужьым текӀута шыгъу тӀэкӀум. «Уэлэхьи, сехъулӀам, шыгъум себзеймэ, псы сригъэфэнщ, сигури тӀэкӀу къыщӀиӀыгъэнщ. Пэшым къыздыщӀэсхэр къэсыжрэ, сымэжалӀэу гу къыслъатэмэ, къахьа шхынхэм щыщ сагъэшхынщ, дауи. Стипендие къызатыху, зыгуэрурэ сыкъэпсэунщ», – жиӀэурэ шыгъум фӀыуэ ебзея Инус зигъэнщӀу псы ирифри, и мэжалӀэр зэкӀэ зэпыуащ. Шыгъур зэригъэзахуэурэ махуэ зы-тӀу дэкӀауэ, и ныбжьэгъур къэсыжащ, сумкэ хьэлъэ иӀыгъыу. Инус и Ӏуэху зыӀутыр абы фӀыуэ ищӀэрти, арат епӀэщӀэкӀыу къыщӀэкӀуэжар.

– Уэи, псапэ къэпхьамэ. КхъыIэ, уэри къэтIыси, къыздэшхэ. Сыту анэфI уи анэр! Алыхьым пхуигъэузыншэ! ИлъэсыщIэ куэд фызэгъусэу къивгъэхьэн тхьэм ищI, – жиIащ Инус. ЩIалитIыр зэдэшхащ гуфIэжу, зыкъомри зэдэуэршэращ.

Инус и гупсысэхэм щIэх-щIэхыурэ къыхэхуэрт и анэр, игу къеуэрт етIуанэуи абы и насыпыр зэрымыхъуар, иринэщхъейт Розэ цIыкIу зэрыпэIэщIэм. «Дапщэщ мыгъуэ зы унагъуэ дыхъужыну?» – жиIэрт игукIэ щIэмычэу. Стипендие къызэрырату, и шыпхъу закъуэм кIэнфет къыхуищэхурти, школым кIуэрт. КIуэрти, зыщимыгъэнщIу бгъэдэст дунеягъэм щиIэ а гурыфIыгъуэ закъуэм.

Апхуэдэурэ гъэр икIри, ИлъэсыщIэ жэщыр аргуэру къэсащ. «Дауэ сщIымэ, дауэ хъуну?.. Си анэм деж сыкIуэн?.. Нэгъабэ хуэдэу, сыдамыгъэхьэмэ-щэ?.. СымыкIуэщи, си закъуэу дауэ?.. АтIэ, си адэм деж сыкIуэн, е зыщIыпIи сымыкIуэу хъумакIуэ лIыжьым и гъусэу къизгъэхьэн илъэсыщIэр?»

Апхуэдэ гупсысэ дыджхэм хэтт Инус, ищIэнур къыхуэмыщIэу. Ауэ и анэкъилъху закъуэр игу къэкIыIуати, и анэм деж кIуэну гъуэгу тоувэ. Зэрынэсуи, пщIантIэм дохьэ. Нэгъабэ хуэмыдэу, ихъуреягъкIэ кIыфIт, щымт, ерыскъыми къыпщIихьэртэкъым. «Мыр дауэ? Дэнэу пIэрэ мы пщIантIэм дэсахэр здэкIуар?..» – гузавэу пщIантIэр щIепщытыкI щIалэм. Абы хэту, унэ кIыфIым къыщIоIукI кIий макъ, шхыдэ макъ, губжь бзаджэкIэ гъэнщIа псалъэ гуауэ.



– Розэ... Розэ... – маджэ щIалэр.

– Инус, Инус, унэм ущIэмыхьэ, уиукIынущ! – жиIэу къокIий пкIэунэ кIыфI щIыIэм зыщызыгъэпщкIуа и шыпхъу цIыкIур.

– Розэ, щхьэ абы уис? Уи закъуэ?

– Си закъуэщ. Сыту фIыуэ укъэкIуа! Ди гъунэгъу лIыр къекIуэкIауэ, ныжэбэ лъандэрэ сыкърехуэкI, «си фызыр щIизгъэкIыжар уэращи, ныжэбэ сэ си жыIэр бгъэзэщIэнущ», жери. – Розэ къыщиудащи, ину магъ.

– Умыгъ... Умыгузавэ, сэ абы хуэфI сыхъунщ. КъыуищIаIа?.. Дэнэ щыIэ ди анэр, абы и щхьэгъусэр?

– Мамэ сабий цIынэ иIэу сымаджэщым щIэлъщ. Сабийм и адэр мамэ деж кIуащ, мы делэжьым и гъусэу зыкъомрэ ефэу щыса нэужь. Ар зэрыдэкIыу, мыдрейм къигъэзэжауэ сыкърехуэкI. Сыту фIыуэ укъэкIуат! КхъыIэ, мыбы сыкъегъэл! – жиIэурэ гъыуэ пкIэунэм къохыж Розэ.

Инус, и нэм лъы къытелъэдауэ, щIолъадэ унэм, икIи и шыпхъу цIыкIум лей къезыхыну мурад зыщIа лIы чэфыр абы къыщеубыдри, фIыуэ щыкIуэцIекъухь.

Розэ зытэлайкIэ щтэIэщтаблэу щотри, и дэлъхум кIэлъыщIолъадэ.

– Пхуэфащэр къыпщыщIа! Уи гугъати сэ къысщхьэщыжын симыIэу! – жиIэурэ Розэ и Iэр узыхукIэ лIым и нэкIур хузэпрехулыкI. – Куэдщ, Инус, мы хьэбыршыбырыр утIыпщыж иджы... Дэ дыщIэгуфIэн диIэщи, къытхэхъуа ди шыпхъу цIыкIум щхьэкIэ дыхъуэхъуэнщ, илъэсыщIэри дызэгъусэу къидгъэхьэнщ.

Зэдэлъхузэшыпхъум шхын гуэрхэр къагъэхьэрычэтри, ИлъэсыщIэ Iэнэм бгъэдэтIысхьащ. «Сыту фIы уи анэ къилъхуам удэшхэну», – жаIэу, гуфIэжу щысхэт «зилъ зыщIэжа» ныбжьыщIитIыр.

Нэху щыху жеякъым Инуси Рози, зытепсэлъыхьын яIэт абыхэм...

– Ди гъащIэм япэу къытхуихуа насыпщ ныжэбэрей жэщыр, – жи Инус. – Сыту фIыт уэ узэрызиIэр, Розэ! Сыту гуфIэгъуэшхуэ шыпхъу цIыкIу къызэрытхэхъуари. Сыт иджы абы фIэтщынур? Дэ фIыдагъэщыну пIэрэ?

– ФIыдагъэщынущ-тIэ! – хикъузэжу жеIэ Розэ. Ныжэбэ зи дэлъхур къызыщхьэщыжа пщащэм зигъэщIагъуэрт. Ар абы ирипагэрт икIи иригушхуэрт.

Апхуэдэу уэршэрхэурэ, нэхущым деж жей IэфIым хилъэфащ тIури. Пщэдджыжьым Инус гупсысэгъуэ хэхуащ, Розэ и закъуэу къызэригъэнэнур имыщIэу. «СыкIуэжрэ, мамэ зэрыщымыIэр къигъэсэбэпу, лIы делэжьыр ефауэ аргуэру къакIуэмэ, хэт Розэ зыхъумэнур? Сыкъэнэнущи... Ныжэбэ сызэрыщыIар псалъэмакъ ямыщIащэрэт!.. – нэщхъей къэхъуащ Инус. – Дауэ мыхъуми, унэр зей лIыр къэкIуэжыху сежьэнщ. Iуэхур зытетри жесIэнкъым, умыщIэххэу уагъэулъиинкIэ хъунущи. Зы жьэм жьэдэкIыр жьищэм жьэдохуэ, жыхуаIэращ. Мамэ къэкIуэжыхукIэ, си мылъхуадэм идэ-имыдэми, сыкъэкIуэнщ», – жиIэри, абы триухуащ.

Мо хъыджэбз цIыкIу къызыхуалъхуауэ, Илъэсыщ Iэ жэщыр гуфIэгъуэ тIуащIэ зыхуэхъуа адэр къэсыжри, игъащIэм шхыдауэ умыщIэжыну, зэдэлъхузэшыпхъум ящыгуфIыкIащ. Хуабжьу еша, нэху щыхукIэ ефэ-ешхэу къэта лIыр занщIэу гъуэлъыжащ. Инус ар щилъагъум, и гур зэгъэжауэ, и гъуэгу теувэжащ.

«Ар щIэсу, тегушхуэгъуафIэ къищIынкъым... Шыпхъу цIыкIу къытхэхъуащи, дяпэкIэ пщIантIэм хуиту дыкъыдыхьэ хъуну къыщIэкIынщ. Сыт фIэсщмэ нэхъыфIу пIэрэ? ФIызагъэщыну пIэрэ? Сэ жысIэр ямыдэми, Розэ зыри пэрыуэну къыщIэкIынкъым», – и гур игъэфIурэ, еджапIэм кIуэжащ Инус, игъащIэм зэ насыпыфIэу зилъытэжамэ, мыр етIуанэу.

Ещанэ махуэм ар сымаджэщым Iухьащ, си анэм сехъуэхъунщ, си шыпхъу цIыкIунитIэри слъагъунщ, жиIэри. Плъэмэ, елъагъу: Розэ и IэплIэм сабий цIынэр илъщ, абы ар щыгуфIыкIрэ епсалъэу, сабий цIыкIум и адэ-анэри зэщыгуфIыкIыжрэ Розэ хуеплъэкIыу. «Сыту сынасыпыфIэ сэ!.. Розэ мэгуфIэ... А пщыхьэщхьэм сынэмыкIуамэ, уунэхъу мыгъуэти, си шыпхъу цIыкIу... Хъыджэбз дахэ узэрыхъуам иджыщ гу щылъыстар... ДяпэкIэ сабийм утригъэунщ, сэри щIэхщIэхыурэ сынэкIуэжынщ», – игукIэ жиIэурэ ябгъэдохьэри, псоми сэлам ярех. Хъыданжэрумэм кIуэцIылъ сабийр къэщтэри, и напэм хуехь, гуфIэгъуэ нэпсри хуэмыубыду нэм къыщIолъадэ. «Мы цIыкIур ди адэм ейуэ щытамэ, сыту ди насыпт! Унагъуэ насыпыфIэ жыхуаIэр аратэкъэ итIанэ! АрщхьэкIэ, си анэм къыщилъхуакIэ, Розэ хуэдэу си шыпхъу цIыкIущ ари. Иджы си анэм нэхъ щабэу къыхущытынщ и щхьэгъусэр», – гукIэ зэригъэзахуэу, ябгъэдэтт абыхэм Инус.

ЗытэлайкIэ апхуэдэу щытахэу, зэбгрыкIыжын хуей щыхъум, адэ насыпыфIэм Розэ гуапэу зыхуигъэзащ:

– НакIуэ, си хъыджэбз, дыкIуэжынщ.

– НакIуэ, – жиIэри, Розэ быдэу иубыдащ Инус и Iэблэр.

– Узыншэу фыщытхэ, мамэ, си шыпхъу цIынэ цIыкIу! – IукIыжурэ жиIащ Инус, и гур зэгъарэ гумащIэу яхуеплъэкIыу.

Сымаджэщ пщIантIэм къызэрыдэкIыжхэу, Инус еджапIэм игъэзэжын хуейти, сэлам зэрахыжри, гуфIэу зэбгъэдэкIыжахэщ. Абыхэм

якIэлъыплъурэ, я адэнэпIэсым хуэгъэзауэ Инус игукIэ жиIэрт: «Розэ фIыуэ плъагъумэ, мы дунейм теткъым нэгъуэщI сызыхуей... ДяпэкIэ сэри фIыуэ сыпхущытынущ, сыту жыпIэмэ Розэ уопIри, къытхэхъуа ди шыпхъу цIыкIум уриадэщи».

Анэр сымаджэщым щIэлъыху, унэм зэрыдэса щIагъуэ щыIэкъым адэр. Ар пщIантIэм дыхьэ-дэкIт, жэщкIэ къыщытри нэхъыбэт. Зи удынхэр тIэкIу жэпхъыжа гъунэгъулI фызыншэр зы пщыхьэщхьэ гуэрым, Розэ зэризакъуэр ищIэу, джэи къаджи хэмыту, нэкIуэпакIуэу пщIантIэм дыхьащ, куэд щIауэ игъафIэ и мурад бзаджэр зригъэхъулIэну.

Розэ гъуэлъыжыну зигъэхьэзырырт. И мылъхуадэр къэтти, къэкIуэж хъумэ, сыкъимыгъэушу къыщIыхьэжынщ, жыхуиIэу куэбжэми унэбжэми хьэлъкъ иритатэкъым. Лъэ макъ щызэхихым, Розэ зэуэ къэщтащ. КъыгурыIуащ ар хамэ гуэру зэрыщытыр. Бжэм гъунэгъу къыхуэхъуам и папщэ макъыр, ущымышынэнкIэ Iэмал имыIэу, гущыкIыгъуэт. Бжэр зэуэ Iуиудри, бжэщхьэIум къытеуващ япэм зыкъезыпщытауэ щыта я гъунэгъу лIыр, чэфрэ зэфIэмытыжыфу. Розэ гужьеяуэ къыщылъэтащи, и пIэм ижыхьауэ щытщ. ИужькIэ зыкъещIэжри, и халатыр къепхъуатэри зыщедзэ. «Уи закъуэу укъысIэрыхьа иджы!.. ЗэгъащIэ, хъыджэбз цIыкIу, сэ уэ ныжэбэ усIэщIэкIынукъым! Ухуеймэ, кIий, ухуеймэ, гуо, зыми узэхихынукъым! Уи анэр сымаджэщым щIэлъщ, уи адэр, пхъу къыхуалъхуащи, йофэри дэтщ, уи дэлъху бланэри хущIэмыхьэу йоджэ... Ауэ нэху дыкъекIмэ, си деж лъэIуакIуэ нэкIуэнщ ар, «кхъыIэ, си шыпхъур шэж», жиIэу... ЗэгъащIэ, сэ сылIщ... Куэдрэ сынолIэлIэнукъым...» – гущыкIыгъуэу погуфIыкI гъунэгъулIыр, и пащIэр еIуантIэ, и щхьэцыр ирелъэщIэкI, зытолъэщIыхьыж. Пхуэмыхьын аркъэмэ къыкIэрех лъагъугъуеижьым.

УкIийкIи угуокIи мыхьэнэ иIэтэкъым, пэж дыдэу, зыми узэхихынутэкъым. Розэ гужьеящи, и гур къолъэт. ИщIэркъым мы бзаджащIэм IэщIэкIа зэрыхъуну щIыкIэр. А тIум я зэхуакум дэт стIолыр арат иджыпсту хъыджэбзым хъумакIуэу иIэр. Абы и хъуреягъкIэ кърихуэкIыу щIедзэ лIы лъагъугъуейм. Сытми, зы зэман зэ ар къызэтоувыIэ, ешауэ зигъэпсэху хуэдэу зещIри, икIи зэуэ щхьэдопхъуух стIолым, ауэ зыхуэмыIыгъыу абы тоукIурие. Розэ и мыгугъауэ къаруи лIыгъи къылъыкъуокIри, лIыр зэрытелъу, стIолыр щхьэпредз, мор и щIагъым щIэхуэу. ПсынщIэу унэм къыщIожри, и нэм щIы имылъагъуу щIопхъуэ. Здэжэм, и щхьэм куэд щызэрегъэзахуэ: «СыкъыIэщIэкIащ... Ауэ дэнэ сыздэкIуэнур? Хэт къысщхьэщыжынур? Хэт си щхьэр зэсхьэлIэнур? Уэ си адэ, иджы мыгъуэти сыщыпхуейр! Дауэ дубгынэфат?.. Си дэлъху цIыкIу, уэра мыгъуэт сэ сиIэр, ауэ нышхьэбэ успэжыжьэщ. Уи псэм ищIэу пIэрэ гузэвэгъуэ сызэрыхэтыр? ЦIейнэпейкIэ сигъэIуну щIохъуэпсри, мы фызыншэжьыр скIэрыкIыркъым. Сыт си Iэмал?!» Розэ къызэплъэкIмэ, лIы къыкIэлъыжэр кIуэ пэтми нэхъ гъунэгъу къызэрыхуэхъур къелъагъу. Хъыджэбз тхьэмыщкIэм нэхъ псынщIэж зещIри, езым и классэгъу ФатIимэхэ я куэбжэм Iуолъадэ. И анэмрэ езымрэ я закъуэу псэурт ахэр. Розэ пщIантIэм долъадэ, куэбжэр къегъэбыдэжри, бауэбапщэу, гужьеяуэ унэм щIолъадэ.

– Сыт къэхъуар? Хэт укъезыхужьар? Хьэ? Хэтхэ я хьэ? – къоупщI ФатIимэ и анэр.

– Хьэщ. Хьэ дыдэщ ар, хьэ дзэкъэнщ! Мис иджы къэсщIащ абы и цIэр...

– Хэт? Хэт зи гугъу пщIыр, си хъыджэбз цIыкIу? ЖыIэ, умыгузавэу, сэ зыми зыри къуезгъэщIэнкъым.

Розэ и гур къызэфIонэри, и нэпсыр къелъэлъэхыу магъ. Абы хэту, къоIу шынэри укIытэри зыфIэкIуэда лIы напэншэм и кIий макъыр:

– Iух мы куэбжэр, фызабэжь! Хэт ипхъу хьэулей уи унэ щыбгъэпщкIур? Iух, жысIамэ, Iух, ахъумэ фи куэбжэри фи унэбжэри хэсхынущ!

– КубжэмкIэ къыдэлъадэри, къызэтемыувыIэу хадэмкIэ кIуэцIрыжащ а зи гугъу пщIыр... Седжэ пэтми, къимыгъазэу. Жэ, дэж асфальтымкIэ, машинэ гуэр имытIысхьэ щIыкIэ, – жи пщIантIэр зей фызым.

– Пэжуи?.. – жери лIыр Iуожыж. Ауэ, зэман докIри, къегъэзэж.

– А сыздэбгъэкIуамкIэ щыIэкъым ар... Iуфх куэбжэр, Iуфхи, фи унэм сыщIэвгъаплъэ. Фэракъэ жыхуэсIэр?! Iуфх! – лIыр губжьащи, куэбжэм лъакъуэкIэ къыкIуэцIопкIэ, абыкIи игу мызагъэу, мывэшхуэкIэ къоуэ.

Хьэблэр къигъэушыжащи, зэ зым и щхьэр, зэми адрейм и щхьэр къыкъуагъэжри, быдэу щхьэж и куэбжэр егъэбыдэж.

– Щхьэ думыгъэжейуэ пIэрэ? Дэ хьэщIэ диIэщ. Уи кIий макъым едэIуэну къэкIуакъым ар. КIуэи гъуэлъыж!.. – жиIэурэ, Розэ и хъумакIуэ фызыр лIы хъущIэм токIие.

Апхуэдэурэ, IукIыж-къыIухьэжым, кIий-гуоурэ, нэху къытещхьащ хъийм икIа гъунэгъулIым. И Iуэхум зыри къызэримыкIам иригубжьу, ар хуэм-хуэмурэ ежьэжащ...

Розэ здекIуэлIа унагъуэри езыри жэщ псом жеякъым. Пщэдджыжьым фызым чэнджэщ къритащ:

– Уи напэр трихыну уи ужь къыщихьакIэ, ар увыIэнукъым. ЗанщIэу мылицэм я деж кIуэ. Уи  Iуэхур зытетыр яжеIи, абы унафэ гуэр ящIынщ...

Розэ, фызым къыжриIэхэм гупсэхуу едаIуэри, лей къезыхыну хэта лIыр и ужьым ит фIэкIа умыщIэну, щтэIэщтаблэу зиплъыхьу, кIуащ мылицэм я деж. «Мыпхуэдэ IуэхукIэ мыбы сыкъэкIуэну хэт и гугъэнт? Ауэ а лIы бзаджэнаджэм и унафэ ямыщIу хъунукъым... ТIэу сыIэщIэкIащ, ещанэр мащэм йохуэ, жаIэ... Си щхьэр схъумэжын хуейщ», – егупсысырт хъыджэбзыр. ЗыщIыхьэн хуей кабинетым бгъэдэлъадэщ, я чэзур къэсыным ежьэу абдеж щызэхэсхэр къигъанэри, занщIэу щIыхьащ.

– Уэра иджыпсту зи къыщIыхьэгъуэр? Хэт уи унэцIэр? Школым ущIэс? Къэбуха? Сыт хуэдэ Iуэху укъыщIэкIуар? – зэкIэлъигъэпIащIэу къоупщI кабинетым щIэс лIыр.

– Сэ школыр къэзухакъым иджыри. СыкъыщIэкIуа Iуэхури мыращ: ди гъунэгъу лIыр скIэрыкIыркъым, зэкъуэхуауэ дапщэщ къысIэрыхьэну пIэрэ, жери...

– Уи Iуэхур зытет дыдэм умыукIытэу щыгъуазэ дыщIыт, – абы щыжиIэм, Розэ, зыри къимыгъанэу, псори хуиIуэтащ мылицэм и лэжьакIуэм.

– Умыгузавэ, дахэ! Зыщыпсэур сыгъэтхи, уэ унэмысыж щIыкIэ сэ абы и унафэр сщIынщ, – мылицэ лэжьакIуэм быдэу къигъэгугъащ Розэ.

ЕтIуанэ махуэм гъунэгъу лIы лъагъугъуейр къекIуэкIауэ къогуо:

– Розэ, Розэ! Мы пщIантIэм цIыхухъу дэс, моуэ уи гу бампIэ зыжепIэ хъун?

– Сэ нэхърэ нэхъ цIыхухъу сыт зэрыпщIынур?.. ЗыхэпщIакъэ сэ схулъэкIыр? АфIэкIа мы куэбжэм укъыIумыхьэ, укъыдыхьэн дэнэ къэна! Мис иджыпсту укъэкIуащи, мылицэм сыкIуэнурэ сытхьэусыхэнущ, сыпщысхьынукъым, – жиIэу, хъыджэбз цIыкIур пэуващ лIым.

– Хъунщ, хъунщ, щыгъэтыж. Сэ сыкъыщIэкIуар сызэрыпщымышынэр бжесIэну аращ. А тхьэусыхакIуэ уздэкIуа даметелъхэми сафIэлIыкIыркъым. Сахуэгъэзащ сэ абыхэм! Уэлэхьи, икIи сыкъэкIуэнум, икIи сызыхуейри зыIэрызгъэхьэнум... – пэбжьауэрэ хъущIэу IукIыжырт лIы ерыщыр.

– Ар умылъагъуу, ажалыр улъагъу, уэ лъагъугъуейм! – жиIэурэ хъыджэбзыр кIэлъыкIуатэрт.

Куэд дэмыкIыу Розэ и анэр къэкIуэжащ, сабий дыгъэ иIыгъыу. Псори зэдэарэзыуэ, хъыджэбз цIыкIу къахэхъуам Рае фIащащ.

Гугъуехьымрэ гукъеуэмрэ тезэша Розэ къэхъуа Iуэхур я дейхэм яжриIакъым, ахэр имыгъэгузэвэн щхьэкIэ.

Розэ зыхэта бэлыхьыр езым ибзыщI щхьэкIэ, цIыхухэм я жьэр пхуэубыдынт: школым щагъэхъыбарырт, и анэм дежи къакIуэурэ, гум темыхуэ псалъэхэр къыжраIэрт. И мылъхуадэми, гуп яхыхьамэ, къеупщIхэрт:

– Дауэт зэрыхъуар?..

– Щхьэ фымыгъэтIысарэ?..

– ЛIо бгъэтIыскIэ?.. Мышэрэ мышхуу къанэ нэхърэ нэхъыфIкъэ... Мори фызыншэщ... Школым щIэсу дэкIуэ щыIэкъэ? Уэлэхьи, докIуэм. Щхьэ фыщыс?

АпщIондэхукIэ Розэ и адэнэпIэсыр гузавэурэ и щхьэгъусэм еупщIырт:

– Уа, мы цIыхухэм жаIэр пэж?

– Мы хъыджэбзым и Iуэхур тэмэмыжу си фIэщ хъуркъым... СщIэнур сщIэркъым... – жиIэрт анэми.

ЗытехъуэпскIыхь хъыджэбзым теухуауэ кърагъэкIуэкI хъыбархэр гъунэгъу «лIыхъужьым» и деж щынэсым, цIыхухэм жаIэр и фIэщ хъужауэ, и щхьэр гъэкъауэ, «сэ схуэдэ щыIэ?» жыхуиIэу, Розэхэ я куэбжэмкIэ зыблригъэхырт, зыкъыблригъэхыжырт, апщIондэхукIи Розэ и анэр нэхъ Iеижу гузавэрт:

– Япэ къэсым Iэпэ къыхуиший нэхърэ, дэкIуэми нэхъыфIщ... Мыхъумэ, къикIыжынщ, апхуэдэр щэрэ зырэщ.

«Къощэм щэ урегъэкъу», жыхуаIэрати, пщыхьэщхьэхуегъэзэкIыу хъыджэбз цIыкIум уэрамыпэр ипхъэнкIыу здэщытым, зы машинэ гуэр къоувыIэри, Розэ ирахьэжьэ. Къэхъуар къыгурымыIуэу, къэщтауэ, магъ хъыджэбз цIыкIур. АпхуэдизкIэ гужьеящи, машинэм исхэм я нэгум дахэ-дахэу иплъэфыркъым, ящыщ зыри имыцIыхуу къыщохъури, нэхъри мэкIий: «Фызыхуейр сыт? Дэнэ сыздэфшэр? Ди дежхэр гузэвэнущ... Фхуэзгъэгъунукъым, къэвгъэувыIэ!» – лъэкI къимыгъанэу зехъунщIэ.



7 Заказ №27

АрщхьэкIэ машинэм ис щIалищри дэгу хъуами ярейщ – жэуап кърaтыжыркъым. Зи зэхуаку дэс щIалитIым Розэ и Iэхэр быдэу яIыгъщ, гъуэрыгъуэурэ и жьэр яубыдынуи хэтщ. Машинэри псынщIэ дыдэу мажэ. Апхуэдэурэ жылэ зытIущ къызэранэкIа нэужь, шофёрыр къоувыIэри щIоупщIэ:

– Мы дывгъэхьыр арэзы? – жери.

А псалъэхэр зэхэзыха Розэ къыгурыIуащ зэрахьыр, ахъумэ яукIыну зыщIыпIэ яшэу къыщыхъуат.

– Неуэ, неуэ! Щхьэ укъэувыIа? – мэкIий щауэжьыр. – Арэзыщ-тIэ! Мыарэзыуэ, къетхьэжьакъым... ЗихъунщIэн хуейщи, зехъунщIэ!..

Зиудыгъуауэ машинэ плIанэпэм иджыри къэс дэсам и макъыр зэрызэхихыу, щIалэ гупым яхэзэухьын щIедзэ Розэ, хэти и нэкIур Iэбжьанэкlэ ечатхъэ, хэти и щхьэцыр кърефыщIыкI... Машинэр ягъэсысу, бжэныцрэ хьэцыпэу зэрызохьэ исхэр... АрщхьэкIэ мо лIы Iэпщацэхэм уапэлъэщынт? Апхуэдэу абыхэм зыкъомрэ ефыщIэуауэ, Розэ и къарур еух, и макъри йокI.

– Фыщытыну игъащIэкIэ? Фынеуэ! – щауэм щыжиIэкIэ, машинэм зреч.

Куэд дэмыкIыу, ахэр долъадэ пщIантIэ мыцIыху гуэрым. ЩIалэхэр машинэм къокIри унэм щIохьэ, асыхьэтуи зы цIыхубз къыщIокIри, машинэм къахуимыкIыу ис Розэ зыкъыхуегъазэ:

– КъакIуэ къикI, си дахэ цIыкIу. Умышынэ. Дызэхуэдэ цIыхубзщ, сэ лей къыптезгъэхьэнкъым. КъакIуэ, къакIуэ, тIасэ.

А цIыхубзым жиIэхэр и фIэщ мэхъури, Розэ къокI, икIи абы и гъусэу унэм щIохьэ, къихъумэнкIэ щыгугъыу.

– ЩIыхьи, хъыджэбзым и закъуэу зыхуэгъазэ. Сабийщ, утемыгушхуэ, дахэкIэ епсалъэ, хъыджэбзри дэри думыгъэунэхъу, – жаIэурэ мэлъаIуэ унэидзыхьэ гупыр. Арати, щауэжьыр щIагъэхьэ Розэ зыщIэс пэшым.

Фыз зи мыщыпэкъашэ лIы балигъым уэздыгъэр игъэункIыфIщ, дахэкIи IейкIи емыпсалъэу, хъыджэбзым и жьэр иубыдри, и Iэшхуэмкlэ игъэмэхащ...

Унэидзыхьэ щIалэхэм зэрызехьэ, кIий макъ щызэхамыхым, тIури арэзыуэ зэрышауэ къащыхъури, хъыджэбз тхьэмыщкIэм зыри къыщхьэщыжакъым... Ар нэху къекIащ, ажалу къыщыхъу лъагъугъуеижьым и гъусэу.

Пщэдджыжьым ягъуэт щыгъынкIэ Розэ яхуапэри, плIанэпэм нысащIэу дагъэуващ. КъыщыщIа лейм и щхьэр къыфIигъэхуати, ар псэлъэжтэкъым, и нэр щIэзысыкI нэпсым игъаплъэртэкъым, мы дунейм ар зыхуеиж щыIэтэкъым. Абы и щхьэр игъеижырт... ЯфIэкIуэжынут, ауэ нэху къекIауэ, дауэ зэрыдэкIыжынур? «Сыту хэкIыпIэншэ си Iуэхур... Дауэ мыгъуэ сыхъуну? Сыт иджы Инус къакIуэмэ жесIэнур?.. Абы и псэм дауэ техуэну сэ къыслъыса лейр? «Арат уэ лIыгъэу пхэлъыр?» къызжиIэнкъэ...» – апхуэдэ гупсысэ хьэлъэхэм Розэ хэтт, ар здрахьэлIа унагъуэм Инус, щIалэ гъусэ иIэу, щыдыхьам. Абы игурэ и щхьэрэ зэтелът, Розэ зихъумэжыфауэ къыфIэщIу, къыщIишыжу ишэжын муради иIэт. АрщхьэкIэ псори пцIыт... Розэ адыгэ фащэ щыгъыу плIанэпэм дэтт, и нэпIащхьитIыр къытебэгарэ нэпс шыугъэм и нэкIущхьитIыр

трисыкIауэ. И дэлъхум зэрыIуплъэу къыщиудаци, зыхуэмыубыдыжу, псалъэншэу магъ. Инус псори къыгурыIуащ...

– Нобэ щыщIэдзауэ уэ дэлъху уиIэжкъым... Алыхьым насыпыфIэ уищI! – жиIэщ губжь хэлъуи, псынщIэу щIэкIыжащ. Абы и шыпхъур игъэкъуаншэрт псомкIи: пщыхьэщхьэм хъыбар къызэрырамыгъэщIам щхьэкIи, зыхьам щыхуэмейкIэ, къызэрыщIэмыкIыжам щхьэкIи. Инус дэнэ щищIэнт и шыпхъу тхьэмыщкIэм лей къызэрытехьар...

Зы тхьэмахуэ нэхъ дэмыкIыу, Розэ и адыгэ нэчыхьыр ятхри, унэ ирашэжащ. Къуажэм зы хьэгъуэлIыгъуэ ехьэжьа щащIамэ, мыр етIуанэт.

Розэ и щхьэгъусэм зихъуэжати, арауэ къыпхуэщIэжынтэкъым. Сабийм хуэдэу дахэ жиIэу и ужьым итт. Махуэ къэс лэжьакIуэ дэкIыу щыта щауэжьым зэманкIэ зыкърригъэутIыпщауэ, и щхьэгъусэм дзыхьыпцIэ хуимыщIу, унэм дэст. «СыкъигъанэрэкIуэжмэ, дауэ сыхъуну?» – гузавэрт ар.

«Си къуэм и насыпыр увыжащ, алыхьым и шыкуркIэ», – гуфIэрт Розэ и гуащэр. Ауэ ар къэзыгъэнэщхъеи щыIэт – гу лъитат Розэ, жэщыр фIыуэ хэкIуэтэху, и лэгъунэм зэрыщIэмыхьэжым. Вакъэхэр итхьэщIырт, лъасэрт, жьыщIэрт, пщафIэрт... «КIуэи гъуэлъыжи, зыгъэпсэху», – жриIэрт, ауэ нысэм зэхимых хуэдэт абы и псалъэхэр.

Куэд дэмыкIыу Розэ и хъыбарыфI къоIу, апхуэдэ нысэфI хьэблэми къуажэми къыдамышауэ жаIэу. Ауэ езыр абы зыкIи игъэгуфIэртэкъым, ар зэрынэщхъейт. И гур зы дакъикъи щимыгъэтIылъ пщIантIэм дэкIыжынути, щIыIэ-щIыIэу игу къэкIыжырт и дэлъхум къыжриIа псалъэ гуауэхэр: «Нобэ щыщIэдзауэ уэ дэлъху уиIэжкъым». «СикIыжынущи, зыри къысхуейкъым... Сыкъэнэнущи, мы пщIантIэм афIэкIа сыдэсыжыфынукъым. Сыт сщIэнур? Дэнэ мыгъуэ сыкIуэну? Дауэ мыгъуэ сыхъуну?» – гуIэрт Розэ. И гъащIэр зыкъута, насыпыншэ зыщIа и щхьэгъусэжьым зэрыIуплъэу, и гужьгъэжьыр нэхъри къыщыхьэрт. «Щхьэи сыщIэс мы унэм? Щхьэи сыбгъэдэс мы лъагъугъуеижьым? Сыт сэ мыбы щысщIэр?.. Сыту сылIыгъэншэ!.. Зеиншэ шэгъуафIэщ, жыхуаIэрати, сунэхъуащ...» – жиIэрт игукIэ, и ныбжьэгъухэр школым кIуэ-къэкIуэжу щилъагъукIэ.

Зы пщыхьэщхьэ гуэрым Розэ икIыжыну быдэу треухуэ. «Зэман мыбы щызгъакIуэкIэ сыт? СыкIуэжынщи, си анэми си дэлъхуми Iуэхур зытетыр яжесIэнщ. Си шыпхъу цIыкIур къызэралъхурэ, си мылъхуадэми нэхъыфIу сыкъилъагъу хъуащи, ари къэзгъэдэIуэнщ», – жери, Розэ пщIантIэм къыдокIуэсыкI. И дыщыр гъунэгъубзэти, хьэ щтам хуэдэу, пIащIэу я деж долъэдэж. И анэм ар къызэрилъагъуу, къэуIэбжьауэ къыпоув.

– Щхьэ укъэкIуэжа? Сыт ущIизакъуэр? – гужьеяуэ щIоупщIэ ар.

– Зэи сымыкIуэжыну сыкъэкIуэжащ, мамэ. КхъыIэ, хъунумэ, сыщIэгъэхьэж! – мэлъаIуэ Розэ.

– Сыт а жыпIэ хьэдэгъуэдахэр? Гъази псынщIэу кIуэж, укъамыщIэ щIыкIэ! Си щхьэгъусэри щIэскъым, Инуси жиIэнур сщIэркъым... Сэ си закъуэ схуэщIынукъым уэ уи унафэр... ЗэкIэ кIуэж! – и анэр къыщыпэувым, Розэ, и гур хэщIрэ макъкIэ гъыуэ, егъэзэж зэрылIыкI пщIантIэм.

ЕтIуанэ махуэм анэм Розэ и Iуэху зыIутыр яхуеIуэтэж и щхьэгъусэми Инуси. «Хуэмеймэ, щIисын щыIэкъым. Залымыгъэ хэлъын

хуейкъым мы Iуэхум... БгъэкIуэжын хуеякъым», – зэакъылэгъуу жаIэ цIыхухъуитIым. Анэри абыкIэ арэзы мэхъу. Иджы ар хуэпабгъэрт и пхъум къигъэзэжыным.

Езы Розэ, и анэр гущIыIэу къызэрыхущытар игу къыщыкIыжкIэ, и щхьэ мыгъуагъэ хуихьыжырт: «Зыри къысхуейкъым, си унафэ зыщIыни сиIэкъым...» – жиIэу.

Зы пщэдджыжь гуэрым Розэрэ и щхьэгъусэмрэ загъэхьэзырри, бэзэр IуэхукIэ къалэм макIуэ. Ар къигъэсэбэпу, щIэпхъуэжа зэрыхъунум йогупсыс цIыхубз насыпыншэр. «Дауэ сщIымэ, дауэ хъуну? Си благъэу дзыхь зыхуэсщI хъун гуэр бэзэрым пэгъунэгъуу щыпсэууэ пIэрэ?..» – игукIэ зэрегъэзахуэ абы. ИлIми тоукIытыхь, си адэу къащыхъуу къыщIэкIынщ дыкъэзылъагъухэм, жери. Абы и гупсысэр къызэпеуд «Парикмахерская» жиIэу зытет унэм щыблэкIым игу къэкIа Iэмалым

– Уи щхьэр тIэкIу щIебгъэщамэ, арат, – зыхуегъазэ абы и щхьэгъусэм.

– Хъунщ, ауэ ар зэфIэкIыху уэ дэнэ уздэкIуэнур? – щIоупщIэ лIыр.

– ЗыщIыпIи. Дэнэ сыздэбгъэкIуэнур?.. АрщхьэкIэ, сыздэкIуэни сиIэщ... Мамэ щхьэ уз хущхъуэ щхьэкIэ къызэлъэIуащи, ахъшэ къызэптамэ, къыхуэсщэхунт... ауэ ар пудкъым, – жери, и щхьэгъусэм хупогуфIыкI.

– Сэр нэхърэ нэхъ насыпыфIэ щыIэкъым... Зэ угуфIэу щыслъэгъуакIэ, сынасыпыншэу къыщIэкIынкъым сэ. Ари уэстынщи, уэри сыт ухуейми къыпхуэсщэхунщ. Си щхьэцыр зэран къыщыпхуэхъукIэ, иджыпсту щIезгъэщэнщ, ауэ уэ зыщIыпIи умыкIуэ, хущхъуэр къэщэхуи занщIэу къэгъэзэж.

Розэ аптекэм щIохьэри, нэхъ пуд дыдэу щIэлъ щхьэ уз хущхъуэр къещэху, езыр зыхуейм хуэдиз ахъшэ къыхехри, къыдэхуари хущхъуэри и лIым иретыж.

– Мыр сыту щIэх къэбгъэзэжа? Уэлэхьи, сыгузэватэм... УпIащIэмэ, занщIэу дыкIуэжынщ, – жеIэ аргуэру, Розэ дзыхь зэрыхуимыщIыр къапщIэу.

– Хьэуэ, сыпIащIэркъым. СыздэпIэщIэнури дэнэ, уэ узигъусэу? Уи щхьэцыр ебгъэщмэ нэхъ къызощтэ... Ауэ мы цIыхухъухэм сахэмысу, сыщIэкIрэ щIыбым сынызщожьамэ, нэхъыфIтэкъэ?.. – щыжиIэкIэ, и лIыр арэзы мэхъу.

Розэ бжэIупэм деж тIэкIурэ зыщиIэжьэри, и лIым и чэзур къызэрысу, хуэм цIыкIуурэ къыIукIри, псынщIэу вокзалымкIэ игъэзащ, япэ текI автобусым зридзэу, нэхъ жыжьэу IукIыну. Ар афIэкIа апхуэдэу псэужыфынутэкъым. И щхьэгъусэр хуэмыхьыжыххэ хъуат, ауэ езы лIым, кIуэ пэтми, Розэ нэхъыфIыжу къилъагъурт, «сыпхуейкъым» къыжриIэху, ерыщагъыр нэхъри къытекIуэу.

Розэ и щхьэ Iуэху зэрихуэжыну дакъикъэ бжыгъэкIэ хуит хъуати, «Нальчик» жиIэу зытет автобусыр текIыу щилъагъум, щIопхъуэри, абы йопкIэ. Автобусыр зэрыкIуэр фIэхуэмщи, мэгузавэ. Ауэ куэд дэмыкIыу, автобусым зэуэ зричри, гъуэгум ирижэ машинэхэм яхэзэрыхьыжащ.

«Алыхьым и шыкурщ... Дэнэ иджы сыздэкIуэнур? Си машинапщIэм Налшык нэсщ сыздихьынур. Дэнэ сыкIуэмэ нэхъыфI?» – жиIэу здегуп-

сысым, я благъэ гуэр Щхьэлыкъуэ зэрыдэсыр къещIэж. «Си Iуэхущ сэ абыхэм я деж сыкъыщалъыхъуэмэ! Ахэр цIыхуфIщи, сакъыгурыIуэнщ, сызэхахынщ», – жиIэурэ и гур игъэбыдэри, Налшык къэмысу автобусым къикIащ. Щхьэлыкъуэ гъуэгум теувэри, мыгувэу ар нэсащ я благъэм я унэм. Ауэ, нэсами, мэгузавэри Iутщ куэбжэпэм деж, ар Iуихыну дзыхь имыщIу. Зытэлай дэкIри, Розэ хуэмурэ дыхьащ фIыуэ ицIыху пщIантIэм.

– Мыр сыт!.. КъэхъуаIа?.. Щхьэ уи закъуэ? – упщIэкIэ щIагъэнащ цIыхубз Iэнкуныр. Розэ унагъуэ ихьагъащIэти, апхуэдэу пасэу и закъуэу къызэраутIыпщар яхузэгъэзахуэртэкъым зэкIуэлIа и благъэхэм.

– КхъыIэ, тIури фыкъэтIыси, фыкъызэдаIуэ, – захуигъэзащ абы зи унагъуэ ихьа зэщхьэгъусэхэм. – Си Iуэхур зэрызэхэзэрыхьрэ, е си анэу, е си дэлъхуу, е си гуащэу, е си щхьэгъусэу – зыри хуейкъым си тхьэусыхафэр зэхахыну. А лIы жагъуэм афIэкIа сыбгъэдэсыжыфынукъым. Мы дунейр сфIэIэфIыжкъым... Сытегушхуэри, си щхьэр къывэсхьэлIащ... Ауэ фи деж сызэрыщыIэр къывэхьэлъэкIыу гу лъыстэмэ, зыри вжезмыIэу, си псэр си IэкIэ хэсхыжынщ, аращ Iэмалу къысхуэнэр. Мыбы сызэрыщыIэмкIэ хъыбар ди дежхэм евгъащIэми, аращ сщIэнур, – жиIэри, и Iуэхур зытетыр и пэм къыщыщIэдзауэ и кIэм нэсыху яриIуэтылIащ. КъызэщIэплъарэ я нэпсыр къекIуауэ, едэIуащ ахэр Розэ и гукъутэ хъыбарым.



– Умыгузавэ, Розэ, дэ зэикI укъыттехьэлъэнукъым. Уи Iуэху зыIутыр къыджепIащи, дэ тIури дурилъэныкъуэщ. Лей къыптехьэу ддэнукъым... Ауэ... уи анэр гуэныхьщ... Гузэвэнщ, – жаIэ зэщхьэгъусэхэм.

– Ирегузавэ! – къыщиудауэ, макъкIэ ину магъ Розэ. – Абы сыкъыгурыIуакъым... Сыдигъэхьэжакъым... Насыпыншагъэу щыIэр щхьэ си натIэт сэ?!

– Розэ, зы щхьэкIи уи дзэр умыгъэшу, щыIэ ди деж. Уэ мыбы зыми укъыщилъыхъуэнукъым, – жи унэгуащэм. – Иджы пщэфIапIэмкIэ накIуэ, умэжалIэу къыщIэкIынщ. Уи Iуэхуми зы унафэ гуэр иIэнщ, умыгузавэ. Дэ уэ фIыуэ узэрытлъагъури зыщумыгъэгъупщэ.

Зи нысэр кIуэда гуащэмрэ зи фыз зымыгъуэтыж лIымрэ махуэ псокIэ лъыхъуащ Розэ, сымаджэщи, мылици къамыгъанэу. Щамыгъуэтым, Розэ и дыщым хъыбар ирагъащIэри, гузэвэгъуэр унагъуитIми къалъэIэсауэ, нэху щыху лъыхъуахэщ. И малъхъэр, губжь бзаджэкIэ щIигъэнауэ, чыным хуэдэу кърихуэкIырт Розэ и мылъхуадэм:

– Мы щIы фIыцIэм щIэлъмэ, Розэ къэгъуэтыж, икIи занщIэу си унэ къэшэж, зэикI нимыгъэзэжыну! Уэ уи зэранщ ар щIэкIуэдар. Дымыгъуэтыжрэ – мы дунейм псэууэ утезгъэтынкъым!..

Гузэвэгъуэм гъунэгъу зэхуищIауэ, и малъхъэм щIыгъуу, Инус лъыхъуэрт и шыпхъум. «Зэ мыгъуэ упсэууэ услъагъужатэм, игъащIэкIэ сыношхыдэжынтэкъым. Сыту Iейуэ уи жагъуэ сщIат!» – и щхьэр фIиудыжырт абы.

«Щхьэ мыгъуэ укъыщIэзмыгъэхьэжарэт?» – ищIам хущIегъуэжауэ, мэгузасэ Розэ и анэри. И сабийр пIэм иригъэтIысхьэурэ, ар щIэхщIэхыурэ уэрамым дож, доплъей, къоплъых. Ауэ и пхъум и лъэужь лъэпкъ щыIэкъым...

МыдэкIэ Розэ здекIуэлIа унагъуэм и нэхъыжьхэм чэнджэщ кърат:

– Розэ, дэ игъащIэкIи ущыдгъэIэфынущ. Ауэ, уэ езыри угубзыгъэ дыдэщ, егупсыс, дэ удгъэпщкIукIэ уи Iуэхур зэфIэкIынукъым Уи анэр мыжейуэ, мышхэу уэрамыщхьэм тет хъунщ... Щыри дызэгъусэу фи деж дывгъакIуи, псоми яжепIэнщ уи Iуэху зытетыр. Узыхуэмей уагъэлэжьу дэ ддэнукъым, дыкъыпщхьэщыжынущ. Пэрыуэгъу лъэпкъ уимыIэу, уи щхьэгъусэми жепIэнщ узэрыхуэмейр икIи зэи зэрумыгъэзэжынур. Абы и ужькIэ уи гугъу къищIрэ – и судыр кIэщIу едгъэщIэнщ. Балигъ умыхъуу уигъэунэхъуащи, къыфIигъэкIмэ, дыщысхьынкъым... ДывгъакIуэ дызэгъусэу. ЖаIэр дигу иримыхьрэ – укъыдогъэгугъэ ди гъусэу укъэтшэжыну.

Акъыл хэлъу къепсэлъа нэхъыжьхэм жаIам Розэ арэзы техъуэри, етIуанэ махуэм щыри гъуэгу теуващ. Ахэр къызыщIыхьэжа унэм зыри щIэстэкъым, и щхьэ игъэджэгужу, унэкум ис сабийм къищынэмыщIа.

– Си шыпхъу цIыкIу, сытым хуэдэу сигу укъэкIат, – жери, Розэ сабийр къипхъуэтащи, зыщимыгъэнщIыжу ба хуещI, дредзей-къредзых, егъэджэрэз.

Абы хэту, къекIуэлIэжащ Розэ и лъыхъуакIуэ ежьахэр. Зы псалъи яхужымыIэу, ауэ я нэгум гуфIэгъуэр къищу, ахэр щытт, хъыджэбзым къеплъу.

– КIуэдащ, жысIэри сыбгъэгузэващ, зиунагъуэрэ! Зыгуэр жыпIамэ, сэ усшэфтэкъэ хьэщIапIэ! – темыгушхуащэурэ къэпсэлъащ Розэ и щхьэгъусэр.

– СыкIуэдакъым, зэрыплъагъущи... – жи Розэ ткIийуэ. – Си унэ сыкъэкIуэжауэ аращ. Узыхуейр сыт? Щхьэ ускIэрымыкIрэ? ЗалымыгъэкIэ сызыдэбгъэпсэуну щхьэ ухэт? Си гъащIэр пкъутащ... Сыбгъэунэхъуащ... БалигъыпIэ сиуватэкъым сэ... Алыхьым къыпхуигъэгъункъым!.. СкIэрыкI, псэ фIеижь! СкIэрыкIи, хьэуа къабзэкIэ сыбауэу, хуиту сытегъэт мы дунейм!.. Сыпхуейкъым! Зэхэпха? Сыпхуейкъым!

А псалъэхэр Розэ щыжиIэм, Инус хьэкъыу пхыкIащ и шыпхъум леишхуэ къызэрытехьар, езыри абыкIэ зэрыкъуаншэр. Хуабжьуи хущIегъуэжащ жриIауэ щыта псалъэ дыджхэм.

– Къысхуэгъэгъу, си шыпхъу цIыкIу!.. Зы щхьэкIи умыгузавэ... Уэ зэрыжыпIэм хуэдэущ унафэр зэрытщIынур. – Зыкъигъазэри, и малъхъэм ткIийуэ зыхуигъэзащ: – Зэхэпхрэ? «Сыпхуейкъым», жи. КъыщыпхуэмейкIэ, сэ абы залымыгъэ схуехынукъым. Уэ уи ерыщагъкIэ блэжьа Iуэху фIейм си шыпхъум и гъащIэр икъутащ... Иджы... услъэгъуакъым, сыкъэплъагъужакъым! – жиIэри бжэмкIэ и Iэр ишиящ Инус.

– УмыпIащIэ уэ! Хэт нэхъ ерыщми деплъынщ... Иджыщ уи ужь сыщимыкIыххэнур. Пщыгъупщэжамэ, къозгъэщIэжынщ: уэ сэ узищхьэгъусэщ! ПщIэрэ ар зищIысыр? Жэщ укъэтауэ, нэкIуэж, жызоIэри сынолъэIу... Уи «сыхуэмей» ежьауэ къэт?! Удэзгъэхьэжмэ, угуфIэу, си япэ уиту удэлъэдэжын хуейщ, – ахэр жиIэу щыт лIым Инус бгъэдыхьэщ, пщэфэцкIэ къиубыдри, унэм къыщIидзащ.

Зи нэпсыкIэ щIэзыутхыкI анэмрэ абы и щхьэгъусэмрэ щымт. Инуси зыри жиIэртэкъым. Абы хэту, Розэ и дзыхь зригъэзу зэкIуэлIа унагъуэм я нэхъыжьыр къопсалъэ:

– Тэмэму пщIащ, Инус. ЛIыгъэ уиIэщ. Ауэ сэ сыкъэзыгъэгузавэ щыIэщ: мыхэр фи гъунэгъущэщи, лIыр махуэ къэс къыфтелъадэурэ фигъэтыншынкъым. Абы къыхэкIыу, нэхъыфIу къыщIэкIынщ, фи гъунэгъур тIэкIу упщIыIужыху, Розэ ди деж щыIэмэ.

Зэчэнджэщхэри, псори абы арэзы техъуащ.

Гъэ еджэгъуэщIэр къэблэгъати, Розэ еянэ классыр къызэриухa тхылъымкIэ тыкуэнтету мазищкIэ еджэну щIотIысхьэ. Къеухри, занщIэуи лэжьапIэ мэув.

Инус еджэныр къиухыным иджыри тIэкIу иIэжти, Розэ абы ахъшэкIэ дэIэпыкъурт, и стипендие тIэкIур сыт хуэхъун, жыхуиIэу. Рае цIыкIуи зыгуэрхэр къыхуищэхурт, езыми мыIейуэ зихуэпэжырт. Ауэ унэм щыкIуэжкIэ Инус и гъусэщ, къыщыдэкIыжкIи аращ. Я Iуэхур зэтеувэжауэ, унагъуэр насыпыфIэу псэурт.

Инус еджапIэ зэрыщIэтIысхьэрэ игу ирихьу хъыджэбз иIэти, ар кърагъэшэну я мурадт. Ауэ уэ пщIы унафэр зырикIщ, алыхьым зэриухырщ къэхъур. Пщыхьэщхьэу, уэрамыпэ тетIысхьэпIэм Розэ и анэмрэ абы и щхьэгъусэмрэ уэршэру здытесым, машинэ гуэр гъуэгум къыдэжэхри, тIури зэшэзэпIэу иукIащ. Гуауэшхуэ къатепсыхат Розэрэ Инусрэ. Я щхьэм къылъыса насыпыншагъэр ящигъэгъупщэжрэ, жыпIэу, абыхэм ягъейрт я шыпхъу нэхъыщIэр. Ар иджыри цIыкIуIуэт. «Языхэз къэнатэмэ... Иджы сыт мыгъуэр ди Iэмал?..» – я гур хэщIырт зэдэлъхузэшыпхъум.



Къащхьэщыжын нэхъыжь ямыIэжу, я закъуэу пщIантIэм къыщыдэнэм, ахэр къэгузэващ Розэ и щхьэгъусэу щытар аргуэру и ужь къихьэжмэ, жари. Замыгъэгувэуи, фэтэр къащтэри, жылэм дэIэпхъукIахэщ. Рае цIыкIу школым щIэтIысхьати, махуэ някъуэт къызэрытыр. Ар еджапIэм щыIэхукIэ Рози и лэжьыгъэр иухырти, зэгъусэу къэкIуэжхэрт. Инус махуэ псом лажьэрт. Пщыхьэщхьэм псори зэхуэсыжырти, Розэ ипщэфIа шхын IэфIыр зэдашхырт.

Инуси иджы унагъуэу тIысыжыну и чэзут, ауэ и анэр зикI щыгъупщэртэкъым, къэшэн Iуэхуи зэрихуэртэкъым. ЩIалэм зыщрилъэфыхьым, илъэс зыбжанэкIэ зыдэгушыIа хъыджэбзыр къэгубжьри, нэгъуэщIым дэкIуащ. Хьэкъущыкъу къутэным хуэдэу хуэсакъыу ихъума и фIылъагъуныгъэр зэрыIэщIэкIар гущIыхьэ щыхъуат Инус. КъыгурыIуэртэкъым, я лъагъуныгъэм епцIыжу, ар нэгъуэщIым зэрыдэкIуэфар. Зи гущхьэр уфIыцIа щIалэр зы хъыджэбзи емыплъыж хъуащ. Псори и зэхуэдэт, икIи зыми жиIэр и фIэщ хъужыртэкъым.

Розэ зыщIэт тыкуэным щIалэ гурыхь дыдэ щылажьэрт, хьэпшып ящэнухэр кърищалIэу. Рэмэзан щIалэ лъагэт, плIабгъуэт, напэ хужьт, нэ къуэлэнт. ДауикI, ар Розэ игу иримыхьу къэнакъым. Езы щIалэри хъыджэбзым апхуэдизкIэ хьэщыкъ хуэхъуати, щилэжьэгъуи щимылэжьэгъуи, тыкуэным къыIунэжауэ Iутт. Инус гу лъитат Рэмэзанрэ и шыпхъумрэ я зэхущытыкIэм, ауэ зэран сахуэхъункъым, жери, абы тетт.

Зэман хъарзынэкIэ ахэр зэхуэзауэ, Рэмэзанхэ я деж лъагъэIэс Розэ унагъуэ зэрисар. Апхуэдэ цIыхубз я къуэм хуэмыфащэу къалъытэри, ар кърамыгъэшэну яукъуэдиящ. «Зыгуэр къыткIэщIимыщIыхь щIыкIэ», жаIэу, кIэщIрэ псынщIэу къурагъыр къыщраупсейм, Рэмэзани и адэанэм жаIэм ебэкъуакъым. Хуиттэкъым ебэкъуэнуи, апхуэдэут зэра-

гъэсари. Арати, нэхъыжьхэм я унафэкIэ Рэмэзан къишащ къыхуагъэлъэгъуа хъыджэбзыр.

«Сэ насып симыIэну алыхьым иухауэ къыщIэкIынщ... Си адэ-анэр зэбгъэдэкIыжри, зеиншэ сыхъуащ, игъащIэкIэ сызыхуэмейм сихьащ, си анэр гуузу машинэм иукIащ, фIыуэ слъагъу закъуэр къызэпцIыжащ... Си гугъэр хэсхыжащ насыпыфIэ сыхъуным. Рэмэзан и ужькIэ сэ зыри фIыуэ схуэлъагъужынукъым. Къысхуэнэжыр си дэлъхур унагъуэу згъэтIысыжынырщ, Рае цIыкIуи, тIэкIу къыдэкIуэтеймэ, тэмэму унагъуэ изгъэхьэнырщ», – егупсысырт Розэ. Зэрыщытам нэхърэ нэхъ дахэж хъуат ар, щIалэ фызкъэмыши, тIэкIу нэхъыжьыIуи къылъыхъуу, ауэ зыри и ни, и пи къихьыртэкъым.

Зэманыр къэмыувыIэу кIуэрт, зэхъуэкIыныгъэ зэхуэмыдэхэр гъащIэм хилъхьэу. Инус унагъуэт. Къадэлажьэ хъыджэбз гуэр къишауэ, насыпыфIэу псэурт. Рае школыр фIы дыдэу къиухри, дохутыр IэщIагъэр зригъэгъуэтауэ лажьэрт. Езым къыдеджа дохутыр щIалэ гуэрым ишэри, щIалитIи зэдагъуэтауэ, хъарзынэу псэурт. Ауэ Розэ и гъащIэр зэрыщытт.

Гукъыдэж имыIэжу, и щхьэ закъуэ-и лъакъуитIу къыщынэм, ар хуэм-хуэмурэ узым зэщIиубыдэри, сымаджэ хьэлъэ хъуащ. И дэлъхумрэ и шыпхъумрэ щхьэкIэ псэуа цIыхубз насыпыншэм зыхищIэрт куэд къызэрыхуэмынэжар...

ИлъэсыщIэ жэщт. Гъэжьым хуэарэзыуэ, фIыуэ щыIэр гъэщIэм къахуихьыным хуэхъуахъуэу, зэрызехьэу пщафIэрт Инус и унагъуэр. Унэгуащэм гуэгушыр игъавэри, бжьыныху шыпскIэ ишыужат, пIастэ ищIат, нэгъуэщI шхыныгъуэ гуэрхэри куэду щыIэт.

Iэнэр къаухуэри, псори абы къетIысэкIащ. ХъуэхъуитI-щы нэхъ жамыIауэ, Инус гу лъитащ Розэ зыри зэримышхым, и фэри Iейуэ зэрыпыкIам, и плъэкIэри нэгъуэщI зыгуэр зэрыхъуам. Ар тIэкIу къигъэгушхуэжын мурад иIэу, абы жеIэ:

– Алыхь лъапIэм солъэIу илъэсыщIэ къихьэм гуфIэгъуэ куэд къытхуздихьыну, угъурлыуэ къытхущIэкIыну, си шыпхъу гумащIэр нэхъыфI тхуищIыжыну! Дэр щхьэкIэ мыгузавэу ар зы махуи псэуакъым, и гъащIэр ихьащ дэ къыттеубгъуауэ. – Розэ дежкIэ зегъазэри, къыпещэ: – Си шыпхъу нэхъыщIэ цIыкIу, си псэ закъуэ, алыхьым куэдрэ утхуигъэпсэу! Уэ мы дунейм утетыху, сэри сынасыпыфIэщ. Уэ мы дунейм утетыху, сэ сызеиншэкъым. Розэ, кхъыIэ, си хьэтыркIэ тIэкIу едзакъэ. Плъагъуркъэ, Iэнэр шхыным къекъутэри...

Инус лъаIуэ щхьэкIэ, Розэ и шхыныгъуэ мы дунейм телъыжтэкъым. Уз хьэлъэ къеIэм ар хуэмурэ хилъафэрт... Ауэ зэ зыкъищIэжри, къаруушэ хъуа и Iэр бжэмкIэ ишийурэ, ерагъыу къыдришеящ: «Си адэ!.. Си Жанхъуэтекъуэ, си жылэ, си лъэпкъ... Инус...». Ахэр жиIэри, абы и нэхэр зэтрипIащ, занщIэуи и нэпсыр и нэкIущхьэм къытелъэдащ... Розэ зэ къыхэскIыкIри, и щхьэр хуэмурэ къыфIэхуащ... ИлъэсыщIэ жэщым апхуэдэу гуузу Инус IэщIэкIащ зи нэпсыр мыгъущу псэуа и анэкъилъху гумащIэр, насыпыншэр... И нэмкIэ илъагъур и фIэщ ищIыну хуэмейуэ, ар къыхэкIиикIащ: «Розэ! Розэ! Си шыпхъу цIыкIу!.. Си

шыпхъу тхьэмыщкIэ!..». Инус къыщиудащи, зыхуэмыубыдыжу макъкIэ магъ. Магъ, насыпыншагъэу а тIум зэдагъэвар ущIэгъын защIэти. Инус и щIэлъэныкъуэр гуэхуат. Абы и гуащIагъэр иджыпсту къыпкърыхьауэ, ар зэрихьэрт, гукъэкIыж сырхэм и гущIэр кърасыкIыу...

* * *

Закъуэныгъэр къытехьэлъэу, насыпыншэу и гъащIэр щрихьэкIым, Розэ итхат усэ зыкъом, нэщхъеягъэрэ гугъэншэкIэ гъэнщIауэ. Дэтхэнэ зыми лъагъуныгъэшхуэ зыхуищIа Рэмэзан и цIэр къыхэщу. Мыр абыхэм ящыщ зыщ:

*Закъуэныгъэр си гъусэ пэжу,*
*Си щIалэгъуэм сыпхуоплъэкIыж,*
*ГугъапIэ нэпцIу, гухэлъ зэгъэпцIу,*
*ЖыпIэу щытахэр си гум къокIыж.*
*Къызэбдза лыгъэ мыужьыхыжым*
*Сыпэмылъэщу пкъылIэ сищIащ.*
*Азалыхьталэм къызита гъащIэр*
*Сэ закъуэныгъэм тыгъэ хуэсщIащ.*
*ПIэщхьагъ насыпыр зэрымыт натIэм*
*Уэ иптхэ щхьэкIэ, ар изэгъэн?*
*Щхьэ закъуагъэр зэрыт си натIэм,*
*Сэ си щIалэгъуэ, хуумыщI губгъэн.*
*И щхъэусыгъуэр си закъуэныгъэм*
*Къысхуэмыгъуэту жьы сыхъужащ,*
*Си гъусэ пэжу гугъэ нэпцI мыгъуэр,*
*IэщIыб симыщIу, мащэм здэсхьащ...*

Мыпхуэдэ сатырхэр Розэ Рэмэзан хуитх щхьэкIэ, хуригъэхьыртэкъым, атIэ зэман-зэманкIэрэ езыр къеджэжырт, къеджэжыху къэси, щэхуу нэпс щIигъэкIырт.

Розэ насыпыншэу зэрыпсэуам Рэмэзан езым и къуаншагъэ хэлъу къыщыхъурт. Абы и чэзум хуэхъуматэкъым я насыпыр, ар епцIыжат я лъагъуныгъэм. ТIури нэхъуеиншэу зэгуэкIуати, ахэр насыпыфIэ дыдэ зэдэхъуну щытат. Ахэр зы хъуатэмэ, Розэ гъащIэр къытехьэлъэнутэкъым, гуныкъуэгъуэ-гукъутэхэм апхуэдизу яужьыгунутэкъым, и лыр яшхынутэкъым, лыших узри къеуэлIэнутэкъым...

И нэхъыжьхэм задигъэшу къиша щхьэкIэ, зы махуи дэкIтэкъым Рэмэзан Розэ емыгупсысу. А зырат мы дунейм абы фIыуэ щилъэгъуар. Ауэ гъащIэр гъащIэти, псэурт, и лъагъуныгъэр аддэ кууу-уэ и гущIэм щигъэпщкIуауэ. Ар куэдрэ къытехьат и щхьэгъусэр иригъэкIыжыну. Я дежхэри абыкIэ арэзыт, ялъагъурт я щIалэр зэрынасыпыншэр. ЗэпэIэщIэу зэманышхуэ дэкIами, Рэмэзан Розэ елъэIужат къыдэкIуэну, ауэ сыт хуэдизу фIыуэ къимылъагъуми, арэзы хъуатэкъым, унагъуэкъутэ сыхъуну сыхуейкъым, жери.

Розэрэ Рэмэзанрэ я щIалэгъуэм усэкIэ лъагъуныгъэ письмо зэхуатхыу щытат. Иджы, фIыуэ илъагъур дунейм щытемытыжым, Рэмэзан, абы и сурэтыр иIыгъыу, и гущIэр къиузыкIыу мэусэ:

*Зэман блэкIахэм сриплъэм,*
*Гупсысэр кууүэ къысщохъэ.*
*Щэху дыдэу пэшым сыщIыхьэм,*
*Фэеплъ сурэтыр къызощтэ.*
*ГумащIэу, пIащIэу си нитIыр,*
*Уи тыгъэ лъапIэм ныIуоплъэ,*
*Сыдэзыхьэхыу уи нитIыр*
*Гъунэгъуу напэм Iузолъхьэ.*
*Уэ си насыпыр пхэхуамэ,*
*ГъащIэр щIэщыгъуэу гъэгъэнут,*
*Гъусэ псэм ухуэхъуамэ,*
*УзгъафIэу гъащIэр бдэсхьынут.*
*«Щхьэгъусэ» псальэр пхуэфащэу,*
*ФIылъагъуныгъэр ди фащэу,*
*ЩIэблэ къытщIэхъуэм дырапсэу,*
*Дызэдэпсэунут, узипсэу...*

И псэм щигъафIэу щыта цIыхубзыр насыпыншэ зэрищIам и гурыгъузым ихьурэ, Рэмэзан сымаджэ хьэлъэ хъуащ, куэд имыхьыжуи дунейм ехыжащ. Розэ и лIэныгъэм дэужьыхащ езым и гъащIэри.

Инус хэтащ Рэмэзан и дыуэщIым. Ар щIалъхьа нэужь, Розэ и кхъащхьэм деж кIуэри, щхьэщысащ куэдрэ, и шыпхъу цIыкIур иджыри зэ игъеижу, хьэдрыхэ хабзэ гуэр щыIэххэмэ, дунейм фIыуэ щызэрылъагъуу тета, ауэ зэдэпсэуну Iэмал зрамыта насыпыншитIым я псэр зэхуэзэжыну тхьэм елъэIуу...



*Усэхэр* ПЩЫУКI Латмир

* * *



Уфафэу тенджыз,
ЗэщIэпщIыпщIэу уафэ, –
И нэхум уи нэр щIисыкIыу.
Джэрэзу къытщыхъуми,
Джэрэзурэ къафэ
Мы щIылъэм сыти хэтщIыкIрэ?
А псор къыбжезыIэр
Уи щIыфэ, уи псэ?
Е уи бзэ а псор зыхэзыщIэр?
Тенджызыр изыхукIэ
Iэсэнущ уафэр...
Жэуапыр тхуэтыжкъым зыжьэу!

* * *

Си унэм щIэтщ уи Iэуэлъауэ,
Къэбгъэзэжын симыгугъа,
СымыгъэункIыфIу пхуэсIыгъа
Си гур аргуэру къызодауэ,
Къытекъуэлъэн къытекъуэлъауэ.
Си унэм щIэтщ уи Iэуэлъауэ,
Чэсейр хьэку нэщIым къепхъухащ,
Си щхьэцыр бжьыбжьу къетхъухащ.

Дунейр зэрысцIыхунур дауэ,
Псыкъуиймрэ и лъащIэм симыплъауэ?
Си унэм щIэтщ уи Iэуэлъауэ...
Згъэгъуну псори пхуэзгъэгъуащ.
НыпщыгуфIыкIри, си гур гъащ...
Иджы сызэрыхъунур дауэ?

* * *

УхэплъэкIэ плъагъунуIакъым,
Плъагъунукъым укъыхэплъкIи.
Хы Хуэмым щхьэщыхьэ щыблэм
Тыншыгъуэ къыпхуригъэблкъым.
Си фIыгъуэр щызгъэкIуа хьэблэм
Гукъеуэр щоупщIыIу-щохуабэ,
Хы Хуэмым и толъкъун Iэлым
Теплъаджэу зыкъысфIехуапэ.
Гухэлъыр щысIуэта хадэр
ПщIыхь чэнжхэм я жэщ тIысыпIэщ.
Хы Хуэмым и толъкъун уардэр,
КъоIэбэри, къытлъоIэсыпэ.
Насыпыр щаухуэнщI щхьэлыжьым
ЩызэхуащIыжыркъым IэплIэ.
УхэплъэкIэ плъагъунуIакъым,
Плъагъунукъым укъыхэплъкIи.

* * *

ЗыщIыпIэ згъэзэххэмэ, уи деж нэзгъэзэнщ,
Бжьыхьэпэу, жэщыбгыу, си закъуэу.
Си жьыгъэ мызагъэр уи пщIыхьым хуэзэнщ,
Жэщ плъыру, плъыржьэру, усакIуэу!
Си напэр узынкъым, текуами гъэ тIощI,
ИкIами си псалъэм и пIалъэр...
ЛIэщIыгъуэм и щэхур бжэ дзакIэм къыдощ —
Уи унэр нэху кIуапIэ-хуабалъэщ.

* * *

Зэманым щымыщу,
Хьэкущхьэм щымыжьэу,

ЗищIысыр сымыщIэу
Махуэ...
Уи ужь сиувэнути,
Си гур мэпIыщIэ —
Дэ тIур дызэзыпхыр
Махэщ.
Зэманыр, къоувыIэри,
Iэдакъэжьауэу
Си нэгум къоплъыхь-къоплъакIуэ.
Сытехьэжынут гъуэгум куэд щIауэ —
СыкъэзыгъэувыIэр гуакIуэщ!

* * *

Ярэби, пэжу пIэрэ
ЩIыбым къыщаIущэщыр?
Уафэм къыкIэщIэщэщу
ПщIантIэр зысеижар?
Сысеижамэ гугъэр —
Псэгъэхуэбэж хъарзынэт,
ГъащIэм сыхуэхьэзыру
ЖызыIэр къызэижат!
Ярэби, пэжу пIэрэ
Уафэм къищэIу-къиIуэщхъур?
Псэр зыхэкIуадэ щIэщхъур
ЩIэщхъум я нэхъыкIэжщ...
УфIэфIмэ, хуиту гуфIэ,
Ухуеймэ, чэнжу бауэ —
Псэр щызэшынущ Iуфэм,
БгъуэтыхукIэ уи джэрпэджэж.

* * *

Губжьыр зэщIыдокъуэж,
ЗэщIыдокъуэж гужьгъэжьыр.
Хъунукъым дыхущIегъуэж,
ДыкъыщыкIуакIэ хьэщIэу.
Уафэр къыдотIэпIыж,
Къыдобзыхьыжыр щIылъэр.
Сытым и сэбэпыж
КъимыкIыкIыну жылэм?

ЩIыдагъэхынур сыт
ГупыкIыгъуейй пэш уардэм?
Псэр хуэныкъуэжкъым зы,
КIэрыхьэжамэ аддэ...

* * *

УIукIыжмэ, псы схуэлIэнущ,
Псы схуэлIэнущ, схуэлIэнущ жьы,
Щым зысщIынурэ сыныппэплъэнущ,
УфэрэнкIыу хуежьэхукIэ щIыр.
Жьымрэ псымрэ щытепщэ щIыпIэм
Дауэ гъусэ ущысхуэхъуат?
Си насыпти, дунейр си щыпэт,
Си насыпти, си щхьэцыр тхъуат.
Хъуар къэгъани, гъэсыж мыхъунур,
Уи уIэгъэр мыхъуж-мыкIыжщ...
СынолъэIур сызэхэпхыну,
СынолъэIур: уIумыкIыж!

* * *

Жэщыбг шэху уэздыгъэр
ПыгъукIми, пысыкIыркъым,
Къэхъуами къэхъунуми
Мастэ хэсщIыкIыркъым,
Шыгъуэгу зэщIэпщIыпщIэм
Чымпэ тезгъуатэркъым,
ЩIымахуэ гъуэжькуийми
Си макъыр ипхъуатэркъым.
Щыузыр нэхъ къещтэри,
Си гур схуэусэркъым...
Насып бдэзмыгъуэтми
Здэрт — узигъусэмэ.

## СОНЕТ КIАСЭ

Уэнжакъым ищтыхьырти Iугъуэр,
ЩIымахуэр къэсауэ си гугъэт,
ЩIалэгъуэр блэкIауэ къысфIэщIт,
Ужыжьэти, си гур хэбгъэщIт.

Ужыжьэти — си гур бгъэхъуапсэрт,
Псынэпсым и лъащIэр къабзэт,
Уэрыншэу сыпсэути — сызэшт,
БжесIэни слъэмыкIт: «Къэгъэзэж».
Нэхумыщым сыдыхьэрти къалэм,
Лъэужь къэбгъэнахэм сепсалъэрт.
Си Iупэр хуэсхьыпэми щIым —
Уи закъуэти, пагэу ущымт.
Уэнжакъым иштыхьырти Iугъуэр,
Зэманыр къэувыIэу си гугъэт.

* * *

Уэри ухуэныкъуэнущ,
Сэри сыхуэныкъуэнущ,
ТIури дыхуэныкъуэнущ
Зыгуэрым.
Ди пкъыр пIэм зэрынэсу
Хъыжьэу дыщхьэукъуэнущ,
Жэщыр къигъаскIэу
Жыжьэ къиIукI макъ гуэрым.
Уэри уиIэнущ гъусэ,
Сэри сиIэнущ гъусэ,
Жыжьэ къиIукI макъ щабэм
Дыкъригъэлу.
Уафэм къеткIуха усэр,
ЩIытхуэмыщIакIэ псысэ,
Дихьэжынущ гызу
Дунеижь щхьэлым.

* * *

Уафэр хэпщIыкIыу къелъэхъшэхащ,
ЩыжумыIэжым си фIыщIэ,
Къуршым пшэ гуартэр къыщхьэдэхащ,
Псэм къепыджауэрэ фIыщIэу...
ЩыIэкъым уэщхьу сызыгъэфIэн,
СызыгъэфIыни щымыIэ.
ЩыIэр фадэбжьэ сезыгъэфэнщ,
Псэм къебгъэрыкIуэмэ щIыIэр.

* * *

Уи фIэщ умыщI сиIауэ нэгъуэщI хэку,
Зи гупкIэ сисым и уэрэд жысIауэ,
Нэхъ къасщтэу къыхэсхауэ нэгъуэщI гъуэгу,
Уи деж сынэзышэжым нэмыщIауэ.
Дунейр щIиIубэжами, сыкъелынт,
Уи нурым и зы кIапэ къысхуэнамэ,
Си щIэблэм и гум фIыкIэрэ силъынт,
Уи пэжым и зы Iыхьэ къысхэнамэ.
Уи фIэщ умыщI сыхъуауэ нэгъуэщI цIыху,
МылIэжыныпсэ бзаджэр къысIукIауэ.
Сызэрыпсэур уи дзыхь къызэбгъэзыхущ,
Си лъагъуныгъэм уигу къыщымыкIауэ.

* * *

Бжьыхьэм зиухри, и кIэр щIиупщIэжащ.
Хэт и гугъэнт сыщыпсэум къегуэкIуэну щIымахуэр?
Си гур пкъутами, узри сщыгъупщэжащ,
Уэсыр зи хьэщIэр къызэрымыкIуэу гумахэщ.
Уэсыр зи хьэщIэм ищIэркъым хьэщIэ мыцIыху —
Хэт къыкIэлъыджэми, гуфIэу кърегъэблагъэ...
ГъащIэр иухыу щIымахуэ уаер къэсыху,
КъыбгурыIуакъым фIыуэ узэрыслъагъур.

* * *

Псэм къекIуэкIыну щыIэкъым джанэ,
Псыми имыгъэткIуу щыIэкъым уз...
Умыгъуэтыжмэ уи «дыщэ кIанэр»,
Ныбжь къыпхуэблагъэм мэхъу уегупсыс.
Мэхъу угупсысэ, уи Iур гъущIэхукIэ,
Щэхури нахуэри мэхъу егъэнэх,
Ауэ къэтIэпIмэ гур, умыщIэххэу, —
Жьы узэрыхъур зэхыумыгъэх.

## ЩIЫМАХУЭ ЖЭЩ

ЩIымахуэ жэщым и зы плIанэпэ сыщонэщхъей,
Кууэ, Iэпкъынэм хыхьэу.

Жэщым и кIапэр тесIэтыкIынути, схуэмыгъэхъей —
Хьэлъэщ. Ара уи гугъэр!
Псэ мызэгъэжхэм къэнжал унащхьэр ягъэуэршэр,
Сытхъур къакIэрылъэлъу...
Гупсысэ щIыIэ, гупсысэ бзыгъэ, гупсысэ жэр,
Сывгъэнэщхъей хьэлэлу.

## ЛЪЭIУ

СыкъыщыкIуакIэ, сыщыгъэIэ
Мы дуней фIыгъуэр щызэрахьэм,
ПцIы дахэ куэдхэр щызэрахъэм,
Зэрызмыхъэфхэр щыщIагъэIэм.
СыкъыщыкIуакIэ, сыщыгъэIэ,
Сигу ирихьынкIэ мэхъу уи пщIантIэр,
Къыслъумыгъэсми уи жьантIэр,
Сыкъебгъэлынщ гъэмахуэ щIыIэм.
Сумыгъэжьэж, къысфIэпщу хамэ —
Си псэр пхуэсщIынщ теIущIыкIыпIэ...
СыкъыщысакIэ псы икIыпIэм
Сызэпрыш, пщIэххэнуIамэ.



* * *

## «ЛЪАХЭ» ЦИКЛЫМ ЩЫЩЩ

Си гур зэгуэудыпэрти,
Сыкъихьэжащ уи лъахэм,
IэфIрэ фIыгъуэу блахыр
Сысейуэ къысщыхъужащ.
Набжэм и убыдыпIэхэр
Псэ хэмытыжу махэт,
Ауэ, итIани, дахэт
Лъапсэ хэкIуэдэжар.
Шэщым къыщIэкъугъыкIырт
ЛIэщIыгъуэ епщыкIубгъуанэр,
Хъуани щызэхыумыхыу
Жэщыр умэзэхат,
УпщIыIужаи хуэдэт
Лъахэм къысхуищI гукъанэр,
Лъахэм къысхуищI губгъэныр
Хьэкъыу къыстезэгъат.
Си гур зэгуэудыпэрти,

Дэнэ сыкIуэнт сыбблэкIыу:
СлъэкIыу сыхъуакъым мысэ,
СфIэфIу зысщIыжкъым хей,
Тхыдэм и Iэрытх лъапIэр
КъысIэщIэнащи мысу,
СыткIэ ухуэныкъуэну,
СыткIэ абы ухуей?
ГъэIуэщхъугъуафIэ хъункъым
БзыщIэу зи хьэл зэманыр,
Уи шым теплъэхьэну уанэр
Гъуанэу къыпщигъэхъунщ.
Лъапсэр хъужынущ лъапсэ,
УкъыпекIуэкIмэ гуанэм,
Плъытэмэ жиIэр уи анэм —
Тхьэшхуэм къыпхуигъэгъунщ.

## БЖЬЫХЬЭ ХЬЭЩIЭЩ

ХьэщIэщым къыщIохьэ бжьыхьэр,
ХьэщIэщым къыщIохьэ пщIыхьыр,
Гупсысэ зэмыфэгъу защIэм
Къысханэркъым щыдэжын.
Уо, пщIатэмэ си гум щыхъэр,
Къысхуздэпхьынтэкъым жьыгъэр —
Ухъунти бжьыхьэ нысащIэ,
Си щэхухэр пхуэсIуэтэжынт.
ХьэщIэщыр бжьыхьэ лэгъунэщ,
И зытхьэщIыпIэ нэгъунэ
Щоджэгур гупсысэ чэфыр,
Си фэр нэхъ пасэу мэжэщI.
Уэракъым фIыуэ слъагъунур,
ИтIани укъыздэхъунущ.
Си уни си пси щIэкIыфIыр
КъыбгурыIуэнущ... Жэщщ...

# ЦIЫХУГЪЭР ЗЫГЪЭЛЪАПIЭ

*Къанлокъуэ Исмэхьил шэрджэс усакIуэщ. Ар 1941 гъэм Жьакуэ (пасэм щыгъуэ – Къубатей, итIанэ – Алъэсчырей) къуажэм къыщалъхуащ. Курыт еджапIэ нэужьым Къэрэшей-Шэрджэс къэрал пединститутым (нобэ университетщ) и филологие факультетыр къиухащ. Езыр ныбэ илъу и адэ Уэсмэн фронтым яшэри зауэм хэкIуэдащ. Исмэхьил «зауэм и бын» жыхуаIэ щIэблэм щыщщ, а зэман хьэлъэм и нэгум щIэкIахэр IупщIу къыхощ и усэхэм – «Фызабэ Iэлъэщ I», «Уэгъу», «Зэман еру», нэгъуэщIхэми.*

*Исмэхьил Жьакуэ курыт школым егъэджакIуэу куэдрэ щылэжьащ, илъэсипщIкIэ къуажэм и унафэщIу щытащ. Мы зэманым пенсэм кIуащ, ауэ усэ тхыныр щигъэтакъым. Абы и IэдакъэщIэкIхэр къытохуэ «Черкес хэку» газетым, «Лъахэ» журналым. И усэхэр нэхъыбэу зытеухуар адыгагъэрщ, цIыхугъэрщ, иджырей зэманым цIыхубэр зыIуува IэнатIэ гугъурщ. Абыхэм ящыщу къэбгъэлъагъуэ хъунущ «Щапхъэм щэн зыхыуегъалъхъэ», «Жэщи хъунущ, нэхуи щынущ», «Умынэпсей – уи щхьэр хэплъхьэнщ», «Нэф зыпщIу, ублэмыкI цIыхугъэм» усэхэр.*

*Къанлокъуэр Жьакуэ къуажэм и тхыдэм зыкъом щIауэ толэжьыхь, абы теухуауэ статья зыбжанэ къытрыригъэдзащ адыгэбзэкIэ къыдэкI газетым. Нэхъыжьхэм яхъума IуэрыIуатэр етхыж, зэхуехьэсыж. КъыжыIэпхъэщ ар усакIуэм и лъым зэрыхэлъыр. Куэдым ящIэжкъым Исмэхьил и адэшхуэ Къанлокъуэ Сэхьид уэрэд зэхилъхьэу, усэ итхыу, джэгуакIуэу зэрыщытар. Уеблэмэ джэгуакIуэ цIэрыIуэу щыта Мыжей Сэхьид абы и гъукIэгъэсэну щытауэ жаIэж.*



*Си ныбжьэгъу Къанлокъуэ Исмэхьил и творческэ ехъулIэныгъэ нэхъыщхьэу къэслъытэр къуажэм и тхыдэ гъэщIэгъуэныр, налъэ куэду зэхэдэжар, IуэрыIуатэр и лъабжьэу, усэбзэкIэ ди пащхьэм къызэрырилъхьарщ. Псоми ящIэ Жьакуэ и цIэр щэ зэрихъуэжар: Къубатей – 1863 гъэм къэс, Алъэсчырей – 1865 – 1926 гъэхэм, Жьакуэ – 1927 гъэм къыщыщIэдзауэ. Къуажэр нэхъыбэу къызытехъукIар Къэбэрдейм икIахэрщ, «къэбэрдей хъэжрэт» цIэр зытеIукIа адыгэхэрщ. Урыс-Кавказ зауэм ирихужьэри, къуажэр зыбжанэрэ Iэпхъуэн хуей хъуащ. Ар Iусащ Бахъсэн, Балъкъ, Псыжь, Марэ, Марыхъу, Хуэдз, Инжыдж псы Iуфэхэм.*

*Иджырей Жьакуэм и тIысыпIитIыр Инжыдж Iуфэм (Малый Зеленчук) епхащ. 1846 – 1892 гъэхэм къуажэр Инжыдж псым узэпрыкIмэ къыщылъ къуэшхуэм дэсащ. Нобэ абы ХэкужькIи ЖьакуэкъуэкIи йоджэ. 1892 гъэм жылэр Инжыдж псым и ижьырабгъу лъэныкъуэмкIэ километр зыплIытхукIэ дэкIуеяуэ нобэр къыздэсым абдеж щысщ. Совет лъэхъэнэм (1927 гъэм) «Жьакуэ» цIэр фIащащ. Къуажэм и фIэщыгъэцIэм къикI мыхъэнэр вариант зыбжанэу ягъэхъыбар, ауэ нэгъэсауэ зэхэгъэкIа хъуакъым. Хэкужьым «къэна» псыежэх цIыкIуитIми мэзышхуэми Жьакуэ фIэщыгъэцIэр зэрахъэ.*

*Мы «зэхэухуэна» тхыдэ Iыхьэр къыщIэсхьыр Къанлокъуэм усэбзэкIэ къиIуэтэжа Iуэхухэр зэрыгугъур къэзгъэлъэгъуэн щхьэкIэщ. И Iыхьлы дыдэ Къардэн Ахьмэд къыжиIэжа хъыбархэр и лъабжьэ хъуащ Исмэхьил и поэмэ «Къубатейми», усэбзэкIэ тха «Алъэсчырей» романми. А тхы-*

*гъэхэм мыхъэнэшхуэ яIэщ. Япэрауэ, лIыжь Iущым IуэрыIуатэу къытхуигъэнахэр абыхэм хъума щыхъуащ. ЕтIуанэрауэ, къуажэм и тхыдэр къыхощыж. Ещанэрауэ, поэмэми романми литературэ и лъэныкъуэкIэ уасэ щхъэхуэ зэраIэм шэч хэлъкъым.*

*Къардэн Ахъмэд (и къуэрылъху Къардэн Алик Къэрэшей-Шэрджэс Республикэм и Правительствэм и Тхъэмадэу тIэунейрэ лэжьащ) – гъукIэ Iэзэу щытащ, лIышхуэу, и макъыр Левитан ехъэехуэу, пэжым и телъхьэу, гушыIэшхуэ хэльу. Куэд дыдэ ищIэжт къуажэм, адыгэхэм ятеухуауэ. КIыщым щыщIэткIэ жиIэж хъыбархэм едэIуэн сыт щыгъуи игъуэтырт.*

*Сэри гъэщIэгъуэн куэд къыщысщIащ Ахъмэд и деж. Жьакуэ ущыдыхъэкIэ япэу узыхуэзэр абы я унэрт. Сэ еджапIэ Налшык, Москва е сыщылажьэ Къэрэшей къалэм сыкъыщикIыжкIэ лъэсу сыдыхъэжырт. Ахъмэд я бжьэпэм тету Iэджэрэ сыхуэзэрт, псэльэгъу сищIырт. Сэри слъэгъуахэмкIэ, сщIэхэмкIэ сыдэгуашэрт. УдамыхъэхынкIэ Iэмал иIэтэкъым а лIыжь Iущым жиIэж хъыбархэм.*

*Жьакуэ и тхыдэм теухуауэ Исмэхьил итхахэм щIэджыкIакIуэхэм нэIуасэ зыхуащIынщ, сэ ди зэманым къуажэм и ехъулIэныгъэхэм щыщ гуэрхэр фи пащхьэ ислъхьэнщ. Псом япэ къыжыIэпхъэщ къуажэм дэсхэр зэрымыкуэдыр, сэ сыщеджэм щыгъуэ я бжыгъэр цIыху минрэ щихрэ хуэдизт зэрыхъур, нобэ минитIым тIэкIу щIигъуагъэнщ.*

*Жьакуэ къуажэм цIыху цIэрыIуэ куэд къыдэкIащ. Еджагъэшхуэхэр къапщтэмэ – щIэныгъэ зэхуэмыдэхэм я доктору тху, кандидату тIощIым нэс. Абыхэм ящыщщ физик Бэвыж Мухьэмэд, РСФСР-м и Къэрал саугъэт къилэжьащ, экономист Хьэщыкъуей СультIан Урысейм и Къэзыбж Палатэм и зы къудамэм и тхьэмадэщ; (сэри Iыхьэншэ зысщIынкъым. Урысейм, КъШР-м, КъБР-м я щIэныгъэ «дамэтелъ» гуэрхэр сиIэщ). Культурэм и гугъу пщIымэ, мы къуажэм щыщщ игъуэ нэмысу дунейм ехыжа артист тельыджэ Акъ Мухьэрбэч, уэрэджыIакIуэ, Урысейм и цIыхубэ артист Гъуэт Хьусин, Урысей Культурэм и фондым и вице-президент БакIуу Альберт, сурэтыщI Акъ Исмэхьил, драматург Дэбагъуэ Мухьэмэд сымэ. Спортсмен цIэрыIуэ куэди къыдэкIащ ди къуажэм. Жьакуэ щыщу цIыхуибгъу ихуащ Адыгэ энциклопедием.*

*1978 гъэм Грузием атлетикэ псынщIэмкIэ щекIуэкIа союзпсо зэхьэзэхуэм ди еджакIуэхэм япэ увыпIэр щаубыдати, грузинхэм «Город Жако» жиIэу протоколым иратхат. Тренер Мамхэгъ Мухьэмэд кIуэри судьяхэм яжриIащ Жьакуэ зэрыкъуажэр, зэрыкъуажэ цIыкIур. Мобы къэуIэбжьауэ микрофонымкIэ жиIам стадионыр игъэдыхьэшхащ: «Ар дауэ пэжын – къуажэр Грузием, Украинэм, Москва къыттекIуауэ?!»*

*Жьакуэ щыщ спортсменхэм пашэныгъэр мызэ-мытIэу щаубыдащ Къэрэшей-Шэрджэсым, Ставрополь крайм, Урысейм щекIуэкIа нэгъуэщI зэхьэзэхуэхэм. Уеблэмэ дуней псом бжьыпэр щызыубыдахэри диIэщ. Абыхэм ятеухуауэ сэ тхыгъэшхуэ стхыну си мурадщ. Ар къалэжьащ ди спортсменхэм.*

*ЗэрыжытIащи, тхыгъэшхуэхэм нэмыщI, Къанлокъуэ Исмэхьил и Iэдакъэ къыщIэкIащ Хэкур, цIыхугъэр, лIыгъэр, гуапагъэр щигъэлъапIэ усэхэри. Фи пащхьэ идолъхьэ абыхэм ящыщ зыбжанэ.*

**БАКIУУ Хъанджэрий,**
*филологие щIэныгъэхэм я доктор*

*Усэхэр* КЪАНЛОКЪУЭ Исмэхьил

## НЭФ ЗЫПЩIУ, УБЛЭМЫКI ЦIЫХУГЪЭМ!

Нэф зыпщIу, ублэмыкI цIыхугъэм!
Аращ нэхъ лъапIэр дунеягъэм.
Ауэ языныкъуэхэм къащохъу:
ЦIыхугъэ пхэлъмэ — бей умыхъу.

Мылъку лей иIэным Iущыр пылъкъым,
Адэм и мылъкури къуэм хурикъукъым.
Щхьэж и насыпыр егъуэтыж,
Ар ди нэхъыжьхэм яIуэтэж.

Мыр уи фIэщ мыхъумэ, къэпщытэж —
Адэ щIэину сыт уиIэж?..
СощIэр, уэ куэд къыпхуэгъуэтакъым,
Къигъэна псори пхуэхъумакъым.

Къэбгъуэтыжахэр куэд щымыхъукIэ,
ПщIэ хуэпщIу, зехьэ куэдрэ, фIыкIэ.
Ауэ уегугъуу зэхэхыж,
Щхьэж и пIэ дахэу гъэтIылъыж.

... БжесIахэр пщIэуэ уежьэжами,
А Iуэхур и кIэм нэбгъэсами,
Нэхъ Iуэху ин дыдэр къыбогъанэр —
Слъагъуу, емыкIум ущIегъанэ.

ЖыпIэнкIи хъунщ хуабжьу улажьэу,
Пхуземыхьахэр уимылажьэу,
ИкIи уэ ахэр умыгъэйуэ,
Уи бынхэм мылъку яхуэбугъуейуэ...

Сэ уэ бжесIахэр къабыл пщIымэ,
Былымым пыкIи, напэр хъумэ.
Ауэ зуплъыхьу ущымыс,
ПсэукIэ пщIынум егупсыс.

Уи мылъку хьэлэлкIэ упсэужмэ,
Къэблэжьыр дахэу зэбгъэкIужмэ,
Къэплъхуами ар щэн-хьэл хуэхъунщ,
Жэщ къэси тыншу ужеинщ.

БжесIар умыщIу уэ гукъанэ,
ЦIыхугъэ куэду яхуэугъуей.
Мис ахэр щIэблэм къахуэгъанэ,
Армыхъумэ, хъунущ псэугъуей.

## ЩАПХЪЭМ ЩЭН ЗЫХЫУЕГЪАЛЪХЬЭ

Сэ сыхуейкъым зэхэсхыну,
Нобэ жаIэу щытми ену,
Адыгагъэр тфIэкIуэдауэ,
Ди бзэ дахэр тщыгъупщауэ.

Щапхъэ цIыкIухэр къахь зыгуэрхэм,
Я псэлъафэщ мыр абыхэм:
«МащIэ дыдэщ бзэм хуэIэзэр,
Ди щэн-хабзэхэм щыгъуазэр».

ЛъэIукIэ лъэпкъым зыхуагъазэ:
«Фи сабийхэр бзэм евгъасэ,
Адыгагъэр дывгъэIыгъ,
Дэ абыкIэ дыфщогугъ».

Сыт къарыкIыр мы сатырхэм?
Еджэгъуейкъэ мы сэ стхахэм?
Псалъэм лъэпкъ пхуигъэзэгъуэну?
ЛъэIукIэ щэн зыхэплъхьэфыну?

Сэбэп мащIэщ лъэIум къыихьыр,
Аращ си гум щIримыхьыр.
Куэдрэ жаIэр боужэгъу,
ФIы плъэгъуамэ — уощI гъунэгъу.

Сэ къэстхэкIкъым зым и псалъи,
КъэсцIыхуфкъым щхьэж игу илъи,

ЩIызоджыкIри хэт и тхыгъи,
Щызолъагъур лъэпкъым тегъи.

Тхьэусыхэм уищIкъым дахэ,
Уи лъэр нэхъри щIегъэмахэ.
Лъэпкъыр хуейщ нэхъ гъэгушхуэн,
Слъагъукъым ар щIэдущэхун.

ЩIалэгъуалэр утыку щIауэ,
ЗэчиифIэхэр къишауэ,
Я ныбжьэгъухэм ялъагъупхъэщ,
Ар хуэхъунщ адыгэм щапхъэ.

Ди хьэл Iейхэр гъэмэщIауэ,
ФIыуэ тхэлъыр гъэбэгъуауэ,
Ди лъэпкъ пащхьэм дэ идвгъалъхьэ,
Щапхъэм щэн зыхыуегъалъхьэ.



## ЦIЫХУФI

Iэджэм жаIэр цIыху Iейр куэду,
Сыкъоув сэ ар сымыдэу.
ФIыр нэхъыбэщ, Iейр зытIэкIущ,
ФIы зигу илъым нэхущ и гъуэгу.

ЦIыхуфI теплъэр жыIэгъуейкъым,
ЦIыху Iейм хуэдэу фэзэхъуэкIкъым.
ФIыгъуэ щIэлъщ и нэгу ущIэплъэм,
Сэтей ещIыр щэныр теплъэм.

ФIым и нитIыр дахэу маплъэ,
Дагъуэ зиIэм жьэхэмылъэ,
ЦIыхур и щхьэм ирелъыт,
IейкIэ зым и ужь имыт.

Нэщхъеягъуэм ядогуашэ,
ХьэгъуэлIыгъуэм гуп зэхешэ.
Iейри фIыри зэделъагъу,
Лъэныкъуабэ хъуам игу щIогъу.

ГущIэгъу закъуэм къыщымынэ,
ЩIыхуэ лъэпкъи къытемынэ.
ДоIэпыкъур ар хуэныкъуэм,
Игу мэтыншыр, зыщIигъакъуэм.

Мыгъэсауэ мыкIуэ хасэм,
ХуещIыр пщIэшхуэ цIыху тIорысэм.
И щхьэр ину имыIэт,
Нэхъыжь къакIуэм, гъуэгу ирет.

Ар нэхъыщIэм яхуэщабэщ,
И ныбжьэгъухэм яхуэгуапэщ.
ПщIэ къыпхуещI, уэ хэт ущыщми,
Къомыфыгъуэ, япэ уищми.

Илъщ Алыхьыр ену и гум,
Тетщ цIыху хуэдэ ар мы щIыгум.
Пылъщ Iуэху Iей зэримыщIэнум,
Йогупсысыр кърикIуэнум.

ЗигъэIущу, зым щымыхьэ,
ЦIыхуитI я куи ар дэмыхьэ.
Хэлъщ цIыху Iущым шыIэныгъэ,
Ар хэт щыщми иIэщ лIыгъэ.

## ЦIЫХУ IЕЙ

Сыт цIыху Iей дунейм щIытетыр?
Сыт цIыхупIэм ар щIимытыр?
Хэти щхьэ хуэпсалъэу щыт?
А цIыху Iейр щхьэ дэ къытхэт?

Зэ уедэIумэ и псэлъэкIэм,
Ущогъуазэ и Iуэху щIэкIэм.
Ар Iужажэу дэнкIи маплъэ,
ТIэкIу къефIэкIым ену хуолъэ.

Ныбжьэгъуншэщ а «лIыфI» дыдэр.
ПсынщIэу къащIэри зыхуэдэр,

И гъунэгъуу цIыху пхуэмыкIуэ,
Ныбжьэгъу зыщIми, къыщIэмыкIуэ.

Хэт ущыщми сэ бжызоIэ:
«ЦIыху хьэл дахэ уэ зигъэIэ.
Абы уи пщIэр ещIыр ин,
Армырамэ, уохъу къиин».

Къиинынып тхьэмыщкIагъэщ,
Ар щIыIэлIэщ, ар техьэгъуэщ.
ЦIыхум узу ар къоуз,
Хэти хехыр гупщIэуз.

Езым жиIэр зэфIэмыкIмэ,
Е нэгъуэщI зыгуэр къефIэкIмэ,
Чынтым хуэдэу къытехьэнущ,
Пхуэдзэлашхэуи ежьэнущ.



КъедэIун зыгуэр къигъуэтрэ,
Къыдищтэну ар къыщыхъумэ,
Пэжи пцIыи зэхиджэнущ,
ЕзэшыхукIи пхуэубэнущ.

ЦIыхуитI я куи дыхьэфынущ,
ПцIыкIэ ахэр зэщихъуэнущ.
Iыхьлым нэхърэ нэхъ гъунэгъууи,
Уеблэм, зыкъыпщигъэхъунущ.

И фIэщ хъумэ зыжриIэм,
Игу топщахэ зыхужиIэм.
ФIы ищIа хуэдэу къыщохъу,
Iей пэщылъуи и гуи мыгъу.

Къытемыхуэу цIыху нэхейр
Куэдрэ кIуэнукъым цIыху Iейр.
И фIэщ хъуркъыми Алыхьыр,
Арщ щыкIауэ абы щIихьыр.

Хуабжьу щоуэ а лIы «хахуэр».
Къэблэгъэнущ ахърэт махуэр,

Еплъыжынущ и IуэхущIафэм,
Илъагъунущ дэкIыр и фэм.

Iейуэ пщIар упшыныжынущ,
ФIыуэ пщIари бгъуэтыжынущ.
Зыри Тхьэшхуэм деж щыкIуэдкъым,
Уи гуэныхьри игъэкуэдкъым.

Ар Алыхьым зэрыжиIэщ —
Дунейм деж пшынэжи щыIэщ,
Iей зыщIам пэщылъыр Iейщ, —
Акъыл уиIэм, пцIыхун хуейщ.

Уи мыIуэхум ухэмыхьэ,
ЦIыху хейм укIуэу ущымыхьэ.
Умылъыхъуэ цIыху и Iей, —
Къыптехуэнущ и нэхей.

Мис апхуэдэу щытщ цIыху Iейр.
ИмыцIыху езыр зыхуейр.
МащIэщ сэ зи гугъу фхуэсщIар —
Теплъэ куэдым йохьэ ар.



## УМЫГУПСЫСЭУ УМЫПСАЛЪЭ

ЦIыху къэскIэ яIэщ щэн зырыз,
Хэти Алыхьым къыхилъхьауэ.
Зым и нэр сыт щыгъуи мэплъыз,
Адрейр хуэм дыдэщ, къэмыхъуауэ.

АтIэ, а щэнхэр хъуэжыгъуейщ,
Хуамыгъуэт псоми ахэм хущхъуэ.
ФIыуэ щытыну куэдыр хуейщ,
АрщхьэкIэ Iейми зыкъытщехъуэ.

Алыхьым уэ къыуитащ акъыл,
Угупсысэфу, щхьэр зэтесу.
Уэ пщIауэ щытмэ ар къабыл,
Псэу дахэу,  жыпIэм уегупсысу.

Куэд жыпIэфынущ, сощIэ сэ,
Iупэм къэсам уемыгупсысмэ.
Ар щIыжыпIам хъуну и щIасэ?
Бдэну ар уэри къыуапэсмэ?

Уэ жыпIэ закъуэр пщохъу тэмэму,
Уопсалъэр хуабжьу щIэгъэщхъуауэ,
Къыпщыхъукъым жэуап гуэр иIэну,
Ауэ куэд къохъу упэмыплъауэ.

Ныбжьэгъу, зыгуэркIэ угъуэщамэ,
Гъуэгу захуэм, гугъуми, къытехьэж.
Псалъэ гуемыIу къыбжьэдэкIамэ,
Къигъазэу, къохъу къыщыптехуэж.

Мис аращ щIыжиIэр цIыхум:
«Гупсыси псалъэ, зыплъыхьи тIыс».
Сыт хэплъагъуэр уэ мы Iуэхум? —
Уигу къэкIами, зым Iей иумыпэс.



## УЭГЪУ

Сыхуейкъым сыт щыгъуи сэ уэгъум,
Щрет ар цIыхуу е дунейуэ.
Уэгъущ ар — хужаIэкъым ныбжьэгъум,
ИмыкIумэ гъащIэр лъэужьейуэ.

Ирехъу ар гъатхэу е гъэмахуэу,
Зы тхьэмахуитIкIэ уэшх къемышхмэ,
КъэкIыгъэр хуожьэр зэфIэмахэу,
Уэгъу мэхъур, нэхъри зигъэкIыхьмэ.

Дунейр щыуэгъукIэ, псори мэгъу,
КъэкIыгъэу щыIэр есыр дыгъэм.
Уэгъум имыIэ зы гущIэгъу,
КIэ иритынущ зыхуеблагъэм.

АтIэ цIыху уэгъум сыт и хьэлыр?
Сыт уэгъукIэ щIеджэхэр абыхэм?

Апхуэдэ цIыхур сыт зыхуэлъэр?
Iумпэм щхьэ ящIрэ къэзыцIыхухэм?

НэплъыснэIусщи — дэни маплъэ,
Езым и куэдми, ар мэхъуапсэ.
Къыщохъу имыIэу зы цы налъэ,
Адрейм и мылъкум елъытауэ.

Апхуэдэу щытым нэ Iей иIэщ,
И гур IэпыкIыу дэнкIи маплъэ.
НэхъыфIым дежкIи и псэр щыIэщ,
Зэхъуапсэм хуохъур ар псэ пIалъэ.

Лэжьыгъэ дэгъуэ къохъулIауэ,
ЦIыху уэгъур зэ абы хэплъамэ,
Бжы занщIэу ар къепхьэлIэжауэ,
Ууей къипхынум упыкIамэ.

Аращи, уэгъур зэрыщытыр, —
Iужажэу дэни зыщеплъыхь,
ЗрихьэлIэну дунейм тетыр,
Мис абы папщIэ телъщ бэлыхь.

Уэгъур нэпсейм и шынэхъыжьщ,
Абыхэм зэрагъэхь щымыIэ.
ТIуми зэрахуэр зы лъэужьщ,
Ахэр жэрэгъуу зумыгъэIэ.

# Уэрэдым хэт дэтхэнэ псалъэри гум къыбгъэдэкIын хуейщ



*Адыгэ Республикэм щIыхь зиIэ и артисткэ, Урысей Федерацэм и щэнхабзэ къалащхьэ Санкт-Петербург щыцIэрыIуэ оперэ уэрэджыIакIуэ КIыкIэ Софие и творческэ гъуэгу дахэм куэд кIэлъоплъ икIи дехьэх. Адыгэ пщащэ нэсым и хьэл-щэнхэр зыхэлъ Софие и щабагъымрэ гуакIуагъымрэ, утыку щиткIэ игъэIу макъым и лъэщагъымрэ дахагъымрэ зыхуэдэ къэгъуэтыгъуейщ. Къэралпсо гъуаз-джэмрэ адыгэ щэнхабзэмрэ я дунейм лъэ быдэкIэ хэува, зи зэчиймкIэ адыгэ лъэпкъым и цIэр фIыкIэ зыгъэIу уэрэджыIакIуэм нобэ Мейкъуапэрэ Санкт-Петербургрэ сольнэ концертхэр щет, дунейпсо фестивалхэм жыджэру хэтщ, сабийхэр макъамэм хурегъаджэ.*



*Абы и репертуарым хэтщ оперэм щыщ партие зэмылIэужьыгъуэхэр, мюзикл роль телъыджэхэр, урыс, къухьэпIэ европей, иджырей композиторхэм я IэдакъэщIэкIхэр. Композитор цIэрыIуэ Нэхей Аслъэн игъэува «Раскаты далекого грома» япэ лъэпкъ оперэм Акозэ и партиер япэ дыдэу щызыгъэзэщIар КIыкIэ Софиещ.*

*Софие и ехъулIэныгъэхэмрэ зэфIэкIхэмрэ, и лэжьыгъэмрэ мурадхэмрэ, къалащхьэм зэрыщыпсэумрэ Адыгейр къызэрыщыхъумрэ тедгъэпсэлъыхьыну Iэмал диIащ и къэкIуэжыгъуэмрэ сэ Мейкъуапэ си кIуэгъуэмрэ щызэтехуам. Си гуапэу нэхъ гъунэгъуу фызогъэцIыху ди лъэпкъ щэнхабзэм и вагъуэ КIыкIэ Софие.*

**– Софие, цIыхур зыпэрыт IэщIагъэм фIыуэ хэзагъэу щыплъагъукIэ, езым ар къыхиха къудей мыхъуу, абы къыхуигъэщIауэ къыпщохъу. Уэ уи ехъулIэныгъэхэм, уи утыку итыкIэм ущыкIэлъыплъкIэ, уэрэд жыIэным укъызэрыхуигъэщIар зыхыумыщIэнкIэ Iэмал иIэкъым. Сыхуейт нобэ узытет гъуэгум утехьа зэрыхъуар уигу къэбгъэкIыжыну, укъыщыхъуа ди къуэш республикэм щыбгъэкIуа сабиигъуэм укъытхутепсэлъыхьыну.**

– Сэ Адыгей Республикэм сыкъыщалъхуащ, си сабиигъуэр щыкIуар Мейкъуапэщ. ЦIыху гъащIэм хэт а пIалъэ IэфIым щегъэжьауэ уэрэд жыIэныр сфIэфIу щытащ икIи уэрэджыIакIуэ сыхъуну сехъуапсэрт. Школ нэужьым, Мейкъуапэ дэт Гъуазджэхэмкlэ училищэм сыщIэтIысхьащ. ИтIанэ си щIэныгъэм хэзгъэхъуэну мурад сщIыри, Санкт-Петербург сыкIуащ. Абы Театр гъуазджэмкIэ академиер къыщызухащ музыкэ театрым и артист IэщIагъэр сиIэу. ИужькIэ, си зэфIэкIым нэхъри зезгъэужьыну сыхуейти, Санкт-Петербург къэрал консерваторием сыщIэтIысхьащ, абы камернэ уэрэджыIакIуэ, вокалымкIэ егъэджакIуэ IэщIагъэхэр щызэзгъэгъуэтащ, аспирантурэри къэзухыжащ.

ЩIэныгъэ зэзгъэгъуэта нэужь, Санкт-Петербург дэт «Зазеркалье» музыкэмкIэ театрым сыщылэжьащ, сабийхэм, балигъхэм папщIэ спектаклхэм сыщыджэгуащ, роль зэмылIэужьыгъуэхэр згъэзащIэу. Иджыпсту концертхэм уэрэд щыжызоIэ, ныбжьыщIэхэр изогъаджэ.

**– ЕгъэджакIуэ, актрисэ, уэрэджыIакIуэ. Дэтхэнэ IэщIагъэра уи гум нэхъ дыхьэр, Софие?**

– Актрисэ IэщIагъэмрэ уэрэд жыIэнымрэ схузэкIэщIэхынукъым, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, тIум щыгъуэми утыку къисхьэ лэжьыгъэр гурэ псэкIэ къызогъэщI, ролым сызэрыщыту сызэщIеубыдэ. А пщIэр дахэ хъун, къоплъыну къэкIуахэм я деж нэпхьэсын папщIэ уи гущIэм къикIын хуейщ дэтхэнэ псалъэри, плъэкIэ къудейри. Ещхьыркъабзэу, егъэджакIуэу сылэжьэнри зыпэсщI щыIэкъым, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, ныбжьыщIэхэм уахэтыну гухэхъуэщ, абыхэм я ехъулIэныгъэ цIыкIухэми сыщогуфIыкI.

**– Санкт-Петербург ущопсэу, ущолажьэ. Сыт нэхъыбэу иджыпсту узэлэжьыр? Урысейм и утыкушхуэ ихьа адыгэ пщащэм и творческэ гъуэгур сыт хуэдэ?**

– Си творческэ лэжьыгъэр зэпхар, дауи, Санкт-Петербургщ, нэхъыбэу уэрэд щыжысIэр къалэшхуэм щыцIэрыIуэ утыкухэрщ. Ауэ дэнэ ущыIэми, укъызыхэкIа лъэпкъыр зэи IэщIыб пхуэщIынукъым. Фэри фощIэ абы адыгэ куэд зэрыдэсыр, мис абыхэм я гъусэуи концертхэр къызызогъэпэщ илъэс зыбжанэ хъуауэ. Нэгъабэ, псалъэм къыдэкIуэу жыпIэмэ, адыгэ щэнхабзэм и пшыхь дахэ едгъэкIуэкIащ. Ар хуабжьу гъэщIэгъуэн хъуат, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, Санкт-Петербург дыщызэрихьэлIат творческэ цIыху зыбжанэ: АР-м гъуазджэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщ режиссёр цIэрыIуэ ЕмкIуж Андзор, Адыгэ лъэпкъ театрым и артист Нэхей Iэдэм сымэ. Краснодар щыщ, АР-м, Кубаным щIыхь зиIэ я артисткэ ЛIыцIэрыIуэ

Римми къедгъэблагъэри, пшыхь гукъинэж едгъэкIуэкIауэ щытащ. Апхуэдэ пщыхьэщхьэхэр нэгузыужь хъум и закъуэкъым, атIэ къалэ жыжьэхэм дэс адыгэхэр нэхъ зэрыубыдынымкIэ, адыгэ щэнхабзэр хъумэнымкIэ мыхьэнэшхуэ яIэщ. Санкт-Петербург дэсхэм яфIэфIщ зэхыхьэну, къэфакIуэхэр, уэрэджыIакIуэхэр кърагъэблагъэурэ концертхэр къызэрагъэпэщыну, щIалэгъуалэр зэхэсыну. Ар икъукIэ сэбэпу къызолъытэ адыгэр адыгэу дэнэ щIыпIи къыщызэтенэнымкIэ.

Апхуэдэу Москва щрагъэкIуэкI концертхэми щIэх-щIэхыурэ зыкъыщызогъэлъагъуэ. Мейкъуапэ сыкъокIуэж. 2018 гъэм и кIэм, уэ узэрыщыгъуазэщи, Мейкъуапэ сольнэ концерт щыстащ. Ар композитор цIэрыIуэ, «Ислъэмей» ансамблым и унафэщI Нэхей Аслъэн и юбилей илъэсым хухэха Iуэхухэм ящыщт. Программэ гугъуу икIи ину зэхэлъащ ар, классикэ ариехэр, адыгэ цIыхубэ уэрэдхэр, Нэхейм и IэдакъэщIэкIхэр зы концерт программэм ибгъэзэгъэныр тыншу щытауэ схужыIэнукъым, ауэ дэ ар фIыуэ къыдэхъулIащ, цIыхухэм ягу зэрырихьар зэхэсхыжащ.

Абы къищынэмыщIауэ, ЕмкIуж Андзор лэжьыгъэ гъэщIэгъуэн дэсщIащ нэгъабэ. Режиссёр щIалэм триха фильмым щыIуну уэрэдыр сэ жызигъэIэну зыкъыщысхуигъазэм, сфIэфIу иужь сихьащ абы икIи сыхущIегъуэжакъым.



**– Пэжщ, Андзор жиIэу зэхэсхащ уэрэдыр уэ бгъэзэщIэну къызэрыпхуигъэфэщар. Ар махуэ къэс пщIэ Iуэхум къызэрыщхьэщыкIым удихьэха, хьэмэрэ нэхъ гугъу удехьа?**

– Узахуэщ, Замирэ, ар си дежкIэ лэжьыгъэ къызэрыгуэкIтэкъым, уэрэд гуэр жысIэн къудейуэ аратэкъым. Абы жэуаплыныгъэшхуэ пылът, фильм псом купщIэу иIэр зыхэлъ псалъэхэр, абы и кIыхьагъкIэ щабэу къыщеуэнур, режиссёрым а гупсысэм щIилъхьар макъкIэ къэпIуэтэфыныр тыншу щытакъым. А псори нэхъ кууужу зыхыуигъащIэрт фильмыр си лъэпкъым, си адэжь хэкум зэрытеухуам. Абы къыхэкIыу си зэфIэкI псори есхьэлIащ. Андзор сэрэ дызэчэнджэщурэ тщIа лэжьыгъэм езы режиссёрыр арэзы техъуащ, адэкIэ фильмым еплъынухэм я гупсысэхэр зэхэтхыжынщ, зэ утыку къихьэмэ. ЕмкIужым и жэрдэмкIэ, уэрэдым клипи трихащ, абы ИнтернетымкIэ феплъыфынущ.

Зи гугъу сщIы лэжьыгъэр IуэхущIэт, гъэщIэгъуэнт, дахэт си дежкIэ. «Летания» квартетым, Мариинскэ театрым и музыканthэм, Iэзагъэшхуэ зыбгъэдэлъ звукорежиссёрхэм дадэлэжьати, къыдэхъулIауэ къысщохъу ди IэдакъэщIэкIыр.

**– Утыку щыбгъэзэщIэну уэрэдхэр дауэ къызэрыхэпхыр?**

– Утыку щыбгъэзэщIэнур къыхэпхын папщIэ, уи макъыр пцIыхужу, уи щэныр пщIэжу щытын хуейщ. Уеблэмэ уи цIыху щIыкIэкIэ уэ нэхъ къокIур къыхэпхыпхъэщ. Иджырей композиторым удэлэжьэн хъумэ, жепIэ мэхъу, мащIэу зы щIыпIэхэм деж

уэ къыптехуэу зэхъуэкIыныгъэхэр хилъхьэну. Ауэ адрейхэр хэплъыхьыпауэ фIэкIа къахэсхыркъым.

Концерт программэр зыхуэдэми мыхьэнэшхуэ иIэщ, макъыр зэрыбгъэлэжьэным теухуауэ. КIэщIу жыпIэмэ, мыр зы мэскъали гулъытэншэ умыщIу узыбгъэдыхьэн, узэлэжьын хуей Iуэхущ. Ар къыбдэзыIыгъын цIыхухэм укъаухъуреихьмэ, уэ узыпэрыхьа Iуэхум ухуэхьэзырмэ, пхузэфIэмыкIынрэ къомыхъулIэнрэ хэлъкъым.

**– Санкт-Петербург и утыкухэм операэ ариещ нэхъыбэу щыбгъэзащIэр, абырэ адыгэ лъэпкъ уэрэдхэр жыIэнымрэ дауэ зэкIуалIэрэ, дауэ а жанритIым узэрыхэзагъэр?**

– Гугъу сыдехьыркъым. Къэбгъэлъагъуэмэ, сытым дежи классикэм, адыгэ композиторхэм я IэдакъэщIэкIхэм, цIыхубэ макъамэхэм сызэрыхэIэбэным иужь ситщ сэ. Зэмыщхьхэм селэжьыну сфIэфIщ. Езыр-езыру къызэдокIуэкI ахэр. Си репертуарым сыт щыгъуи тIум хуэди хэтщ.

**– Софие, дэтхэнэ цIыхуми и IэщIагъэм хуезыгъэса гуэр и гъащIэ псокIэ игу къонэ, зыгуэрым и Iуэху щIэкIэр, бгъэдыхьэкIэр игу ирихьу кIэлъоплъ. Уэ хэт сымэ я цIэ къипIуэнт сэбэп къыпхуэхъуа егъэджакIуэу, щапхъэ зытепх артисту?**

– УпщIэ гуапэщ. Япэ дыдэу, классикэ уэрэд жыIэкIэм сыщыдихьэхам сызыкIэлъыплъу щытар XX лIэщIыгъуэм и операэ уэрэджыIакIуэ нэхъ лъэрызехьэу ябжхэм ящыщ Каллас Марие и творчествэращ. Испан операэ уэрэджыIакIуэ Кабалье Монсеррат, СССР-м и цIыхубэ артисткэхэу Милашкинэ Тамарэ, Ковалёвэ Галинэ, куэдым я цIэ къисIуэфынущ я уэрэд жыIэкIэм сыкIэлъыплъу. Сэ къызэрыслъытэмкIэ, IэщIагъэм ущыдихьэхым деж, абы ирилажьэ нэхъ пажэхэм уакIэлъыплъыныр дерсыфIщ. Абыхэм ящыщ  дэтхэнэми езым и Iэмалхэр, щэхухэр иIэжщ. Сэ нэхъ спэгъунэгъур, сэ нэхъ сэщхьыр, сэ нэхъ сфIэфIыр къыхэсхыу аращ. Зыгуэрым зезгъэщхьу схужыIэнукъым, ауэ псоми я творчествэм сыкIэлъоплъ, седэIуэну сфIэфIщ.

Абы и лъэныкъуэкIэ иджыпсту зэманыр тынш хъуащ. Училищэм сыщыщIэсым щыгъуэ библиотекэм сыкIуэурэ пластинкэхэм седаIуэрт, иджы Интернетыр къызэIух къудей, дуней псом щыцIэрыIуэхэм я уэрэдхэр, концертхэр ибгъуэтэнущ. Уи щIэныгъэмрэ Iэзагъымрэ хэбгъэхъуэныр зэи щыбгъэт хъунукъым, ар кIэ зимыIэ Iуэхущ. Иджыри къыздэсым сызэчэнджэщ егъэджакIуэхэр сиIэщ сэ.

**– Щэнхабзэм, гъуазджэм я лэжьакIуэхэм жылагъуэм мыхьэнэшхуэ щагъэзащIэ. Сэ къызэрыслъытэмкIэ, лъэпкъ зэныбжьэгъугъэм, мамырыгъэм, зэгурыIуэныгъэм, политикхэм я мызакъуэу, щэнхабзэм и лэжьакIуэхэми я фIыщIэшхуэ хэлъщ.**

– Дауи, зэгурыIуэмрэ мамырыгъэмрэ ухуэзышэр дахагъэмрэ гуапагъэмрэщ. Санкт-Петербург и щэнхабзэ гъащIэр къапщтэмэ, лъэпкъ зэмылIэужьыгъуэ куэд зэрыдэсым къыхэкIыу, цIыхубэр лъэпкъ макъамэхэм дахьэх. Абы къыхэкIкIэ, макъамэ пшыхь куэд щокIуэкI абы, концертышхуэхэм къадэкIуэу. Сэ апхуэдэ пшыхьхэм щIэх-щIэхыурэ срагъэблагъэ, махуэшхуэхэм хухэха зэхыхьэхэм, псапащIэ концертхэм сыхэтщ.

ЗэрыжысIауэ, абы щыпсэу адыгэхэм тфIэфIщ лъэпкъ щэнхабзэм и пшыхьхэр зэхэтшэну, е нэгъуэщI утыкухэм дыщызэдэлэжьэну. Псалъэм къыдэкIуэу жыпIэмэ, концерт IуэхукIэ щIэх-щIэхыурэ сыхуозэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и цIыхубэ артист, щIалэ зэчиифIэ Къэбэрдокъуэ Мурат. Iуэху гуэр къыкъуэкIмэ, къызэджэмэ, сынэсынущ, езыри апхуэдэ дыдэщи, концерт гуэр сыхэту щытмэ, къызогъэблагъэри, зэи сигъэщIэхъуркъым. Мурат сэрэ зэрыхъукIэ а творческэ зэпыщIэныгъэр зэдыдоIыгъ. Къапщтэмэ, апхуэдэ зэпыщIэныгъэхэр нэхъ быдэ щIыныр зэран къытхуэхъунутэкъым хамэ къалэхэм, щIыпIэхэм щыпсэу адыгэхэм. КъищынэмыщIауэ, лъэпкъитIым я зэныбжьэгъугъэмрэ зэпыщIэныгъэмрэ щэнхабзэ гъуэгукIэ нэхъ къохъулIэнущи, абы гулъытэ хуейщ.



**– ЦIыхум анэм, адэм ирилъыт хэкур хэт дежкIи лъапIэщ. Уэри уи хэку цIыкIур, уи лъэпкъыр уиIэ псом зэребгъэфIэкIыр уи псалъэхэм къахощ, итIани къыджепIэну сыхуейт: сыт уэркIэ Адыгей Республикэр?**

– Адыгейр, зэрыжыпIауэ, сыкъыщыхъуа си адэжь хэкущ. ГъащIэм гъуэгу щысхуэхъуну лъагъуэр щыпхысшар, япэ музыкэ щIэныгъэр щызэзгъэгъуэтар си хэкуращ. Ар гукъыдэж къызэзыт, къару къысхэзылъхьэ, лъагъуныгъэм, дахагъэм сыхуэзыгъэуш лъахэщ. СфIэфIщ Адыгейм сыкъэкIуэжыну, мыбы щекIуэкI концертхэм сыхэтыну. Зэи къэхъуакъым, иджыри къэхъунукъым, си лъахэм махуэшхуэ гуэр иIэу сыкърагъэблэгъэжауэ сэ сыкъыщымыкIуэж. Махуэшхуэ пэлъытэу сиIэщ апхуэдэ Iэмалхэр. 2018 гъэм и кIэм Мейкъуапэ щыста концертыр си дежкIэ уасэ зимыIэ саугъэтышхуэт. ФIыщIэ яхуэсщIыну сыхуейщ къыздэIэпыкъуа, къыскъуэува псоми, си концертым еплъыну къекIуэлIахэми.

**– УэрэджыIакIуэ цIэрыIуэ КIыкIэ Софие доцIыху. IэщIагъэр лъэныкъуэкIэ къэдгъанэмэ, усыт хуэдэ цIыху?**

– А сценэм къыщацIыху Софиери гъащIэм щалъагъу Софиери зыщ, сэ сызэреплъымкIэ. Сценэм сыщиткIи, гъащIэм сыщыхэткIи цIыхум зыгуэру закъыщызгъэхъуну яужь ситкъым, сызэрыщымытуи зыхуэсщIынукъым.

Пэжщ, сценэм ущитым деж художественнэ къалэн гуэр богъэзащIэри, образ пыухыкIа къыбогъэщI. Апхуэдэхэм деж роль

щхьэхуэ сихьэн хуей хъуми, лирикэ лIыхъужьым нэхъ сещхьу гъащIэм сыхэтщ.

Сэ сыцIыху гупцIанэщ, ныбжьэгъу пэжу сыщытыфщ, седжэну сытым дежи сфIэфIщ, си щIэныгъэм зэрыхэзгъэхъуэн Iэмал зэи блэзгъэкIыркъым. Концертхэм, библиотекэхэм, музейхэм сыкIуэныр зыпэсщI щыIэкъым. Тхылъыр, музыкэр си гъащIэ гъусэщ жысIэмэ, езгъэлейркъым.

ИтIанэ, творческэ цIыхур Iуэхуншэ зэи хъу хъунукъым. Зызгъэпсэху нэхърэ сыщIэщIауэ сылажьэмэ нэхъ къызощтэ.

ЦIыху гу къабзэр, гуапэр сфIэфIщ сэ, апхуэмыдэр схуэгъэныбжьэгъунукъым. Сэ езыр сызэрыщытым хуэдэу къысхущытмэ, сигу зэрыхузэIухам хуэдэу игу къысхузэIухамэ, ар егъэлеяуэ пщIэ зыхуэсщI цIыхуу къыздекIуэкIынущ.

**– Тхьэм уригъэфIакIуэ, Софие. Къэнэжыр уи концерт Налшык щекIуэкIыу дыщызэIущIэнращи, уи мурадхэм хэт апхуэдэ гуращэ?**

– Замирэ, Налшык концерт щыстыныр си хъуэпсапIэхэм ящыщ зыщ, пэжым ухуеймэ. Зэпеуэ, зэхуэс щекIуэкIыурэ сыщыIащ Къэбэрдей-Балъкъэрым, ауэ концерт щыстакъыми, Тхьэм жиIэмэ, абы иужь ситынщ.

**– Тхьэм къуигъэхъулIэ. ФIыщIэ пхузощI Мейкъуапэ щыбгъакIуэ зэман зэпэубыдам щыщ тхухэпхыу псэлъэгъу укъызэрытхуэхъуам папщIэ.**

*Епсэлъар* **НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэщ.**
*Мейкъуапэ*

# СИ НЫБЖЬЭГЪУ «КIУЭЦIРЫКЪУЭ»

*ГукъэкIыжхэр*

Си щIалэгъуэм сэ сиIащ ныбжьэгъуфI. Куэд щIащ ар дунейм зэрехыжрэ, и ахърэтыр нэху тхьэм ищI, ауэ пIалъэ-пIалъэкIэрэ си щхьэм къощхьэрыуэри, абы гъащIэ гъуэгу кIэщI къикIуам сроплъэж, псэуну зыхуэфащэу, зи нэ къыхуикIыу дунейм къытехьа а щIалэ телъыджэм гъащIэм гу щIыщимыхуам, зы махуэ гурыфIыгъуэрэ дэрэжэгъуэрэ щIыщимылъэгъуам и щхьэусыгъуэр нобэр къыздэсым сыт сымыщIэми схузэхэгъэкIыркъым, шыгъушыпсыпIэм сыхагъэлъ. Сэ къызгуроIуэ дэтхэнэ зы цIыхуми гъащIэ кIыхь иIэныр, псэукIэ екIу хузэгъэпэщыныр зыхалъхуа зэманым къыгуэхыпIэ имыIэу зэрепхар, ар зыхуей хуэгъэзэныр зыщыпсэу къэралыгъуэм псом япэу и пщэ зэрыдэлъыр, и къалэн нэхъыщхьэу зэрыщытыр. Ауэ, апхуэдэу щыт пэтми, нобэр къыздэсым си дежкIэ мыгурыIуэгъуэу зы къонэ – лъэхъэнэ пыухыкIам щыпсэу, зы лъэпкъым и цIыху языныкъуэхэм сыт щыгъуи ящIэни ягъуэтрэ яшхыни къелъэлъэхыжу яIэу, матэщIэдзауэ я гъащIэр жьыщхьэ махуэ хъуху ирахьэкIмэ, нэхъыбэм тхьэшхуэм къыхуигъэфэща пIалъэ кIэщIыр щIэщIарэ дэгъэзеигъуэ зэфэзэщу щIагъакIуэр. Псори зи жьауэм дыщIэтым зэхэгъэж химылъхьэу и бынхэм зэхуэдэу яхущытыныр и къалэн нэхъыщхьэщ, ауэ мыбдежым ар нэсу гъэзэщIа щыхъуауэ пхужыIэнукъым. Абы ищIыIужкIэ дэтхэнэ зыми къыщалъхукIэ и гъащIэ гъуэгур и натIэм къратхэр пэжмэ, ари тэмэм хъуауэ, зэхэгъэж хэмылъу зэхэлъхьауэ къэплъытэныр къезэгъыркъым. Ауэ «къэсам», «къыпхуиухам» уфIэкIыфынукъым жытIэ щхьэкIэ, езы цIыхуми и гъуэгур иубзыхун папщIэ куэд хузэфIэкIынущ, ищIэнрэ илэжьынрэ игъуэту гъащIэ кIыхь иIэныр езым и зэфIэкIхэм куэдкIэ зэрепхами шэч хэлъкъым.

Сыт хуэдизрэ семылIэлIами, си ныбжьэгъум и щхьэ кърикIуар сэ схузэгъэзэхуакъым, къуаншагъэр зыбгъэдэлъыр къысхуэхутакъым. Абы и гъащIэ мащIэ екIуэкIам нэIуасэ фыхуэсщIмэ, си щхьэр куэд щIауэ зытескъутэ Iуэхур зэхэгъэкIынымкIэ щIэджыкIакIуэхэми зыгуэркIэ зыкъысщIагъэкъуэну сащогугъ, адыгэми пэжу зэрыжиIащи, «удын зэхэдзэ нэхърэ акъыл зэхэдзэр» нэхъыфIщ.

Революцэм и ужькIэ ди къуажэр, нахуэмыгъэсыпами, планкIэ ягъэтIысыну яужь итащ. КъуажэкIэм зы уэрам захуэ занщIэу кIуэцIрыкIырти, абы и лъэныкъуитIми ХьэщIымахуэ лъэпкъым щыщ цIыхухэр зэретIысэкIам къыхэкIкIэ ХьэщIымахуэ хьэблэкIэ еджэу щIадзащ, япэм щыIа Куяндэс, ХьэтIэней, Къэбышхейхэм ари щIэуэ къахэхъуащ.

Дэ зи гугъу тщIы зауэ нэужь лъэхъэнэхэм, нобэ хуэмыдэу, сабий куэд ди хьэблэм дэсащ. Нэхъыбэр дызэныбжьти, псори фIыуэ дызэрыцIыхухэрт. Махуэм еджапIэм зэщIыгъуу дызэрыкIуэм ищIыIужкIэ, жэщхэми дызэгъусэт. Вы щамыIэжым пхъэIэщэм щIащIа дэ сабий танэхэм, адэ тщхьэщымытыжхэм я къалэнхэр зи пщэ къыдэхуахэм, унагъуэр тпIыныр къытхудэкIат, къыд-

далъхуахэр ди Iэ, ди лъэ зекIуэу тхуэгъэлIэнутэкъым. Абы и хэкIыпIэу щыIэри зыт – жэщкIэрэ зыгуэр къэдугъуеинырт, унагъуэм къетхьэлIэнырт. Пасэм сабийхэр жыг хадэхэм нэхъ хуэлъэу, хъарбыз къэдыгъуныр уэим ямыщIу щытамэ, иджы нэхъ зызратар гъавэхэкIхэрат. ЗэрыжаIэу, «ныбэр къэблагъэмэ, благъэр пщегъэгъупщэ», IэмалыншагъэкIэ псоми зыгуэр унагъуэм кърахьэлIэрт, ар къемызэгъыуи емыкIууи къалъытэжыртэкъым. Абы теухуауэ ди хьэблэ лIыжь гуэрым мыр жиIэу зэхэсхыгъащ: «Уи гуащIэдэкI хьэлэлкIэ къэблэжьам къыпэкIуэ уасэр къыущамытыжкIэ, уи IэдакъэщIэкIым щыщ къэбдыгъужыныр дурысщ, абы гуэныхь пылъкъым».

А зэман псэзэпылъхьэпIэхэм ди хьэблэри, зэрыщыту ди къуажэри мэжэщIалIагъэм къезыгъэлар къуажэкIэм къыщхьэщыт бгым и щыгум щагъэкIа хуэрэджэ Iэрысэ жыг хадэ телъыджэрт. Ар, и зы лъэныкъуэм егъэкIэкIа жызум тIэкIури хэту, гектар щэ ныкъуэм нызэрыхьэсырт, илъэс къэси, гъабгъэ димыхыу, абы хуэрэджэр пызу къыпыкIэрт, ар хъуамэ, къуажэдэсхэм жьэпэпсу яшхырт. Сыт хуэдэ Iэмалхэр къамыгъэсэбэпми, жылэдэсхэм абы щыщ зыIэрагъэхьэрт, абы къыхамыщIыкIи гъуэтыгъуейт: ар ягъэгъурт, яблэрти ягъэтIылъыжырт, компот, варенэ къыхащIыкIырт, дэм ещхьу IэфI и жылэри яхъумэрт. ПщэфIэным хуэIэкIуэлъакIуэ ди анэм абы зэ аркъэ къыхищIыкIати, нобэр къыздэсым си Iум итщ абы и IэфIагъымрэ мэ гуакIуэ щIэлъамрэ.

Хьэблэ ныбжьыщIэхэр нэхъ дызыхуэлъэр хъарбыз хьэсэрт. Си нэгум иджыри щIэтщ гупышхуэ дыхъуу нэмыцэхэр хэкум щрахужа илъэс дыдэм Арыкъыщхьэ щыбэгъуа хъарбыз хьэсэм дыгъуакIуэ дызэрыкIуауэ щытар, зы сыхьэтыпэм ди нэгу абы щыщIэкIар. Арыкъ хъарбызыр зымыгъэунэхуам ищIэркъым абы и IэфIагъыр, ауэ ар зэ зыIухуам зэи щыгъупщэнукъым. ЩIыра е дыгъэм нэхъ зэрыпэгъунэгъум и фIыгъэ, ар сэр зэреIусэу занщIэу къочэ, сыхъэр къыдех, фом хуэдэу IэфIщ, зыми пхуемыхьэлIэ мэ гуакIуи къыпех.

Хъарбыздыгъуэ дыкIуэныр, ар тпэмыгъунэгъуми, дигу къэзыгъэкIар хьэблэ щIалэгъуалэм зэманыфI хъуауэ, IэрыIэткIэ хэдмыхами, унафэщI тхуэхъуа Хьэутийт, си анэм и анэш щIалэт, сэ си ныбжьт, си ныбжьэгъут. Жэщ ныкъуэм зредгъэхьэлIэу Арыкъыщхьэ задэм дыщыдэкIым, хъарбызыпкъэр здэщылъыр фIыуэ тщIэрти, дыхыхьэрэ деплъмэ, бгъуэтмэ къащтэ, дзэм хуэпхьын щIэтыжтэкъым. ЩIапIэ нэщI дыкъихьауэ къызэрыщIэкIар апхуэдизкIэ ди жагъуэ хъуати, тщIэнур дымыщIэу, зыкъытхуэмыщIэжу зэманыфIкIэ дыщытащ. ИужькIэ зыгуэрым къыхелъхьэ, хьэсэпэхъумэм и пщыIэр зэдгъэлъагъумэ, къэхъуам и пэжыпIэр нэхъ зэрытхузэхэгъэкIынур. Абы гъунэгъу зыщыхуэтщIым, тлъэгъуар ди фIэщ хъуакъым: пщыIэ гупэм хъарбыз къыщIачыжар самэ кIыхьу щызэтелът, фочыжь гуэри IэщIэлъу зы хъумакIуэ лIыжьи къикIукI-никIукIыу бгъэдэтт.

Iуэхур щызэIыхьэм унафэ зыщIыр, ар зыубзыхур ди шупашэрати, дызыхэхуам и хэкIыпIэ хъунум зыкъомрэ Хьэутий егупсысащ. ТIасхъэщIэх Iуэхум хурагъэджа хуэдэ, абы гупыр IыхьитIу дегуэш, зыр нэхъ тпэжыжьэ самэ кIапэм егъакIуэри, мыдрейр нэхъ гъунэгъум къегъанэ. Япэ гупыр самэм къекIуалIэу зылъагъу лIыжьыр абыкIэ мажэ, ауэ ар абыхэм я деж нэсу Iуихужыху, мыдрейхэм хъарбызыр я къэпхэм из ящIри щIопхъуэж. Апхуэдэ бзаджагъэхэм емыса лIыжьми

къедыгъуахэр кърихуэкIыхукIэ, япэ ирихужьа гупым къегъэзэжри, абыхэми зыхуейм хуэдиз къащтэри загъэбзэхыж. Хабзэ зэрытхуэхъуауэ, иужькIэ гупитIыр фий макъкIэ дызэрогъуэтыж икIи бгы задэм дыкIэротIысхьэ, ди къэпхэр ди бгъумкIэ догъэтIылъ, дымэжалIэти, хъарбыз тшхынуи зыдогъэхьэзыр. Сэ сщIэркъым адрейхэм я Iуэху нэхъ псынщIэу зэфIагъэкIыу зыгуэр едзэкъэн яхузэфIэкIами, ауэ сэ хъарбыз бзыгъэ къыпызупщIар си жьэм хуэсхьыну сыхунэсатэкъым Осетие лъэныкъуэмкIэ зы макъ шынагъуэ къиIукIыу щызэхэсхам. Ар зыхуэсхьынур сымыщIэу занщIэу си щхьэр къэунэзащ, щIы щIагъым сехуэх хуэдэу къысщыхъуащ, зыкъэсщIэжрэ зысплъыхьмэ, си бгъуитIым щысахэр слъагъужыркъым. ГукъэкI сщIыуэ зи щхьэр сымыпха къэпыр къасщтэмэ, зыри илъыжтэкъым – хъарбызхэр бгым ежэхри зэхэкъутат. Ардыдэр си ныбжьэгъухэми къащыщIащ. ДызэпэжыжьэтэкъыМи, псынщIэу дызэрыгъуэтыжри, дызыхэхуам, къытщIэхъуам дытепсэлъыхьу щIэддзащ, ауэ сыт дымыщIэми ар дэ тхузэхэгъэкIакъым.

Бгы дызытесым и лъапэм къыщIэст Куяндэс хьэблэри, тIэкIу тпэIэщIэми, жэщ кIыфIым хыдолъагъуэ уэздыгъэнэфхэр яIыгъыу цIыхухэр унэхэм къызэрызэрыщIэхыр, IупщIу зэхыдох гужьеяуэ зэпадзыж я псалъэхэр, языныкъуэхэм жаIэ щIыр хъеяуэ, адрейхэм тхьэ щаIуэж нэмыцэ кхъухьлъатэм бомбэ къридзыхауэ. Ди дзэм абы щыгъуэ фашистхэр Ростов нахусыжа къудейуэ арати, бийм и кхъухьлъатэхэр ди деж къэлъэтэфынут. А зэхэтха псалъэмакъым гущтэ ищIа ди гупыр, дызэрыгъэшынэжри, дыгъужьхэм дыкърахужьа хуэдэ, ди къару къызэрихькIэ бгым дыкъежэхыжащ.

А хьэблэм къежэкI Куян псыIэрышэ цIыкIум лъэмыж телътэкъыми, ди щхьэм нэс псыф дыхъуарэ щыщ къытхэмынэу ятIэм дызыщIицIэлауэ ерагъкIэ мыдрей Iуфэм дыкъызэпрыкIыжащ. ТIэкIу зыдгъэкъэбзэжыну детIысэха къудейуэ, дэ тщыщ зы нэжэс гуэрым гъынанэу щIедзэ: «Жэщ псор тфIэкIуэдащ, зыри дымыхьу дауэ унагъуэм дихьэжыну? Мыбдей щысхэм хадэ бэгъуа яIэщ, мыIэрысэ е пхъэгулъ мыхъуми, зыгуэр дывгъэхь». Абы и унафэр зыщIыну зи къалэныр Хьэутийти, ар занщIэу арэзы тохъуэ. Унагъуэ хадэ хъунщIэр зыфIэмыкъабыл Iэниуар, зыми зэхимыхыу, къызохъуцацэ: «Дэ абы щытщIэн щыIэкъым». Дэ тIур псы Iуфэм зыдгъэкъэбзэжу дыIусыху, адрейхэр бжыхьым йолъэ, зи щыгъынхэр ятIэ защIэхэр жыгхэм щыдэмыпщеифым, ахэр къаудыну, къудамэхэр къыфIащIыкIыу хуожьэ. А Iэуэлъауэхэр зи тхьэкIумэм ицырхъа хьэхэр къызэрохьэжьэ, абы пэмыплъа ди ныбжьэгъухэри къыщIагъэIэ.

Нэхулъэ къищIу щIидзат. АпхуэдизкIэ дызэхэуфIеяти, дызэплъыжым дызэрымыцIыхужу къуажэм кIуэцIрыкI уэрам нэхъыщхьэм дыкъытохьэж. А махуэр тхьэмахуэти, Май къалэ бэзэрым лъэсу кIуэну ежьа къуажэдэс зырыз дызыIущIэхэм защыддзейрт, закъедмыгъэлъагъун щхьэкIэ бжыхьхэм закъуэдгъапщкIуэрт, удзыжь гуэрэнхэм зыхэддзэрт. ДызэхэуфIеярэ къару лъэпкъи тхэмылъыжу, ди мурадхэри къыдэмыхъулIауэ, нэхуи къыттещхьауэ ди псэр унэм ерагъкIэ къэтлъэфэсыжащ.

Iэниуаррэ сэрэ дызэгъунэгъут, зы уэрамым дытест. Дызэрысабийрэ дызэныбжьэгъут, дызэхуэмызэу алыхьым и зы махуи дэкIауэ къыщIэкIынтэкъым. Ар сэ нэхърэ зытIэкIукIэ нэхъыжьти, си япэ

еджапIэм щIэтIысхьащ. Дыдейхэм ямыщIэу, Iэниуар сыщIыгъуу сэри сыкIуэгъат школым. Махуэ зытIущкIэ си ныбжьэгъум сыбгъэдэсу партэм сыдэсащ, иужькIэщ, сабийхэр зригъэцIыхуу щIидза нэужьщ, егъэджакIуэм сэ гу къыщыслъитар. СыщIигъэкIыну яужь щихьэм, табущхьэщкIэ селъэIуащ, ауэ «и чэзур къэсым уэри укъэкIуэнщ» жиIэри къысхуидакъым.

Си ныбжьэгъур и лъэпкъэгъухэм зыкIи ещхьтэкъым. Зэрыхьу ахэр лъахъшэрэ IэмащIэлъэмащIэмэ, напэ хъурейрэ нэгъуей напIэхэмэ, я фэми гъуэжьыфэ мащIэ, хэпщIыкI къудейуэ, къыщIэлъадэу къыпщыхъумэ (зыкъомкIэ абы щыхьэт техъуэрт зэрахьэ «Нэгъуей» унэцIэри), Iэниуар щIалэ къудан лъагэт, къызыхащIыкIар къыпхуэмыщIэжыну зэхэдыжыхьа щыгъын фейцейми и Iэпкълъэпкъ зэкIужыр яхуэгъэпщкIуртэкъым, щхьэц фIыцIэ Iувыр зытежьауэ напэ хужьым ущызэкIэщIэплъырт, набдзэ кIыхьым къыщIэплъ и нэшхуитI къиэцIыщхъукIым гурыщIэ нэхурэ ерыщагърэ щIэплъагъуэрт. Шэч хэлътэкъым абы и адэм ейуэ зыри зэрыхэмылъым, бгъэдэлъ фIыгъуэхэр и анэм и тыгъэу зэрыщытым.

Iэниуар и адэ-анэм – Мухьэдинрэ Быцэрэ – а зы щIалэрат яIэр, сэ схуэдэу, абы и адэри зауаем хэкIуэдат, зэрысымаджэм къыхэкIкIэ и анэми хузэфIэкIышхуэ щыIэтэкъым, пщэфIэн, жьыщIэн, унэр зэлъыIухын къудейрт хулъэкIыжыр. Сытми хэзагъэ, псоми хуэIэкIуэлъакIуэ и адэм, фыз къызэришэу, щхьэгъубжэ зыхэмылъ сенэ Iэзэвлъэзэв кIыфIыр зяку дэт, пэш цIыкIуитI хъу унэр езым и IэкIэ ищIат, и пщIантIэми гуэщ хъарзыни дищIыхьыжат. Къэхъун-къэщIэныр ищIэ хуэдэ, Мухьэдин абы щIигъэуващ Iэрыщхьэл, ужьгъэ, гухъу. Къуажэ щхьэл хьэлэмэтыр нэмыцэхэм якъута нэужь, хьэблэ фызхэм Iэниуар и пщIантIэр кIуапIэ яхуэхъуащ. ЩIалэм и фэ дэкIыр зылъагъу цIыхубзхэми яхузэфIэкIкIэ унагъуэм зыкъыщIагъакъуэрт: хэт нартыху хьэжыгъэ е мэжаджэ хуабэ, адрейхэм кхъуей Iыхьэ е шейхэкIэу шэ къыхуахьырт.

ЩIыхухэр дэнэ къэна, гъавэхэкI зэрыщызэрахьэр къэзыщIа Iэщхэри мыбы щызеуэ хъуат. Псом япэу ди гъунэгъум я пщIантIэр кIуапIэ зыхуэхъуар ди жэмыбгъэ яеу пшэрырт. Мызэ-мытIэу хьэблэ лIыжьхэм ди анэм кърaIуэкIат ар зи пшэрагъ Iэщыр зэрымылъхуэжынур, дыгъуэгъуакIуэхэми тIэщIагъэкIынкIэ зэрыхъунур. И дахагъэмрэ ди адэм къызэрищэхуамрэ щхьэкIэ игу пымыкIыурэ зэманыр кIуэрт, къыжраIэхэри и тхьэкIумэм иригъэхьэртэкъым, ар дэмытыжмэ, унагъуэм тхьэмыщкIафэ къытеуэну къыфIэщIырт. Iэпэлъэпашхэу, хъунщIакIуэу хьэблэм дэт ди жэмым псори игъэтхьэусыхэрт, ауэ ди анэм зыми жэуап пыухыкIа иритыртэкъым.

Зы пщыхьэщхьэ гуэрым ди жэм плъыжь натIэ хужь къекIур и бжьакъуэ ижьыр теударэ лъыкъуалэр къежэхыу пщIантIэм къыдохьэж. Зэхэзежэ хъуа унагъуэр, иращIэнур ямыщIэу, насыпыншэм йоплъ, жэмми, къемызэгъ гуэр зэрыIэщIэщIар къыгурыIуэжа хуэдэ, къепэзэзэхыу IуэмкIэ еунэтIыж. Ди анэми зыкъещIэжри, Iэщ и пIалъэ зыщIэ ди гъунэгъу лIыжьым деж йожэкI, игу фIы къыхуещI, йод къретри, ар трикIэу лъыр игъэувыIэну къыжреIэ.

Жэмыр зыхуей хуигъэза нэужь, ди анэр йожьэ абы фэбжь къытезыдзар зэхигъэкIыну, шэч гуэри къытрихьэркъым абы зыгуэр къы-

зэреуам. Зэуэсауэ жэмыр нэхъыбэрэ здэкIуэ и хабзэр Iэниуархэти, пщIантIэм зэрыдыхьэу абы кърагъэлъагъу гухъу къутари, лъы пцIа абдеж щылъри. Илъэсит Iым нэблэгъауэ гъэшыншэу унагъуэшхуэр дызыгъэпсэу, Iуэм имызагъэу жэщи махуи къэзыджэдыхь, хьэблэр зэрыщыту зыгъэтхьэусыхэ ди жэмым апхуэдизкIэ ди анэр къигъэгубжьати, пIалъэ къыхимыгъэкIыу етIуанэ махуэм и анэш лIыжь Ибрэхьим къызегъашэ ечэнджэщыну. Ар езыри дадэ гъэщIэгъуэнт, уэркъым къызэрыхэкIар сыт щыгъуи и напщIэм телъу. И ныбжьыр фIыуэ хэкIуэтами, и Iэпкълъэпкъым зэхъуэкIыныгъэ щIагъуэ игъуэтауэ гу лъыптэртэкъым, жыджэрт, зэпIэзэрытт, гъей дызыхэтым къриЩIаишхуэ щыIэуи дэплъагъуртэкъым. А унагъуэм уэркъыу зэрыщытар кърипщIэу яIэжыр зэшхэр зырызыххэу зыщIэс, зэдекIуэкIыу зы пырхъуэ зыIут унэ кIыхьымрэ псоми я нэIэ темыкIыу зэрахьэ хьэджафэ хужь дахэкIеймрэт. Зэ Iуплъэгъуэм псори зытхьэкъу а псэущхьэ гъэщIэгъуэныр зылъагъухэм зы бэлыхьлажьэу къащыхъурт, нэгъуэщI гъащIэм къыхэкIауэ къафIэщIырт. Абы и фэр купрауз зыщIэгъэжа бжьэхуцым ещхьт, и щхьэр псыгъуэ-кIыхьт, и кIэбдз лъакъуитIыр кIыхьти, и тхыр къыдэшауэ къыпщыхъурт, арауи къыщIэкIынт абы нэхъ псынщIэу къыщIижыхьыфри.

Махуэ зытIущ докIри, унагъуэр бащэкIэ дызыщыгугъ ди жэм закъуэр хьэблэ лIыжьхэм фIагъэж, Iыхьэ-Iыхьэу ягуэшри, хьэблэдэсхэм гуфIэжу зэбграх. Лым къыщIэкIым зыгуэр кърищэхужыну ди мурада щхьэкIэ, абыи зыри къикIакъым: языныкъуэхэм «нобэ-пщэдей» жаIэурэ илъэс зытIущ ягъэкIуащ, адрейхэм лы уасэр къыдатыжыххакъым. Къыхэтхыжыфа тIэкIум къытхущIэкIыжар зы танэбз цIыкIущ – ар жэм хъуным унагъуэр илъэс зытIущкIэ дыпэплъащ.

ЛIыжьхэр мащIэу едзэкъауэ щызэбгрыкIыжым, Ибрэхьим ди анэм зыкъыхуигъазэри къыжриIащ жэмым щэ куэд къызэрикIар, унагъуэм зэманыфIкIэ ар къазэрыщхьэпэнур, пщэдей езыр къакIуэу ар зыхуей зэрыхуигъэзэнур. Гугъуехь пымылъу ди анэми ар хузэфIэкIынут, ауэ екIи фIыкIи зыри жимыIэу нэхъыжьым и псалъэм занщIэу арэзы техъуащ. ЕтIуанэ махуэм ар къокIуэ, шыуанышхуэ къэтлъэIухуам хуэфIу щэр ирелъхьэ, пщIантIэм дэт хьэкум ар трегъэувэри, зэIищIэурэ игъавэу щIедзэ. ПIалъэ-пIалъэкIэрэ дагъэ къыхихрэ абы епщэ-еIубу хуожьэ. ЗытIэкIу докIыжри, «Уэт, сэ си узым и хущхъуэ, уэт, сэ си узым и хущхъуэ!» жиIэурэ дагъэ къэкъуалъэр зэрырифыр солъагъу. Сэ телъыджэ сщыхъуат апхуэдиз зи пщтырагъ дагъэм и тэмакъыр иримысыхыу къызэрелар.

Зауэ зэманми, абы и ужькIи къэралым и цIыхухэр бэлыхь мыухыжхэм хэтащ, и щIалэгъуэм, дэIэпыкъуэгъу гуэри имыIэу, ар зыгъэвахэм ящыщ зыщ Iэниуари. И анэ сымаджэр зэрызэрихьэм ищIыIужкIэ, абы и пщэ дэлът унагъуэ Iуэхухэри, ар еджэрт, яшхын зэрамыIэм къыхэкIкIэ, ди гъусэу жэщкIэри дыгъуакIуэ ныддэкIуэрт. Къэуат зыщIэлъ зымышх, зи жьэныр уз и анэри зы махуэм нэхърэ къыкIэлъыкIуэм нэхъ жэщIырт, къаруушнэ хъурт. Ар пIэм къыщыхэнапэм, IэкIэ зехьэн, гъэшхэн хуей щыхъум, Iэниуар пIалъэкIэ еджэныр къегъанэ. ПIэхэнэ хъуа Быци и щхьэртэкъым игъейр – ар щхьэщIэгупсыс зыщIар, зэрысымаджэм и

зэранкIэ, и щIалэ закъуэр IэнатIэ гугъу зэрыIууварт. Гуауэшхуэ къапэщытым Быцэ и благъэ-Iыхьлыхэмрэ гъунэгъухэмрэ зыхуагъэхьэзырырт, я зэманым и нэхъыбэри а насыпыншитIым деж щагъакIуэрт.

Зы блыщхьэ махуэ гуэрым пщэдджыжь нэмэзу си анэм сыкъегъэуш. И фэ пыкIамкIэ зы бэлыхь къызэрыхъуар къэсщIат, ауэ сыщIэупщIэным сынимыгъэсу, езым къызжеIэ: «Быцэ тхьэмыщкIэр щыIэжкъым, нобэ уи еджи къэткъым, зыхуапэ, тIэкIу едзакъи, Iэниуархэ накIуэ, махуэ псом абы удэтын хуейщ». Си ныбжьэгъум и пщIантIэм сыдыхьэмэ, гъыным и гур зэщигъэуауэ и закъуэпцIийуэ гуэщ пкъом бгъэдэту срохьэлIэ. Сыбгъэдыхьэри «Тхьэм пщимыгъэгъупщэ» жысIа мыхъумэ, а насыпыншэм и лIэныгъэр сыт хуэдизу щхьэжэ сщымыхъуами, сыгубыдэжьу къыщIэкIынти, сыт сымыщIэми, зы нэпс ткIуэпс къысхуегъэкIуакъым.

Джылахъстэней хабзэмкIэ гуауэ зиIэ унагъуэм щыгъуэ махуищым шхын щагъэхьэзыркъым, благъэ-гъунэгъухэм къахь мыхъумэ. А гъаблэ илъэсхэм цIыхухэм яIэр мэжаджэ, тхъурыжь, кхъуей, къалмыкъ шей хуэдэхэрати, ахэр махуэ псом хьэдагъэм хэта цIыхубзхэм ирагъэшхырт, цIыхухъухэм хуащIэшхуэ щыIэтэкъым. Зы тхьэмахуэ дэкIа нэужь, Iэниуар и закъуэ зэрымыпсэуфынур къызыгурыIуа и Iыхьлылыджанэхэм унафэ ящI ар и адэ къуэш Сыхьэтджэрий зришэлIэжыну. Ар тпэжыжьэтэкъым, езыри никъуэдыкъуэт, бын зытIущи иIэт, ауэ щIалэ насыпыншэм лъыкIэ езым нэхъ пэгъунэгъу зэримыIэм щхьэкIэ и дзэ ша, сытми, хэкIыпIэ къыщыхуэмыгъуэтым, Iэниуарыр абы зришэлIэжыгъащ.

Зеиншэ къабзэу къэна щIалэр Сыхьэтджэрий дэIэпыкъуэгъу ищIыну мурад щэхухэри иIагъэнущ, ауэ Iэниуар еджэным пищэныр нэхъ зэрыфIэкъабылыр къыщищIэм, адэ къуэшми «хьэуэ» хужыIакъым. И пщэ къыдэхуа къалэныщIэхэм я зэранкIэ ар ди деж куэдрэ къэмыкIуэжыфми, дэ тIур махуэ къэс еджапIэм дыщызэхуэзэрт, ди дерсхэр щиухыр зэтехуэмэ, унэм зэгъусэу дыкъэкIуэжырт.

ПIалъэ-пIалъэкIэрэ къыдыхьэжрэ кIэлъыплъ щхьэкIэ, Iэниуар и унэмрэ пщIантIэмрэ зеиншафэ къатеуат, уеблэмэ зы илъэс закъуэм ар хэкIуэдэжыпэным нэсат. И Iыхьлыхэм абы гу лъата, щIалэр къатехьэлъэ хъуа, сытми, куэд дэмыкIыу IуэрыIуэтэжу зэхыдох къуажапщэм щыпсэу зы хъыджэбз зеиншэ цIыкIу Сыхьэтджэрий Iэниуар къызэрыхущIихар. Дэ зыгуэр жытIэнIауэ къызэрытлъымысыр тщIэжырти, чэнджэщ еттыну ди дзэ шащ, къытхуегъэзэгъакъым. Ауэ псоми гъэщIэгъуэн ящыхъуащ зи къэшэгъуэ мыхъуа, зи ишэгъуэ нэмыса ныбжьыщIитIыр я благъэхэм пIэщIэгъуэкIэ зэрызэрагъэшар. Абы щIагъыбзэ зэрыщIэлъыр гулъытэншэуи къэнакъым – а екIуэлIапIэншитIым я благъэ дыдэхэри къахуеижтэкъым.

Къуажэдэсхэр къулейсызыгъэ хьэлъэм хэт пэтми, зекIуэ хабзэр Iэниуар и лъэпкъми IэщIыб хуэщIакъым: и Iыхьлы нэхъ гъунэгъухэр зэхуэсри, зэрышахэм хьэгъуэлIыгъуэ тIэкIуи хуащIащ, зыщыужа пшынэ макъри а пщыхьэщхьэм ди хьэблэм къыщыIуащ. ЩIалэм и ныбжьэгъухэр ирагъэблэгъатэкъыми, ахэр иужькIэ зырызу къакIуэурэ ныбжьыщIитIым къехъуэхъуащ. Апхуэдэ сэри сызэрикъалэныр ди

анэм щесIуэкIым, езыр дэным хуэIэкIуэлъакIуэт, пасэу дядэм къыхуищэхуауэ «Зингер» зэрыдэ маршынэ цIэрыIуэм хуэдэ иIэти, бостей хуидри, ар сIэщIэлъу секIуэкIщ, си ныбжьэгъум сехъуэхъущ, и нысащIэри зэзгъэцIыхущ, схьа тIэкIури IэщIэслъхьэри, куэдрэ зызмыIэжьэу, сыкъыщIэкIыжащ. НэфIыцIэ (арат абы и цIэр), зи Iэпкълъэпкъыр иджыри нэсу зэрымыубыда, сабиифэ зытет хъыджэбз лъахъшэ, нэфIэгуфIэ, къамылъыфэ цIыкIут, ауэ хэлъэт зэриIэр белджылы къыпщащIырт набдзэ кIыхьхэм къыщIэцIыщхъукI нэ фIыцIэшхуитIым.

Махуэ зытIущ нэхъ дэкIатэкъым нысащIэр пкIатэлъатэу пщIантIэм къыщыдэувам. НысащIэм щэхуу кIэлъыплъ хьэблэ фызхэм зэрыжаIэжымкIэ, абы и Iэр нэсащ фэншэ къызытеуа унэми, гуэщми, пщIантIэми. Ауэ илъэсым щIигъуауэ цIыхуIэ зэмыIуса, ежьужьым зэщIищта хадэм гъэмахуэкум пхуещIэжын зэрыщымыIэр къыгурыIуэри, мызыгъуэгукIэ ар зыхуей хуигъэзэну еувэлIакъым.

«Фыз къаши, баш убыд» зэрыжаIэу, Iэниуари, и унагъуэр игъэпсэун хуейти, нэгъуэщI хэкIыпIэ къыщыхуэмыгъуэтым, еджапIэр къегъанэри, колхозым щылажьэу щIедзэ. А зэманым цIыхухъухэр мащIэти, ар выгу зэщIэщIам трагъэтIысхьэ, бригадирым къалэну и пщэ къыдилъхьэр нэсу зэригъэзэщIэным ерыщу яужь итщ. Куэдри мылэжьауэ, бжьыхьэри къэблэгъауэ зэгуэрым ар колхоз тхьэмадэм ireджэ, и лэжьэкIэм зэрыкIэлъыплъар ибзыщIыркъым икIи къолъэIу зыхэт бригадэм и учётчикыу увыну. «Сэ иджыри сыщIалэщ, сэ хэт къызэдэIуэн?» – жиIэурэ зыкъомрэ зытригъэхьакъым. «Уэ зыми унафэ хуэпщIынукъым, къалэжьыр птхын къудейуэ аращ», – жиIэу Хьэмырзэ къыщытрикъузэм, арэзы темыхъуэу хъуакъым.

Бэлыхьищэхэр ятелъу колхозхэтхэм илъэсым кърахьэлIэжа гъавэр и пIэ ирагъэзэгъэжауэ (пэж жыпIэнумэ, ар зэрыщыту къэрал гуэным иралъхьат), и лэжьыгъэм и щэхухэми Iэниуар фIыуэ хэгъуэзауэ, илъэсыщIэр къохьэ. Мазэ зытхухым колхозым къыщилэжьа, цIыхур кърагъапцIэу къагупсыса трудоденым къыпэкIуэу е гъавэу, е ахъшэу абы зыри кърατакъым, хэбгъэзыхьмэ, ирагъэшха хьэлIамэмрэ хьэлIамэпсымрэ щхьэкIэ щIыхуэ къытехуауэ къыщIидзыжащ. Пэжщ, а цIыху къабзэм, колхоз хэтыкIэм и хьэрискхъуэрисхэр зыщIэхэм хуэдэу, зыгуэр зрилъэфэлIэну, мылъку зэхэлъым хэIэбэну и щхьэ хуигъэфэщакъым. Ауэ щрикъузылIапэм и деж ар Хьэмырзэ лъэIуакIуэ хуэкIуэрт, и Iуэху зытетыр абы ищIэрти, къимыгъэщIэхъуу зыхуей тIэкIухэр къыхуищIэрт.

ИлъэсыщIэри блэкIауэ, зы махуэ гуэрым Iэниуар тхьэмадэм аргуэру лъэIуакIуэ хуокIуэ. Пэшым щIэсу къыщIэкIащ парторг Мулиди. Егъэлеяуэ абы щыукIытэрти, къызытекIухьар ар щIэсу хужымыIэу зыкъомрэ щысащ. Абы и лажьэр занщIэу къызыгурыIуа Хьэмырзэ Iэниуар къыщIэкIуар къыщыжьэдишым, тхылъымпIэм зыгуэрхэр иритхэри, завхозым деж кIуэну унафэ къыхуищIащ. КъыщыщIэкIыжым Мулид абы къыжриIащ пщIантIэм къыщежьэну. ИужькIэ Iэниуар къызэрызжиIэжамкIэ, ар мыгувэу къыщIэкIыжщ, и Iэблэр иубыдри, зыми зэхамыхыну щIалэщIэм чэнджэщ зыбжанэ кърu-

тащ. БзыщIрэ ехьэкIрэ хэмылъу, абы занщIэу Iэниуар къыжриIащ лэжьэн зэрыщIидзэрэ къызэрыкIэлъыплъри, тхьэмадэм деж лъэIуакIуэ куэдрэ къызэрыкIуэм зэрыщыгъуазэри, цIыху пэжу, нэсу къызэрилъытэри, ауэ и Iэр шияуэ учётчикыр дэтыныр къызэремызэгъри. А насыпыншагъэм и хэкIыпIэуи абы къыхуигъэлъагъуэр адрей колхозхэтхэм хуэдэу щытынырщ, мылъку зэхэлъым езыми и Iыхьэ къыхихыныр зэрыIэмалыншэрщ. Гъуэгу пхэнж тригъэувэну парторгыр яужь зэритыр абы занщIэу къыгурыIуащ икIи телъыджэ щыхъуащ. Апхуэдэ Iуэху еплъыкIэ пхэнжхэм тет парт лэжьакIуэм уи мурадхэр иумыIуэтылIэмэ нэхъ зэрытэмэмыр къызыгурыIуа щIалэм: «Берычэт бесын, а жыпIахэм сэ сегупсысынщ», – жиIэри къыбгъэдэкIыжащ.

Мазэ дэкIагъэнт, Iэниуари дэсу, сельсоветым и лэжьакIуэ гуэр абы къыщыхуеблэгъам. Абы зэрыжиIэмкIэ, зэрыунагъуэщIэм щхьэкIэ иджыри къыздэсым я гугъу къамыщIами, дызыхыхьа илъэсым абы итын хуейуэ къытехуэрт заёмым папщIэ ахъшэрэ тхъу килограммиплIрэ. Iэниуар и пщIантIэм дэтыр и благъэ гуэрым «зи мыхъуми, шейхэкIэ къыфхущIэкIынщ» жиIэу къызэрыхуэупса бжэнымрэ бэлыхьищэхэр телъу НэфIыцIэ зэригъэпэща джэд зытхухымрэт. Жэм зэрамыIэр къыхуэкIуам ириIуэкIа щхьэкIэ, «А налогыр Iэщ зимыIэхэми ят», жиIэри зытригъэхьакъым.

А къылъыкъуэкIа Iуэху мыщхьэпэм икIэщIыпIэкIэ зыгуэр ещIэн зэрыхуейр къызыгурыIуа Iэниуар етIуанэ махуэм къуажэ советым макIуэ, абы и тхьэмадэ Ахьмэд къегъуэт, бзыщI хэмылъу, и Iуэху зыIутыр хуеIуатэ: «Сэ заёмым щIэстын ахъши, тхъу къызэрысщэхун мылъкуи збгъэдэлъкъым», – ириубыдылIэу щыжриIэм, адрейм и жэуапри хьэзырыххэт: «Псори уэ пхуэдэщ, ауэ абыхэм хэкIыпIэ къалъыхъуэ, зыгуэрхэр ящэ, къащэху, зэрагъэкIуэкI, апхуэдэхэм уэри щапхъэ ятех». Зыпэрыт IэнатIэм апхуэдэ зэман къызэрыщыхудэмыгъэкIынури, бэзэрым щищэн зэримыIэри ириIуэтылIа щхьэкIэ, ар Ахьмэд и тхьэкIумэм иригъэхьэркъым. Абдежым Iэниуар ауэрэ игу къокI илъэс псом зыгъэлажьэу и лэжьапщIэр къезымыта колхозым а налогхэр итыныр зэрифарзыр. Иджыпсту игу къыпылъэда гупсысэр Ахьмэд щыхуиIуатэм, абы и фэр занщIэу покI, гужьеяуи щIалэм къолъэIу: «Алыхьыр пщIэжмэ, апхуэдэ гупсысэ къемызэгъхэр хэIущIыIу умыщI, къуажэдэсхэри къыумыгъэпIейтей, псоми ар къытпаубыдмэ, зыми налог къыдитыжынукъым, колхозми иджыкIэ ар и пщэ худэлъхьэнукъым. Зэрыжылэу къаугъэм дыхыумыдзэ, уи гупсысэ шэ къэуэжхэр зыми хуумыIуатэ». Псалъэмакъыр зэраухар къызыгурыIуа Iэниуари куэдрэ зимыIэжьэжу щIэкIыжащ, Ахьмэди зэхиха псалъэ шынагъуэхэр Iуридзэну пIащIэрэ тхьытхъыу парторгым деж жащ.

Тхьэмахуи дэкIатэкъым къуажэ унафэщIищым я пащхьэ ирагъэувэу ар пагъэжыкIыу щыщIадзам. Зым иухым адрейм къыпищэу ар зэрамыгъэкъуэншарэ, зэрамыгъэшынарэ, гуемыIу псалъэ фIейуэ кърамыпэсарэ укIуэдыж: ар совет властым и бийуэ, лажьэ зимыIэ лэжьакIуэхэр зыгъэжакъуэну яужь итхэм ящыщу къыщIрагъэдзащ, дзыхь къыхуащIу зыпэрагъэува IэнатIэр апхуэдэу фIэкIа имыгъэзэщIэнумэ, трахуну, ягъэтIысыну къагъэгугъащ.

ПщыхьэщхьэхуегъэзэкI хъуауэ зыгуэр къаджэрти, сыщIэкIмэ, и фэр пыкIауэ Iэниуар куэбжэпэм деж щытщ. Къаджэ-наджэ хэмыту ди унэм къыщIыхьэ зи хабзэ щIалэм къэхъуар къызгурымыIуэу сыщыIуплъэкIэ, зыми дызэхамыхыу дызэпсэлъэн зэрыхуейр къызжеIэ. Iуэхур зэрекIуэкIар къыщысхуиIуэтэжым, сэ зыри езмыхьэкIыу жесIащ ар зэрыкIуэцIрыкъуэр, апхуэдэ гупсысэ псэзэпылъхьэпIэхэр пIуатэу уэрамым удэтыныр къызэремызэгъыр, абы утекIуэдэнкIэ зэрыхъунур. Сызыщымыгъуазэ а псалъэр сэ япэ щызэхэсхар ди анэм и дежщ, абы къикIымкIэ сыщеупщIым къызжиIэгъащ: «ЗэгъащIэ, си щIалэ, уэ пхуэдэ жыIэмыдаIуэхэрщ, мыупщIэжрэ мыусэжу и щхьэ къихьэр зыщIэхэрщ ар зыхужаIэр». СынэхъыщIэми, си ныбжьэгъум селъэIуащ зыхуэсакъыжыну, жимыIэпхъэ жимыIэну, и щхьэ ехьэхауэ и унагъуэр зэригъэпсэуным яужь итыну. А жесIэхэри адыгэ псалъэжьхэмкIэ щIэзгъэбыдэжат: «Узыхьыну псым зыдегъэзых», «Бгым натIэкIэ уемыуэ», «Зэманым декIур лIыфIщ». Сыщыгугъащ си ныбжьэгъум чэнджэщ естахэм зыгуэр къыхихыну.

Гъатхэ лэжьыгъэхэр къыщысым, Iэниуар и бригадэм хэт вакIуэхэм елъэIури и хадэр иригъэвакъ, абы кърихыным щыгугъым нэхъыфIу зэрыщытыр къызэрыгурыIуам и щыхьэту. ИужькIэ нартыху хисащ, къилъэIухуэри кIэртIоф тIэкIуи хищIащ, къэнам жылэ цIыкIухэр хисэну и щхьэгъусэм пщэрылъ щищIри. Апхуэдэ лэжьыгъэ пэщэщэнхэм НэфIыцIэ хуэIэкIуэлъакIуэти, зыхуей жылэхэр къигъуэтри, и чэзум псори хилъхьащ. Абыхэм елэжьыну иджы зэмани нэхъ иIэнут. И щхьэгъусэр зыхэт бригадэм щылажьэ цIыхубзхэм, гушыIэ защIурэ, мызэ-мытIэу къраIуэкIат учётчикым и фызми къалэн гуэрхэр зэриIэр, губгъуэ лэжьыгъэм хэтын зэрыхуейр. Бригадирми нэхъ пасэу Iэниуар къыжриIат и щхьэгъусэр къыдигъэкIыну, ауэ зэрыуэндэгъур и щхьэ течауэ щыжриIэм, иужькIэ и Iуэху зэрихуэжакъым.

Е езыр зыщIэгупсысыжа, хьэмэрэ къраIуэкIахэм пэж зэрыхэлъыр къыгурыIуэжа, сытми, мазэ зыщыплIкIэ имыIуэху зэримыхуэу, и лэжьыгъэр игъэзащIэу Iэниуар екIуэкIащ. Ауэ зы махуэ гуэрым НэфIыцIэ фIэкIа дэмысу я пщIантIэм цIыху зытIущ къыдохьэ. Абыхэм къапщытэр пхъэщхьэмыщхьэ жыгыу унагъуэ хадэм итхэрт. Сэ фIыуэ сыщыгъуазэу Iэниуархэ яIэт балией, пхъэгулъей, мыIэрысейми мейми пхузэхэмыгъэкIыу жыг зытIущ. Иужьрейхэм къапыкIэхэр мыIэрысэм нэхърэ нэхъ цIыкIут, ауэ уи Iур зэригъалъэу дыджт. «Псоми налог къатохуэ, ахъшэу щIэфтынур зыхуэдизыр иужькIэ къыфхуедгъэхьынщ» жаIэри комиссэм хэтхэр дэкIыжащ.

А унафэр пщыхьэщхьэм НэфIыцIэ и щхьэгъусэм щыхуиIуэтэжым, ар къэлыбащ, жейми езэгъакъым. Пщэдджыжьым жьыуэ къэтэджщ, джыдэ къищтэри хадэм ит мыIэрысейхэр ириупщIыкIащ, жыг итауэ умыщIэжынуи игъэкъэбзэжащ. А махуэм хущIыхьэнутэкъыми, къыкIэлъыкIуэ махуэм тредзэри ар сельсоветым макIуэ, комиссэм хэтхэр зэрыщыуар, абы и хадэм мыIэрысей зэримытыр, я фIэщ мыхъумэ, къытрагъэзэжу еплъыну яжреIэ.

Iуэху гуэр иIэу, бжьыхьэхуегъэзэкI хъуауэ, Iэниуар и деж къыщIохьэ фермэм щылажьэ и ныбжьэгъу Iэхьед. КъызытекIухьам и

гугъу ищIа нэужь, щIагъыбзэ щIилъхьэми къыпхуэмыщIэу, и псалъэм къыдэкIуэ хуэдэу, абы жеIэ зыщылажьэ фермэм иджыблагъэ жэмыбгъэ зытIущ зэрыщыфIагъэжар. УнафэщIхэм ялэжьа мыхъумыщIагъэр и ныбжьэгъум къызэрыфIэIуэхуща щыIэкъым, ар апхуэдэхэм есэжауэ къыщIэкIынт, ауэ Iэниуар и щхьэм ар занщIэу дэуеящ: блэкIа махуэ зытIущым абы и бригадэм лыхэкI къыхуашауэ, лэжьакIуэхэм ирагъэшхауэ ищIэжыртэкъым, яIэщIэужэгъуа хьэлIамэмрэ хьэлIамэпсымрэ нэхъ мыхъумэ. IуэрыIуэтэжу зэхихам трищIыхьу ар занщIэу хэмылъэдэнкIи хъунт, ауэ махуэ зытIущ дэкIауэ Iуэху гуэркIэ сельсоветым щIыхьауэ абы къыIэщIолъагъуэ стIолыщхьэм телъ папкэ иныр. Зыри щIэстэкъыми, фIэгъэщIэгъуэн мэхъури, ар зэтридзу щIедзэ – ахэр къуажэ ветеринар Хьэсен-КIыхь итха актхэрт. Зи IэщIагъэми нэсу щымыгъуазэ, урысыбзэми щIагъуэ хэзымыщIыкI а «IэщIагъэлIым» и актхэр зы жыпхъэм къигъэжам хуэдэу зэщхьт. Абыхэм псоми щытхар мырат: «Кожа снята, труп зарита». Папкэм и пэщIэдзэм хэлът Iэхьед зи гугъу ищIа жэмхэмрэ мэл зытхухымрэ я актхэри.

Жэщ-махуэ жамыIэу губгъуэм иту лажьэхэм фIахыу, Iэщ яукIахэр езыхэм я закъуэ зэрашхыжам Iэниуар апхуэдизкIэ къигъэIэлати, абы и мурадащ япэщIыкIэ парторгым зыхуигъазэу Iуэхур абы и деж щызэхигъэкIыну, ауэ, абы кърита чэнджэщхэр игу къэкIыжри, щIегъуэжащ. ХэкIыпIэу къыхуэнэжыр зыт – райкомым тхэныртt. Ар пщIэнри шэ къэуэжти, абы мурад ещI письмо игъэхьэзырым цIыху зыкъомым Iэ щIригъэдзыну. Апхуэдэ лъэIукIэ япэщIыкIэ зызыхуигъэзар Iэхьедти, ауи зытригъэхьакъым, хуиту, мамыру псэумэ нэхъ къызэрищтэр ибзыщIакъым, апхуэдэ Iуэху шынагъуэхэм езыри хэмыхьэну къелъэIуащ. КъамыгъэщIэхъуну щыгугъыу и ныбжьэгъу нэгъуэщI зытIущми захуигъэзати, и мурадхэр къыхуагъэдэхакъым, къагъэщIэхъуащ. Нэхъапэм жесIахэр ищIэж къыщIэкIынти, сэ зыкъысхуигъэзэххакъым, къысщибзыщIмэ нэхъ къищтащ.

Къуажэ унафэщIхэр бий зыхуэпщIыныр зэрыпсэзэпылъхьэпIэр ищIэрти, Iэниуар япэщIыкIэ письмор и Iэ щIэмылъу иригъэхьыну хэтащ, ауэ ар зи IэдакъэщIэкIыр и хъэтIымкIэ тыншу къызэрахутэфынур къыгурыIуэжри, и унэцIэр щIитхащ.

Махуэ зытхух фIэкIа дэкIатэкъым, райкомым кърагъэкIыу я къуажэ комиссэ къызэрагъэкIуар Iэниуар щызэхихам. Абы хэтхэр фермэм кIуащ, щылажьэхэм епсэлъылIащ, бруцеллез зэфыкI жэм зытIущ зэрыфIагъэжар ябзыщIакъым, унафэщIищми, Хьэсен-КIыхьи ящIыгъуу, я деж Iуэхум и пэжыпIэр щызэхагъэкIащ. Абыхэм зэтехуэу жаIащ уз къызэуэлIа Iэщ зытIущ зэрырагъэукIар, пшхыну зэрыдзыхьщIыгъуэджэм щхьэкIэ, ахэр зэрыщIрагъэтIар, фэ къытрахахэр гуэншэрыкъыпхъэу зэпаупщIу складым зэрыщIалъхьар, дэтхэнэ Iэщми и актыр сельсоветым зэрыщIэлъыр. УнафэщIхэм къыхуаIуэта псысэхэр тэмэму къалъытэри, комиссэр районым кIуэжащ, письмор зытхари лажьэ зимыIэхэм пцIы ятрилъхьауэ къыщIрагъэдзащ.

А къекIуэкIа псоми Iэниуар зыри хищIыкIакъым, езым зыри къылъыгъуэзакъым, къеупщIакъым, кърихьэжьа Iуэхур тыншу зэрызэфIэмыкIынур ищIэ пэтми. ТхьэмахуитI хуэдиз дэкIауэ ар парт-

комым ираджэ. ЗыщIыхьа пэшым къуажэ унафэщIищым нэмыщI нэгъуэщI зыкъоми щIэст. Iэниуар къызэрыщыхъуамкIэ, ахэр парткомым хэтхэрт. МыгурыIуэгъуэр зыт – партым хэмыт учётчикым и унафэ абыхэм ящIын хуей щIэхъуарт. ЗэрыщIыхьэу ар ягъэтIысщ, занщIэу Мулидым шхыдэныр иригъажьэри, абы къыхуимыгъэфэщарэ къытримыпIарэ щыIэкъым. Бий кIэрыуфIыцI гуэр къагъуэта хуэдэ, адрей щIэсхэми я жьэ къихь къагъэнакъым, абы итхахэр зэрыпэжыр ящIэ, езыри фIыуэ къацIыху пэтми. ЦIыплъ къэхъуауэ, къызэрыгубжьар хущIэмыхъумэу, жеIэ Хьэмырзэ: «Уэ уунэгъащIэщ, уи Iуэху зытетыр псоми дощIэ, уэ къызэрыпфIэщIым хуэдэуи дэ дыгущIэгъуншэкъым, цIыхум дыкъилъхуакъэ, зиунагъуэрэ. Ауэ мызыгъуэгум уэ зэхэпщIыхьахэм, лажьи-хъати димыIэу ди напэр зэрытепхам папщIэ пхуэфащэр хьэпсырт, Сыбыр кIэтIрэжинэрт. Ауэ къыдупэса фIеягъхэр зыхуэдгъэшэчынщ, зи псэр хэкум щIэзыта уи адэм, иджы дыдэ щIэплъхьэжа уи анэм я хьэтыркIэ, ауэ къызжиIакъым жумыIэж, иужькIэ зэ укъыщIэхуэжмэ, дэ тхузэфIэкIхэри уэдгъэлъагъунщ. НобэкIэ псалъэ уэттам депцIыжынкъым, лажьэ, шхэж, уи унагъуэр зэрыбгъэпсэуным яужь ит, уи щхьэ ехьэхауэ лажьэ». Пэж итхахэр пцIы зэфэзэщу къызэрыщIрагъэдзам Iэниуар къегъэгубжь, псынщIэу къыщолъэтри, зыгуэрхэр яфIыжиIэну хуожьэ: «Сэ стхам пцIы лъэпкъ хэлъкъым, абы фIыуэ щыгъуазэщ мыбы щIэсхэри...» Абы и псалъэр Iэпеудри, тIысыжауэ щыта Хьэмырзэр занщIэу къызэфIоувэ, зыхуэмыубыдыжуи мэкIий: «Мы щIалэм зыри къыгурыIуакъым, мыр Iэпхлъэпх щIауэ къыздимыкIыжыфынум икIэщIыпIэкIэ егъэшэн хуейщ. Уэ щхьэ къыпфIэщIрэ уэ зым жыпIэр пэжрэ адрейхэм къапсэлъхэри ящIэхэри пцIы зэфэзэщу? ЖытIа псалъэхэр мызыгъуэгукIэ дэ дгъэпэжынщ, бэлыхьми ухэддзэнкъым, ауэ уэри уи къалэнхэр умыгъэзащIэу, умыщIэ пIуатэу уэрамым удэту пхуэддэнкъым. Иджы кIуэ, зегъэхь адэ».

Iэниуар и щхьэ кърикIуахэр езым сэ къызжиIэжакъым, ауэ парткомым къыщыхъуахэр ягъэхъыбарыжу къуажэм зэманыфIкIэ дэлъащ, ар сэри зэхэзмыхынкIэ Iэмал иIакъым. СыщыхущIыхьэ зы пщыхьэщхьэ гуэрым абыхэ секIуэкIащ къэхъуам и пэжыпIэр езым деж къыщысщIэну. Чэнджэщ естахэр ищIэжти, си ныбжьэгъур и нэщхъ зэхэлъу къысIущIащ, и Iуэхухэр къызэрекIуэкIахэри фIэмыфIфIэмыфIу, ерагъкIэ къыдришейуэрэ къысхуиIуэтэжащ. Ныкъусаныгъэхэр дэни къыщимыулъэпхъэщу, алыхьым къыхуигъэфэща зэманымрэ зэфIэкIымрэ и щхьэ зэрихъумэным, и унагъуэр зэригъэпсэуным ирихьэлIэмэ сэ нэхъ зэрысфIэкъабылыр си ныбжьэгъум иджыри зэ есIуэтылIащ, а си псалъэхэр НэфIыцIи къыздиIыгъащ.

А бжьыхьэ дыдэм сэ Налшык дэт еджапIэм сыщIэтIысхьащ, зэзэмызэххэ ди деж сыкъэкIуэжми, дахэ-дахэу дызэхуэмызэ-дызэрымылъагъуурэ зэманыфI дэкIащ. ИужькIэ ди къуажэ къикIа си цIыхугъэм бэзэрым дыщызрихьэлIауэ къызжиIащ Iэниуар зэрагъэтIысар. Абы къызэрысхуиIуэтэжыгъамкIэ, а бжьыхьэ дыдэм, нартыху къыдэчыжыгъуэм и зэманым, бригадир хьэкIэпыч Хьэмел и щIасэ фызабэм нартыху къэп зытIущ хуригъэшагъэнщ. Ар зэхэзыха Iэниуари, зишыIэну хузэфIэмыкIыу, иреубыдылIэри, хьэрэмыгъэ гуэри химылъхьэу, и

бригадирым жреIэ апхуэдэ къемызэгъхэр дяпэкIэ имыщIэну. Ауэ Iэ-щIэщIам щIэщтэжа Хьэмел, и учётчикым бзэгу ихьынкIэ, зыщIыпIэхэм итхынкIэ мэшынэри, япэ зригъэщу тхьэусыхакIуэ парткомым хуожэ. Къуажэ унафэщIхэм я нэр къызыхуикIыр апхуэдэти, IэубыдыпIэншэ, хьийм икIа, псэупIэ къезымыт учётчикым кIуэдыпIэ къыхуалъыхъуэу щIадзэ.

Махуэ гуэрым, шэджагъуэхуегъэзэкI хъуауэ, Iэниуари дэмысу, я пщIантIэм шыгу къыдохьэ, зыми емыджэу, абы илъ нартыхур къыдекIутэри, Iэуэлъауэ зримыгъэщIыщэурэ докIыж. КIэщIкIэ абы яужь иту пщIантIэм къыдохутэ жылэм яIэущIэжэгъуа, хьэщэхурып-хъуэу къуажэм дэт Индырбий. Абы НэфIыцIэ къыщIешхри йоупщI пщIантIэм дэлъ нартыхур къыздикIамкIэ. Илъагъум къигъэуIэбжьа нысащIэм, шэхуу и фэр покIри, ерагъкIэ къыдришейуэ: «Алыхьу сызыгъэлIэжын, сыхьэт ипэкIэ мыр мыбдеж щымылъа, къыдэзышами сытемыплъа, гу зэхэзекIуэ макъ лъэпкъи зэхэзмыха», – жиIэ щхьэкIэ, бзылъхугъэм и псалъэхэр и фIэщ мыхъу хуэдэу фэ зытрегъауэ. Ар епIэщIэкIыу хьэблэм долъадэри, цIыху зытIущ къыздешэ, щыхьэт нэпцIу ахэр къегъэуври, актри а здэщытым деж щетх.

А зэман щхьэзэрыфIэтхъым зы гуэдз е нартыху Iэбжьыб щхьэкIэ цIыхур ягъэтIысырт, апхуэдиз нартыху зи пщIантIэ къыщагъуэта Iэниуар абы къызэремылынур IупщIт – къызэрысыжу яубыдри, ар правленэм яшэ, иужькIэ районым дэт лъэхъуэщым къыщIохутэ.

Зэрахьэ лейр зи нэкIэ зылъэгъуа НэфIыцIи гуIащ, пыхьащ, зы-гуэр къыхуэзыщIэн, къыдэIэпыкъун щимыгъуэтым, унэри пщIантIэри къигъанэщ, и сабийр къищтэри и анэшхуэм деж кIуэжащ. И пщIантIэм къыщагъуэта нартыхум тепщIыхьмэ, зекIуэ хабзэмкIэ, Iэниуар илъэс куэд къилэжьырт, ауэ щIалэ хейм и суд зыщIэхэм лей зэрызэрахьэр къагурыIуэжа, тобэ къахьыжа, сытми, абы къытралъхьар илъэситху къудейщ. Судыр зэрызэфIэкIыуи ар, хэкум къpамынэу, Сыбыр ира-гъэшащ.

Курыт еджапIэр къэзуха нэужь, сэри Урысейм и щIыпIэ нэхъ пхы-дзахэм ящыщ зым дэт университетым сыщIэтIысхьащ. Си хуэмыхуагъкIэ, си ныбжьэгъум и Iуэху зыIутыр зыкъомрэ сщIакъым. Си еджэнри къэзухауэ, бжьыхьэри къэблэгъауэ къуажэжьым зэгуэр сыкъэкIуэжащ. Ди анэм, Iэнэм къытригъэувам седзакъэу сыздэщысым, къызжеIэ и анэш лIыжь, ди жэмыр щаукIым хэта Ибрэхьим, дунейм зэ-рехыжар, гузэвакIуэ сахуэмыкIуэныр зэрыIэмалыншэр. Си закъуэ сы-зэрыдэмыхьэфынур щыгурызгъаIуэм, хьэблэм иджыкIэ дэсу къыхуэ-гъуэтар си ныбжьэгъужь, а лъэпкъым щыщ Хьэутийти, ар къысху-регъашэ икIи тIуми унафэ быдэ къытхуещI дгъейуэ дыдыхьэн хуей-уэ. Дунейм ехыжар лыкIэ къаубыдмэ, джылахъстэней цIыхухъухэр дыуэщIым макъкIэ гъыуэ дохьэ, ауэ дэ ныбжьыщIитIым илъэсищэм нэблэгъа лIыжьым нэпс хущIэдгъэкIыныр тезыр хьэлъэIуэт, арщхьэкIэ ди анэм ар дэ къытхугурыгъэIуэнутэкъым. Хьэутийрэ сэрэ куэд щIауэ дызэхуэзатэкъыми, и унагъуэр зэрыпсэум, езым и Iуэху зытетым, ди ныбжьэгъухэм я псэукIэ-щыIэкIэхэм дыщытепсэлъыхьым, псалъэм

къыдэкIуэу къызжеIэ Iэниуар къызэрыкIуэжар, зэщхьэгъусэхэм я щIапIэжьым къызэрагъэзэжар, колхозым хыхьэжауи зэрыщылажьэр. ДыздэкIуэр тпэжыжьэтэкъыми, зэхуэтIуэтэнум гъунэ идмылъауэ, ЛIэужьхэ я дыхьэпIэм дынос. Ещанэ махуэти, дыуэщIыр иджыри зэхэтт, куэбжэри игъэузэщIыкIат. Жыжьэу бгъукIэ къыщыт унэм ухуэзышэ дыхьэпIэ кIыхьым дытохьэ, плъагъу къудейуэ зэхэт гупым дымыпIащIэу дахуокIуэ. ДыуэщIым махуитIми дэта си ныбжьэгъур Iуэхум нэхъ щыгъуазэти, щэхуу къызжеIэ: «Бэлътокур къих, уи IупсымкIэ псыф щIыи, уи нэм щыхуэ». ДызэрыкIуэ дыхьэпIэ кIыхьым и зэхуэдитIыр зэпытчауэ, согузавэри, Хьэутийм сыкIэщIоуIуэ: «Гъыныр къыщIэдзэ», ауэ сызыхигъэзагъэркъым: «Уэ къегъажьэ», – жеIэри. Ар щыхуэзмыдэм, сыт ищIэнт, гъыуэ фIэкIа умыщIэну, макъкIэ ину кIийуэ хуожьэ, сэри нэпс лъэпкъ къысхуемыгъакIуэу, гъыфэ зытызогъауэ. Дыуэ едгъэщIа нэужь, нэхъыжь щысхэм я щIыбагъым къыдэт бжыхьым дыкIэрыувэри, дызэщыджэу зыкъомрэ абы дыкIэрытащ, зыгуэр накIуэу: «А тхьэмыщкIэм къигъэщIэн къигъэщIащ, щывгъэтыж, нэпс куэдри дурыскъым, тхьэм насыпыфIэ фищI», – къыджиIэу дыкъызэтригъэувыIэжыху.

Ди благъэ, цIыхугъэ гуэрхэр къыщытлъагъум, дабгъэдохьэри сэлам ядох, шэнт кIыхьым екIуэкIыу тес нэхъыжьхэми я Iэхэр доубыд. ДыздекIуэкIым Iэниуар ещхь гуэрым и Iэр къеший. Ар и фэм итыжтэкъым, пхужымыIэну уэдт, напэ хужь иIам гъуэжьыфэ къыщIэлъэдат, и нэхэр иуэжат. Нэхъыжьхэм ар щIызыхагъэтIысхьар здэщыIа Сыбырым и хъыбар жрагъэIэну арагъэнт. КъызэрысцIыхужу, «ФIэхъусыж» жесIэри, IэплIи есшэкIащ, щIыIэ-щIыIэу къызэрысхущытми гу лъызмытэу къэнакъым. Гуп зэхэсым щыжыпIэнышхуэ щыIэтэкъыми, щысхэм дакъыбгъэдэкIыжри, тпэмыжыжьэу щыт нэхъ щIалэхэм дахыхьэжащ.



ДыкъыщыкIуэм Хьэутийрэ сэрэ дызэгурыIуат зэгъусэу дыкъыдэкIыжыну, ауэ сыхьэтым щIигъу дыдэтауэ Iэниуар къыщитэджыжым, си ныбжьэгъум жесIащ зыгуэркIэ абы сызэрыхуейр, и гъусэу сыдэмыкIыжынкIэ Iэмал зэримыIэр. Iэниуаррэ сэрэ дыуэ едгъэщIыжу уэрамым дыкъытехьэжа нэужь, сэ абы жызоIэ сызэрекъуэншэкIар, и Iуэху зытет сымыщIэу апхуэдиз зэман зэрыдэзгъэкIам сызэрыриукIытэжыр, а илъэсхэм сэри еджапIэ сызэрыщыIар, и адресыр къызэрысхуэмыгъуэтар. Зыкъомрэ хэгупсысыхьа нэужь, къыхудэшей къудейуэ абы жеIэ: «Ар зи зэраныр дызыхэт гъащIэрщ, абы зыри пхуещIэнукъым. Ауэ, зэманыфI дэкIами, иджы дызэрылъагъужащи, ар зи фIыщIэр алыхьырщ. Уэ дауэ ущыт, дэнэ ущыхэт, фи унагъуэри сыт хуэдэ»? «Сэ еджапIэ нэхъыщхьэр къэзухри аспирантурэм сыщIэтIысхьауэ Налшык сыщоджэ, унагъуэри хьарзынэщ», – жэуап изот. «Ар гуфIэгъуэшхуэщ, сынохъуэхъу, уи Iуэху тхьэм иригъэфIакIуэ. Уэ зэрыпщIэщи, сэри ар си хъуэпсапIэт, ауэ, зэрыжаIэу, насыпыр Iыхьэ мыгуэшщ, абы зыри пхуещIэнукъым». ТIэкIу дызогъэкIри соупщI: «НэфIыцIэрэ хъыджэбзымрэ дауэ щытхэ, дэнэ щыIэ? Сабийр ин хъуагъэнщ». Си упщIэр зэрызэхихыу, си ныбжьэгъум и нэгур нэхъ

зэлъыIукIащ: «Ахэр унэм къэсшэжащ. Гугъу ехьами, къызэтенащ, ауэ, пщIэрэ, си дыщэ шыр цIыкIум сыкъызэрыкIуэжрэ сегъэхамэ, дахэдахэу къызбгъэдыхьэркъым. Ар сигу нэхъ къоуэ». Сэри, игу фIы хуэсщIыну, жызоIэ: «Умыгузавэ, ар иджыри сабийщ, псынщIэу къосэжынщ».

И унэм дыкъыщыблэгъэжым, Iэниуар къызжеIэ: «Андемыркъан, кхъыIэ, уи жагъуэ умыщI, нобэ усхуегъэблэгъэнукъым. Унагъуэр къэзгъэIэпхъуэжа къудейщи, куэд щIауэ цIыху зыщIэмысыжа унэр Iуплъэгъуейщ, зэхэтхъуащ, ауэ, зэман уиIэмэ, мы тетIысхьэпIэм дытегъэтIысхьи, тIэкIу дызэгъэпсалъэ. Сэ пхуэсIуэтэн гъунэжу сиIэщ».

ДызэретIысэхыуи, и псалъэм къыпещэ: «Сэ си адэм срещхыщ, ерыщагъ хэлъар къысхуигъэнащ, сыакъыл закъуэщ, жыIэмыдаIуэщ, уэри укъызэрызэщащи, сыкIуэцIрыкъуэщ. Ауэ сэ апхуэдэу алыхьым сыкъигъэщIащ, зысхуэхъуэжынуи къыщIэкIынукъым. Сэ си гугъащ дуней зэтемысыр си закъуэ къарукIэ зэтес схуэщIыну, ар сэ къызэхъулIакъым, схузэфIэкIакъым. Дэ дызыхэт мы гъащIэм щытепщэр пцIырщ, пэжым зыри хуеижкъым, ар жызыIэр ягъэтIыс, яукI, цIыхуу къэралым исыр зы гупсысэм хуагъэкIуэну яужь итщ, апхуэдэхэр нэхъ зэрыжыIэдаIуэр унафэщIхэм фIыуэ ящIэ.

Си гугъащ сыздагъэкIуа Сыбырым, лъэхъуэщым хабзэ тэмэмхэр щызекIуэу, ауэ абыхэми щытепщэр залымыгъэщ, унафэр зыIэщIэлъыр лIыукIхэмрэ дыгъуэгъуакIуэхэмрэщ. Ахэми ягу къобгъакъэ – зы мыхьэнэншэ щхьэкIэ уаукIынущ, жыг къыптрагъэуэнущ. А илъэситхум бэлыхьрэ хьэзабу си фэ икIар, си нэгу щIэкIар тхылъитхуми пхуигъэзэгъэнкъым. Сэ сызыхэта псоми къыхэсхар зыщ – мы дунеижь дызытетыр къызэригъэщIрэ абы хьэгъэщагъэрэ мыхъумыщIагъэу щызэрахьам гъуни нэзи иIэкъым, хьэкIэкхъуэкIагъэрэ цIыхугъэншагъэу щалэжьари нэхъыбэжщ. ИкIи сыт хуэдэ псэукIэ ямыухуами, захуагъэм, пэжыгъэм зэи бжьыпэр щаIыгъакъым, зы лIыр джэдыгуибгъурэ лIибгъур джэдыгуншэу цIыхубэр ягъэпсэуащ. Хэт сыт жимыIэми, цIыхум нэхърэ нэхъ лъапIэрэ гущIэгъу зыхуэщIыпхъэрэ щыIэкъым, сыт и лъэныкъуэкIи ар зыхуей хуэгъэзэнырщ, щхьэхуиту гъэпсэунырщ, гъэсэнырщ, егъэджэнырщ, хуэсакъыу хъумэнырщ дэтхэнэ зы къэралыгъуэми и къалэн нэхъыщхьэр. Ауэ унафэщIу щыIахэми нобэ щыIэхэми ар сытым щыгъуи зыщагъэгъупщэ, я щхьэ Iуэхур япэ ирагъэщ».

КуэдыIуэрэ зэрыпсэлъара е жиIахэр и гум ежэлIэжа, Iэниуар и псчэр къыщохьэри, зы дакъикъэкIэ къызэтоувыIэ, и макъри хэпщIыкIыу етIысэхауэ адэкIэ къыпещэ: «ИужькIэ нэхъ гупсэхуу дызэпсэлъэнщ, иджыпсту хущхъуэ семыфэу хъунукъым, къысхуэбгъэгъунщ. Унагъуэм схущIэупщIэж, сыкъызэрыкIуэжрэ сазэрылъымыгъуэзар къысхуигъэгъуну уи анэм схуелъэIуж».

Си ныбжьэгъум и Iуэхур зэрымыщIагъуэр къызгуроIуэри: «НэфIыцIэ сэлам схуехыж, уи махуэ фIы ухъу», – жызоIэри сэлам изохыж. Хэт и гугъэнт и ужькIэ сэ абы зэи сытемыплъэжыну!

МазитI фIэкIа дэкIатэкъым, Iэниуар зэрымыпсэужыр иту телеграммэ къыщысIэрыхьам. Ар кIасэу къызатыжати, щыщIалъхьэ махуэм сыкърихьэлIакъым. ЕтIуанэ махуэм, шэджагъуэхуегъэзэкI хъуауэ, къуа-

жэм сыкъэсыжри, ди дежи сыдэмыхьэжу, занщIэу дыуэщIым сахыхьащ, и благъэ-Iыхьлыхэм сахуэгузэващ. НэфIыцIэ сызэрыхуэзэнум и бэлыхьым сигъэгулэзу, жесIэну псалъэхэр къысхуэмыгъуэту зэманыфIкIэ сыщытащ, иужькIэ, зэрыIэмалыншэр къызгурыIуэрти, си анэри яхэсу физ гуп зыщIэс пэш цIыкIум сыщIыхьэри, дунеягъэр къызытеункIыфIа фызабэ насыпыншэм сыхуэгузэващ. ПщIантIэм сыхьэтитI хуэдиз сыдэтщ, си унэкъуэщ щIалэ зыщIызгъури, кхъэм дыдэкIащ. И унэцIэр, и цIэр зытет, пIалъэкIэ ягъэува пхъэ сыным псалъэмакъыншэу зыкъомрэ дыщхьэщытащ. Кхъэм дыкъыщыдыхьакIэ, мыбы щIэлъ ди благъэхэм я сынхэми дабгъэдыхьэмэ нэхъ къызэрезэгъыр щIалэм щыжиIэм, апхуэдэу тщIащ. Ахэр куэд хъурт, егъэлеяуи зэбгрыдзати, псо дыдэр мыхъуми, нэхъ тщIэжхэм я сынхэм Iэ дэтлъэри дыкъыдэкIыжащ. ДыуэщIым дэтахэр иджыри зэбгрыкIыжатэкъыми, абыхэм дахыхьэжащ.

Пщыхьэщхьэм ди деж сыкъэкIуэжауэ тIэкIу сыздедзакъэм, си анэм сеупщIащ НэфIыцIэ и Iуэху зэрыхъунумкIэ. Абы и дежщ къыщысщIар ар зыпIыжа и анэшхуэри дунейм зэрехыжар, и Iыхьлыхэм ар зэзышэлIэн зэрахэмытыр, и сабий закъуэр ипIыжу и унэ исыжыныр абы къызэрыхудэкIар. Фызабэ IэнатIэ хьэлъэр езыхьэкI ди анэми ар гъэщIэгъуэн къыщыхъуакъым – а лъэхъэнэм ди жылэм унагъуэу дэсым я нэхъыбэм ялIхэр ящхьэщытыжтэкъым, абыхэм я къалэнхэр я щхьэгъусэ насыпыншэхэм я пщэ къыдэхуат. Пщэдджыжьым жьыуэ сежьэжын хуейти, си нэхъыщIэхэм сызыбгъэдагъэсмэ нэхъ къызэращтэр сщIэ пэтми, пасэу сыгъуэлъыжащ. Ауэ сымыжеифу сыхущхьэ-сыщатэу, зызгъазэ-зызгъэкIэрахъуэурэ сыхьэтитI-щыкIэ сыхэлъагъэнщ. Си щхьэм схуимыгъэкIыр, псэхупIэ къызэзымытыр зыт – си ныбжьэгъу IэфIыр зэрысIэщIэкIарт, игъуэ нэмысу, дунейм гу щимыхуэу щIэлIам и щхьэусыгъуэрт. Гупсысэным сригъэзэшауэ, си щхьэр зытескъутэм и пэжыпIэри схузэхэмыгъэкIауэ зызэман тIэкIу сыхилъэфащ. Нэхущым ди анэм сыкъегъэуш, зыгуэрхэм срегъэдзакъэри, Налшык сызэрыкIуэжыну автобусыр къыщыувыIэм сокIуалIэ.

Iэниуар тхьэмыщкIэр дунейм зэрехыжрэ псы Iэджи ежэхащ, щхьэм пхуимыгъэтIасэ зэхъуэкIыныгъэхэри ди къэралышхуэм щекIуэкIащ. Апхуэдэу щытми, гъащIэр гъащIэщ, пэжым щIэбэнхэр, захуагъэ лъыхъуэхэр нэхъ мащIэ хъуакъым, арыншауи цIыхубэр псэуфыну къыщIэкIынукъым. Ауэ ноби апхуэдэ бэнакIуэхэм цIыхухэр зэрахущытыр зэтехуэркъым – языныкъуэхэм къафIощI апхуэдэ сампIэимыхьэхэм адрейхэм зыкъыхагъэщын, загъэлъэгэн щхьэкIэ пэжыгъэм, захуагъэм щIэкъуфэ зытрагъауэу. Куэдым къалъытэ абыхэм цIыхухэр, зэрыщыту жылагъуэр бэлыхьхэм хамыгъэкIыу, апхуэдэхэр щымыIамэ, цIыхубэр нэхъ тыншу, мамыру псэуну. Ауэ, сытхэр ирамыщIэми, пэжыр зи гъуазэхэр, игурэ и псэрэ етауэ абы щIэбэнхэр гъунэжу зэрыщыIами, ноби зэрыщыIэми шэч хэлъкъым.

БгъэдыхьэкIэщIэ а Iуэхум къыхуагъуэтыну ди зэманым яужь ихьэхэри мащIэкъым. Иджыблагъэ зэрымыщIэкIэ дэ нэIуасэ дыхуэхъуащ абы теухуа зы гупсысэ гъэщIэгъуэныным. Ар хэIущIыIу зыщIар ди къэралыгъуэр бащэкIэ зыщыгугъ, абы и хъумакIуэ щхьэмыгъазэу къалъытэ



10 Заказ №27

тхакIуэ Жванецкэрщ. Ди псалъэкIэ жытIэжмэ, абы къызэрилъытэмкIэ, пэжым щIэзэу цIыхухэр нэхъ мащIэу щытамэ, дэ псори куэдкIэ нэхъ тыншу дыпсэунут. Зи нэм мафIэ къыщIих апхуэдэ цIыхухэр езыхэри мыгъуэу мэпсэу, лажьи-хъати зимыIэ адрейхэри бэлыхьым хагъэкIыркъым. Мыбдежым тхакIуэр гушыIэрэ ифIэщрэ зэхэгъэкIыгъуафIэкъым, ауэ апхуэдэ гупсысэхэм ар тетыр пэжмэ, зыкIи пхузэфIэмыгъэувэжын щыуагъэ IэщIощIэ. Абы и псалъэхэм ятепщIыхьмэ, цIыхухэм заущэхуу, къыхэпIэнкIыкI щымыIэу, зы гупсысэм, Iуэху еплъыкIэм тету псори псэун хуейуэ аращ. Я фэкIэ зэрызэмыщхьым ещхьу, я зэхэщIыкIкIи зы жыпхъэм пхуимыгъэзагъэ цIыху мелуанхэм, сытхэр имыщхьэусыгъуэми, мыарэзыхэр къазэрыхэкIынум, сыт хуэдэ Iуэхуми езыхэм къазэрыфIэщIым хуэдэу зэрыбгъэдыхьэнум шэч хэлъкъым.

ТхакIуэм жиIахэм нэгъуэщI зы фIеягъи къыхощ. Абыхэм ягъэпуд, мыхьэнэ гуэр имыIэжу къыщIрагъэдз пэжым щIэбэнахэм, абы зи псэ щIэзытахэм я IуэхущIафэ телъыджэхэр, лIэщIыгъуэ жыжьэхэм къыщыщIэдзауэ цIыхухэм щапхъэ зытрахыу къэгъуэгурыкIуа лIыхъужьхэр хэутэн ящI, я псэр мыхьэнэ имыIэу ятауэ къыщIрагъэдз. Дунейм цIыхуу тетым пщIэ зыхуащI Прометей, Коперник Николай, Галилей Галилео, Бруно Джорданэ сымэ, я хэкум и щIыхьым, щхьэхуитыныгъэм папщIэ зи щхьэр щхьэузыхь зыщIа нэгъуэщI цIыху мелуанхэм яхузэфIэкIар псыхэкIуадэ пщIыныр, мыхьэнэ гуэри имыIэу къэплъытэныр тэмэмкъым, къезэгъыркъым, хьэдэгъуэдахэщ.

Куэдрэ си щхьэр тескъута иужь, нэгъуэщIхэм я чэнджэщи къэзмылъыхъуэжу, сэр-сэру зы пэжым сыкъыхуэкIуащ. Ар си къэхутэныгъэ дыдэу щымытми, мы дунейр зэтезыIыгъэр пэжырщ, ар бащэу зыщыгугъыр и бэнакIуэ псэемыблэжхэрщ, ахэр имыIэжмэ, абы и пщэдейм узэрыщыгугъыжын щыIэкъым. Иджы сэ къызэрызгурыIуэжамкIэ, си ныбжьэгъу дыщэ Iэниуар и псэр зыщIитар пэжырщ, къыдалъхуахэрщ, абыхэм зыгуэркIэ и сэбэп яригъэкIынырщ. Зыпэува къару фIыцIэм ар пэлъэщакъым, и щхьэр хилъхьащ, лъэужьыншэу кIуэдахэм ящыщ зыщ. Апхуэдэхэм я бжыгъэр мелуан Iэджэ мэхъу икIи, я цIэхэр хэIущIыIу мыхъуами, абыхэм цIыхубэм хуащIар къэлъытэгъуейщ – я фIыщIэ куэд хэлъщ дуней псом цIыхубэм ехъулIэныгъэ телъыджэу щызыIэригъэхьахэм.

**ПЭЖ Андемыркъан**

## *2019 гъэр Театрым и илъэсщ*

*Сыт хуэдэ IуэхуфI, Iуэху ин, Iуэху дахэри псэм къыщожьэ. ЦIыхум и псэм и щытыкIэм, и дуней лъагъукIэм, гъащIэр зэрызыхищIэм куэдкIэ елъытащ абы щIылъэм щилэжьыну къалэнхэм я инагъри, щыхузэфIэкIыну Iуэхухэм я мыхьэнэри. Псэм зегъэузэщIыным, псэкупсэр къулей щIыным ди къэралым гулъытэ нэхъыбэ щыхуащI хъуащ Иужьрей лъэхъэнэхэм. Абы и щыхьэтщ гъэкIэрэ тегуэшауэ Щэнхабзэм (2014 гъэ), Литературэм (2015 гъэ), Кином (2016 гъэ), Экологием (2017 гъэ), ПсапащIэхэм (доброволецхэмрэ волонтерхэмрэ; 2018 гъэ) я илъэсхэр зэрекIуэкIар. 2019 гъэр Урысейм и Iэтащхьэм и унафэкIэ Театрым и илъэсу ягъэуващ.*

*Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэр щхьэхуэу къэбгъэлъагъуэмэ, абы и кIуэцIкIэ театрым зыужьыныгъэ ин щигъуэтащ. НобэкIэ мыбы къэралыбзищкIэ — урысыбзэкIэ, адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ — театрхэр щолажьэ. Адыгэ лъэпкъыр дызэрыгушхуэ, ЩоджэнцIыкIу Алий и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым иужьрей илъэсхэм ехъулIэныгъэ инхэр иIэщ, абы зиужь, зиузэщI, и репертуарым зиубгъу зэпытурэ макIуэ. Театрым и зэфIэкIыр псом япэу зыщылъагъупхъэр ар щызыгъэIэж артистхэмрэ режиссёрхэмрэщ — абыхэм я псэемыблэж лэжьыгъэмрэ ябгъэдэлъ зэчиймрэщ. Зэман зэхуэмыдэхэм ди лъэпкъ театрыр зэфIэувэным икIи абы зиужьыным я гуащIэшхуэ ирахьэлIащ Тубай Мухьэмэд, ДыщэкI КIунэ, Шортэн Даниткэ, ТIыхъужь Алий, Сибэч Быхуэ, Сонэ Мухьэрбий, Болэ Мурат, Къаздэхъу СулътIан, Мысостышхуэ Пщызэбий, ЖьакIэмыхъу КIунэ сымэ, апхуэдэуи Иуан Владимир, Къэжэр Борис, нэгъуэщI куэдми. Абыхэм я лъэмбым къиува артистхэу ноби адыгэ театрым и утыкур зыгъэбжьыфIэхэм ящыщщ Балъкъэрхэ Юрэрэ Тамарэрэ, Мэшыкъуэ Феня, Хьэмыку Жаннэ, Шыбзыхъуэ Басир, Щэрмэт Людмилэ, Быдэ Хьэсэн, Къумахуэ Мухьэдин, Лу Рэмэзан, Мысост Вадим, Тхьэщыгъуей Жаннэ, КIэхумахуэ ФатIимэ, Хьэмырзэ Ахьмэд, ТIымыжь Владимир, нэгъуэщIхэри. Апхуэдэуи лъэпкъ театрым и набдзэщ артист ныбжьыщIэхэу ХьэхъупащIэ ФатIимэ, Къардэн Заур, Шыджынэ Тимур, Бейтыгъуэн Жамбулэт, нэгъуэщIхэри. Иужьрей илъэс зытIущым адыгэ театрым и лэжьыгъэр щIэщыгъуэ ящIащ Щукин Борис и цIэр зэрихьэу Мэзкуу дэт театр еджапIэр къэзыухыу*

*2015 гъэм къэзыгъэзэжа артист ныбжьыщIэхэм — Джэтэжьокъуэ Константин, Багъ Иннэ, Жыкуэ Назир сымэ, нэгъуэщIхэми.*

# КIэхумахуэ ФатIимэ: «Театрыншэу сыпсэуфынукъым»



*Ди лъэпкъ театрым къикIуа гъуэгуанэм уриплъэжмэ, нэхъыбэ зылэжьахэм, зыхузэфIэкIахэм ящыщщ КъБР-м щIыхь зиIэ и артисткэ, ЩоджэнцIыкIу Алий и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым и артисткэ пажэ, илъэс 25-м щIигъуауэ абы и утыкур зыгъэбжьыфIэ КIэхумахуэ ФатIимэ. Къэдгъэлъэгъуа пIалъэм къриубыдэу ар спектакль пщIы бжыгъэхэм щыджэгуащ, фильмхэм хэтащ, псысэ цIыкIухэм къеджащ, республикэм къыщызэрагъэпэщ пшыхь куэд иригъэкIуэкIащ. КъикIуа гъуэгуанэм, и IэщIагъэм и щэхухэм, дяпэкIи иIэ гурылъхэм тедгъэпсэлъыхьыну ФатIимэ зыхуэдгъэзащ.*



**— Уи IэщIагъэр дауэ къыхэпха хъуа, ФатIимэ, хьэмэ езым укъыхиха?**

— Езым сыкъыхихауэ къыщIэкIынущ... Артистхэм «сызэрыщIыкIурэ сыщIэхъуэпсырт утыку ситыну, си IэщIагъэм гъуэгу кIыхькIэ сыхуэкIуащ» жаIэу куэдрэ зэхыбох. Сэ си Iуэхур нэгъуэщIу къекIуэкIащ. Артисткэ сыхъуну, абы сыхуеджэну, уеблэмэ абы ущыхуеджэн еджапIэ щыIэу зэикI си пщIыхьэпIэ къыхэхуакъым. Ар зэрымыщIэкIэ къэхъуащ. Курыт еджапIэм сыщыщIэсым абы щрагъэкIуэкI Iуэхугъуэ псоми жыджэру сыхэту щытащ. ЕджапIэр къыщызухын пIалъэм сыщынэблагъэм, а лъэхъэнэми иджыпстуи нэхъ пщIэ зиIэхэм, зэрыжаIэу нэхъ «моднэхэм» *(мэдыхьэших. — Хь. Л.)* хабжэу къекIуэкIа экономист IэщIагъэм сызэрыхуеджэнум зыхуэзгъэхьэзыру щIэздзащ. Налшык сыкъакIуэурэ КъБКъУ-м физикэмрэ математикэмкIэ и къудамэм щезыгъаджэ егъэджакIуэ нэхъыфIхэр зыдэзгъэIэпыкъуу хуабжьу есэпым сегугъурт. Зы махуэ

гуэрым къуажэ еджапIэм къыщызэрагъэпэща «А ну-ка, девушки!» зэхьэзэхуэм сыхэтын хуей хъуащ. Ар зэфIэкIа нэужь урысыбзэмкIэ ди егъэджакIуэ Лавренинэр къызбгъэдыхьэри: «ФатIимэ, кхъыIэ, экономист IэщIагъэм ухуемыджэу, театральнэм щIэтIысхьэ, Кавказ Ищхъэрэм ГъуазджэхэмкIэ и къэрал институтым апхуэдэ къудамэ къыщызэIуахащ. Уэ утыкумрэ артист IэщIагъэмрэ укъыхуигъэщIащ», — къызжиIауэ щытащ. Абы ипэкIэ зыми сыартистын хуейуэ къызжиIатэкъым, сэри зэикI ар гукъэкI сщIатэкъым, щапхъэ схуэхъуни сиIакъым, ауэ егъэджакIуэм и псалъэхэм си щхьэми сигуми зыгуэр къыщагъэушащ. Унэм сыкъэкIуэжри, си адэ-анэм яжесIащ сызыхуеджэну IэщIагъэр зэрысхъуэжар, артист сыхъуну сызэрыхуейр. Абыхэм къыспаубыдакъым, пIалъэ къыхимыгъэкIыу си анэм Налшык сыкъишэри, илъэс пщыкIух фIэкIа сымыхъуу, Кавказ Ищхъэрэм ГъуазджэхэмкIэ и къэрал институтым сыщIэтIысхьауэ щытащ. А лъэхъэнэм Мэкуу е нэгъуэщI щIыпIэ укIуэу уеджэ хъуну, абы нэхъыфIу ущрагъэджэну, Iэзагъэ нэхъыбэ къыпхалъхьэну сщIакъым икIи сегупсысакъым. Ауэ сыхущIегъуэжакъым ди республикэм сызэрыщеджам, сыту жыпIэмэ сэ хьэкъыу спхыкIауэ сощIэ — Ухыгъэм зэчий къыббгъэдимылъхьамэ, ар къозытыфын зы егъэджакIуи щыIэкъым. Дэ ди IэщIагъэр къапщтэмэ, егъэджакIуэм хузэфIэкIынур уи Iэзагъэр къызэкIуэцIихынырщ, абы зригъэужьынырщ. Ар пхэмылъмэ, зыми мыхьэнэ иIэнукъым, цIыхупсэм улъэIэсыфынукъым, театреплъыр къыпхудэхьэхынукъым.

**— Уи IэщIагъэм ухэгъуэзэн папщIэ егъэджакIуэу, дэIэпыкъуэгъуу, щапхъэгъэлъагъуэу уиIахэм я гугъу уэзгъэщIынут... Узыдэплъеину «кумир» жыхуаIэм хуэдэ уиIа е иджыпсту уиIэ?**

— Зи цIэ къизмыIуэхэм я жагъуэ ящIынкъым, ауэ япэ дыдэу театрым сыкъыщыкIуам ЖьакIэмыхъу КIунэ сригъэджащ. Абы бзэм, утыкум екIуу узэрыщыпсэлъэнум сыхигъэгъуэзащ. Ауэ сытми егъэджакIуэфI икIи щапхъэгъэлъагъуэ схуэхъуакъым! Нобэр къыздэсми ар узыдэплъеин хуэдэ актрисэ гуащэщ, си дежкIэ образ уардэщ. Ар зыми япэсщIыфынукъым, псоми къахэзгъэщхьэхукIми пщIы хэлъкъым. ГъуазджэмкIэ институтым си егъэджакIуэу щытар, зи нэIэ щIэту сыкъэхъуар режиссёр цIэрыIуэ Теувэж СулътIанщ.

**— Нэхъ зыубгъуауэ, Урысей е нэгъуэщI къэралхэр къапщтэмэ, хэт и джэгукIэ нэхъ уигу дыхьэрэ?**

— Хэхауэ «кумир» жыхуаIэм хуэдэ сиIэу схужыIэнукъым. Артист зэхуэмыдэхэр лэжьыгъэ зырызхэмкIэ сигу ирихьынкIэ мэхъу. Зы лэжьыгъэ гуэрхэмкIэ Неёловэ Маринэ сигу ирохь, зыгуэрхэм деж Гун-

даревэ Наталье и джэгукIэр сфIэгъэщIэгъуэнщ. Рэйф Файнс жери зы инджылыз актёр хьэлэмэт щыIэщ, ар сфIэIэзэ дыдэщ.

**— Къэрмокъуэ Мухьэмэд и «Лъагъуныгъэм и хьэтыркIэ», Абу Умар и «Лъагъуныгъэмрэ зэныбжьэгъугъэмрэ» тхыгъэхэр я лъабжьэу траха фильмхэм ущыджэгуащ. Абыхэм дауэ ухэша икIи ухэта хъуат?**

— Ди щхьэщыгу къитым и IэмыркIэ а фильмхэм сыщыджэгуа хъуащ. Сэ нэхъ нэ лейкIэ къызэплъу, абы сыхэзышэн сиIакъым. Театрым сыкъэкIуауэ сылажьэу, сэ пщIэшхуэ зыхуэсщI, цIыху пэжу, щэджащэу къэслъытэ Шэрджэс Мухьэмэд «мис, мыпхуэдэ фильм *(«Лъагъуныгъэм и хьэтыркIэ»-ри — Хь. Л.)* трахынущи, абы ухэдгъэхьэну дыхуейт» щыжиIэм, киноми си къару сыщеплъыжыну гурылъ сщIащ. Ауэ, пэжыр жысIэнщи, а зэманым апхуэдизкIэ сыщыгъыныджэти *(мэдыхьэших. — Хь. Л.)*, фильмым сызэрыхэтын симыIэу, сщыгъам и зэхуэдитIыр хьэхуу зыгуэрхэм къеIысхауэ щытащ. Сыт и лъэныкъуэкIи гугъу дыдэ сехьу сызыхэта лэжьыгъэщ, ауэ фIыуэ солъагъу. Фильмыр зэрытрахрэ илъэс тIощIым щIигъуами, ар цIыхубэм ящыгъупщэркъым, сызэрыщыгъуазэмкIэ, куэдым я псэм дыхьащ. Си гъащIэми и напэкIуэцI нэхъыфIхэм ящыщу къызолъытэ ар.

**— А фильмым и сюжетри апхуэдизкIэ гъэщIэгъуэнт, уэри уи джэгукIэм Iэзагъэ фIэщхъуныгъэшхуэрэ хэлъти, сэ си щхьэкIэ абы сыт щыпщыгъами сщIэжыркъым, сигу къинар уи джэгукIэрщ. А пщащэм и образым, и къекIуэкIыкIа мыхъуми, и хьэлщэнкIэ, дуней еплъыкIэкIэ уэщхь гуэр хэлът, хьэмэрэ зыкIи къомыкIуалIэ роль уджэгун хуей хъуат?**

— Сэщхьу къыщIэкIынт... Абы щыгъуэм сэмыщхьами, иджы сэщхь хъуащ. Сэ къуажэм сыщапIат, ауэ къалэм унэ щызиIэу, абы сыщыпсэууэ, апхуэдэ дыдэу си гъащIэр къуажэм пысщIауэ, иджыпсту Къэрэгъэш сыдэсщ, гуащи, тхьэмади, щIым щыт унэлъапси, хади сиIэщ, а фильмым хэта псоми ящыщу симыIэр жэм закъуэщ *(мэдыхьэших, — Хь. Л.)*.

**— Уэ илъэс 25-м щIигъуауэ утыкум уитщ, уи псэм фIэфI IэщIагъэм уролажьэ. А пIалъэм къриубыдэу, шэч хэмылъу, а IэщIагъэм и щэху псоми зыщыбгъэгъуэзащ, лэжьыгъэ куэд зэпэплъытыну къыпхуихуащ. Киномрэ театрымрэ уахэдэмэ, дэтхэнэм ущыджэгуну нэхъ пфIэфI икIи нэхъ тынш?**

— Кинор куэдкIэ нэхъ тыншщ, абы зы кадрыр къомыхъулIамэ, дубль зыбжанэ пщIы мэхъу. Псалъэм папщIэ, Лыкъуэжь Нелли и тхыгъэр и лъабжьэу режиссёр Тхьэгъэзит Руслан триха «Хьэ-

тыр» жыхуиIэм сыщыщыджэгуам, абы зы щIыпIэм деж уэрамым сыкърикIуэурэ сыгъын хуейти, сымыгъыфурэ дубль пщIы бжыгъэхэр тщIауэ щытащ. Театрыр нэгъуэщIщ: абы и утыкум укъызэрихьэу театреплъымрэ уэрэ уи зэхуаку зэпыщIэныгъэ гуэр къыдэхъуэн хуейщ, ар уи джэгукIэкIэ зэщIэпщтэу, зэщIэбубыдэу, теплъэгъуэр иухыху пIыгъыфын хуейщ, а и нэгу щIэбгъэкIам, зыхэпша гупсысэхэм иджыри щIэхфэх ямыутIыпщын хуэдэу. Утыкум сыздитым, театреплъым и щытыкIэр, сызэрыджэгур абы къызэрыщыхъур апхуэдизкIэ зыхызощIэри, си лэжьыгъэр къыщызэхъулIари къыщызэмыхъулIахэри сщIэжу, нэхъ сызэгугъун хуей щIыпIэхэм гу лъыстэжауэ утыкум сыкъокIыж. Ауэ театрыр сыткIэ нэхъ гугъуу щымытами, ар си псэм и зы Iыхьэщ, ар къыхызох. Театрыншэу сыпсэуфынукъым.

**— ФатIимэ, уэ «гуфIэнэгу» цIэ лейр зытеIукIа актрисэу цIыхубэм уахэIуащ, укъацIыху. Дауэ уеплърэ, нэхъ нэжэгужэ, роль нэхъ псынщIэхэр, комедием щыджэгунир нэхъыбэу къохъулIэрэ, хьэмэ драмэр нэхъ упэгъунэгъу? Ухэдэн щыхъукIэ, сытыр нэхъ къыхэпхрэ?**



**КIэхумахуэ ФатIимэрэ Къардэн Зауррэ «ТIатIушэрэ СатIурэ» спектаклым щоджэгу.**

— Си дежкIэ роль зэхэгъэж щыIэкъым, сыт къызатми сыджэгунущ. Комедием ущыджэгунир, цIыхур бгъэдыхьэшхынир куэдкIэ нэхъ гугъущ. Зыми хуэмыдэжу ди театреплъхэр набдзэгубдзаплъэ дыдэщ, гушыIэ жыгъейкIэ е хьэлыншагъэкIэ ауи къыпхуэгъэпцIэнукъым. Ар бгъэдыхьэшхын икIи абы фIэгъэщIэгъуэн ухъун щхьэкIэ, зэфIэкI ин убгъэдэлъын хуейщ. Апхуэдэу щытми, комедиер фIыуэ солъагъу, драмэри сфIэфIщ, тIуми сахэдэфынукъым. Сыщыджэгу драмэхэри псэкIэ къызопсэу, къызоуз. НэфIэгуфIэу сикъызэралъытэр гуапэщ, ауэ жысIэну сыхуейт цIыху нэжэгужэхэм нэхъ нэщхъей дунейм зэрытемытыр.

**— Иужьрейуэ жыпIам хуэкIуэу Мыкъуэжь Анатолэ и усэ сатырхэр сигу къэбгъэкIыжащ: «Сэ содыхьэшхыр сымыгъыным папщIэ», — жеIэ усакIуэм.**

— Пэж дыдэщ, зэрыщытри аращ. А усэр зытеухуар сэраща, кхъыIэ, ар сэ къызэт, зэзгъэщIэну сыхуейщи (*мэдыхьэш. — ХьЛ.*)...

**— Уи ІэщІагъэм нэхъ гугъу дыдэу хэлъыр сыт?**

— ЦІыху образ къэбгъэщІыныр, махуэ къэскІэ зыгуэрым и фэ уихьэныр, и гъащІэр е и гъащІэм щыщ Іыхьэ къыупсэуныр, и бэлыхьхэр бгъэвыныр гугъу дыдэщ. Утыку нэхъ сыщихьагъащІэхэм сызэрыджэгуа ролым махуитІ-щыкІэ сиутІыпщыжу щытакъым, схэмыкІыжу си псэми сипкъми хэтт. Иджы, псо дыдэри мыхъуми, языныкъуэ ролхэр утыкум сыкъызэрикІыжу «соутІыпщыж», абы и «фащэри» занщІэу зыщызохыж. АрщхьэкІэ зэпымыууэ ар къызэхъулІэркъым. Псалъэм папщІэ, «ХьэжьэІужьэ» спектаклым сыщыджэгуа нэужь си щІыфэр пщтыру, си кІуэцІым мафІэ щыжьэ сфІэщІу пІалъэ гуэркІэ сыщытщ, сызэрыджэгур, сызэрыхьэ ролыр апхуэдизкІэ къыспкърохьэри. Апхуэдэуи, Фырэ Руслан игъэува «Унэ лъапІэ» спектаклым сыщыджэгуа нэужь, куэд дыдэрэ си пІэ симыхьэжыфу, зыкъысхуэмыщІэжу сыкъонэ.



**Хьэмыку Жаннэ, КІэхумахуэ ФатІимэ, ЖьакІэмыхъу КІунэ сымэ «ХьэжьэІужьэ» спектаклым щоджэгу.**

**— «Дунейр театрщ, цІыхухэр абы щыактёрщ» жиІэгъащ Шекспир. ЦІыхур, махуэм къриубыдэу зрихьэлІэ, зыхэхуэ Іуэхугъуэ елъытакІэ фащэ зэхуэмыдэхэм ихьэн, роль зэхуэмыдэхэр игъэзэщІэн хуей мэхъу. СфІэгъэщІэгъуэныращ: ар ІэщІагъэ зыхуэхъуауэ махуэ къэскІэ роль куэдхэм ихьэн хуей хъу артистыр «фащэ» псори щихыжауэ, езыр-езыру къыщынэр сыт щыгъуэ?**

— Театрыбжэр хуэсщІыжа нэужь, абдежым псори къыщызогъанэ. Роль зэгъэщІэни, репетицэ Іуэхуи зэикІ унэм здэсхыркъым, си лэжьыгъэми сыщытепсэлъыхьыркъым. Унэм сыщекІуэлІэжам и деж сэ сынысэщ, сыщхьэгъусэщ, сыанэщ. Театрымрэ унагъуэмрэ сахэдэфынукъым, тІури зэхэплъхьэжмэ — си гъащІэр къыщІедз, языхэзыр къысхуэтуи сыпсэуфынукъым. Си насып къикІащи, си унагъуэми сызэхащІыкІ, си гуащэ-тхьэмадэми, щхьэгъусэми си ІэщІагъэри лэжьыгъэри къыздаІыгъщ, сэри а тІур екІуу, къызыхуэтыншэу зэрызэдэсхьыным иужь ситщ.

**— Уи унагъуэ дахэм и къежьапІэри уи ІэщІагъэм зэрыпыщІар ди щІэджыкІакІуэхэм езгъэщІэну сыхуейт, ФатІимэ. Іуэхум хэзымыщІыкІхэм папщІэ къыхэзгъэщынут: уэ уэрэджыІакІуэ**

**Шал Хъусен урищхьэгъусэщ. Сэ сызэрыщыгъуазэмкIэ, Хъусенрэ уэрэ «Лъагъуныгъэр ИнтернеткIэ» гушыIэ спектаклым фыщыджэгуауэ щытащ. А зэдэвгъэзэщIа лэжьыгъэр арауэ пIэрэ фи унагъуэм и къежьапIэр?**

— А лэжьыгъэри ди Iуэхум ублапIэ хуэхъуахэм ящыщт, ауэ абы дыщыджэгун ипэкIи Хъусенрэ сэрэ дызэрыцIыхурт, абы и пшыхь езгъэкIуэкIауэ, дызэдэлажьэу къекIуэкIырт. «Лъагъуныгъэр ИнтернеткIэ» пьесэр зытха Дудар Зарэрэ абы и дэлъху бын, пшынауэ Iэзэ Дудар Аслъэнрэ занщIэу цIыхубз ролыр сэ къысхуагъэфэщауэ щытащ, цIыхухъу ролым ягъэджэгунур къахухэмыхыурэ куэдрэ гупсысахэщ. ИкIэм-икIэжым, ролыр Хъусен хуагъэфащэри, апхуэдэу а спектаклым дыщыджэгуа хъуащ, къыдэхъулIауи си гугъэщ. Куэду фIыуэ тлъагъуу, унагъуэкIэ зридгъэщIагъуэу апхуэдэ спектаклщ. Хъусен абы ипэкIэ артист IэщIагъэм зрипщытатэкъым, ауэ лэжьыгъэри ролри къытехьэлъакъым, уеблэмэ зыщIыпIэхэм деж сэ нэхърэ нэхъыфIу щыджэгуащ. АбыкIэ фIыщIэр зейр спектаклыр зыгъэува Дэбагъуэ Романщ — ар хуабжьу Iэзэщ, зэфIэкI уиIэххэмэ, тIуащIэу зыгъэбэгъуэф режиссёрщ.



**— Унагъуэм ехьэлIа псэлъэмакъым дыкъыхэмыкIыж щIыкIэ сыноупщIынут: фи щIалэм — Сослан — адэ-анэм фи зэчийм щыщ гуэр дэфлъагъурэ, фи лъагъуэм ирикIуэну гу лъыфтэрэ?**

— Уэрэд жеIэ, къофэ, сурэт ещI, ауэ быдэу къызэлъэIуащ «Мамэ, кхъыIэ, артистыжь сумыщI» жиIэри *(мэдыхьэших. — Хь. Л.)*. ЕджапIэм зы теплъэгъуэ цIыкIу щыджэгуну роль къратати, зэрымыджэгунур, зэрыфIэмыфIыр жиIэри, тхутечакъым. Дэ ар зыкIи хэдгъэзыхьыркъым, къыдэкIуэтейрэ IэщIагъэ къыхихмэ, ар сыт хуэдэми зэрыдэтIыгъынур хьэкъщ.

**— Уи лэжьыгъэмкIэ къэдгъэзэжынщи, бгъэзэщIа ролхэм ящыщу дэтхэнэр уэ нэхъ уэщхь, упэгъунэгъу е нэхъыфIу плъагъурэ?**

— ДауикI, дэтхэнэ зы ролми уэ ууей гуэр, уи псэм и Iыхьэ гуэр пфIыхохьэ. Сыт хуэдизу фIыуэ умыджэгуами, бгъэзащIэ ролым уи хьэл-щэн гуэр къыхощ. Убзаджэмэ, цIыху гуапэм и роль ущыджэгум дежи, а хьэл-щэныр е уи плъэкIэкIэ, е нэгъуэщI зыгуэркIэ къыбдалъагъунущ. «Мыр сэщхьщ е спэгъунэгъу дыдэщ» жысIэу хэхауэ зы роль гуэри къысхухэгъэщынукъым.

**— Режиссёрым ролхэр щигуэшкIэ, дауи, ахэр артистхэм яфIэфI защIэу ятригуэшэфынукъым. Уэри уфIэмыфI роль, шэч хэмылъу, къуатащ икIи бгъэзэщIащ. Уи интервью гуэрым «нэхъ**

**сэмыщхь, сфIэмыфI ролхэр нэхъыфIу къызохъулIэ» щыжыпIауэ срихьэлIащ. Абы и щэхур сыт? Апхуэдэ ролхэм нэхъыбэрэ уелIэлIэн хуей хъууэ, къару нэхъыбэ епхьэлIэу, абы и сэбэпкIэ ахэр нэхъыфI хъууэ ара, хьэмэрэ нэгъуэщI щэху хэлъ?**

— Псалъэм папщIэ, «Унэ лъапIэ» спектаклым бзаджэ дыдэу сыщоджэгу. Сэ гъащIэм зэи щызмыщIэн — адэ-анэм еныкъуэкъун, я жагъуэ щIын, езыхэр щIэсу я унэр щэн — Iуэхухэр абы «щызлэжьын» хуей мэхъу. Ауэ уэ уэмыщхь образ гуэр къэбгъэщIыхукIэ, уи актёр зэфIэкIыми хохъуэ, уи зэчийм уэ езым умыщIэххэу, къыумыгъэсэбэпу хэлъа нэщэнэ, фIагъ гуэрхэр къызэIубох, уи Iэзагъэм унэтIыныгъэ щIэщыгъуэхэмкIэ зеужь, зеубгъу. А зи гугъу сщIа ролым сыджэгуауэ, зы бзылъхугъэ гуэрым удз гъэгъа къысхуихьри къэкIуати, ар къызимытыфу зэщыджэу гъыуэ си пащхьэм къитт, «щхьэ мыгъуэ мы ролым уджэгуа?!» жиIэу, апхуэдизкIэ ролыр къысхуигъэфащэтэкъым, ар сигъэщхьыртэкъыми. Апхуэди ди лэжьыгъэм къыхокI.



**Къурмэн Регинэ, Щэрмэт Людмилэ, КIэхумахуэ ФатIимэ, Хьэмырзэ Ахьмэд, Къэжэр Борис сымэ «Унэ лъапIэ» спектаклым щоджэгу.**

**— Уэ бгъэзэщIахэм ящыщу сэ нэхъ уэзгъэщхьар Нало Заур и «IэфIынэ и нэ фIыцIитIыр» тхыгъэмкIэ ягъэува спектаклым хэт IэфIынэщ. Уеблэмэ, ар уэ птратхыхьам хуэдэу, тхакIуэм къигъэлъэгъуа хъыджэбзыр теплъэкIи уэщхьщ...**

— Ари нэхъыфIу слъагъухэм ящыщщ. IэфIынэ и ролыр Дэбагъуэ Роман къысхуигъэфащэри, сфIэфI дыдэу, си псэм хыхьауэ згъэзэщIащ. Абы щыгъуэ си ныбжьыр илъэс щэщIым нэблэгъат. Спектаклыр иухыу утыкум дыкъикIыжа нэужь сытIысри ину сыгъауэ щытащ: япэрауэ, а лэжьыгъэр апхуэдизкIэ фIыуэ слъэгъуати, ар зэрыдухар гущIыхьэ сщыхъуат, етIуанэрауэ, си гъащIэм и зы щхьэдэхыпIэ гуэру, си гъащIэм и зы теплъэгъуэ иризэхуэсщIыжу IэфIынэ и ролыр зэрызгъэзэщIар зыхэсщIат. НэгъуэщIу жыпIэмэ иужьрейуэ хъыджэбз щIалэм, пщащэ ямышэм и роль сызэрыджэгур, адэкIэ нэхъ балигъыпIэ иува бзылъхугъэхэм я образхэр къызэрызгъэщIынур къызгурыIуат. Си актёр

IэщIагъэм и «щIалэгъуэр» а ролымкIэ зэхуэсщIыжауэ си гугъащ. Ауэ иджы дыдэ сыщыджэгу «ХьэжьэIужьэ» спектаклми хъыджэбз дэсым и ролыр щызогъэзащIэ. Апхуэдэу щытми, сэ сызэрегупсысымкIэ, зэрызыхэсщIэмкIэ, мыращ иужьрейуэ згъэзэщIэну пщащэ ролыр, адэкIэ цIыхубзыпIэ иувахэм я образ къэзгъэщIыну къыщIэкIынущ. Сэ сфIэфI дыдэу, гукIи псэкIи сыарэзыуэ утыкури пщащэ ролри ди актрисэ нэхъ щIалэIуэхэм хуит яхузощI. ЩIалэгъуалэ, хъыджэбз тхьэIухудхэр, ди гуапэ зэрыхъунщи, ди куэдщ. Псалъэм папщIэ, ди театрым и «вагъуэщIэ» цIыкIущ, икъукIэ зэчиифIэщ ХьэхъупащIэ ФатIимэ.

**— Сэ сызэрыщыгъуазэмкIэ, бзылъхугъэ балигъхэм я роль уджэгунуи ухунэсащ. Шортэн Аскэрбий и пьесэмкIэ ягъэува «Яшэмрэ къэзышэхэмрэ» спектаклым тIуанэ зытращIэнкIэ гузэвэгъуэр зытелъ унэгуащэу ущыджэгуащ. Абы нэмыщIкIэ, Къэрмокъуэ Мухьэмэд и тхыгъэм къытращIыкIа «Лъагъуныгъэм и къару» лирикэ комедием пхъужьым и образ хьэлэмэт къыщыбгъэщIащ.**



— А ролхэри фIы дыдэу солъагъу. Языныкъуэхэм деж согупсыс: мыри сщIащ, модрейми зеспщытащ, иджы театреплъхэм я пащхьэм нэхъ щIэщыгъуэу сыт исхьэфын жысIэу. Пэжщ, ар куэдкIэ режиссёрым елъытащ, ауэ сыт хуэдэ ролми и лъабжьэу щытыр актёрым и Iэзагъэрщ, нэхъыбэрэ уләжьэху, а зэфIэкIми хохъуэ. «ХьэжьэIужьэ» спектаклым кIэщIу иужь иту фIыщIэ ин зыхуэсщI Фырэ Руслан игъэува «Си адэшхуэм и фызышэ» спектаклым сыщыджэгуащ. Си творческэ гъуэгуанэм сриплъэжмэ, абы увыпIэ нэхъ ин щаубыд зи гугъу сщIа спектаклхэу «Унэ лъапIэм», «ХьэжьэIужьэм», «Лъагъуныгъэм и къарум», «Си адэшхуэм и фызышэм», абыхэм нэмыщIуи, «Лъагъуныгъэм и хьэтыркIэ» фильмым. СынасыпыфIэ дыдэу зызолъытэж, сыту жыпIэмэ зы махуи къызэхьэлъэкIыу сылэжьакъым, гукъыдэжыншэу, сыхуэмейуэ зэ закъуи театрым сыкъекIуэлIакъым. Театреплъхэм я фIыщIэм, абы псалъэ дахэу къызжаIэм си лъэр щIегъэкI, къару къысхелъхьэ, нэхъыбэжхэм зеспщытыну сытрагъэгушхуэ.

**— Уи гъащIэм къриубыдэу блэбгъэкIауэ узыхущIегъуэжа е бгъэзэщIэну узыхунэмыса, узыщIэхъуэпс роль щыIэ?**

— АпхуэдизкIэ увыIэгъуэ имыIэу ролхэр зэблэсхъуурэ сыджэгуащ, ноби соджэгури, зыгуэрым сыщIэхъуэпсыну зэман къысхудэхуэркъым. Зэгуэр хуабжьу сыхуеят Гуащэнэ (Марие) и ролым сыджэгуну, ауэ а лъэхъэнэм сабий зэрызгъуэтам и щхьэусыгъуэкIэ си лэжьыгъэр зэпызгъэуауэ щытти, ролыр нэгъуэщIым иратащ, игъэзэщIащ икIи абы къытенауэ йокIуэкI. Ауэ зыми сыхущIегъуэжыркъым,

згъэзэщIа ролхэр дэтхэнэ артистми и хъуэпсапIэу щытхэм, сыт хуэдэ гурыщIэри къызэрыбгъэлъэгъуэфынухэм хуэдэ защIэщ.

**— Адыгэр зэрыгушхуэ усакIуэ Къэшэж Иннэ и образми екIуу уихьэфащ, ар дахэ дыдэу къэбгъэлъэгъуащ…**



**КIэхумахуэ ФатIимэ Къэшэж Иннэ и фэеплъ пшыхьым усакIуэм и ролыр щегъэзащIэ.**

— Абы и IэдакъэщIэкIхэм щыгъуазэ зыхуэпщIауэ ролым уихьэныр гугъутэкъым, сыту жыпIэмэ абы и тхыгъэхэм и псэри, и хьэл-щэнри, и гъащIэри къыхощ. «Хэкупсэщ», «лъэпкъыпсэщ» зыхужаIэхэм хуэдэт Иннэ, и фэеплъ пшыхьым къыщызгъэлъэгъуа и образри гуапэу сигу къинэжахэм ящыщщ, хуабжьу сызэрыгушхуэ, сызэрыпагэ лэжьыгъэщ.

**— Узыхуеджэну зызыхуэбгъэхьэзыру щыта IэщIагъэр къыхэбгъэщами, мы упщIэр уэзмыту схузэфIэкIынукъым: актрисэ умыхъуамэ, сыт хуэдэ IэщIагъэ къыхэпхынт?**

— Дохутыр къысхэкIынут. Зызэман медицинэм сыхуеджэну сыщегупсысаи къэхъуащ. Нобэр къыздэсым си благъи, Iыхьлыи, гъунэгъуи зэрыслъэкIкIэ соIэзэ, я узыфэхэм елъытауэ зрахьэлIэну хущхъуэхэр, зызыхуа-гъэзэну дохутырхэр яжызоIэ.

**— Уи жэуапыр згъэщIагъуэркъым, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, уэ къыхэпха IэщIагъэмрэ дохутырымрэ зэзышалIэ гуэр щыIэщ — тIури цIыхум йоIэзэ: актрисэр, театрыр — псэм, дохутырыр — Iэпкълъэпкъым.**

**ФатIимэ, уэ нобэкIэ лъэпкъ театрым уриартисткэ пажэщ, «КъБР-м щIыхь зиIэ и артист» цIэ лъапIэри къыпхуагъэфэщащ. Абы унэсын, щIыхьыцIэ къэблэжьын папщIэ, дауи, гъуэгуанэ гугъу къызэпыпчащ. Уи зэчийм, творческэ зэфIэкIым нэмыщI, сыт абыкIэ сэбэп къыпхуэхъуар?**

— Къызэрыхэзгъэщауэ, сэ зэи роль зэхэгъэж сщIакъым: жыми, щIэми, гъурми, пшэрми, цIыхуфIми, цIыху Iейми, хъыджэбзыжь цIыкIуми, пхъужь къикIыжами я фэ сихьащ, псэкIэ къасщтэу а ролхэм сыджэгуащ, апщIондэхукIи си актёр Iэзагъэм зиужьащ.

**— Дызэрыхьа 2019 гъэр Театрым и илъэсу ди къэралым щагъэуващ. Абы ипкъ иткIэ уи лэжьэгъухэм, театреплъхэм сыткIэ захуэбгъэзэнт?**

— Сэ къэзгъэщIа ролхэр къысхуэзыгъэфэща, зи фIэщ сыхъуу зи дзыхь къызэзыгъэза режиссёрхэм — Фырэ Руслан, Дэбагъуэ Ро-

ман, Теувэж СулътIан сымэ — фIыщIэ псалъэкIэ захуэзгъэзэну сыхуейт. Артистыр зыри ищIыскъым, ар режиссёрым имылъагъумэ, утыку къришэу и зэфIэкIыр хэIущIыIу имыщIмэ. Ахэр я лэжьэкIэкIэ зэщхькъым, зэщхьынкIи Iэмал иIэкъым. Роман ткIийуэ, сигъагъсигъабжэурэ ролхэр сигъэщIащ. Руслан шыIэныгъэ хэлъу, дзыхь нэхъ къысхуищIурэ зыхуей образым сригъэхьэфащ. Дауэ мыхъуами, тIуми яхуэсщI пщIэмрэ фIыщIэмрэ сфIэмащIэщ. ИпэкIи зэрыжысIащи, Теувэж СулътIан сригъэджащ, си ущиякIуэщ, щапхъэгъэлъагъуэщ, куэд дыдэ къысхилъхьащ.

Сызыдэлажьэхэми сигу яхузэIухащ, яхуэкъабзэщ. Абыхэми гуныкъуэгъуэ ямыIэу, я ролхэр къайхъулIэу, лэжьыгъэм хуэарэзыуэ, я гуащIэм пэкIуэн пщIэ ягъуэту дызытехьа илъэсри къыкIэлъыкIуэхэри ирахьэкIыну сахуохъуахъуэ. Псом хуэмыдэу Тхьэщыгъуей Жаннэрэ сэрэ илъэс куэд хъуауэ дызэдолажьэ, фIы дыдэу дызэгуроIуэ, уеблэмэ утыкум дыщитым деж нэкIэ дызэрощIэ, нэрымылъагъуу зэпыщIэныгъэ диIэщ. Жаннэ артисткэ лъэщхэм ящыщщ, угурыIуэнуи, удэлэжьэнуи тыншщ. Театрым нэмыщI, эстрадэми дыщызэдолажьэ, ди зэманым пэджэж гушыIэ теплъэгъуэ кIэщIхэм дыщоджэгу. Ахэр псори Жаннэ гъэщIэгъуэну, егъэлея хэмылъу, цIыхупсэм дыхьэу етх. Ди зэхущытыкIэр, зэдэлэжьэкIэр сэ насыпышхуэу къызолъытэ.



Шэч хэмылъу, дэ дыщIыщыIэри дыщIэлажьэри ди театреплъхэр аращ. Ахэр щымыIэмэ, дэри дыщыIэнукъым. Абыхэм ягу дыдыхьэныр, я нэгу зедгъэужьыныр, ягу фIы яхуэтщIыныр, гупсысэ гуэрхэм хуэтшэныр е зыщIэдгъэгупсысыжыныр — аращ дэ ди къалэн нэхъыщхьэхэр. Абыхэм я лъагъуныгъэр апхуэдизкIэ зыхызощIэри, пхужымыIэным хуэдизщ, къысхуэтхэми, тыгъэ къысхуащIми, къысхуэза иужь псалъэ гуапэ къызжаIэми, къару къысхалъхьэ. Ди театреплъхэр куэдрэ Тхьэм щигъэIэ, театрым къыщIэмыкIуэн щхьэусыгъуэ Тхьэм къалъыкъуимыгъэкI!

**— ФатIимэ, зэман тхухэпхыу, гуапэу укъызэрыдэпсэлъам папщIэ фIыщIэ ин пхузощI. Нобэ узэрыщытым дэбгъуэн щыIэкъыми, абы нэхъыкIэ умыхъуу, илъэс куэдкIэ лъэпкъ театрым и утыкур бгъэбжьыфIэну, уи гукъыдэжымрэ узыншагъэмрэ уигу илъ Iуэхушхуэхэм хурикъуну, сыт и лъэныкъуэкIи уефIэкIуэну ди гуапэщ!**

*Епсэлъар* **ХЬЭВЖОКЪУЭ Людмилэщ**

*Нарт Лъэпщ и хъыбархэм щыщщ*

# Лъэпщрэ Хъудымыжьрэ

Лъэпщрэ Хъудымыжьрэ нартхэ я гъукIэт. Лъэпщ и кIыщыр зы бжьэпэ тетт, Хъудымыжь и кIыщыр нэгъуэщI бжьэпэ тетти, гъукIэн хъумэ, уадэр зэхуадзурэ арат зэрыгъукIэр. ГъущIыр мафIэм пэригъэлъадэрти, ар плъыху, Лъэпщ уадэр къуэм зэпридзырт, гъущIыр плъырэ сыджэм тригъэлъэдамэ, Хъудымыжь уадэр къуэм къызэпридзыжырт.

Зэгуэрым гъущI плъар сыджым трилъхьащ Хъудымыжь, трилъхьа щхьэкIэ, Лъэпщ уадэр къуэм къызэпридзакъым. Лъэпщ егуоуащ, егуоуами, жэуап къритакъым.

– СыкIуэнщи, сыплъэнщ, – жери, Хъудымыжь къуэм зэпрыкIащ, кIыщым щIыхьэмэ – кIыщым лIы гуп йофэ-йошхэри щызэхэсщ, Лъэпщ я тхьэмадэу.

Гуп махуэбжьэ къэратри, Хъудымыжь ягъэтIысащ, жэщищ-махуищкIэ къагъэхьэщIэри:

– Иджы ууджын? – къыжраIащ.

– Сыуджынт, – жиIащ Хъудымыжь, – ауэ сыпсынщIэIуэщи, си дамащхьэм хьэлъэ гуэр темылъмэ, жьым срихьэжьэнкIи мэхъу.

– Сыт тетлъхьэн уи дамащхьэм? – жари къеупщIащ.

– Тефлъхьэнур къэсащ, – жиIащ Хъудымыжь, кIыщым къыщIэплъри.

Вий щIэщIауэ, пхъэIэщэ къыIухьащ кIыщыбжэм. Хъудымыжь кIыщым щIэкIри, пхъэIэщэжьымрэ выщхьэтесымрэ яжриIащ:

– Выр кIыщым щIэфхуэ.

Вийр кIыщым щIахуащ, пхъэIэщэм зэрыщIэщIауэ. Хъудымыжь, кIыщыбжэр иридзылIэжри, кIыщыр къричащ, кIыщыр и дамащхьэм тригъэувэри, жэщибл-махуиблкIэ уджащ. УджынкIэ ирикъуа нэужь, кIыщыр хисэжри, кIыщыбжэр Iуихыжащ, жэщибл-махуиблкIэ иудынышIа лIы гупым яхэплъэри:

– ДяпэкIи сыпэвгъэплъэн уадэм? – яхидзащ.

ЛIы гупым зыкъащIэжыху, уадэр и кIэпкъым диIури Хъудымыжь къуэм зэпрыкIыжащ.



# Лъэпщ и джатэ

1

Лъэпщ и кIыщым лIитI щIыхьащ.

– Джатэ зырыз тхуэщI, – жаIащ лIитIым.

– ФхуэсщIынщ. Сыт хуэдэ фхуэсщIынур? – къеупщIащ Лъэпщ.

– Уеуэмэ, пиупщIу, – жиIащ зым.

– Уепыджмэ, пхыкIыу, – жиIащ адрейм.

ЛIитIым пIалъэ къаритри, сыджым бгъэдэуващ Лъэпщ.

ПIалъэр къыщысым, джатитIыр хьэзыр хъуащ, лIитIым я джатэ зырызти, ябг иращIэри ежьэжащ.

Гъуэгу техьауэ, зым и джатэр Iэпыхури псым хэхуащ. Адрейр псым джатэпэкIэ хэIэбащ, епыджри, джатэр псым къыхихыжащ. Ар и щхьэм иригъэжащ зи джатэ псым хэхуа лIым.

– Лъэпщ къызэгугъуакъым – сукIынщ, – жери губжьащ, кIыщым кIуэри, сыджым бгъэдэт гъукIэм джатэкIэ еуащ. Джатэр Лъэпщ и лъэгуажьэ зэрытыпIэм хуэзэри, и лъакъуитIыр пихащ. ЩыгъукIэкIэ Лъэпщ пхъэ лъэдакъэ теувэ хъуащ абы лъандэрэ.

2

«Силъ сымыщIэжауэ, щIым сыщIыхьэнкъым», – игу ирилъхьащ Лъэпщ.

Ар игу илъти, джатэ шыхьа ищIри пхъуантэм дилъхьащ.

ЛIым хуиIуэхуащ:

– Пхъуантэ дэз дыщэ ныпхузогъэхь, – жери.

Пхъуантэр лIым хуигъэхьащ. Лъэпщ къебзэджэкIын мурад зэрищIам гу лъитакъым лIым: бэлэрыгъауэ пхъуантэр зэтриудащ, щызэтриудым, джатэ шыхьар пхъуантэм къыдэлъэтри, лIым и гущхьэм зыкъыхисащ.

Илъ ищIэжа нэужь, Лъэпщ нартхэ яхэкIащ: и сыджыр къыхитхъщ, и Iэдэуадэр ибг ирищIэри, кIыщыр ибгынащ. Щежьэм мыр къэжриIащ нартхэм:

*Бахъсэн си кхъуафэу,*
*Уафэр си кIыщу*
*СызыгъэгъукIэнур*
*ПсыкIэху фынакIуэ.*

ПсыкIэху кIэлъыкIуэурэ, жьы хъуху ягъэгъукIащ Лъэпщ. Лъэпщ и кIыщыпIэжьыр ПсыкIэху къыдэнауэ, фIамыщI сахуэрэ гъущI сахуэрэ ноби ущрохьэлIэ...



# Нартхэ я гъубжэ

Нартхэ мэш ящIэмэ, къызэрахыжын яIэтэкъым, мэшым и ныкъуэр къафыщIыжмэ, и ныкъуэр яфIыхэкIуадэрт. Лъэпщ, гупсысэщ-гупсысэри, къыхуэгупсыса щыIэкъым.

– Тхьэгъэлэдж зыгуэр къытхуигупсысынщ, – жари Тхьэгъэлэдж деж чэнджэщакIуэ кIуащ нартхэр.

– Ар си акъыл зыхэмылъщ, – къэжриIащ Тхьэгъэлэдж. – Уэрсэрыжь къафшэ. Уэрсэрыжь дечэнджэщынщ.

Уэрсэрыжь ирагъэджащ:

– Мэшыр къызэрытхынкIэ дыночэнджэщынущ, – жари.

Уэрсэрыжь къакIуэри бжэщхьэIум къыщебакъуэм лъэпэрэпащ.

– Тхьэгъэлэдж и унэ сыщIоджагуэ, – жиIащ Уэрсэрыжь щылъэпэрапэм.

Зы жьэхъу яхэсти, Уэрсэрыжь къыщIэнэкIащ:

– УщIэджагуэркъым, ущIоджалэ, – жери.

Ар и щхьэм иригъажэри, Уэрсэрыжь яхэкIыжащ – бжэщхьэIум къыщхьэдэхакъым.

– И ужь фиуви, фыкlэлъыкlуэ: Уэрсэрыжь щхьэхуэпсалъэщ, Iуэрбжэрщ, и ужь фызэритыр зыкъевмыгъащlэ, фыкlэщlэдэlухь, – жари Уэрсэрыжь и ужь щlалэ ираутlыпщхьащ.

Уэрсэрыжь и щхьэ хуэпсэлъэжурэ мэкlуэж:

– Сыт хэлъ абы, нарт делэхэ: адакъэкlэ хуэдэ къэгъэш, къазшырыдзэ хуэдэ дэпкlыкlи, аракъэ мэш къызэрыпхынур...

Уэрсэрыжь и ужь ита щlалэр нартхэ яхыхьэжащ.

– Сыт зэхэпха? – еупщlащ щlалэм.

– «Сыт хэлъ, – жиlащ, – абы: адакъэкlэ хуэдэ къэгъэш, къазшырыдзэ хуэдэ дэпкlыкl».

Лъэпщ и кlыщым кlуащ нартхэр:

– Адакъэкlэ хуэдэ къэгъэш, къазшырыдзэ хуэдэ дэпкlыкl, – жари.

Лъэпщ гъущl тхьэмпэ игъэплъащ, хихуурэ адакъэкlэ хуэдэ игъэшащ, къазшырыдзэ хуэдэ дипкlыкlыжри, нартхэ къаритащ:

– Фрихэнумэ, ар гъубжэщ, – жери.

# Лъэпщрэ унэидзыхьэмрэ

Нарт щауэ гуэр зы пщащэ лъыхъуащ, лъыхъуа щхьэкlэ, пщащэр зейм кърatакъым. Къыщрамытым, гъусэ ищlри унэидзыхьэ ежьащ.

Пщащэр къpaxьэжьауэ къыздэкlуэжым, унэидзыхьэм зы шу къаlущlащ. Къаlущlар лlыжьт, шы пщlэгъуалэ тести, шыми фэ теттэкъым, и тхьэкlумэ гуэлэлырт, и лъэ зэблихыф къудейуэ плъагъурт. Унэидзыхьэр зэрыгъэгушхуэри лlыжьым бгъэдыхьащ:

– Шыбгъэкlэ итщlыкlынщ, – жари.

– Си гугъу къэвмыщl, – къажриlащ лlыжьым. – Фи гъуэгу фрикlуэ. Си ныбжь фынэсмэ, фэри сэ схуэдэ фыхъунущ.

Унэидзыхьэр и ужь щимыкlым, лlыжьым и шыр къыжьэдикъуащ, шыныбэпхыр щlикъузэжри, шым зы уэгъуэ ирихащ, къилъри, унэидзыхьэ щlалэхэм къебгъэрыкlуащ, къапхъуэщ, пщащэр яlэщlичри, и гъуэгу техьэжащ.

Унэидзыхьэ щlалэхэм ягу къыщихьэжам, лlыжьым и лъэужь кlуэдыжакlэт, пщащэр яфlихьри.

– Ди напэр текlащ, – жаlащ щlалэхэм. – Сыт тщlэнур?

– Пщащэр тфlихьащ, лlыжьым и лъэужь дытемыхьауэ ди унэ дихьэж хъунукъым, – жари ежьащ, гъуэгу зырыз техьэри.

Щlэщхъу къызыщыщlа унэидзыхьэ щlалэхэм ящыщ зым Псыкlэхукlэ дидзыхащ, унэ ирихьэлlэри, пщlантlэм зы бзылъхугъэ дилъэгъуащ: бзылъхугъэм ху щlегъэпщ, пщlантlэм зы пщlэгъуалэжьи дэтщи, куэнсапlэм йобзей.

– Зи ужь дитым дыlууа хуэдэщ, – жери щlалэр епсыхащ, и шыр шы фlэдзапlэм къыбгъэдинэри, езыр хьэщlэщым ихьащ. Хьэщlэщым зы лlыжь къыкlэлъыихьащ, фlэхъус кърихри къыбгъэдэтlысхьащ, lэни къыкlэлърахьащ. lэнэр ирахыжа нэужь, щlалэм и lуэху зытетыр жиlащ.

– Щlэщхъу фэзыщlар сэращ, – жиlащ лlыжьым. – Ху щlэзыгъэпщырaщ унэидзыхьэкlэ къэфхьар. Пхъу сщlауэ, си унэ исщ. Хабзэ къыкlэлъызефхьэнщи, фэстыжынщ.

Ар жриlэри, щlалэр игъэшэсыжащ, пlалъи иритащ. Пlалъэр къэсри, пщащэр Лъэпщ и унэ ирашыжащ.

Унэидзыхьэр гъуэгум зыщрихьэлlар Лъэпщт.

# Лъэпщ и къуэмрэ Тхьэгъэлэджрэ

Лъэпщ и къуэр гъуэгу тетауэ шууэ къыздэкIуэжым, Тхьэгъэлэдж вэуэ кърихьэлIащ. ЩIалэр епсыхакъым, гъуэгуми текIакъым, шыр къыжьэдикъуэри, уанэгум здисым:

– Бов апщий! – жиIащ.

Тхьэгъэлэдж жэуап къритакъым, и щхьэ къиIэтри къеплъа фIэкIа.

– ЛIыжь дэгу хъунщ, – жери Лъэпщ и къуэр, Тхьэгъэлэдж вэуэ вапIэм къринари, къежьэжащ, унэм къэсыжри, и адэм лIыжьым и гугъу хуищIащ.

– Бов апщий жысIати, жэуап къызитыжакъым, и жагъуэ зэрысщIар сщIэркъым, – жиIащ щIалэм.

– Тхьэгъэлэдж и ныбжьым унэсмэ, пщIэнщ, – къыжриIащ и адэм. – Тхьэгъэлэдж нэгъуэщI хабзэщ кIэлъызехьэн хуейр. Уэр-уэру уи акъыл абы нэсмэ, уи насыпщ, нэмысрэ – узущийкIэ мыхьэнэ иIэкъым.

ЩIалэр куэдрэ егупсысащ и адэм къыжриIам. Зы гъэ дэкIауэ, гъуэгу здытетым Лъэпщ и къуэр Тхьэгъэлэдж гуэрым ирихьэлIащ: мавэри хэтщ.

Лъэпщ и къуэр епсыхащ, шыр илъахъэри, гъуэгунапщIэ удзым хиутIыпщхьащ, езым и цей къуакIэ диупщIэщ, и Iэщхьэ дрихьейри, вапIэм хыхьащ. Тхьэгъэлэдж бгъэдыхьэри:

– Уэ зыгъэпсэху, тхьэмадэ, узэрешар солъагъу, пхъэIэщэкIыр сэ къызэт.

Тхьэгъэлэдж вапIэм къыхигъэкIри, Лъэпщ и къуэм пхъэIэщэкIыр иубыдащ, пшапэр зэхэуэхуи выр щIитIыкIакъым.

Пшапэр зэхэуауэ вапIэм къыхэкIыжа нэужь, Тхьэгъэлэдж Лъэпщ и къуэм и Iэр къиубыдащ:

– ФIэхъус апщий! – жери. – Уи адэм ухуэфащэщ.



# Лъэпщ и пщIыхьэпIэ

Лъэпщ пхъурылъху щIалэ иIэт, гъукIэгъэсэн ищIауэ. Махуэ гуэрым, ешати, сыджым къыбгъэдэкIри, Лъэпщ зригъэщIащ:

– Сыщхьэукъуэнщ, – жери.

ЩIалэри лъэныкъуэкIэ щетIысэхащ. Лъэпщ жейм хилъэсащ.

Заул дэкIауэ, щIалэм елъагъу: Лъэпщ и пэбзийм зы бадзэ къокI, бадзэр Лъэпщ и бгъэгум кърокIуэ, жыхафэр зэпеупщIри, хьэкум еупсея пэрыIэбэм допщей, шэдыбжь къуагъым къуохьэри, кIыщ дурэшым добзахэ. Ар гъэщIэгъуэн щыхъуауэ, щIалэр зыкъомрэ кIэлъыплъащ бадзэм, пэрыIэбэр къиищтэри фIамыщIым хэIэбащ, фIамыщIыр зэIищIэри, пэрыIэбэр хьэку дакъэм трилъхьащ. ЩIалэр абы хэтыху, бадзэр кIыщ дурэшым къыдэкIыжащ, шэдыбжь къуагъым къыкъуэкIыжри, хьэкущхьэр къиижыхь хъуащ. ЩIалэм гу лъитащ бадзэр зыхэхуа гузэвэгъуэм: пэрыIэбэр хьэкум ириупсеижащ. Щриупсеижым, бадзэр пэрыIэбэмкIэ хьэкущхьэм къехыжащ, Лъэпщ и бгъэгумирикIуэжри, и пэбзийм ихьэжащ.

Лъэпщ къызэщыури къызэфIэтIысхьащ, пщIэнтIэпсыр ирилъэщIэкIри:

– ПщIыхьэпIэ гъэщIэгъуэн сыхэтащ, – жиIащ.

– Хьер ухъу, – жиIащ пхъурылъху щIалэм.

– Къуэ сыдыхьа хуэдэт, – жиIащ Лъэпщ, – лъэмыжым сикIри, джабэ сыкIэрыхьауэ бгъуэнщIагъ срихьэлIащ. БгъуэнщIагъым сыщIыхьэмэ – дыщэр щIэзщ. «Дыщэм и хъыбар яхуэсхьынщ», – жысIэри сыкъежьэжащ, къуэ кIуэцIым сыкъыщыдыхьэжым лъэмыжыр псым трихауэ сыкърихьэлIэжащ. Псым сыкъикIыфакъым, пхъащIэрэ гъукIэрэ къэсыху: пхъащIэмрэ гъукIэмрэ лъэмыжыр тралъхьэжри, псым сыкъикIыжащ, ди унэ сыкъэсыжауэ сыкъызэщыумэ – пщIыхьэпIэт...

– Хьер ухъу, – абы нэхъ къыфIигъэкIакъым щIалэм, кIуэжри Лъэпщ и пщIыхьэпIэмрэ бадзэм и хъыбарымрэ и анэм хуиIуэтэжащ.

– Си адэм уигъасэурэ игъуэ нэсмэ, кIыщ пхуищIынурэ лъэныкъуэ уригъэзынущ. Ар хуумыдэ: «Уи кIыщым сесащи, си гур нэгъуэщI кIыщ щIыхьэнукъым», – жыIи. ЗихъунщIэми, и кIыщыр къыпхуигъэнэнущ. Бадзэр зыдыхьа дурэшым дыщэ дэлъщ: и чэзур къэсмэ, дыщэр къыпхуэнэнщ.

# ЩIым гъунэ иIэкъым

1

Лъэпщ, гъущI игъэплъри, гъущI вакъэрэ гъущI башрэ ищIащ, гъущI вакъэм иувэщ, гъущI башыр иубыдри ежьащ:

– ЩIым и гъунэм сынэмысауэ къэзгъэзэнкъым, – жери.

Гъуэгу тетурэ къуибл зэпиупщIащ, псибл икIащ, хы тIуащIэ дыхьэм-дэкIыурэ, гъуэгущхьибл щызэхэкIым нэсауэ гъущI вакъэр лэжьащ, гъущI башми Iэмыщlэ из фIэкIа къыхэнэжакъым. Къигъэзэжри, нартхэ къахыхьэжащ Лъэпщ:

– ЩIым гъунэ иIэкъым, – жери.

Лъэпщрэ пэт щIым и гъунэм нэсакъым жаIэ абы лъандэрэ.

2

«ЩIым и гъунэм сынэмысауэ къэзгъэзэнкъым», – жери, Лъэпщ гъуэгу техьащ, гъущI вакъэрэ гъущI башрэ ищIри.

Къуиблрэ псиблрэ зэпиупщIауэ, гъуэгущхьибл щызэхэкIым деж Тхьэгуащэм щрихьэлIащ.

– Дэнэ укIуэрэ? – къеупщIащ Тхьэгуащэр.

– ЩIым и гъунэм сокIуэ, – жиIащ Лъэпщ.

– ЩIым гъунэ иIэкъым – гъэзэж, – къыжриIащ Тхьэгуащэм.

– ЩIым и гъунэм сынэмысауэ згъэзэжынукъым, – идакъым Лъэпщ.

Тхьэгуащэм блэкIри гъуэгу техьэжащ. Гъуэгу тетурэ гъущI вакъэр лэжьащ, гъущI башми зы Iэмыщlэ из фIэкIа къыхэнэжакъым. Абы нэсауэ:

– ЩIым гъунэ иIэкъым, – жери къигъэзэжащ, къигъэзэжауэ къыздэкIуэжым Тхьэгуащэм кърихьэлIэжащ.

– Унэса щIым и гъунэм? – къеупщIащ Тхьэгуащэр.

– Сынэсакъым, – жиIащ Лъэпщ, – щIым гъунэ зэримыIэр зэзгъэщIащ.

– НэгъуэщIи сыт зэбгъэщIа?

– ЦIыхум и фэр гъущIым нэхърэ зэрынэхъ быдэр зэзгъэщIащ.

– Абы щхьэкIэ ущIежьэн щыIакъым, – къыжриIащ Тхьэгуащэм. – Нартхэ фыпагэщ, фыерыщщ – абы фытекIуэдэжынущ. Зы сабий быдзафэ узотри здэхь, къан фщIыи, къыфхуэхъумэ, щIэныгъэрэ IэщIагъэрэ къыфхилъхьэнщ.

Сабийр къихьри, Лъэпщ нартхэ къахыхьэжащ. Гущэм хэлъурэ и бзэр къыщиутIыпщым, уафэм дэплъейри, сабийм жиIащ:

– Мо Шыхулъагъуэр флъагъурэ?

– Долъагъу, – жаIащ нартхэм.

– ЗекIуэ фыщежьэкIэ абы фригъуазэмэ, фыгъуэщэнукъым, – къажриIащ сабийм, гущэм къыхэпсэлъыкIри.

– Мыр зы емынэ хъунущ, дыхуэвгъэсакъ, – жари, сабийм фызибл ирагъэувэлIащ, фызиблым быдз ирагъафэурэ и зекIуэгъуэ хъуауэ, нэху щыгъуэти, фызхэм къеупщIащ:

– Вагъуэзэшиблым загъэза? – жери.

– Загъэзащ, – жаIащ фызхэм, уафэм дэплъейри.

– Нэху щащ абы щыгъуэ, – жери сабийр къызэфIэтIысхьащ, нэхущым щхьэукъуа фызхэр игъэбэлэрыгъри, пщIантIэм дэкIащ. ПщIантIэм дэкIри, сабийр кIуэдащ, нартхэр лъыхъуа щхьэкIэ ягъуэтыжакъым. Щамыгъуэтыжым, Лъэпщ деж чэнджэщакIуэ кIуащ:

– Сыт къыджепIэн? Сыт ди Iэмал? – жари.

– Зы Iэмали иIэкъым, – къажриIащ Лъэпщ. – Игъуэ нэсрэ къигъэзэжмэ, фи насыпщ. Къимыгъэзэжмэ, фи мыгъуагъэщ: фи кIуэдыжыгъуэр къэсауэ арщи, фымыбэлэрыгъ.



# ТхьэщIагъ мэзым щIэс благъуэр

ТхьэщIагъ мэзым зы благъуэ щIэсти, цIыхуи щIигъэхьэртэкъым, цIыхуи блигъэкIыртэкъым. Илъэсым зэ мэзым къыщIэкIырти, псафэ къежьэрт, псы ефэн щIидзамэ, псыхъуэм псы ткIуэпс къыдинэртэкъым.

– Хъункъым ар, – жиIащ зы нарт щауэ. – Благъуэм мэзым дыщIигъэхьэркъым, мэзым дыблигъэкIыркъым, псафэ къежьэмэ, псыхъуэм псы къыдинэжыркъым. Благъуэр сукIынщ.

– ПхуэукIынкъым, – къыжраIащ, – утекIуэдэнщ. ТекIуэдар мащIэкъым.

– Тхьэм жиIар хъунщ: сытекIуадэмэ, щхьэузыхь сыфхухъу. Деплъурэ зыкъедгъэшхынкъым, – икIуэтыжакъым щIалэр.

– Абы щыгъуэ, – жраIащ щIалэм, – Лъэпщ джатэ егъэщI, уи джатэмкIэ благъуэр пхуэукIынукъым.

ЩIалэр Лъэпщ деж кIуащ:

– Зы джатэ схуэщI, – жери. – Благъуэр сукIынущ.

– Зы тхьэмахуэкIэ къызэжьэ, – къыжриIащ Лъэпщ.

Тхьэмахуэ дигъэкIри тригъэзащ.

Джатэр ищIагъэххэти, къыIэщIилъхьащ:

– Уэ лIы ухъумэ, мыр джатэ пхуэхъунщ, – жери.

– СыкъигъэщIэхъункъэ? – жиIащ щIалэм.

Лъэпщ щIалэр кIыщым къыщIишри, гъущI куэбжэм иришэлIащ:

– ГъущI сэхым еуэт, – жери.

Еуэри, гъущI сэхыр тIууэ зэпигъэхуащ щIалэм.

– Хъун хуэдэщ, – жери, щIалэр Лъэпщ и кIыщым къикIыжащ.

Зы хыв и бжьэм кIапсэлэрыгъу ирищIэри, щIалэр псы Iуфэм кIуащ.

Псы Iуфэм жыг домбей Iутти, хывыр жыгым ирипхащ, езыр жыгыщхьэм итIысхьащ.

Псафэ къежьэри, благъуэр мэзым къыщIэкIащ. Хывыр щилъагъум, благъуэр къепщылIащ, и жьэр ущIауэ. Хыв гужьеям жыгыр хъурейуэ къижыхьурэ кIапсэр кIэщI хъури, жыг лъэдийм натIэкIэ жьэхэуващ.

Хывыр зыIуридзащ благъуэм, зыIуридза щхьэкIэ жыгым къыбгъэдэкIыжыфакъым – кIапсэлэрыгъур и пщэм щылъэдащ.

ЩIалэр жыгым къелъащ, благъуэм и тхыцIэм зридзэри, и щхьэр Лъэпщ и джатэмкIэ пигъэлъэтащ.

ТхьэщIагъ мэзыр хуит хъужащ абы и ужькIэ: цIыхур щIыхьэни блэкIыни шынэжакъым, я пси гъужакъым.

# ЩIопщакIуэ

Лъэпщ деж нарт щауитI, Имысрэ Исымрэ, кIуащ. ЗекIуэ ежьэн мурад яIэти, нарт щауитIыр Лъэпщ елъэIуащ:

– Джатэ тхуэщI, – жари.

– Сыт хуэдэ джатэ фызыхуейр? – къеупщIащ Лъэпщ Имысрэ Исымрэ.

Имыс жиIащ:

– Сызэуэр пиупщIу.

Исым жиIащ:

– Сызэпыджым пхрыкIыу.

Имысрэ Исымрэ пIалъэ яритри, Лъэпщ гъущI игъэващ, сыджым бгъэдэувэри, жэщибл-махуиблкIэ къыбгъэдэкIакъым: Имысрэ Исымрэ джатэ зырыз яхуищIащ. Зым узэуэр пеупщI, зыр узэпыджым пхрокI.

ПIалъэр къэсри, Имысрэ Исымрэ къэкIуащ, джатэр я зырызти, ящтэри зекIуэ зэдежьащ.

ЗекIуэ здежьам псы икIын хуей хъуати, Имыс и джатэр Iэпыхури псым хэхуащ. И шыр псым хихуэри лъыхъуащ Имыс – джатэр игъуэтыжакъым. Исым и джатэмкIэ хэIэбэри, Имыс и джатэр псым къыхихыжащ.

– Лъэпщ сыкъигъэпцIащ, – губжьащ Имыс.

Губжьри, Лъэпщ иукIын мурад ищIащ.

КIыщым кIуэри гъукIэм еджащ Имыс. Лъэпщ кIыщым къыщыщIэкIым, Имыс джатэр гъукIэм ириутIыпщащ:

– Сызэуэр пеупщI! – жери.

Джатэм Лъэпщ и лъакъуэр пихащ, лъэгуажьэ зэрытыпIэм хуэзэри.

Лъэпщ кIыщым щIахьэжащ, и лъакъуэр падэжри ягъэгъуэлъащ. УIэгъэм имыгъэдзыхэн щхьэкIэ, жэщ къэс щIопщакIуэ хуащIурэ уIэгъэр кIыжыху Лъэпщ бгъэдэсащ нартхэр.

165

# ЖЫIЭГЪУЭХЭР

- УщIалэху уделэр Iуэхукъым, адэкIи къыпумыщэмэ.
- Акъылыншэр сытым дежи нэмысыншэщ.
- ТхьэмыщкIэм и тхьэусыхафэр бейм фIэдыхьэшхэнщ.
- Ди адыгэ фащэр цIыху щыпкъэхэрщ зи фащэр.
- Нэхъыжь псори тхьэмадэу ягъэтIысыркъым.
- Уи ныбжьэгъуфIу плъытэр фIыуэ къыщыпцIыхур уи унафэщI хъуа нэужьщ.
- ЦIыхум ущымышынэу ущыукIытэмэ нэхъыфIщ.
- Дагъуэ зимыIэ цIыху щыIэкъым, ауэ абы щхьэкIэ яшэни къашэни къанэркъым.
- ЦIыхуитI зэфIэнамэ, къуаншэр нэхъ губзыгъэращ.
- Узыгъэулъиину цIыхур къыщоплъкIэ, улъия защIэущ узэрилъагъур.
- Шы узытесыр кIуэнуми жэнуми зэлъытар уэращ.
- Блэ ныкъуэукIыр и кIэмкIи къоуэнущ, умыбэлэрыгъ.
- ЦIыху къабзэм фIеягъ хужыпIэкIэ пхуэуцIэпIынукъым, ауэ уэ Iейуэ зыбуцIэпIыжынущ.
- Шым тесыф псори шууейкъым, еджэкIэ зыщIэ псори егъэджакIуэкъым.
- Уи псэр адыгэпсэми, уи бзэр нэгъуэщIыбзэмэ – уадыгэкъым.
- Бзэгузехьэм и щхъухьым хей Iэджи еукI.
- Зызыгъэпагэу уафэм худэплъейхэр, гува-щIэхами, щIым щолъэпэрапэ.
- КIапсэ зэпычар зэрыдзапIэ имыIэу пхузэпыщIэжынукъым.
- Зи нэгур зэлъыIумыха цIыхум псэ къабзагъэкIэ ущымыгугъ.
- Iулъхьэ зытыр убзэрщи, къеIызыхыр бзаджэнаджэрщ.
- Зи блэкIам хуэмеиж лъэпкъым и къэкIуэнури щIагъуэкъым.
- Нысэ мыхъумыщIэр унагъуэ зэIыщIэщ.
- ХьэщIэр къэса нэужькъым унэр щапхъэнкIыр.
- Щхьэм имылъ зэи жьэм жиIэркъым.
- КъыпщыхъумрэкъыпфIэщIымрэ Iуэху тумыщIыхь.
- НапитI зиIэм и напэ дыдэр сыту лъагъугъуеиIуэ.
- Бэдж здэщыIэм бэджыхъ щыIэщи, бзаджэнаджэ здэщыIэм бэлыхь щыкуэдщ.
- Унагъуэм щумыгъэса сабийр уэрамым щыбущиину ухэмыт.
- НыбжьэгъуфIкIэ узэджэнур пэжыр къыбжезыIэфымрэ уэри ар зыжепIэфымрэщ.
- Нысэр зыуб гуащэмрэ гуащэр зыуб нысэмрэ я кум дэт адэри къуэри насып жыхуаIэм икъукIэ пэIэщIэщ.
- Хэгъэрейр къыбдэмышхэмэ, уэри умышхэ.
- Уи быныр къодыгъуэжмэ, хэт и деж тхьэусыхакIуэ укIуэн.
- Уи мыIуэху зепхуэн нэхъ Iуэху тынш щыIэкъым.
- УкъызыкIэрыхуа гъащIэм укIэлъыжэкIэ улъэщIыхьэжынукъым.
- Делэм и бэлыхьыр губзыгъэм егъэв.
- ГъащIэм и IэфIагъым хуэдиз и дыджагъщ.
- Къамэ зыгъэдалъэ нэхърэ – акъыл зыбгъэдэлъ.
- Щхьэ зимыIэ цIыху щыIэкъым, щыIэр акъыл зыхуримыкъущ.
- ЗэгурыIуэ здэщымыIэм сыт хуэдэ Iуэхури щыхьэлъэщ.

**КIУРАШЫН Алий**

# ПСАЛЪЭЗЭБЛЭДЗ



*ЕкIуэкIыу:* **5.** Адыгэ усакIуэ. **6** ... блэр гъуэм кърещ (*псалъэжь*). **9.** Бжьакъуэ зытемыт, бжьэншэ (*Iэщ*). **11.** Совет Союзым и Лыхъужь цIэ лъапIэр зыхуагъэфэща зэкъуэшитIым я унэцIэр. **12.** Къэрэшей-Шэрджэсым щыщ усакIуэ. **13.** Пасэрей адыгэхэм я тхьэ. **16.** Дунейр щыщIыIэм деж бахъэ упщIыIум къыхэкIыу уэс пIащIэ трищIэр. **20.** Унэм щызэрахуэ Iэщ цIыкIу, лъэпкъ. **21.** Бзылъхугъэр щыдэкIуэжкIэ и гъусэу здишэ сабий. **22.** ... ящэри, напэ къащэху (*псалъэжь*). **23.** Щыгъын лIэужьыгъуэ. **25.** ... нэхърэ пэщащэ (*псалъэжь*). **27.** ЛъэгубгъуитI пэтIинэ (*къуажэхь*). **28.** ... плъагъу Iуэхум Iэр хуэпсынщIэщ (*псалъэжь*). **30.** Бжэныфэм къыхащIыкI Iуданэ. **33.** ... хъунрэ щыIэу уи ней къысщыхуэ (*псалъэжь*). **34.** Зы

бзэкIэ жаIар, ятхар нэгъуэщIыбзэкIэ зэзыдзэкI цIыху. **35.** КъБР-м и цIыхубэ усакIуэ, «Эльбрус» тхылъ тедзапIэм и унафэщI. **37.** Кавказым щыпсэу лъэпкъ. **38.** Таурыхъхэм куэдрэ узыщрихьэлIэ псэущхьэ шынагъуэ (щхьэ зыбжанэ пыту, псыр иубыду, цIыху ишхыу).

*Къехыу:* **1.** Фырэ-Къаныкъуэ Анфисэ и роман. **2.** Ем щыгъуэ бжьэдыгъур ... *(псалъэжь)*. **3.** Адыгэ композитор. **4.** КъБР-м и цIыхубэ артисткэ, ЩоджэнцIыкIу Алий и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым и джэгуакIуэ. **7.** Нартхэм я гъукIэ. **8.** Акъсырэ Залымхъан и пьесэ. **10.** Адыгэ тхакIуэ. **14.** Гъуэгубгъухэм, тафэхэм къыщыкI удз лIэужьыгъуэ (яшх). **15.** Мылъку, къулеигъэ. **17.** МафIэр ину щыдэлыдейм деж къыпих лыд цIыкIухэр. **18.** Уи ... пхуримыкъумэ, уи акъыл гъэлажьэ *(псалъэжь)*. **19.** Къэбэрдей-Балъкъэрым щежэх псы. **20.** Былым къыпщIын нэхърэ ... къыпщIын *(псалъэжь)*. **24.** Зауэ ... дауэ ... щыIэкъым *(псалъэжь)*. **26.** КъБР-м и цIыхубэ артист, ЭстрадэмкIэ театр къызэзыгъэпэща икIи абы и унафэщI. **29.** КIэрашэ Тембот и «Шу закъуэ» романым хэт лIыхъужь. **31.** Жыгыр паупщIа нэужь, къыхэна лъабжьэ, пхъэ тыкъыр. **32.** КъБР-м щIыхь зиIэ и артист, Музтеатрым и солисту илъэс куэдкIэ щыта. **35.** ПщылIыпIэм имытыж мэкъумэшыщIэ. **36.** «Нэхущ шу» романыр зи IэдакъэщIэкI тхакIуэ.



## Нэгъабэрей ехáнэ къыдэкIыгъуэм тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр

*ЕкIуэкIыу:* **2.** Хьэку. **3.** Прунж. **4.** Пасэрей. **7.** Iумыл. **8.** Iэжьэ. **10.** Гущэ. **12.** Жэп. **13.** Аму. **15.** Чын. **16.** Борэн. **17.** Щыхь. **18.** Щы. **19.** Уэ. **20.** «Нур». **22.** Пэжыр. **23.** Гъуджэ. **25.** Iущ. **26.** Ду. **28.** Бэдын. **29.** Мазае. **32.** Налкъут. **33.** ПкIэм. **34.** ПсэлъэкIэ. **35.** Псей. **37.** «Насып».

*Къехыу:* **1.** Уэсукхъуэ. **5.** Алыдж. **6.** Елэн. **9.** Бэдрэжуз. **11.** Щэнщ. **14.** Мыщэ. **21.** Уэдмэ. **24.** Джэлэс. **25.** Iунэ. **27.** Унэ. **30.** Афэ. **31.** Анэ. **36.** Уэс.

**IУАЩХЬЭМАХУЭ**
**№1**
(Эльбрус)

Литературно-художественный
и общественно-политический журнал

На кабардинском языке

**Учредитель:**

Государственное казённое учреждение
Кабардино-Балкарской Республики «КБР-Медиа»
(360017, КБР, г. Нальчик, пр. Ленина, 5).

Главный редактор **А. Х. Мукожев**

**Редакционная коллегия:**

Руслан Ацканов, Хангери Баков, Борис Бижоев,
Адам Гутов, Хамид Кармоков, Хачим Кауфов,
Хамиша Тимижев, Людмила Хавжокова,
Истепанова Залина (ответственный секретарь)

Корректор – Марина Жекамухова
Компьютерный набор и верстка – Зарета Князева

Журнал зарегистрирован в Управлении Федеральной службы
по надзору в сфере связи, информационных технологий
и массовых коммуникаций по Кабардино-Балкарской Республике
ПИ № ТУ07-00127 от 11.01.2018 г.
Подписной индекс: 73296

Подписано к печати 15.02.19. Выход в свет 28.02.19
Формат 70x108 $^{1}/_{16}$. Бумага офсетная №1. Печать офсетная.
Усл. п. л. 14,7.Уч-изд. л. 12,0. Тираж 1.912 экз. Заказ №27
Подписная цена на 2 месяца 33 р. 28 к.
Подписная цена на 6 месяцев 99 р. 84 к.

Адрес редакции: 360000, КБР, г. Нальчик, пр. Ленина, 5
Телефон: 40-04-51. Адрес электронной почты:
e-mail: oshxamaxo73@mail.ru

Адрес издателя: 360017, КБР, г. Нальчик
пр. Ленина, 5. ГКУ «КБР-Медиа»

Отпечатано ООО «Печатный двор»
360000, КБР, г. Нальчик, ул. Калюжного, 1

Обложка художника **Юрия Алиева**

Отпечатано в полном соответствии с качеством
предоставленного электронного оригинал-макета

## АВТОРХЭМ ПАПЩІЭ

Журналым къытехуэ тхыгъэхэм я пэжагъ-мыпэжагъымкІэ жэуап зыхьыр езы авторхэрщ.

Авторымрэ редакцэмрэ я Іуэху еплъыкІэхэр Іэмал имыІэу зэтехуэн хуейуэ щыткъым.

Редакцэм къыІэрыхьэ тхыгъэхэр компьютеркІэ тедзауэ, флешкэм е дискым тету щытын хуейщ.

Журналым къытехуа тхыгъэ нэгъуэщІыпІэ щытрадзэмэ, «Іуащхьэмахуэм» къызэрырахыжар къагъэлъэгъуэн хуейщ.

Редакцэм и къалэнкъым Іэрытххэм рецензэ яритыну.

**Тхыгъэхэр мы адресымкІэ къевгъэхь хъунущ: 360000, Налшык къалэ, Лениным и цІэр зезыхьэ уэрам, 5, епщыкІузанэ къат, «Іуащхьэмахуэ» журналым и редакцэ.**

**Телефонхэр:** 40-04-51 (редактор нэхъыщхьэ); 40-95-72 (жэуап зыхь секретарь); 42-42-14 (прозэ, поэзие, публицистикэ); 40-94-71 (оператор). e-mail: oshxamaxo73@mail.ru

## ЖУРНАЛЫР ЗЫІЭРЫХЬЭХЭМ ПАПЩІЭ

Журналыр зэрытедзам дагъуэ гуэр иІэу къыщІэкІмэ, абы теухуауэ фыщыщІэупщІэ хъунущ: Калюжнэм и цІэр зезыхьэ уэрам, 1, ООО «Печатный двор».

КЪЭЖЭР Пётр

*7.11.1935 – 25.07.2016*

## ПАСЭРЕЙ

Ди хъыбарыжьхэр –
губзыгъалъэщ.
Гугъэ лъэрыгъым урагъэт.
Ди тхыдэжь жьэгу удэзыгъаплъэу,
Ар –
пасэрейм я саугъэтщ.
Я губзыгъагъэр пасэрейхэм
ЖытIэжу нобэм идохьэкI.
А фIыгъуэр фIыгъуэкIэ сысеймэ,
УэркIи
лъэныкъуэ езмыхьэкI.
Сыт щIесхьэкIынури,
къызжеIэт?!
ФIым фIы и щапхъэ ирехъуж.
ЗэкIэ къотIэс ар си зышыIи, –
Уэ пхулъэкIынуми еплъыж.
Уэри уащыщщ а тхыдэр зыщIым:
Плъагъукъэ,
нэхъыщIэ къыбдоплъей!
Гупсыси –
псалъэ...
Iэгъу!
Хэт зыщIэр
Зэгуэр ухъунум
пасэрей!